

MANGSA PASKAH 2025

LUKAS 24:6-9

Ngènget-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun



LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH

Samironobaru 77 kompleks LPPS

Yogyakarta 55281

Mangsa Paskah 2025:

“Ngènet-ènet, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun”

Hak Cipta © 2024, LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Diterbitkan oleh:

LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG

Komplek LPP, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal, Kec.
Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281

Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386

E-mail: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id,

Website: lpps.or.id

Ganti Ongkos cetak (belum termasuk ongkos kirim) Rp.

Atur Cecala

Para mitranipun LPP Sinode ingkang kinasih ing pundi-pundia papan,

Saking kompleks LPP Sinode GKJ lan GKI SW Jateng ing Samironobaru 77 Ngayogyakarta, kula ngaturaken Wilujeng Natal 2024 tuwin Warsa Énggal 2025. Sinambi ngraos-raosaken Natal, kula ngaturaken pawartos bilih bahan Mangsa Paskah 2025 sampun medal. Jejer ing Mangsa Paskah 2025 inggih punika “Ngènget-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun”. Jejer punika mujudaken geguletan kanyataning gesang padintenan kalawan kapadhangane déning Sabdanipun Gusti Allah. Wungunipun Gusti Yésus saking séda ndadosaken anggèn kita madeg èstu-èstu wonten. Kanthi makaten Gusti Yésus ingkang kita suwitani mboten namung pepéling wekdal kapengker, ananging tetep gayut-ginayut sauruting jaman (William Barclay, 2015). Panjenenganipun wungu saking séda ateges Panjenenganipun pancèn nyata madeg tuwin sesarengan kaliyan Umatipun. Lumantar Wungunipun saking séda, umat dados kiyat ngadhepi gesang ing salebedipun mawarni-warni pratingkah saha éwah-éwahanipun ingkang rikat.

Bahan punika cumawis awit saking mampénging panyambutdamelipun tim panyerat. Tim panyerat punika sampun nindakaken rerembagan saha ndhapuk bahan wiwit wulan Agustus ngantos dumugi Dhésèmber 2024. Awit saking mampénging panyambutdamelipun tim, kula ngaturaken panuwun. Wondéné tim panyerat Mangsa Paskah 2025 punika:

- 1) Pdt. Erni Ratna Yunita – PWG GKJ
- 2) Pdt. Sih El Mirmaningrum – PWG GKJ
- 3) Pdt. Woro Indiyas Tobing – Bidang Persekutuan GKI SW Jateng
- 4) Pdt. Angga Prasetya – Bidang Persekutuan GKI SW Jateng
- 5) Pdt. Hendra Kurniawan – GKJ Mergangsan
- 6) Pdt. Yatinem Kusno S.Si.Teol. – GKJ Baki
- 7) Pdt. Dwi Ariyanto S.Si., MM – GKJ Karang Sari
- 8) Pdt. Setiaji Wiratmoko – GKJ Wonosobo
- 9) Pdt. Vicky Tri Samekto, S.Th – GKJ Sentolo
- 10) Pdt. Natasha Vanani Chrisdiana S.Si.Teol – GKJ Tlogosari
- 11) Pdt. Didik Christian Adi Cahyono – GKJ Gandaria

- 12) Pdt. Keshia Hestkahayu Suranta – GKI Coyudan
- 13) Pdt. Riani Josephine – GKI Pondok Indah
- 14) Pdt. Fajar Junianto – GKI Pondok Tjandra Indah
- 15) Pdt. Michael Suryajaya – GKI Seroja
- 16) Pdt. Karsten Anyndia Putrikasih – GKI Purbalingga
- 17) Pdt. Agung Prasetya Susanto – GKI Pengampon
- 18) Pdt. Wisnu Sapto Nugroho – LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng.

Atur panuwun ugi kacaosaken dhateng para juru pertal, inggih punika: Bp. Pdt. Em. Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Bp. Pdt. Em. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Sala), Bp. Pdt. Em. Lukas Eko Sukoco (GKJ Purworejo), Bp. Pdt. Uri Christian Sakti Labeti (GKJ Danukusuman), Bp. Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari Klaten), Bp. Pdt. Hery Windarto (GKJ Gantiwarno), Pdt. Agung Jatmika (GKJ Grobogan), Pdt. Wiwik Wulandari (GKJ Gumulan), Bp. Pdt. Mardita G. Kusuma (GKJ Ngempon), Bp. Pdt. Immanuel Adi Seputra (Pengurus LPP Sinode/GKJ Sabda Winedhar), Ibu Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode).

Sawetawis bab ingkang prelu kula aturaken lumantar cecala punika antawisipun:

- 1) Bahan-bahan ingkang kacawisaken déning tim panyerat prelu dipun olah malih supados laras kaliyan kawontenanipun pasamuwan ngriki. Bab punika nyrambahi anggènipun ngginakaken lilin ing wiwitaning ibadah, anggènipun ngetrepaken kidungan, anggènipun njumbuhaken kawontenaning liturgi. Ing ngriki lelabeledanipun pasamuwan ngriki (sapanggénan) wigatos sanget supados bahan dados gesang. Pakulinan-pakulinaning pasamuwan ngriki (sapanggénan) pikantuk papan supados dipun-mekaraken kanthi mbangun pangertosan ingkang jumbuh kaliyan geguletaning pasamuwan ing ngriki.
- 2) Ing Minggu Paskah pinanggih pratélan Bujana Suci ingkang kapethik saking **liturgi lima** ingkang asipat ékumenis. Pasamuwan ngriki saged nanjakaken utawi nggantos jumbuh kaliyan pakulinanipun piyambak-piyambak.

Lumantar cecala punika, kula ngaturaken panuwun awit saking panyengkuyunging katresnan ingkang dipun paringaken dhateng LPP Sinode, dadosa awujud pandonga, daya, saha redana. Sadaya wujuding panyengkuyung punika maédahi sanget kanggé gesangipun bebadan punika. Dhumateng pasamuwan-pasamuwan ingkang sampun maringi pisungsung, ananging naminipun pasamuwan dèrèng kamot/kaserat ing buku punika, kula nyuwun keparengipun kanggé maringi mangertos dhateng kula.

Kula ngrumaosi ugi winates-winatesing gesang kula ing salebedipun ndhapuk bahan punika. Kanthi bingah kula nampi pamrayogi saking para kadang sadaya murih ing salebedipun ndhapuk bahan ing wekdal ingkang badhé kelampahan dados langkung saé. Wilujeng nyawisaken paladosan ing Mangsa Paskah 2025. Mugi lumantar panggegilot Mangsa Paskah punika kita sadaya ngènget-ènget, saya pitados dhumateng Panjenenganipun ingkang sampun wungu saking séda saha tansah nggadhahi grengseng dados Seksining Panjenenganipun.

LPP Sinode, 25 Desember 2024

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho

Isinipun Buku

Cecala	i
Isinipun Buku	v

Bahan Kotbah

Kotbah Rebo Awu	1
Kotbah Minggu Pra-Paskah kaping 1	7
Kotbah Minggu Pra-Paskah kaping 2	15
Kotbah Minggu Pra-Paskah kaping 3	21
Kotbah Minggu Pra-Paskah kaping 4	25
Kotbah Minggu Pra-Paskah kaping 5	31
Kotbah Minggu Pra-Paskah kaping 6	37
Kotbah Kemis Pethak	41
Kotbah Jumuwah Adi	45
Kotbah Setu Sepen	49
Kotbah Minggu Paskah Énjang	55
Kotbah Minggu Paskah Sonten	61
Kotbah Minggu Paskah kaping 2	67
Kotbah Minggu Paskah kaping 3	73
Kotbah Minggu Paskah kaping 4	81
Kotbah Minggu Paskah kaping 5	87

Bahan Liturgi

Liturgi Rebo Awu	93
Liturgi Minggu Pra-Paskah kaping 1	101
Liturgi Minggu Pra-Paskah kaping 2	111
Liturgi Minggu Pra-Paskah kaping 3	121
Liturgi Minggu Pra-Paskah kaping 4	129
Liturgi Minggu Pra-Paskah kaping 5	139
Liturgi Minggu Pra-Paskah kaping 6	149
Liturgi Kemis Pethak	157
Liturgi Jumuwah Adi	165
Liturgi Setu Sepen	173
Liturgi Minggu Paskah	179
Liturgi Minggu Paskah Sonten	195
Liturgi Minggu Paskah kaping 2	205
Liturgi Minggu Paskah kaping 3	215

Liturgi Minggu Paskah kaping 4	225
Liturgi Minggu Paskah kaping 5	233

Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasinal

Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah kaping 1.....	241
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah kaping 2	247
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah kaping 3	251
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah kaping 4	257
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra-Paskah kaping 5	261
Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 6	267
Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 7	271
Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 8	279
Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 9	283
Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 10	289

Bahan Pakempalan Pandonga

Bahan Pakempalan Pandonga 1	295
Bahan Pakempalan Pandonga 2	303
Bahan Pakempalan Pandonga 3	309
Bahan Pakempalan Pandonga 4	317
Bahan Pakempalan Pandonga 5	323
Bahan Pakempalan Pandonga 6	329

Cathetaning Pisungsung

<i>Lampiran Persembahan</i>	333
-----------------------------------	-----

“BAHAN KOTBAH”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahanipun gréja utawi
pasamuwan ing ngriki.**

KOTBAH
Rebo Awu

Rebo, 5 Maret 2025

Waosan 1: Yésaya 58:1-12
Tanggapan: Jabur Masmur 51:1-17
Waosan 2: 2 Korintus 5:20b—6:10
Injil: Matius 6:1-6, 16-21

**Ngénggalaken Manah
kalawan
Mawas Dhiri**
❧❧❧

KOTBAH JANGKEP

Ngénggalaken Manah kalawan Mawas Dhiri

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Dinten punika kita lumebet ing mangsa Pra-Paskah. Mangsa punika dipunwiwiti ing dinten Rebo, ingkang kita tepangi kanthi sesebatan Rebo Awu. Mangsa Pra-Paskah ingkang kita lampahi punika badhé dumugi pucakipun ing Minggu Paskah. Sadèrèngipun dumugi ing Minggu Paskah, kita kasuwun ngraos-raosaken dinten-dinten ing sauruting mangsa Pra-Paskah kanthi gesang ing salebetipun pamratobat. Lumantar pamratobat manungsa ngénggalaken pagesanganipun. Punika ateges wonten éwah-éwahaning gesang ingkang sawetahipun. Éwah-éwahan saking manah ingkang lami ngener dhateng manah ingkang énggal.

Nganyaraken manah badhé mawujud menawi wonten rumaosing gesang ing salebeting manah. Rumaos bilih manahipun manungsa prelu dipunénggalaken. Satunggaling ahli ngèlmu bab Gusti Allah saha ahli filsafat (ngèlmu hakékatipun sarwa dumadi) ingkang asmanipun Bonaventura ingkang gesang ing abad XIII nélakaken wigatosipun nlesih pangraosing manah. Pawadanipun inggih punika amargi manungsa kanthi sadaya kasèkènganipun saget dhumawah ing kalepatan tuwin dosa. Pangraosing manah mujudaken kasagedanipun manungsa kanggé ningali dhateng dhirinipun. Pangraosing manah saget nglacak punapa ingkang saé saha ingkang awon. Bonaventura nerangaken bilih ing pangraosing manahipun manungsa pinanggih kalih pérangan. Pérangan

kapisan inggih punika pérangan saking pangraosing manah ingkang sacara punapa wontenipun saget dumugi ing kaleresan-kaleresan ingkang asipat dhasar ing salebeting dhirinipun manungsa. Pérangan punika kaisi mawi kaleresan amargi wontenipun dhawuh-dhawuhing moral (kasusilan). Contonipun: ngurmati tiyang sepuh, urmat dhateng pagesangan. Pérangan kaping kalih inggih punika kasagedan ing salebetipun pangraosing manah kanggé ngecakaken dhawuh-dhawuhing kasusilan ing nginggil wau saha ing salabeting kawontenan sakiwa-tengening pagesangan padintenan. Pérangan saking pangraosing manah ingkang kaping kalih punika ugi punapa wontenipun (kados pérangan kapisan). Ananging ingkang mbédakaken inggih punika ing pérangan kaping kalih, pangraosing manah saged ngalami kalepatan. Wonten marupi-rupi jalaran ingkang saged ndamel pangraosing manah saget lepat. Pratélanipun Bonaventura punika ngènetaken kita bilih wedharan “pangraosing manah mboten saget klèntu” jebul klèntu. Pancadan saking ngriki, ing Rebo Awu punika kita ngraos-raosaken wigatosipun ngénggalaken manah kalawan mawas dhiri kanthi kadhasaraken wonten ing Sabdanipun Gusti. Sabdanipun Gusti dados pepadhang batos. Wontenipun padhang ing salebeting batos ndadosaken manungsa ngwengani manah kanggé dipunénggalaken.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Wenganing manahipun manungsa dhateng patrap ngénggalaken manah dipuntuladhani déning juru masmur. Jabur Masmur 51:1-17 ngewrat pangraosipun Sang Prabu Dawud menggah panyaruwénipun Gusti Allah. Lumantar nabi Natan Gusti Allah nyaruwé Sang Prabu Dawud sasampunipun Dawud sapasaréan (sapaturon) kaliyan Batsyéba. Panyaruwénipun nabi Natan punika ndamel Sang Prabu Dawud ngeduwungi dosa ingkang sampun katindakaken. Wonten ing ayat 3-10 dipun cariyosaken pangakenipun juru masmur menggahing kawontenan ingkang saweg dipun-alami. Juru masmur ngalami sakit ingkang dipun-yakini amargi dosanipun dhumateng Gusti Allah saha sesami. Juru masmur èstu-èstu ngalami kawusanan mboten saé saha ambles amargi dosa. Ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang maha suci, juru masmur nyuwun pangapunten. Panganpunting

dosa saking Gusti Allah mbekta juru masmur saged ngraosaken anggènipun cecaketan kaliyan Gusti Allah. Anggènipun cecaketan punika ndamel juru masmur bingah saha mbekta dhateng pangajeng-ajenging pagesangan ingkang énggal. Sang Prabu Dawud ngalami manahipun kaénggalaken amargi panjenenganipun karsa mawas dhiri. Saupami Sang Prabu Dawud badhé ndukani nabi Natan, temtu kémawon saged sanget. Panguwaos ingkang dipun asta Sang Prabu Dawud nyagedaken panjenenganipun tumindak sawenang-wenang. Ananging pangraosing manahipun mboten tumutup dhateng kaleresaning Gusti Allah. Amargi punika, tumrapping panyaruwénipun Gusti Allah ingkang dipun-lairaken lumantar warganing negarinipun, ndadosaken Sang Prabu Dawud ngénggalaken pagesanganipun.

Minangka titah ingkang gesangipun wonten ing pasrawunganing gesang, émut-ingémutaken mujudaken satunggaling kaniscayan (kedah; tan kena ora). Tanpa wonten kasagahan kanggé émut-ingémutaken, jagad badhé risak. Karisakanipun inggih punika amargi saben tiyang nglampahi gesang kanthi sasekécaning manahipun piyambak. Kalebet ing salabedipun nindakaken tata cara ing upacara agami, manungsa saged nindakaken tata cara ing upacara agami jumbuh kaliyan karemenan saha pepénginanipun piyambak.

Ngaturi dedana (sedhekah), ndedonga tuwin siyam punika tigang jinising tata cara ing upacara agaminipun tiyang Yahudi. Solah tingkah ingkang gegayutan kaliyan agami punika wigatos saha kedah katindakaken kanthi cermat. Wonten ing kotbahipun Gusti Yésus ing redi, Gusti Yésus nggepok pakulinanipun tiyang-tiyang Yahudi nindakaken tata cara ing upacara agami punika sarta nacad pakulinan nindakaken tata cara ing upacara agami ingkang underanipun dhateng dhirinipun piyambak. Punika ingkang kelampahan wonten ing gesang ngrasuk agami nalika samanten. Wonten ing ayat 2, Gusti Yésus nacad tiyang-tiyang Yahudi ingkang nengenaken tumindak ing katresnan kados tiyang-tiyang ingkang ngungelaken kalasangka. Gusti Yésus maringi aran tiyang-tiyang kados punika minangka tiyang ingkang lamis. Murid-muridipun Gusti Yésus dipun-ajeng-ajeng mboten nindakaken prakawis ingkang sami. Murid-muridipun Gusti Yésus kedah ngeculaken kacondhongan nonjolaken dhiri amargi maringi sawenèhing

peparing utawi dedana dhateng tiyang sanès. Gusti Allah mirsani sadaya ingkang dipun-tindakaken déning Umatipun saha Panjenenganipun badhé maringi ganjaran tumrap sadaya pandamelipun umat ingkang katindakaken kanthi éklas, mboten dipun-underaken dhateng dhirinipun piyambak. Makaten ugi ing bab ndedonga tuwin siyam. Donga tuwin siyam kedah sumingkir saking anggènipun éthok-éthok utawi mitontonaken kanthi nyolok mripat. Donga, siyam, dalah dedana ingkang katindakaken kanggé nélakaken kamursidan dhateng tiyang sanès, mboten badhé pikantuk ganjaran saking Gusti.

Panacadipun Gusti Yésus dhumateng pakulinan nindakaken agami ingkang underanipun dhateng dhirinipun piyambak sajatosipun nuding dhateng timbalanipun Gusti Yésus supados manungsa nggadhahi kamurnèning manah, kamurnèning manah sumingkir saking pepénginan-pepénginaning dhiri pikantuk pangalembana saking sesaminan manungsa. Kamurnèning manah ugi badhé nebihaken manungsa saking pepénginan ngutamèkaken dhirinipun piyambak.

Panacadipun Gusti Yésus punika ngèngetaken kita dhateng panacadipun Gusti dhateng umat Israèl atusan taun sadèrèngipun Gusti Yésus makarya ing jagad. Siyam mujudaken pakulinan ingkang sampun wonten wiwit jaman Israèl kina. Tiyang Israèl saya ngraosaken wigatosipun siyam wiwit bangsa punika menangi anggènipun ambruk (taun 586 SM). Zakharia 8:18-19 nélakaken bilih wekdaling siyam katindakaken ing wulan kaping sekawan, kaping gangsal, kaping pitu tuwin kaping sadasa. Wiwitanipun siyam katindakaken kanthi kebak pangraos. Kautamèn ingkang dipun raosaken salebedipun siyam inggih punika gesangipun manungsa sesarengan kaliyan Gusti Allah tuwin sesaminipun. Ananging danguning dangu, siyam katindakaken minangka satunggaling upacara agami tata lair kémawon. Tata cara ing upacara agami ingkang katindakaken tanpa pangraos ingkang leres, ndamel kautamèning siyam ical. Icaling kautamèning siyam ndamel siyam dados pakulinaning agami ingkang namung asipat padinan.

Nggatosaken kanyatan ingkang makaten, Gusti nélakaken panyaruwénipun dhateng umat Israèl. Panjenenganipun ngutus nabi Yésaya ndangu dhateng umat Israèl: apa tegesé puwasamu?

Gusti mirsani tanpa-ginaning siyamipun tiyang Israèl. Siyam ingkang dipun-tindakaken mboten wonten tegesipun malih amargi sadangunipun siyam tiyang-tiyang Israèl tumindak mboten adil dhateng tiyang-tiyang ringkih. Ingkang dipun kersakaken menggahing tiyang ringkih inggih punika para berah ingkang ngalap épahan sarana nyambut damel. Para berah punika sampun nyambut damel kanthi mepeng. Ananging para berah wau mboten pikantuk hak ingkang samesthinipun dados hakipun. Siyam ingkang katindakaken tiyang Israèl punika sampun wurung. Wurungipun siyam amargi satunggal lan sanèsipun sami sulayan. Nalikanipun sami sulayan, tiyang-tiyang punika samidéne ngrèmèhaken, mboten urmat-ingurmatan. Menawi ing salebedipun siyam tiyang-tiyang punika mekak ngelak saha ngelih ananging ngèndelaken manah, penggalihan, pagesanganipun kapenuhan déning nepsu, derenging manah nedya males piawon, kaserengan, panindhesan, siyam ingkang katindakaken kanthi ngrekaos punika mboten wonten tegesipun. Pangibadahing siyam punika sampun wurung.

Lumantar nabi Yésaya ugi Gusti ngundhangaken dhateng umat Israèl bab siyam ingkang dipunkersakaken Gusti. Siyam ingkang dipun-kersakaken inggih punika ngluwari tiyang ingkang katindhès, nyukani tedha dhateng tiyang ingkang keluwen, nyukani pamondhokan dhateng tuna wisma, maringi pangagem dhateng tiyang ingkang kewudan, saha mitulungi gesangipun tiyang ingkang kinaniaya. Pangibadah tanpa nindakaken kaadilan mboten nggadahi pangaji wonten ing ngarsanipun Gusti Allah. Nggatosaken prakawis punika, kita saged mirsani bilih prakawis tumindak mboten adil ketingalipun dados prakawis ageng wonten ing gesang sesarenganipun tiyang-tiyang Israèl ing tanah pambuwangan. Gesangipun tiyang-tiyang Israèl tebih saking karukunan. Manut nabi Yésaya, icalipun karukunan wonten ing gesang sesarenganipun umat Israèl punika kelampahan amargi ing antawisipun umat punika mboten wonten kaadilan ing satengahing pasrawungan. Kanthi makaten, Gusti Allah ngersakaken bilih siyam dipun-tindakaken ing salebeding kawontenan dados timbang antawisipun kagiyatan ritual (tata cara ing upacara agami) kaliyan kagiyatan tetulung. Sadaya tumindak punika sesambédan kaliyan manahipun manungsa. Mila wonten ing ayat 5, nabi Yésaya

ngandika prelunipun umat ngasoraken dhiri, ndhingkluk. Sadaya wujud cak-cakanipun pangibadah saking salebedipun andhap asoring manah.

Menawi dinten punika kita lumebet ing mangsa Pra-Paskah, kita sadaya kasuwun supados gesang kanthi underanipun dhumateng Gusti Allah. Gesang ingkang kita lampahi kebak déning marupirupi kamempengan. Kalepatan tuwin dosa saget kita lampahi. Saben pangibadah dhumateng Gusti Allah ugi saget kécalan kamurnènipun. Dinten punika kita kasuwun kanggé ngénggalaken manah kalawan mawas dhiri. Sumangga kita nglampahi kanthi bingah saha ndadosaken pacawisan Paskah punika minangka sarana kanggé gesang kanthi underanipun dhumateng Gusti Allah. Amin.

[wsn-den]



KOTBAH

Minggu Pra-Paskah kaping 1

Minggu, 9 Maret 2025 (Wungu)

Waosan 1:	Pangandharing Torèt 26 : 1-11
Tanggapan:	Jabur Masmur 91: 1-2, 9-16
Waosan 2:	Roma 10 : 8b-13
Injil:	Lukas 4 : 1-13

**Ngadhepi
Warni-warnining
Panggodha**
❧❧❧

KOTBAH JANGKEP

“Ngadhepi Warni-warnining Panggodha”

Pasamuwan ingkang kinasih ing patunggilanipun Gusti Yésus Kristus,

Punapa tetedhan mirunggan ing wewengkon panjenengan? Dhawet ayu? Témpe mendhoan? Gethuk? Kripik tales? Bubur ayam? Kethoprak? Pecel, babi kécap, sangsang? Wonten warni-warnining tetedhan ingkang saged nggodha pepénginan kita. Wonten tetedhan ingkang mujudaken camilan, wonten tetedhan ingkang mujudaken tetedhan utami utawi segahan ageng. Tetedhan kasebat nggodha pepénginan kita saged amargi wewujudaning lelawuhan utawi mangsakanipun ingkang nengsemaken. Saged amargi ambeting mangsakanipun sedhep saèstu. Saged amargi raosipun mangsakan miraos sanget mboten wonten tandhingipun, hemmm (*Sumangga panjenengan angen-angen dhaharan ingkang panjenengan remeni.*)

Gegayutan kaliyan tetedhan, wonten ingkang kiyat raos pedhesipun. Wonten ingkang kiyat gurihipun. Wonten ingkang kiyat raos leginipun. Ugi wonten ingkang mujudaken nyawijining sedaya raos kalawau mak nyus Ing nalika kawontenaning padharan ngelih lan mirsani sekul anget ingkang kumebul, lajeng wonten sambel trasi kaliyan ayam gorèng anget saha lalaban seger temtu badhé nggodha pepénginan kita kanggé énggal-énggal ndhahar. Panjenengan penggalih, menawi raos ngelih punika

kelampahan amargi sampun siyam sadangunipun 40 dinten! Temtu panggodha badhé saya ndadra. Wonten pepénginan kanggé énggal ndhahar dhaharan kasebat saha ngrahabi ngantos tuwuk.

Pasamuwan ingkang kinasih,

Sasampunipun Gusti Yésus nglampahi kabaptis saha kapenuhan ing Roh Suci, Panjenenganipun mlebet ing pèriodhe (ubenganing wekdal) énggal ing ara-ara samun. Sekawandasa dinten Sang Kristus nglampahi siyam sadèrèngipun miwiti pakaryaning Paladosanipun. Sasampunipun sekawandasa dinten kelampahan, Gusti Yésus mlebet ing mangsa pandadaran ingkang cekapan awrat ing wiwitaning Pakaryanipun. Pandadaran punika gegayutan kaliyan gesangipun manungsa ingkang baken, kabetahaning jasmani, katentreman tuwin kawilujengan, ajining dhiri, pasrawungan, saha anggèn kita nglairaken dhiri.

Pandadaran ingkang kapisan, iblis mbudidaya migunakaken kawontenan kerapen, ingkang dipun-raosaken Gusti Yésus. Iblis nantang Sang Kristus supados nyantuni sèla dados roti. Sumangga kula aturi menggalih menawi prakawis punika kelampahan ing gesang kita. Punapa kita saged kiyat nanggulangi dhateng panggodha punika? Utawi kita pados alesan tumindak ngleresaken supados saged nyekapi kabetahan? Tumrap ingkang dipun-tawèkaken iblis kasebat, Gusti Yésus nampik ingkang dipun-tawèkaken iblis wau. Gusti Yésus nandhesaken bilih manungsa gesang mboten namung saking nedha roti kémawon, ananging ugi saking sakathahing sabda ingkang miyos saking lésanipun Gusti Allah. Punapa maknaning pangandika punika? Gusti Yésus mulangaken bilih keluwèn, kekirangan, tuwin kasangsaran mboten pikantuk dados pawadan kanggé nerak Sabdanipun Gusti Allah. Nalika manungsa keleb ing papan kaapesan: keluwèn, manungsa punika badhé tetep kiyat saha kekah menawi ngandhemi sabdanipun Gusti Allah. Malah sanès namung nalika ngelih, sabdanipun Gusti Allah mujudaken gegaman ingkang ngayomi saha maringi kita kekiyatan ing salebetipun methukaken warni-warni wujuding panggodha. Kanthi ngandhemi sabdanipun Gusti Allah, kita mboten gampil dipun-loropaken iblis kanthi sadaya pangrimukipun. Gusti Yésus mulangaken dhateng kita kadospundi nanggulangi saben panempuh pacobènipun iblis ingkang ngarah

ngloropaken, kanthi ngèngeti tuwin ngandhemi dhateng sabdanipun Gusti Allah.

Pandadaran kaping kalih, iblis nambut Gusti Yésus minggah dhateng papan ingkang inggil saha nawèkaken sakathahing krajan ing jagat punika kanthi wewaton Gusti Yésus nyembah dhateng iblis. Nanduki punapa ingkang dipun-tawèkaken iblis, Gusti Yésus keleresan nélakaken ancasing adegipun manungsa saha sadaya titah, inggih punika kanggé ngluhuraken Gusti Allah saha ngabekti dhumateng Panjenenganipun. Gusti Yésus ngandika: ‘....., "Ana tulisan mangkéné: Pangéran Allahira, iku kang kudu sira sembah, sarta iya mung Panjenengané iku kang kudu sira bektèni!"’ (Lukas 4:8). Pratélanipun Gusti Yésus memulang dhateng kita kanggé tansah cepengan dhumateng Gusti Allah. nDhèrèk Panjenenganipun mboten ateges sadaya urusaning gesang dados gampil saha bèrès. nDhèrèk Panjenenganipun ateges ngabekti tuwin setya. Bekti tuwin setya punika ingkang maringi cara ngekahaken ing satengahing jagat ingkang kebak pepalang saha panggodha.

Pandadaran ingkang kaping tiga, iblis nambut Gusti Yésus dhateng Yérusalèm saha nadhahi Panjenenganipun, supados Panjenenganipun anjlog saking payoning Padaleman Suci kanggé mbuktèkaken bilih malaékat badhé milujengaken Panjenenganipun. Gusti Yésus nandhesaken bilih manungsa mboten pikantuk nyobi dhumateng Gusti Allah. Padaleman Suci punika papan ingkang suci piyambak saha papan ingkang nélakaken rawuhipun Gusti. Iblis mapanaken Gusti Allah wonten ing ngriki kanggé ngèngetaken bilih Gusti Allah mboten badhé nilar Panjenenganipun. Iblis ngagem punika kanggé mbuktèkaken bilih Gusti Allah mboten badhé ngèndelaken Gusti Yésus séda ing Padaleman Suci. Gusti Yésus nandhesaken bilih namung dhumateng Gusti Allahipun, manungsa kedah manembah tuwin ngabekti. Wonten ing pangabektinipun dhumateng Gusti Allah, manungsa mboten saged njiyat pikajengipun dhumateng Gusti Allah. Gusti Allah kagungan hak kanggé ngemohi panyuwunanipun manungsa. Iblis nggodha manungsa mawi nélakaken bilih sadaya ingkang dipun-péngini manungsa badhé dipun leksanani déning Gusti Allah. Panggodha kadosmakaten kedah dipun-waskithani. Anggènipun umat cecaketan kaliyan Gusti Allah mboten ateges

ndamel manungsa saged mranata Gusti Allah!

Sasampunipun nyobi kanthi sadaya cara, iblis nilaraken Gusti Yésus kanggé sawetawis wekdal, nengga wekdal ingkang langkung trep kanggé wangsul malih nggodha Gusti Yésus. Ing sauruting paladosanipun Gusti Yésus, iblis tansah ngetingal kanggé tansah nyobi Panjenenganipun. Iblis mlebet ing gesangipun Yudas (kcn. Lukas 22:3). Iblis ndadar kasetyaning murid-muridipun Gusti Yésus (kcn. Lukas 22:31-32). Sadaya wewangunaning panggodha ingkang dipun-tindakaken iblis dhumateng Gusti Yésus ugi dipun-tindakaken iblis dhateng pandhèrèkipun Gusti Yésus ing jaman samangké, malah ing sauruting wekdal.

Cariyos punika nedahaken kekahipun tuwin pamituhunipun Gusti Yésus dhumateng karsanipun Gusti Allah. Ugi panampikipun Gusti Yésus dhateng pambudidayanipun iblis kanggé nyingkuraken Gusti Yésus saking Misinipun (Jejibahanipun). Tumindakipun Gusti Yésus dados tuladha kanggé kita supados samekta dhiri ngawékani warni-warnining panggodha ing sauruting lampahipun gesang kita.

Pasamuwan kekasihipun Sang Kristus.

Lampahing gesang kita, kagambaraken ing lelampahan gesanging umatipun Gusti Allah saking tanah pangawulan ngener dhateng tanah prasetyan. Ing satengahing lampah, nabi Musa ngempalaken umatipun Allah ing Moab. Nalika samanten umatipun Allah badhé mlebet tanah prasetyan. Dhumateng génerasi utawi turunan ingkang mboten menangi kasangsaran anggènipun dados kawula ing Mesir, nabi Musa nglairaken malih prasetyanipun Allah tumrap Umatipun. Salajengipun nabi Musa nglairaken salah satunggaling angger-angger utawi pranatan ingkang mujudaken dhawuhipun Gusti kanggé umat Israél. Mangkènipun, ing tanah prasetyan, umatipun Allah kedah ngaturaken wiwitaning panènanipun ingkang saé piyambak. Ing tanah prasetyan, umatipun Allah sanès kawula malih. Umatipun Allah badhé nyambutdamel ngolah pasitèn minangka tiyang mardika. Nabi Musa mituturi supados umatipun Allah nggadha méntal utawi raos-pangraos mardika, sanès raos-pangraosipun kawula! Kanggé punika, nabi Musa ngajak umatipun Allah kanggé

tansah ngènet-ènet bilih punapa ingkang katampi déning umatipun Allah punika sedayanipun punika kamirahan peparangipun Gusti Allah. Umatipun Allah kedah sinau saos sokur tuwin ngaturaken panuwun.

Caranipun ngucapaken sokur katindakaken kanthi upacara mirunggan. Umat lenggah sesarengan ing méjaning pangucap sokur. Wonten ing pakempalan kasebat, umatipun Allah nyawang malih idhèntitas utawi tetenger ing gesangipun. Umatipun Allah punika bangsa ingkang nglembara ingkang sampun nglangkungi warni-warnining pandadaran dalah panggodha sadangunipun 40 taun ing pasamunan. Umatipun Allah katuntun déning Gusti medal saking blengguning pangawulan ngener dhateng tanah prasetyan ingkang sampun kacawisaken déning Gusti. Nabi Musa kepéngin upacaraning pisungsung ingkang dipun-tindakaken umat èstu-èstu dipun mangertosi kanthi bebles minangka pangucap sokur awit saking pakaryanipun Gusti, mboten namung winates upacara pangibadah kémawon. Rasul Paulus wangsul ngènetaken piwelingipun nabi Musa kasebat wonten ing Seratipun ing serat Roma 10:8b-13. Rasul Paulus nandhesaken supados gesangipun umat mboten namung kèndel wonten ing gesanging upacara ngibadah kémawon, ananging langkung bebles, inggih punika wonten ing spiritualitas utawi tata kajiwan ingkang underanipun wonten ing Gusti Allah.

Pasamuwan ingkang kinasih,

Pacobèn-pacobèn ingkang kita lampahi ketingalipun mboten anjok saking titah-titah ingkang kebak wewadi utawi misterius ing ara-ara samun utawi sajinisipun. Pacobèn-pacobèn ingkang kita lampahi wonten ing sakupenging kabetahan bakenipun manungsa: keluwèn, katentreman, kasegeran, drajad, derenging manah ingkang ageng.

Kabetahan bakenipun manungsa manut **Abraham Maslow** inggih punika:

- a. Kabetahan jasmaninipun manungsa.
- b. Kabetahan raos tentrem.
- c. Kabetahan ngraosaken katresnan.
- d. Kabetahan manggihaken pangudi.
- e. Kabetahan nglairaken dhiri.

Gangsal kabetahan baken punika tansah kita udi sagedipun kita gayuh. Supados kabetahan-kabetahan punika saged kita cekapi, kadhang-kala kita kajebag wonten ing pepénginan kanggé nyekapi kanthi cara ingkang instan utawi sanalika. Kadhang-kala cara-cara mboten leres ugi kita lampahi. Kathah tiyang ingkang ngandika **“ingkang wigatos kabetahan saged kacekapan”**. Menggah caranipun, nggih mangsa bodhoa (*Juru kotbah saged pados conto patrap utawi tumindak kasebat, laras kaliyan pengalamanipun*).

Pasamuwan ingkang kinasih.

Sinau saking Sabdanipun Gusti dinten punika, sawetawis bab saged kita lampahi kanggé ngadhepi warni-warnining panggodha ingkang wonten ing gesang kita:

1. Kadosdéné ingkang dipun ngendikakaken nabi Musa dhateng bangsa Israèl: tansah émuta tuwin caosa sokur awit saking pakaryanipun Gusti Allah ing gesang kita. Caosa sokur menggah punapa ingkang kita gadhahi wekdal punika. Nikmatana punapa ingkang sampun kaparingaken Gusti wekdal samangké. Saben wujud ing sokur badhé ndamel kita langkung wicaksana salebedipun ngadhepi warni-warnining panggodha wonten ing gesang kita.
2. Tetep setya tuwin kekah dhateng karsanipun Gusti Allah. Kita sinau saking Gusti Yésus ingkang kasil nglangkungi warni-warnining panggodha ing wiwitaning Pakaryanipun ingkang milujengaken. Émuta timbalaning gesang kita. Kita tinimbalan kanggé nglampahi tentrem-rahayunipun Sang Kristus. Nalika pepénginan kanggé nindakaken mboten barès utawi duraka mecungul wonten ing dhiri kita, kita saged ndadar punapa pepénginan punika pantes wonten ing ngarsanipun Gusti? Punapa tumindak kita punika saged mbekta tentrem rahayu? Kadadara sadaya prakawis punika kanthi kadhasaraken wonten ing Sabdanipun Gusti!
3. Katindakna pangibadah kanthi tumemen saha kanthi bingah. Pangibadah ingkang katindakaken gegayutan kaliyan liturgi, kedah kababar wonten ing gesang nyata. Pangibadah ingkang sejati inggih punika wonten ing padintenaning gesang kita.

Mangsa Paskah 2025

Ngènget-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun

Makaten panggegilut kita ing Minggu Pra-Paskah kapisan punika. Pitakèn pungkasan, punapa tetedhan ingkang kita remeni? Punapa saged kita cegah dhiri kanthi nyenyirik sadangunipun mangsa *aksi puasa* Pra-Paskah punika? Amin.

[da-den]



KOTBAH

Minggu Pra-Paskah kaping 2

Minggu, 16 Maret 2025

Waosan 1: Purwaning Dumadi 15:1-12,
17-18

Tanggapan: Jabur Masmur 27

Waosan 2: Filipi 3:17-4:1

Injil: Lukas 13:31-35

Ngrengkuh Salibipun Sang Kristus



KOTBAH JANGKEP

“Ngrengkuh Salibipun Sang Kristus”

Para sadhèrèk pasamuwan ingkang kinasih, menawi kita mireng tembung “salib”, punapa ingkang lajeng tuwuh ing salebeting pamikir kita? Kados pundi kita sadaya sami maknani aosing salib punika ing salebeting gesang padintenan kita? (*Tidhem sawatawis, atur wekdal kanggé warga pasamuwan nggagahaken wangsulanipun sacara pribadi*). Mesthinipun, kathah makna ingkang kamot wonten ing salebeting tembung salib kalawau. Wonten, upaminipun, ingkang maknani tembung salib minangka lambanging katresnan lan pangurbanan. Nanging ugi wonten ingkang maknani tembung salib kalawau minangka gambaran katresnan ingkang sampurna, kamenangan lan pejah. Salib ugi saged dipun maknani minangka lambanging kasetyan.

Makna punapa kémawon ingkang kita ugem, sadayanipun mesthi badhé ngènetaken kita dhumateng Sang Kristus. Ing sadaya kawontenaning gesang kita, salib badhé tansah dados péranganing gesang kita sadaya. Ing satengah-tengahing manéka warnining kawontenan, salib badhé tansah maujud. Dinten punika kita sami kaènetaken malih bab kadospundi prayoginipun kita tiyang pitados nglampahi gesang kanthi kebak raos tanggel jawab ing sadaya kawontenan.

Sumangga kita sami nyinau saking lelampahanipun Abraham ingkang sinebat dados bapakipun sadaya tiyang pitados.

Abraham misuwur awit saking setya-tuhunipun dhumateng Gusti. Panjenenganipun dados blegering tiyang pitados (pracaya) dhumateng Gusti. Lampah gesang pitadosipun kita seksèni saking anggènipun sampun nilaraken tanah Ur-Kasdim tumuju dhateng Tanah Prajanjian ingkang dèrèng dipun sumerepi prenahipun. Punika dados tandha bukti tumrap pitadosipun ingkang mboten saged kita sélaki. Nadyan makaten, Abraham tetep mujudaken manungsa wantah. Piyambakipun saged kémawon nggresah awit saking kanyataning gesang ingkang dipun alami. Wonten ing waosan kita dinten punika, kita mireng bab Abraham ingkang ngunjukaken raos tidha-tidha nampèni prasetyanipun Allah ing bab turun ingkang badhé kaparingaken dhateng dhiri pribadinipun. Abraham ngraos tidha-tidha dhateng prasetyanipun Allah dhumateng dhiri pribadinipun. Gusti ngantebaken pitadosipun Abraham, bilih prasetyanipun badhé maringaken turun kados déné lintang ing angkasa mesthi badhé kayektènan.

Abraham ugi lajeng pitados. Salajengipun piyambakipun mendhet kéwan sembelèhan kanggé atur kurban dhumateng Allah. Ing Pur. Dumadi 15: 6 dipun pangandikakaken bilih Gusti Allah mirsani lan ngétang kapitadosanipun Abraham minangka kaleresan, satemah tiyang ingkang leres saged dipun wastani minangka tiyang ingkang suméndhé lan masrahaken sawetahing gesangipun wonten ing pangrèhipun Allah. Prasetyanipun Allah dhumateng Abraham punika dipun tandhani sarana pratandha ingkang awujud “pawon ingkang kumelun” dalah obor ingkang murup medal saking sela-selaning sigaran daging kurban. Sarana prajangi punika Allah kepareng paring jaminananing pangrimat dhumateng Abraham dalah tedhak turunipun ngantos puputing umuripun. Jaminan pangrimat ingkang makaten punika ugi kagem kita sadaya, manawi kita sadaya ngeneraken pangajeng-ajeng kita dhumateng Allah kados déné sang juru Masmur. Wonten ing kitab Jabur Masmur 27, ingkang èstunipun mujudaken paseksi bab kaantebaning pracaya awit sampun nampèni panglipur saking Allah sarana “manggèn wonten ing padalemanipun Sang Yéhuwah salami-laminipun”, kita sami ningali bab pangajeng-ajeng kados makaten punika. Kanthi kebak raos pitados, sang juru Masmur mratélakaken bilih Gusti punika pepadhang lan kaslametan saha bètèng pangayomaning gesang kita. Kapitadosan ingkang makaten

punika ndarbèni alesan ingkang maton, inggih punika wontenipun pengalaman-pengalaman nyata ingkang dipunandharaken kados ta: ngadhepi seranganipun mengsah, kakepung déning bala tantra ingkang merangi piyambakipun dalah katilar déning rama ibunipun.

Ing satengahing pengalaman gesang ingkang mboten mbingahaken kados makaten punika, sang juru Masmur ngraos mboten ajrih lan ugi mboten kécalan pangajeng-ajeng. Juru Masmur malah kapara memuji ngluhuraken Pangéran dalah ngunjukaken panyuwun dhumateng Gusti. Kanthi antebing pitados, juru Masmur mratélakaken bilih Gusti mesthi badhé ngayomi lan ndamel mengsah-mengsahipun sami keplèsèt dhawah. Sang juru Masmur tetep ngadeg jejeg, mboten éwah gingsir salebeting ngadhepi sadaya pepalang lan reribed ingkang ngreridhu gesangipun. Juru Masmur mengretos kanthi saestu bilih Gusti mesthi badhé ngayomi. Gusti mujudaken tamèng ingkang santosa, ingkang saestu saged dipun andelaken. Nyawiji sesarengan kaliyan Panjenenganipun, mesthi badhé tansah ayem tentrem dalah tansah dipun paringi kakiyatan anyar.

Kados pundi menggah kita sami? Punapa lampah gesang ingkang kebak prekawis-prekawis ingkang ngagèti punika ndamel kita tetep ngadeg jejeg, utawi kosok-wangsulipun kita malah sami nilaraken Gusti? Gusti Yésus rak sampun mucal kita sadaya kanggé tetep tatag lan mboten dhumawah ing pacobèn. Minangka tiyang pitados, kita sampun nampèni tuladha nyata saking Sang Kristus juru wilujeng kita ingkang sejati. Lumantar tuladha ingkang kaparingaken, Gusti ngatag kita saged tetep ngadeg jejeg mboten éwah gingsir lan tetep nglampahi gesang padintenan kanthi kebak kekendelan. Panjenenganipun memulang kita kanggé tansah mbudidaya ngadhepi sadaya prekawising gesang kanthi mboten ajrih, linambaran antebing pitados. Sadaya prekawising gesang ingkang gilir gumanti andhatengi kita, saé ingkang ngremenaken punapa déné ingkang nuwuhaken kaprihatosan, kedah kita adhepi kanthi lambaran pracaya, mila mboten prelu ajrih. Gusti Yésus mulang kita sadaya supados sami tatag, ngadeg jejeg, mboten éwah gingsir, sarana nulad lampah gesangipun Gusti piyambak. Nuladha Gusti ateges nuladhani katetepaning manahipun Gusti nalikanipun Panjenenganipun kedah ngadhepi sawarnining panggodha ingkang

wusananipun anjog dhateng kamenangan. Gusti malah wantun ngambah margining salib ingkang mboten ènthèng kanggé dipunlampahi. Prakawis punika kacariyosaken wonten ing Injil Lukas 13: 31-25. Kapirsanana, kados pundi Gusti Yésus mangsuli pepènget punapadéné ancaman saking tiyang-tiyang Farisi. Panjenenganipun malah migunakaken ancaman kasebat kanggé nerangaken bab sédanipun ingkang tuhu dados pérangan pakaryanipun. Sédanipun pancèn mboten wonten sesambetanipun kaliyan ancamanipun sang raja Herodhès, malah kosok-wangsulipun, sédanipun punika nyampurnakaken pakaryan peladosanipun.

Para sadhèrèk pasamuwan ingkang dipuntresnani déning Gusti Yésus Kristus,

Kanthi tulusing manah lan kebak kekendelan, Gusti Yésus maringaken pameca bilih kitha Yérusalèm badhé kaukum déning Allah, awit nampik rawhipun Gusti minangka Sang Mesih (kac. Mat. 23: 27-39). Wiwitanipun, Gusti Yésus nglantaraken pandakwa tumrap kitha Yérusalèm kanthi nyebat: “kitha ingkang sampun mejahi para nabi lan sami mbeturi séla dhumateng tiyang-tiyang ingkang kautus tedhak ing Yérusalèm” (ayat 34). Punika mujudaken kaanèhan ingkang linangkung, awit kitha Yérusalèm mesthinipun mujudaken kitha pilihanipun Allah. Kitab Pangandharing Torèt 12: 5 mratélakaken: “... panggonan kang bakal dipilih déning Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahmu, saka ing sakèhé talermu kagem padunungan asmané”. Émanipun, papan padununganipun Allah jebul malah kanggé papan lumawan kanthi sesongaran dhumateng Allah. Sanadyan makaten, sasampunipun maringaken pandakwanipun, Gusti ugi ngluntakaken raos adrengipun ngayomi putra-putra Israèl kadosdéne ayam babon ingkang ngayomi anak-anakipun. Nanging punika mboten nampik pawarta paukuman ingkang kawartosaken wonten ing ayat 38: “Katinggal suwung”. Saé punika Abraham, juru Masmur punapadéné Gusti Yésus, sami ngajak kita sadaya kanggé ndarbèni kekendelan salebting pracaya, nadyan asring ngraos tidha-tidha ugi. Kita sami kaatag tetep pracaya nadyan kawontenaning gesang kirang ngremenaken, kathah pacobèn lan bebaya. Kita sami kaajab mboten sami mlajeng saking kawontenaning gesang ingkang

mboten sekéca kados makaten, malah kapara kita sami dipun atag ngrangkul lan ngrengkuh salib punika. Punika sami kalian ngrangkul utawi ngrengkuh salibipun Sang Kristus.

Ngrengkuh salibipun Sang Kristus ateges ngekep, utawi nèmèlakaken salib ing dhadha. Sarana mekaten, kita sadaya sami dipun ajak ngekep kenceng salib punika supados mboten uwal saking gesang padintenan kita. Mesthi kémawon punika sanès prekawis ingkang gampil. Manawi kita mboten èstu-èstu ndarbèni kakiyatan dalah kekendelan, mesthi kémawon kita badhé sangsaya tebih saking salib punika. Salib mujudaken lambanging kasangsaran, pangurbanan, nanging ugi kawilujengan. Sinten ingkang wantun ngrangkul salib punika? Kaanèhanipun, saged kémawon kados déné kitha Yérusalèm. Ing sasisih, dados puseripun tyang-tiyang pitados, nanging sisih sanèsipun malah dados ingkang mandhégani nampik dalah nyédani para nabi ingkang kautus makarya ing kitha punika. Pramila, ngrengkuh salibipun Sang Kristus ateges kita sadaya sami kaajak nglampahi gesang ngekep salibipun Gusti sinarengan pambudidaya tetep sabar manteb lan setya tuhu dhateng Sang Kristus ing sauruting gesang punika kanthi mboten éwah gingsir, sanadyan kathah panggodha lan pacobèn.

Ngrengkuh salib ateges ngadeg jejeg ing salebeting patunggilan kaliyan Gusti. Ngrengkuh salib ateges mboten madeg dados satrunipun salib kados ingkang kapangdandikakaken déning rasul Paulus wonten ing serat Filipi 3: 18. Satru salibipun Sang Kristus wusanipun badhé manggihaken karisakan awit namung nengenaken prekawis kadonyan kéwala. Tiyang-tiyang pitados prelu ngrucat sipat kadonyanipun, awit tiyang-tiyang pitados punika èstunipun sampun dados brayat Kratoning Swarga. Pangandikanipun rasul Paulus punika saèstu dados paugeran kanggé kita para tiyang pitados ing wekdal samangké. Para pandhèrèkipun Sang Kristus mujudaken péranganing Kraton Swarga. Kita katimbalan tansah madeg jejeg, mboten éwah gingsir tetunggilan minangka brayat Kratoning Swarga (4:1).

Wonten ing Minggu Pra-Paskah ingkang kaping kalih punika, kita sami katimbalan cecawis dhiri ngraos-ngraosaken lan tumut ngalami salibipun Gusti kita Yésus. Lumantar pagandikanipun Allah ing dinten punika, kita dipun ènetaken

supados ngeneraken lampah gesang kita dhumateng Sang Kristus, lan mboten tumindak kados déné kitha Yérusalèm malih. Gusti nimbali kita sadaya kanggé labuh kanthi sadaya kakiyatan kita ngadhepi sadaya pepalanging gesang kanthi sipat ingkang andhap asor, kebak kekendelan. Awit saking punika sumangga sami samapta dhiri ngrengkuh salibipun Sang Kristus ing gesang padintenan kita sami. Amin

[yk-ytd]



KOTBAH
Minggu Pra-Paskah kaping 3
Minggu, 23 Maret 2025

Waosan 1: Yésaya 55:1-9
Tanggapan: Jabur Masmur 63:1-8
Waosan 2: 1 Korinta 10: 1-13
Injil: Lukas 13:1-9

Ngraosaken
Sih-Nugrahanipun
Allah
ing
Salebeting Patobat
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

**“Ngraosaken Sih-Nugrahanipun Allah
ing Salebeting Patobat”**

Para sadhèrèk pasamuwan ingkang kinasih, punapa kita naté sami nglengganani kanthi sawetahipun bab napas utawi ambegan kita? Manawi kita sami nglengganani, kita badhé mangretosi bilih nalikanipun kita unjal napas, utawi unjal ambegan, wonten makaryanipun badan ingkang saèstu ngédab-édabi. Nalikanipun kita ambegan, wonten makaryanipun badan ingkang tumata kanthi saé. Wiwit saking préntahipun otak dhateng paru-paru, jantung ngantos milining rah. Sasampunipun ambegan, napas badhé medal lan mlebet kanthi makaryaning badan ingkang saèstu ngéram-éramaken. Awit saking punika, manawi kita sami nglengganani sadaya prekawis kalawau, kita mesthi badhé saged ngaosi kanthi tumemen peparing utawi nugraha ingkang saking Allah. Kita saged ambegan kanthi cara ingkang sampun kapesthèkaken mboten sanès awit saking nugrahanipun Allah dhateng gesanging manungsa. Ambegan saged dados conto ingkang gumathok bab nugrahanipun Allah tumrap gesang kita sadaya. Ananging, ingkang dados pitakènan kita sadaya inggih punika, kados pundi kita nglampahi gesang padintenan kita minangka tiyang ingkang tansah kaparingan nugrahanipun Allah? Wangsulun ingkang mesthinipun kita aturaken wonten

ngarsanipun Gusti kanthi andhap asoring manah inggih punika “gesang ing salabeting patobat”. Kénging punapa kita kedah mratobat ing salabetipun nglampahi gesang kinanthènan nugrahanipun Gusti punika? Mboten wonten wangsulane sanèsipun kajawi karana kita sadaya punika jejeripun manungsa dosa. Inggih karana dosa punika kita sadaya sami nglengganani prelunipun pikantuk nugraha saking Allah ingkang arupi pangapuntening dosa. Nyatanipun, saé nglenggana utawi mboten, manungsa punika tanpa daya menawi kedah ngadhepi dosa piyambakan. Inggih awit saking punika gesang ing salebeting nugrahanipun Allah ingkang kita lampahi sarana mratobat ing saben dintenipun, ingkang mesthinipun dados kabetahan kita tiyang pitados.

Sih nugrahanipun Allah ingkang datan jinajagan punika, èstunipun tansah andhatengi kita sadaya. Wiwit kina mila, namung Gusti Allah piyambak ingkang sampun langkung rumiyin dados sumbering kanugrahan ing bab pangapuntening dosa kita. Punika ugi ingkang sampun kaparingaken déning Allah dhumateng bangsa Israèl kados ingkang kacetha wonten ing kitab nabi Yésaya 55: 1-9. Wonten ing ayat-ayat punika dipunterangaken bilih Allah maringaken pangapuntening dosa dhateng bangsa Israèl ingkang nalika samanten gesang ing salebeting pangawulan Babèl. Inggih karana dosa lan panerakipun dhumateng Allah bangsa Israèl sami kaukum lan kabucal dados bangsa pangawulan ing Babèl. Ing salebeting panandhang, bangsa kalawau lajeng sesambat nyuwun pitulungan dhumateng Allah. Midhanget pasambatipun bangsa Israèl punika, Allah kepareng maringaken sihi nugrahanipun ingkang lubèr lan éndah sipatipun. Punika katingal ing bab Allah kepareng maringaken prajanjé pangluaran lan pangrimat ingkang saèstu saged ngiyataken manahipun bangsa Israèl ingkang nembé nandhang sangsara ing salebeting pangawulan. Nadyan bangsa Israèl sampun ndamel sekel galhipun Allah, éwasamanten Allah ingkang sami ugi, ingkang kepareng maringaken sihi nugraha awujud pangapuntening dosa. Kita mboten sami saged njajagi manahipun Gusti Allah, saiba jembar lan longgaripun manahipun Allah ingkang kepareng maringaken nugraha pangapuntening dosa dhateng umatipun.

Atur wangsulane dalah mbudidaya nglampahi gesang ing salebeting nugrahanipun Allah sarana mratobat ing gesang

padintenan punika, ingkang ugi dados pawartos ingkang kaandharaken déning Gusti Yésus wonten ing Injil Lukas 3: 1-9. Dhateng tiyang-tiyang ingkang rumaos “langkung saé” saha “langkung suci utawi mboten dosa” namung karana mboten dados korban kekejemanipun tiyang-tiyang Galiléa ingkang rahipun dipun campuraken kaliyan rahing pisungsung korban déning Pilatus. Lelampahan punika wonten gandhèng-cènèngipun kaliyan sawatawis tiyang-tiyang Saduki ingkang sami dipun pejahi déning Pilatus karana ndamel ontran-ontran ing wewengkon Padaleman Suci. Punika saèstu lelampahan ingkang nggegirisi sanget. Nglengganani “wangssulan dalah pamanggihipun” tiyang kathah ing babagan punika, Yésus kepareng ngènetaken tiyang kathah punika, menawi mboten sami gesang ing salebeting patobat, tiyang-tiyang kalawau ugi badhé ngalami lelampahaan gesang ingkang sami kaliyan para korban kekejeman kalawau. Kanthi manteb lan tandhes tiyang-tiyang kalawau dipun sarwé déning Gusti, sampun ngantos rumaos langkung saé katimbang sanèsipun namung karana mboten dados korban kekejemanipun Pilatus. Malah Gusti Yésus ugi paring pepènget bilih korban cacah 8 ingkang kajugrutan tugu menara caket Siloam, dosanipun mboten langkung ageng katimbang kathah tiyang sakiwa tengenipun Yésus, ingkang rumaos langkung saé lan langkung barès. Kalih lelampahan punika dipunagem déning Gusti Yésus minangka conto bilih menawi tiyang mboten sami mratobat kanthi tumemen lan nganyaraken gesang pribadinipun wonten ngarsanipun Allah punapa déné sesami, ugi badhé ngalami lelampahan gesang ingkang sami kaliyan tiyang-tiyang korban kekejemanipun Pilatus minangka paukamanipun. Patobat badhé kawiwitan sarana mboten badhé ngukumi asanès awit nganggep dhiri pribadinipun langkung saé lan barès katimbang sesami.

Ing salebeting wekdal pra-Paskah ingkang kaping 3 punika, kita sami kaènetaken ing bab kados pundi kita kedah tan kendhat nglampahi gesang ing salebeting kanugrahanipun Allah ing salebeting patobat. Patobat mujudaken timbalan kanggé ngalami lan ngraosaken kanugrahanipun Allah ingkang awujud pangapuntening dosa. Awit saking punika, sumangga kita sami suka kalonggaran dhateng sesami kanggé saged sangkul-sinangkul ing salebetipun ngraosaken sih-nugrahanipun Allah, lan sami

mesthèkaken ing salebeting manah, bilih kita badhé sami tansah
gesang ing salebeting patobat jati.

[kh-ytd]



KOTBAH

Minggu Pra-Paskah kaping 4

Minggu, 30 Maret 2025

Waosan 1: Yusak 5:9-12
Tanggapan: Jabur Masmur 32
Waosan 2: 2 Korinta 5:16-21
Injil: Lukas 15:1-3, 11b-32

Nampèni Minangka Mitra

☪☪

KOTBAH JANGKEP

“Nampèni Minangka Mitra”

Shalom...

Para sadhèrèk pasamuwan ingkang kinasih tembung *Cut Off* asring dipun ginakaken déning generasi Z (lair ing antawisipun tahun 1997 ngantos 2012) kanggé nerangaken wontenipun tumindak medhot sesambetan kaliyan sadhèrèk utawi kanca kanthi dadakan lan ugi tanpa katerangan ingkang gumathok. Punika asring kelampahan ing jagading internèt ingkang ing mriku tiyang saged kanthi dadakan medhot utawi ngeblok tiyang sanès saking dhaftar pasedhèrèkan ing internèt. Punika anjalari tiyang ingkang swaunipun saged sesambetan ing pasedhèrèkan, lajeng pedhot lan mboten saged sesambetan ing pasedhèrèkan malih.

Sanadyan makaten, *cut off* punika ugi ndarbèni woh ingkang saé tumrap kaséhataning jiwa. Ingkang *sapisan*, *cut off* saged nyuda wontenipun *strèss* lan *deprèsi*. Pedhotipun sesambetan kaliyan tiyang sanès ingkang tetéla nggadhahi woh ingkang kirang utawi mboten saé utawi *toxic* saged nyuda wontenipun *strèss* punapadéné raos was sumelang. Igkang kaping *kalih*, *cut off* saged anjalari kaséhataning jiwa kita sangsaya mindhak saé. Nyingkiri sawarnining raos memengsahan (*konflik*) ingkang mboten wonten watesipun, saèstu saged nyéhataken kajiwan kita. Ingkang kaping tiga, *cut off* saged anjalari kita damel watesan ingkang séhat. Ing salebeting

sesambetan kaliyan asanès, prelu wontenipun watesan-watesan ingkang séhat. Mila *cut off* saged dados sarananipun ndamel watesan ingkang séhat punika.

Éwasamanten, *cut off* ugi nggadhahi woh ingkang kirang utawa mboten saé. Ingkang sapisan, *cut off* saged ngirangi katrampilan kita ing ombyaking gesang kamasyarakatan. Menawi kita asring nindakaken *cut off*, saged kémawon kita lajeng kirang trampil ngrampungaken wontenipun raos memengsahan ing salebeting sesambetan ingkang lumampah. Ingkang kaping kalih, *cut off* saged nuwuhaken raos sepi. Medhot sesambetan kaliyan sinten kémawon sacara dadakan, saged anjalari kécalan mitra, ingkang tundhonipun lajeng gesang pepisahan kaliyan asanès satemah nuwuhaken raos kijènan lan sepi. Ingkang kaping tiga, *cut off* saged nuwuhaken *trauma* (tatuning batos ingkang awrat) ingkang wusananipun nuwuhaken raos kepéngin pejah sarana ngendhat. Dados, *cut off* pancèn saged nuwuhaken kawontenan ingkang sarwa éwuh aya.

Èstunipun, manungsa punika pancèn mujudaken titah ingkang asipat pribadi, nanging ugi sosial kamasyarakatan. Kalih sisih kamanungsan punika prelu dipunjagi sacara timbang. Kanggé prekawis punika prelu dipun èngeti sawatawis bab:

1. Sipat pribadi lan sosial ingkang timbang. Saben pribadi nggadhahi kabetahan-kabetahan pribadi, pepénginan lan ugi kapreluan ingkang prelu dipun urmati lan dipun wujudaken. Upaminipun, saben pribadi prelu nggadhahi wekdal miyambak sacara pribadi, mangun lan ngrembakakaken dhiri pribadi, njagi kaséhatanipun jiwa raga lan sapiturutipun. Déné sipat sosial, saben pribadi kalawau purun mboten purun mesthi mbetahaken sesaminipun gesang ing masyarakat, supados sami sangkul-sinangkul ing pasrawunganipun. Sesambetan kaliyan warga masyarakat saged nuwuhaken raos nyawiji lan saged anjalari rumaos pikantuk panyengkuyunging pangraos (*emoti*). Kita lajeng mboten rumaos gesang kijènan.

2. Ngadhepi tiyang ingkang kaanggep “*Toxic*” (nuwuhaken kawontenan gesang ingkang kirang utawi mboten saé). Ing bab punika wonten sawatawis bab ingkang saged kita sinau lan tuladhani saking Gusti kita Yésus Kristus, sesambetan kalian sikepipun dhumateng para tiyang dosa utawi tiyang-tiyang ingkang kaanggep *toxic* déning warga masyarakatipun nalika samanten.

Lukas 15 maringi gambaran bab kawontenan ingkang mbingahaken nalikanipun Gusti wawan-rembag kaliyan para juru mupu béya, lan para tiyang dosa. Tiyang-tiyang punika sami dhateng kanggé mirengaken piwulangipun Gusti Yésus Kristus. Ananging tiyang-tiyang Farisi punapadéné para ahli Torèt malah ngluntakaken raos serikipun dhateng Gusti, karana Panjenenganipun sesrawungan kaliyan para tiyang dosa. Kanggé mangsuli sikapipun para tiyang Farisi dalah ahli Torèt punika, Gusti ngandharaken tigang pasemon, ingkang salah satunggalipun inggih punika pasemon bab putra ingkang ical, ingkang kaserat wonten ing Lukas 15: 11b-32.

Pasemon punika kawiwitan nalika putra wuragil nyuwun warisan dhateng bapakipun. Salajengipun piyambakipun késah dhateng papan ingkang tebih, lan ngebrèh-ebrèh bandha warisanipun kanggé nglampahi gesang ingkang sarwa mubra-mubru. Sasampunipun sadaya bandha warisanipun telas, kelampahan wontenipun paceklik ing papan dunungipun putra wuragil kalawau, andadosaken putra wuragil punika dhawah ing kamiskinan. Kanggé nglajengaken gesangipun, piyambakipun nyambut damel dados tiyang ingkang njagèni babi, lan karana nembé nglampahi paceklik, putra wau kapeksa nedha pakanipun babi. Kawontenan gesang ingkang makaten punika anjalari piyambakipun ngrumaosi sadaya kalepatanipun, lan netepaken salebeting manah badhé wangsul dhateng bapakipun. Wonten ngajengipun bapakipun, piyambakipun ngakeni sadaya dosa tuwin kalepatanipun, lan nyuwun pangapunten saha sageda katampi minangka salah satunggaling abdi upahan kados sanèsipun. Nalikanipun putra wuragil kalawau taksih wonten ing katebihan, bapakipun ingkang sampun ngantu-antu mirsa saking katebihan,

lan manahipun ngraosaken trenyuh. Mboten saranta, bapakipun lajeng mlajar murugi anakipun, lajeng dipun rangkul lan dipun ambungi kanthi kebak raos katresnan. Bapakipun lajeng dhawuh dhateng para abdinipun supados nyawisaken sandhangan ingkang sarwa saé lan éndah, ali-ali dalah sepatu supados kanggé nggantos sandhangan anakipun ingkang sampun lusuh. Mboten cekap namung samanten, bapakipun ugi dhawuh para abdinipun nyembelèh lembu mudha ingkang lema, kanggé mahargya lan abebingah nampèni anakipun ingkang sampun ical, samangké pinanggih malih.

Pasemon punika ugi nerangaken kados pundi sikepipun putra sulung ingkang nepsu lan mboten purun mlebet griya karena rumaos dipunbédak-bédakaken sacara mboten adil déning bapakipun. Bapakipun mahargya wangsulipun adhik ingkang duraka, ingkang sampun ngebrèh-ebèrèh bandhanipun kanggé nglampahi gesang ingkang sarwa mubra-mubru. Bapakipun lajeng nerangaken bilih sadaya bandha ingkang wonten ing griya punika darbèkipun, mila kedah tumut asukarena karena adhipipun ingkang sampun ical samangké pinanggih malih, malah ingkang sampun kaanggep pejah, jebul taksih pinanggih gesang.

Pasemon punika nggambaraken katresnan lan pangapuntenipun Allah ingkang tan winates. Kadosdéné bapa ingkang saèstu nresnani anak-anakipun, ingkang sagah nampi malih anakipun sanadyan sampun mursal, nanging purun ngakeni dosa-dosanipun, mratobat lan sumarah dhateng kamirahanipun sang bapa. Makaten ugi Allah karsa nampèni tiyang dosa ingkang purun mratobat lan wangsul dhateng pangayunanipun Allah.

Putra wuragil mralambangaken tiyang-tiyang dosa ingkang nalangsani dosa-dosanipun, mratobat lan wangsul dhateng pangayunanipun Allah. Déné anak pambajeng mralambangaken tiyang-tiyang ingkang ngrumaosi paling saé, leres, lan angèl saged mangretosi bilih Allah ugi nresnani, lan karsa ngapunteni tiyang-tiyang ingkang nandhang dosa. Pasemon punika ugi mulang dhateng kita sadaya kanggé tansah asukarena awit wontenipun tiyang-tiyang ingkang sami mratobat lan gesangipun kapulihaken.

Masmur 32 nengenaken kabegjan ingkang sejati, ingkang mijil saking pangapuntening dosa lan sesambetan ingkang leres wonten ing ngarsanipun Allah. Tiyang ingkang sami kaapunteni dosanipun, mujudaken tiyang ingkang begja awit sami kaluwaran saking raos lepat, saking pukuman ingkang nggegirisi dalah ingkang pikantuk pangayoman sarta tuntunanipun Allah. Rasul Paulus ugi netepaken ing salebeting serat 2 Korinta 5: 16-21 bilih wonten ing Sang Kristus, kita dados titah anyar ingkang sampun nampèni kaanyaraning gesang. Lumantar Sang Kristus, kita sami karukunaken kaliyan Allah lan ugi sami katimbangan dados utusan-utusaning katentreman ingkang martosaken sih katresnanipun Allah lan pangapuntening dosa dhateng jagad. Kanthi makaten, mboten wonten alesan malih kanggé nyingkiri memitrان lan nampèni tiyang-tiyang ingkang kaanggep dosa.

Menawi kita gatosaken kanthi taliti bab anggènipun roti manna mboten kaparingaken malih, kita badhé sami mangretos menawi Gusti badhé tansah maringaken piwulang ingkang saé, sanadyan kalamangsanipun asring mawi cara ingkang unik malah asring sarana lelampahan ingkang saèstu mbetahaken kekendelan. Ing wekdal Pra-Paskah ingkang kaping 4 punika, kita sami dipun tantang kanggé nuladha Kristus Gusti sarana purun nampèni tiyang-tiyang ingkang kaanggep dosa, ingkang kaanggep dados *toxic* minangka kanca utawi mitra. Amin.

[nvc-ytd]



KOTBAH

Minggu Pra-Paskah kaping 5

Minggu, 6 April 2025 (wungu)

Waosan 1: Yésaya 43: 16-21
Tanggapan: Jabur Masmur 126
Waosan 2: Filipi 3: 4-14
Injil: Yohanes 12: 1-8


Ngrumaosi miwah Nanggapi Sih Katresnan ingkang Tanpa Wilangan

☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

“Ngrumaosi miwah Nanggapi Sih Katresnan ingkang Tanpa Wilangan”

Naminipun Johnson Oatman. Sanès pandhita. Padamelan padintenipun punika ahli administrasi *perusahaan asuransi* kawentar ing New Jèrséy Amerika. Ing satengahing nindakakèn padamelanipun punika, piyambakipun taksih wonten wekdal kanggé ngripta tembang utawi *syair* lagu rohani ingkang cacahipun ngantos 5000 tembang. Mèh sadaya lagu rohani ingkang karipta ngemu panggigahing gesang kalebet lagu punika (Katedahna lagu *Kidung Jemaat 439 “Bila Topan K’ras Melanda Hidupmu”* - mbokbilih pasamuwan saged kaajak ngidung lagu punika). Lagunipun rak saèstu éndah ta? Sesambetan ingkang saé antawising tembung-tembungipun ugi swantenipun. Mènawi kita gatosaken saben tembung ingkang sinerat ing dhapukaning ukara salebeting lagu punika ngènetaken kita dhateng berkahipun Gusti ingkang sakelangkung ageng. Semanten ugi sambet kaliyan cakepaning lagunipun ingkang karipta déning Edwin Othello Excell ing péranganing *nada* (swanten) utawi mélodhinipun. Menawi panjenengan gatosaken wonten tandha musik *rit* ing pérangan “*berkat Tuhan mari hitunglah*” ingkang mapan ing pungkasan lagu. Punapa bapak-ibu éstu nggatosaken perkawis punika? Kula yakin bilih punika tandha ingkang



ngemu teges langkung bebles. *Rit* dados tandha nandhesaken supados kita èstu ngétang berkah-berkahipun Gusti ing gesang punika.

Pitakènanipun, kénging punapa pérangan punika dados bab ingkang perlu katandhesaken? Kénging punapa ngétang berkahipun Gusti dados satunggaling perkawis ingkang baken ing gesang kita? Sumangga sami ngraos-raosaken malih bab punika ing gesang kita. Sapinten anggèn kita asring ngundhamana lan kebak ing panggresula: “Gusti, Paduka kok kados mekaten, kawula tansah ndedonga nanging Paduka kok mboten kersa nyembadani?” Sapinten asringipun kita ngedalaken tetembungan: “Awaké dhéwé lagi ngadhepi rubéda, ngapa ndadak sregep ndedonga, apa gunané tumindak apik, ngapa ndadak mèlu peladosan?”

Satunggaling panalitèn ilmiah ingkang kaemot ing *Journal of Neurophysiology* manggihaken bilih tiyang ingkang kapenuhan ing katresnan mengku langkung kathah *motivasi* utawi krenteging gesang. Menawi tiyang saged ngrumaosi bilih piyambakipun punika dipuntresnani, mesthinipun tiyang punika ugi lajeng tuwuh dayanipun lan kasagedaken nglairaken prakawis-prakawis ingkang maédahi tumrap sesami. Kita saged ningali sesambetan antawisipun kawontenan rumaos kaliyan caranipun manungsa nglanggati bab punapa kémawon ing gèsangipun.

Milanipun, kita prelu tansah nggadhaahi raos lan pangaken bilih semanten agenging katresnanipun Gusti ing gesang kita. Perlu kita mangertosi bilih, katresnanipun Gusti ingkang lubèr kaparingaken, mboten namung winates ing bab barang maujud. Ananging ugi bab taksih saged ambegan, magepokan kaliyan taksih saged pepanggihan lan sesambetan kaliyan tiyang sanès, berkahing kasarasan, kakiyatan, tuwin manéka warni berkah sanèsipun ingkang kaparingaken déning Gusti kanthi lampah ingkang saget kita mangertosi punapadéné ingkang mboten kanyana.

Para sedhèrèk, pratélan ingkang mekaten punika ingkang saged kita panggihaken lumantar Nabi Yésaya, Juru Masmur, punapadéné Rasul Paulus ing waosan lèksionari dinten punika. Sumangga kita gatosaken satunggal baka satunggal cariyosipun.

- Ing waosan kapisan, kita sami katuntun ningali pamecanipun Nabi Yésaya, bilih tiyang-tiyang Yéhuda badhé kaagem déning Gusti dados seksi babaring pakaryanipun Gusti Allah ingkang

milujengaken. Pramila, bangsa punika kasuwun supados nilar perkawis ingkang sampun kapengker punapadéné ingkang namung dados pangangen-angen kémawon. Kénging punapa mekaten? Awit Gusti Allah badhé nuntun bangsa punika ngraosaken agenging sih katresnanipun kanthi cara ingkang tanpa kanyana-nyana. Bangsa punika badhé katuntun ngambah satunggaling ara-ara samun, inggih punika ara-ara samun Arab. Perlu kita uningani, bilih margi ing pasamunan Arab punika margi ingkang celak piyambak, ananging limrahipun dipunsingkiri déning tiyang-tiyang Babil nalika nuju dhateng Yéhuda, awit pancèn mboten gampil. Margi punika mboten subur saha cengkar¹. Ananging, kaleresan margi punika – margi ingkang mbebayani kanggénipun tiyang Babil – malah kaagem déning Gusti dados margining pakaryan katresnanipun Gusti Allah ingkang tanpa kanyana-nyana déning bangsa Israèl. Bangsa Israèl badhé katuntun, kajagi lan kawilujengaken déning Gusti Allah kanthi Patrapipun ingkang ngédab-édabi. Sejatosipun Patrapipun Gusti Allah ingkang makaten punika ugi sampun katindakaken ing mangsa kapengker, kados ingkang sinerat ing ayat 16-17.

- Semanten ugi ingkang sinerat ing Kitab Jabur Masmur 126 punika. Masmur punika kagolong kidung jiyarah, inggih punika satunggaling kidung ingkang umumipun kakidungaken ing salah satunggaling riyaya, saking tigang riyayanipun tiyang Yahudi, ingkang kedah dipundhatengi déning sadaya tiyang jaler bangsa Israèl (Pangandharing Torèt 16:16). Ing kidung punika Sang Juru Masmur ngajak dhateng Umatipun Gusti ingkang saweg jiyarah, supados wangsul ngèneti malih bilih Gusti sampun nandukaken prakawis ingkang ageng wonten ing gesangipun umat, inggih punika nalika Sion kapulihaken. Punapa ingkang ketingalipun mokal katindakaken, ing Astanipun Gusti Allah sadaya badhé kasembadan. *“Pangéran Yéhuwah wus nandukaké prakara kang gedhé marang kita, mulané kita pada bungah”*. Kasinggihan, umat punika kaatag

¹ Anggènipun mlampah saking Babil dhateng Yéhuda limrahipun ngambah pinggiring jurang-jurang Mésopotamia, nunten ngener ngétan dhateng Siria, lan saking ngrika ngener mangidul. (LAI, 2012: 1143, 1151)

supados sami bingah-bingah awit katresnanipun Gusti ingkang sampun kababar ing sauruting gesangipun.

- Pangènget tumrap katresnanipun Allah ingkang sampun milujengaken punika, ingkang ugi mbereg Rasul Paulus ngeneraken manahipun namung dhumateng Gusti. Lelampahaning gesang ingkang mekaten punika ingkang lajeng kaagem ugi kanggé mbereg pasamuwan ing kitha Filipi supados tansah setya. Pasamuwan Filipi kabereg ngeneraken manahipun dhateng sih katresnanipun Gusti ingkang tansah kababar ing gesangipun.

Para kinasih, pangandikanipun Gusti dinten punika ngajak kita supados ngènget-ènget malih dhateng katresnanipun Gusti ingkang sampun kababar ing gesang kita. Menawi kita ngènget-ènget, semanten kathahipun lubèring sih kanugrahanipun Gusti ingkang kababar ing gesang kita. Pramila lumantar sihipun Gusti ingkang ngédab-édabi punika kita sami kaatag nanggapi katresnanipun Gusti. Tanggapan ingkang nyata sampun katedahaken déning Maryam sadhèrèkipun Lazarus ing waosan Injil. Lelampahan ingkang karaosaken saha pangraos sampun nampi sih katresnanipun Gusti ing gesangipun, ndamel Maryam misungsungaken ingkang aos piyambak dhumateng Gusti, nalika wonten wewengan kanggé kembul bujana sesarengan kaliyan Gusti Yésus. Tanpa wonten ingkang paring dhawuh, Maryam mendhet lisah jebad nared tulèn ingkang awis reginipun, lajeng njebadi sampéyanipun Gusti mawi lisah punika. Menawi dipun-étang reginipun lisah punika, setunggal kati lisah dipun kerta-aji 300 dinar (sami kaliyan épahipun tiyang nyambut damel watawis 300 dintèn). Sagèd dipun gambaraken samanten agenging pangurbanan lan sih katresnanipun Maryam ingkang kaonjukaken dhateng Gusti Yésus nalika misungsungaken lisah nared tulèn ingkang awratipun setengah kati. Pengalamaning gesang saksampunipun dipunrengkuh lan dipuntresnani déning Gusti Yésus, njalari Maryam tanpa étangan ugi anggènipun nanggapi Sih Katresnanipun Gusti ingkang tanpa wilangan.

Para sadhèrèk ingkang kinasih, wekdal punika kita sampun lumebet ing Mangsa Pra-Paskah, inggih mangsa ingkang ngatag kita supados ngraos-raosaken malih pakaryaning katresnanipun

Gusti Allah tumrap jagad ingkang sampun kebakar ing Gusti Yésus. Sumangga kita sami ngginakaken wekdal punika kanggé ningali malih dhiri kita, ngrumaosi lan nanggapi Katresnanipun ingkang tanpa wilangan ing gesang padintenan kita. Katresnanipun tansah kebakar ing mangsa kapengker, sapunika, dumugi ing salamilaminipun. Pitakènanipun, punapa kula lan panjenengan sampun ngaturaken gesang ingkang saé piyambak dhumateng Panjenenganipun? *Sudahkah yang terbaik ku berikan kepada-Nya?*

(*sagèd dipunpungkasi kanthi ngidungaken **Nyanyikanlah Kidung Baru 199** “SUDAHKAH YANG TERBAIK KUBERIKAN” kanthi wekdal ingkang alon*)

(kap-ias)



KOTBAH

Minggu Pra-Paskah kaping 6

Minggu, 13 April 2025

Waosan 1: Yésaya 50:4-9a
Tanggapan: Jabur Masmur 118:1-2,
19-29
Waosan 2: Filipi 2:5-11
Injil: Lukas 19:28-40

Mapag Rawuhipun ing Ngriki ✠

KOTBAH JANGKEP

“Mapag Rawuhipun ing Ngriki”

Pasamuwan ingkang dipuntresnani déning Gusti, pahargyan kabingahan sampun sakmesthinipun katindakaken kanthi sumyak-sumyak asukarena. Wonten tiyang ingkang semangat saèstu ngriyayakaken wiyosanipun (*ulang tahunnya*) kanthi ngaturi sanak-kadang, réncang lan pitepangan murih saged andum kabingahan. Ugi wonten tiyang ingkang ngriyayakaken dintening neningkahanipun kanthi nyawisaken warni-warni tetinggalan ingkang mbingahaken manah kagem sadaya tiyang ingkang ngguyubi kabingahaning dhirinipun. Riyaya-riyaya punika ramé sanget saha njalari tiyang mèsèsem tuwin gumujeng. Kadosdéne pahargyan-pahargyan ageng ingkang kita prangguli ing gesang padintenan, dinten punika kita sami kauleman kanggé ngraos-raosaken tuwin ngriyayakaken rawuhipun Gusti Yésus ing kitha Yérusalèm. Umat ingkang manggèn ing kitha Yérusalèm sami surak-surak kambi ngébahaken ron palem minangka gambaran bingahipun umat awit Sang Mesih sampun rawuh. Namung kémawon, Sang Mesih ingkang rawuh punika kagambaraken minangka Sang Mesih ingkang prasaja, namung nitih kuldi. Lajeng pitakènanipun, punapa ingkang badhé kapapagaken saking kawontenanipun Sang Mesih ingkang namung mekaten?

Sejatosipun, Minggu Palem punika mboten namung njingglengi bab rawuhipun Gusti Yésus ingkang kapapagaken kanthi

sumyak-sumyak asukarena kémawon. Waosan kapisan ing lèksionari Minggu Palem dinten punika, ngèngetaken dhateng kita bab gegambaran kasangsaraning abdinipun Gusti. Nabi Yésaya paring gambaran bilih abdinipun Gusti punika badhé nyanggi kasangsaran. Ananging sanadyan nandhang sangsara, Panjenenganipun nyanggi kasangsaran punika kanthi manah ingkang kekah santosa, awit Panjenenganipun uninga saha yakin dhateng sih Pitulunganipun Gusti Allah. Panjenenganipun yakin, bilih namung Gusti Allah ingkang badhé paring kakiyatan kanggé nyanggi Kasangsaranipun, saha Gusti Allah badhé ndamel Panjenenganipun mboten kajemberaken saha mboten nandhang wirang. Gegambaran kekahing manah ingkang makaten punika, njalari abdinipun Gusti wantun saha sumadhiya nandhang sangsara.

Prakawis punika – gegambaran menggahing kekahipun manah abdinipun Gusti wantun saha sumadhiya nandhang sangsara – ngumandhang wonten ing sugengipun Sang Kristus, laras kaliyan waosan kaping kalih lèksionari dinten punika. Rasul Paulus ngandharaken bilih kekahing penggalhipun Sang Kristus anggènipun nandhang sangsara punika minangka wujud cumawising sugengipun nandhang sangsara kanggé mbabar pakaryanipun Gusti Allah. Gusti Yésus sampun paring tuladha bab anggènipun kiyat nyanggi kasangsaran ngantos dumugi ing séda sinalib. Punika sadaya saged katindakakaken kanggé ayahan ingkang saé ingkang badhé ndhatengaken kamardikan saha pulhipun kawontenaning gesang.

Gambaran lelampahaning sangsara ing Minggu Palem, kepara dados gambaran kababaring kamulyanipun Sang Kristus, tumrap tiyang-tiyang Kristen samangké. Kita sesarengan saged surak-surak, ananging kita ugi perlu takèn dhateng dhiri pribadi, punapa anggèn kita surak-surak punika dados tandha bilih kita (tiyang Yahudi nalika samanten punapadéné umat samangké) èstu-èstu mangertos sinten Gusti Yésus? Ingkang perlu dados kawigatosan inggih punika, maknaning rawuhipun Gusti Yésus mbotèn sami kaliyan kaleksananing pangajeng-ajengipun tiyang Yahudi menggah rawuhipun pemimpin (mésias) ingkang ngluwari tiyang-tiyang Yahudi saking panindhesipun bangsa Rum. Gusti Yésus kepara rawuh kanthi cara ingkang bènten sanget. Panjenenganipun rawuh nitih kuldi, punika mratélakaken minangka

ratuning bedhamèn ingkang welas asih.

Sanadyan rawuhipun Gusti Yésus kanthi cara ingkang kados makaten, prakawis punika ugi nuwuhaken *dilema* utawi pilihan ingkang ngèwedaken. Kénging punapa Gusti rawuh kanthi cara ingkang mekaten?

Kakiyataning waosan lèksionari dinten Minggu Palem samangké, kapara wangsul dhateng pilihan ingkang ngèwedaken punika. Kita kaatag supados mapag rawuhipun Gusti Yésus kanthi pangertosan ingkang langkung bebles. mBoten namung ngajeng-ajeng rawuhipun Sang Kristus kanggé mujudaken pangajeng-ajeng kita utawi pepénginan kita. Ugi mboten supados saged maringi éguh ingkang rikat lan gampil kanggé saben prekawising gesang ingkang dipun adhepi, ananging lelampahan punika ngatag kita supados ngraos-raosaken, bilih Gusti Yésus rawuh sumadhiya ngurbanaken Sariranipun, ngadhepi kasangsaran awit saking Sih-katresnanipun Gusti ingkang ageng dhateng umat manungsa. Wekdal punika kita tinimbalan supados sinau bilih rawuhipun Gusti Yésus punika nyasmitakaken timbalan kanggé ndhèrèkaken Panjenenganipun, nampèni marginipun Gusti Yésus, saha nulad ingkang katindakaken Panjenenganipun. *Imitatio Christi*.

Imitatio Christi punika ugi dados lampahing gesangipun para pitados kanggé mapag rawuhipun Sang Kristus ing gesang padintenan. Kados ingkang pinanggih ing atur kawratnipun tiyang Farisi, ingkang mboten remen dhateng patrapipun tiyang kathah anggènipun memuji lan ngluhuraken rawuhipun Sang Kristus, nyendhu makaten: “Guru, para siswa Panjenengan punika kula aturi ndukani” (Lukas 19:39). Prakawis ingkang sami ugi saged kelampahan nalika kita mbudidaya nulad Sang Kristus. Ing kawontenan ingkang makaten, èngeta nalikanipun Gusti Yésus nglanggati panyendhunipun tiyang Farisi, Panjenenganipun ngandika makaten: “Aku pitutur ing kowé: Manawa wong iku padha meneng, watu-watu iki bakal padha nguwh-uwuh” (Lukas 19:40). Pangandikanipun Gusti punika minangka pamelèh sanalika ugi timbalan, *imitatio Christi* ateges mboten namung kèndel saha katrem dados pamiarsa, ananging ugi kedah saged dados tiyang ingkang nindakaken Sabdanipun Gusti. Mènawi kita mboten nindakaken punapa-punapa, kados ingkang kapangandikakaken déning Gusti Yésus, séla-séla punika badhé nguwh-uwuh kanthi

sora mapag rawuhipun Gusti Yésus. Sampun ngantos namung kèndel kémawon, punapa malih éthok-éthok mboten mangertos, ananging kedah saged nglairaken tumindak ingkang nyata, minangka prajangi kita kanggé mapag Sang Kristus kanthi èstu-èstu ing salebeting manah lan gesang kita. Kados ingkang sinerat ing kitab Jabur 118, ing ngriku kasebataken bilih rawuhipun Gusti punika minangka kamirahan ingkang agung, “Padha saosa pamuji sokur marang Pangéran Yéhuwah, awitdéné Panjenengané iku saé! ujer sih-kadarmané iku langgeng ing salawas-lawasé” (Jabur 118:1). Saos sokur punika prelu tansah ngumandhang wonten ing gesangipun saben tiyang pitados, ugi kedah kacihna ing lampahing gesang ingkang nélakaken katresnan tuwin pambangunturut dhumateng Panjenenganipun.

Para kagunganipun Gusti ingkang kinasih, rawuhipun Gusti Yésus mbekta éwah-éwahan saranduning gesangipun manungsa ing Yérusalèm, ugi ngéwahi saranduning gesang padintenan kita. Prakawis punika kedah kita tampi minangka kanugrahan ingkang tembé-wingkingipun nuntun kita nulad pambangun turut, kekahing manah, saha kekendelanipun ngadhepi kasangsaran minangka pituwas anggènipun nindakaken pakaryaning kasaénan. Kita sami kauleman dados pribadi ingkang pitados, kanggé gesang kanthi *motto* utawi sasmitaning gesang: *imitatio Christi*. Semanten ugi kita sami kauleman, dados tiyang pitados ingkang mapag Panjènènganipun kanthi kabingahan ingkang sanyata, kanthi ngeculaken pangajeng-ajeng kadonyan ingkang saged kelampahan mboten salampah kaliyan karsanipun Gusti. Amin.

(msu-ias)



KOTBAH

Kemis Pethak

Kemis, 17 April 2025

Waosan 1: Pangentasan 12:1-14
Tanggapan: Jabur 116:1-2, 12-19
Waosan 2: 1 Korintus 11:23-26
Waosan Injil: Yohanes 13:1-17, 31b-35

**Lelados Kanthi
Gumolonging
Manah**
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

“Lelados Kanthi Gumolonging Manah”

Sasampunipun mimpang lan ngasilaken mêdhali êmas (tandha kaurmatan saking emas) ing Olimpiadê, satunggaling atlèt (tiyang ingkang dhemen dhateng ulah raga) wangsul tumuju ing karang padésan dunungipun. Menawi para sadhèrèk minangka atlèt kasebat, punapa kémawon ingkang badhé panjenengan tindakaken rikala wangsul tumuju papan dunung sakawit? Saged ugi kita badhé mapanaken medhali – saged ugi wujudipun prasasti – ing ngajeng griya lan paring wêwêngan kathah tiyang ngungun awit asil punika. Kepara kita badhé mamèraken potrèt-potrèt rikala kita mimpang lan nyariosakên anggèn kita kasil ing pérangan-pérangan mirunggan rikala sawêg lelumban. Sinarengan kaliyan nepungaken kathahing kanca anyar ingkang ngungun dhumateng kita amargi mimpang.

Éwasemanten têtela bèntên kaliyan ingkang katindakaken déning Atlèt kalawau. Piyambakipun boten kèlu ing raos mongkog amargi kasilipun mimpang, malah nyariosaken bab kados pundi anggèning piyambakipun gagal ugi bab tantangan ingkang dipunadhepi. Piyambakipun nélakakên, “Aja nganggep aku *Pemenang* mung amarga panjenengan kabèh weruh medhali pikolèhku. Aku iku wong kang gelem terus sinau. Aku sinau saka kegalanku kang wis akèh banget lan iku kabèh ora dak anggep alangan kanggo maju lan ngasilaké prèstasi.”

Para sêdhèrèk, boten sadhéngah tiyang purun nyariosaken bab kahanan dhirinipun ingkang awon, punapa malih bab anggènipun gagal. Saèstu lembah manah Atlèt kasebat. Sinten ta

tiyang kasebat? Kita boten mangertos asmanipun, lan bab punika mbuktèkaken bilih saiba lembah manah piyambakipun. Ngantos boten wonten tiyang ingkang pirsajadhirinipun, ananging cariyos bab piyambakipun saged ndudut manah kita dumugi wekdal punika.

Ing waosan kita, Gusti Yésus paring tuladha para sakabat mawi tata paladosan ingkang ngungunaken. Boten kados adat-sabenipun, Gusti Yésus, inggih Gusti lan Ratu, Sang Mesih lan Juruwilujeng, ngasoraken dhiri ngémba abdi lan ngwijiki para sakabatipun. Kamangka nêmbé kémawon Panjenenganipun ngandika, “Iki badanKu, kan kaulungaké marga saka kowé; iki padha tindakna minangka pangéling-éling marang Aku!” (Ay. 24b). Sang Mêsih sampun nélakaken pakaryan agengipun, ananging anggèn Panjenenganipun nindakaken pinanggih bèntèn manut kasagedan ingkang kaaosan déning jagad.

Punapa ingkang saged dipunsinau saking Gusti Yésus ingkang ngwijiki sikilipun para sakabat? (*Saged ngginakaken roti lan tuwung anggur, ingkang badhé kaginakaken, minangka paraga dhumateng warganing pasamuwan*) Sepisan, Roti lan anggur punika minangka pralambang salira lan rahipun Gusti Yésus. Panjenenganipun ngersakaken kita ngémut-émut. Punapa ingkang kita émut saking roti lan toya anggur punika? Sarira lan Rahipun Gusti Yésus ingkang sanget awisipun, kakurbanaken lan kawutahaken kanggé kita. Boten wonten sadhéngaha tiyang ingkang nglilakaken sariranipun kanthi saèstu menawi boten nresnani tiyang sanès kalayan gumolonging manahipun.

Sang Kristus nresnani kita dumugèng sédanipun, punapa kita ngraosaken katresnan punika ing manah kita ugi? (*Saged kanthi cara ngatingalaken toya ingkang badhé panjenengan ginakaken kanggé ngwijiki samparanipun warganing pasamuwan*) Kaping kalih, toya punika saged kita tegesi minangka pralambang ngrêsi saking rêrêgêd ing samparan kita, ananging ugi saking dosa. Kathah tiyang boten rumaos menawi piyambakipun kinemulan ing dosa lan boten wonten sadhéngaha tiyang ingkang saged milujengaken. Ing sisih sanès, kathah pamanggih bilih tumindak saé, nglampahi pakulinan-pakulinan agami utawi kanthi ngènget-ènget pèngetan riyayan gréja, kaanggep péranganing gesang iman kapitadosan. Kamangka nering

iman inggih punika kadospundi saben tiyang saged rêrêsik dhiri saking pangawulaning dosa lan mbangunturut Gusti ingkang nresnani piyambakipun. Toya punika minangka pralambang rêrêsik dhiri saking sedaya kalepatan kita.

Punapa kita ugi purun sinau rêrêsik dhiri ing saben wekdal, supados kita tetep lestantun pantes ing ngarsanipun Gusti Allah? (*Kaaturan mundhut lap/kacu ingkang mangkénipun badhé kaginakaken kanggé ngwijiki samparanipun pasamuwan*) Kaping tiga, lap utawi kacu punika nglambangaken gesanging lelados. Adat saben ingkang mbekta lap punika inggih punika panunggalaning abdi. Rikala samadyaning pista utawi pahargyan, boten wonten sadhéngaha tiyang ingkang gadhah pêpénginan nyepeng lap punika. Kathah tiyang ingkang kepéngin nyepeng gelas anggur utawi tetedhan ingkang awis. Éwasemanten mundhut lap punika minangka pepijènipun piyambak. Lap utawi kacu punika lambanging gesang lelados saking tetiyang ingkang kagungan kalenggahan, ngladosi sok-sintena ingkang boten kakanthi drajad punapa-punapa. Inggih Gusti Allah Kang Mahaluhur, tumrap manungsa ingkang dosa.

Punapa kula lan penjengan ugi purun nyinau mundhut lap punika, samangké lan salajengipun, kanggé ngémot-émot bilih timbalan kita inggih punika minangka jejer palados kadosdéné Gusti Yésus? (*Ngaturana salah satunggaling ibu utawi bapak ingkang sampun yuswa, kasuwun majeng lan kaprayogèkaken lenggah ing ngajeng minangka péranganing paladosan khotbah. Ngwijikana samparananipun minangka pralambang wiwitaning tumindak samidéné ngladosi*)

Sesarengan kaliyan ngémuti katresnanipun Gusti lumantar roti lan anggur, sarira lan rahipun Gusti Yésus, sumangga kita télakakên katresnan lan patraping lembah manah kita tumrap sesami lumantar lap lan toya punika. Mugi Gusti mberkahi paladosan kita, ingkang kita tindakaken kanthi lembah manah. **LELADOS KANTHI GUMOLONGING MANAH**, dugèng dêlahan, kadosdéné Gusti Yésus piyambak. Gusti mberkahi. Amin.

[rjm – mgk]



KOTBAH

Jumuwah Adi

Jumuwah, 18 April 2025

Waosan 1: Yésaya 52:13-53:12
Tanggapan: Jabur 22
Waosan 2: Ibrani 10:16-25
Saodan Injil: Yokanan 18:1-19:42

Mandêng Salib



KOTBAH JANGKEP

“Mandêng Salib”

Lelagon saking Kidung Jemaat 169 (sami kaliyan Kidung Pasamuwan Jawi 279) kanthi irah-irahan **“Memandang Salib Rajaku”** kapêrtal déning Isaac Watts rikala taun 1707, saking irah-irahan sakawit *Crucifixion to the World by the Cross of Christ*. Cakepanipun tinulad saking pangandikanipun rasul Paulus ing serat Galati 6: 14, *“Déné aku ora pisan-pisan gelem gumunggung, kajaba ing bab salibé Gusti kita Yésus Kristus, sabab marga saka Panjenengané jagad wus disalib kanggo aku lan aku kanggo jagad.”* Lelagon punika ngèngetaken saben tiyang pitados murih ndadosaken salib (inggih pakaryanipun Sang Kristus ing pamenthangan) minangka underaning gesang saha kemantepanipun.

Pakaryaning pamenthangan punika minangka underan pawartosing Kitab Suci, saé ing Prajanjian Lami punapadéné Prajanjian Anyar, ingkang ugi saged tiningalan saking waosan-waosan dinten punika. Kitab Yésaya 52:13-53:12, Jabur 22, serat Ibrani 10:16-25, dan Injil Yokanan 18:1-19:2, paring paseksi magepokan bab pakaryaning pamênthangan.

Yésaya 52:13-53:12 ngêmot wangsit bab abdinipun Gusti ingkang nandhang kasangsaran. Ing sauruting gesangipun, abdi punika ngraosaken panandhang ingkang èstu, malah ngantos rumaos bilih piyambakipun *“kena ing ipat-ipat, kagebag tuwin katindhès déning Gusti Allah”* (Yés. 53:4). Ananging ingkang lèrès inggih punika bilih piyambakipun nanggél paukuman awit

kaluputan umatipun Gusti, “*marga saka pambalélaning umatingSun Panjenengané kena ing ipat-ipat*” (Yés. 53:8). Malah ing sisih sanèsipun, ngèmot karsanipun Gusti ingkang saklangkung éndah, “*Samangsa Panjenengané wus masrahaké sarirané minangka kurban panebusing dosa, bakal mirsani tedhak turuné, yuswané bakal panjang, sarta karsaning Yéhuwah bakal tumindak sarana astané*” (Yés. 53:10). Abdi punika lila ngraosaken panandhang ngarah satunggaling gegayuhan, kakanthi pangurbananipun pangajeng-ajeng sagèda ginayuh.

Jabur 22 nggambaraken lelampahan ing pamenthanan: wonten pangina saha pepoyokan, wonten grombolaning bangsa sanès utawi ngamanca, panyiksaning raga saha kasangsaraning batos ngantos rumaos tinilar déning Gusti Allah. Rahayunipun, ing samadyaning kasangsaran punika kapitadosan lan pangajeng-ajeng bab Gusti Allah boten naté kèndhat. Lan ing tèmbé Gusti Allah piyambak nélakakèn kuwaos lan kaadilanipun minangka wangsulan menggahing sadaya geguletaning gesang.

Serat Ibrani 10:16-25 maringi tégès pakaryaning pamènthangan minangka pambikak margi ingkang nyagédaken manungsa sowan dhumateng Gusti Allah. Rahipun Sang Kristus ingkang mancur ing kajeng salib minangka warih suci ingkang mbirat sakathahing dosa. Pakaryan pamènthangan nedahaken saben tiyang nglilakaken dhirinipun kasucèkaken saking dosa lan salajengipun sageda nglampahi gesang anyar. Gesang ingkang anyar saged kawujudaken kanthi “... *padha atag-ingatag ing katresnan lan ing panggawé utama*” (ayat 24) lan “*Kita aja ngédohi pakumpulan-pakumpulan pangibadah kita ...*” (ayat 25). Wêwengan kanggé séba ing ngarsanipun Gusti Allah punika bab ingkang awis, boten saged tinumbas kaliyan punapa kémawon, kasaénan, bandha, kepara nyawa pisan. Pramila mugi saged kaginakaken saprayoginipun.

Kadosdéné tetiganing panyerat Injil sanèsipun, Yokanan ugi martosaken bab pakaryaning pamènthangan ing seratanipun. Malah Yokanan jangkepi pawartos bab pamènthangan kaliyan lelampahan bab salah satunggaling prajurit ingkang njojoh lambungipun Gusti Yésus ngginakaken tumbak. Ingkang kadadosan wekdal semanten inggih punika “*sanalika metu gètihé lan banyune*” (Yok. 19:34). Katrangan punika minangka bukti bilih

Gusti Yésus èstu séda.

Secara mèdhis saged kajlènrèhakên mekaten: Panyiksan lan panyaliban ingkang dipun raosaken déning Gusti Yésus sadèrèngipun séda sampun ndadosaken – ingkang kawastanan – *syok hipovolemik*. *Syok hipovolemik* inggih punika kawontenan kiranging gunggungipun *plasma* (péranganing rahipun manungsa) ing *intravaskuler* (pangusunganing jasading barang-barang lumantar bumbungan kanggé ngusung) ingkang kasebabaken kécalan rah kathah sanget, tatu awrat ingkang ndadosaken *cairan* utawi barang cuwèr pindhah saking péranganipun raga ingkang sampun boten saged kaginakaken saha ndadosaken *déhidrasi* (kécalan *cairan* badan) ingkang sanget. *Syok hipovolemik* ndadosaken *cairan* ngumpul ing sacelakipun jantung (kasebat *éfusi pèrikardia*) lan ing sacelakipun paru-paru (*éfusi pléura*). Pramila nalika lambungipun Gusti Yésus kajojoh, ingkang ing ngriku papan ngempaling *cairan* ingkang taksih wonten ing badan, ndadosaken getih lan toya mancur sanalika, kados paseksinipun Injil Yokanan. Lelampahan punika mbuktèkaken bilih Gusti Yésus saèstu séda.

Gusti Yésus ingkang sampun èstu séda (boten semaput, punapa malih éthok-éthok) salajengipun kasarèkaken ing satunggaling papan pasaréyan anyar. Injil Matius (27:60), Lukas (23:53) lan Yokanan (19:41) nyerat ingkang sami bilih papan pasaréyan ingkang kaginakaken nyarèkaken Gusti Yésus inggih punika papan pasaréyan ingkang anyar, ing ngriku dèrèng naté kaginakaken nyarèkaken layon. Punapa wonten teges mirungan salebeting katrangan kasebat? Paling boten katrangan kasebat nélakaken: Sepisan, Yusuf Arimatéa saèstu nresnani Gusti Yésus lan misungsungkaken ingkang paling aji katur Gusti Yésus. Kaping kalih, papan pasaréyan ingkang dèrèng naté kaginakaken mratélakakên bilih papan punika kaanggep dèrèng najis déning kunarpa.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti,

Jumuwah Adi inggih punika pahargyan iman ingkang mbêrêg kita murih èngêt, mitadosi lan paring paseksi bab salib. Salib inggih punika lambanging kasangsaran lan sédanipun Sang Kristus. Salib nglambangaken katresnanipun Gusti Allah tumrap jagad. Lumantar lelampahaning pamênthangan, Gusti Allah mbirat sawèrning dosanipun manungsa.

Mandêng salib ateges ngênêraken manah, pikiran lan gesang kita tumuju Gusti ingkang pinenthang. Kanthi mandeng salib, kita tinimbalan supados: Sepisan, ngèngêti bilih kita sampun tinebus saking paukumaning dosa. Kaping kalih, ndadosaken salibipun Sang Kristus minangka nêring gesang kita. Ateges, kita kedah nyundhukaken gesang kita kaliyan pakaryaning pamenthangan (Karsanipun Gusti Allah). Minangka tiyang ingkang pitados lan nampi sihrahmating salib, kita kedah gumrêgêd anggènipun ngibadah lan nglampahi tumindak saé kagem kamulyaning Gusti Allah.

Mungkasi renungan punika, sumangga kita anyaraken malih kapitadosan lan timbalan kita. Salibipun Sang Kristus inggih punika margi ingkang sampun kapêsthèkakên déning Gusti Allah dados sarana milujengaken manungsa ingkang dosa. Pakaryaning pamenthangan inggih punika kayêktèn ingkang saged kabuktèkaken saha saged dipun ugemi. Salibipun Sang Kristus kedah dados nêring gesang kita, ingkang paring kakiyatan lan enering lampah anggèn kita nglampahi gesang. Amin.

[ery – mgk]



KOTBAH

Setu Sepen

Setu, 19 April 2025

Waosan 1: Kidung Pangadhuh 3:1-9

Tanggapan: Masmur 31:1-4, 15-16

Waosan 2: 1 Pétrus 4:1-8

Injil: Matius 27:57-66

Ngrengkuh Salibing Sang Kristus



KOTBAH JANGKEP

“Nanggapi Sungkawa: Panggah Makarya”

Umat ingkang kinasih,

punapa panjenengan naté mireng satunggaling téori/ngèlmu ingkang sinebat “*téori kecoak*” (ngèlmu coro)? Téori punika kapratélakaken déning satunggaling piyayi nama Sundar Pichai. Sinten ta Sundar Pichai punika? Piyayi kasebat naté nampi kalenggahan mulya minangka pimpinan ing *perusahaan* ageng *Google*. Makaten cariyosipun.

Ing sawijining *rèstoran*, dumadakan wonten coro mabur ingkang boten dipun mangretosi saking pundi asalipun lajeng ménclok ing badanipun satunggaling pawèstri. Pawèstri kasebat kaget sanget éngga nguuh kanthi winengku raos ajrih. Pasuryanipun dados pucet lan suwantenipun gumeter, piyambakipun mlumpat, asta kekalih mbudidaya nggusah coro ingkang ménclok kasebat. Tanggapan pawèstri kasebat nyebar nyembur kadya latu, njalari sadaya tiyang ing sacelakipun dados gugup (*panik*). Sasampunipun mbudidaya kanthi tumemen, pawèstri kasebat kasil anggènipun ngusir coro. Coronipun lajeng mabur ménclok ing pawèstri sanès ing sacelakipun ngriku. Kedadosan salajengipun pawèstri angka kalih ingkang dipun péncloki coro nglajengaken kawontenan sakawit. Kanthi nguuh sora piyambakipun ugi mbudidaya ngusir coro ingkang ménclok. Satunggaling juru lados (*pelayan*) gumrégah majeng lan mbudidaya damel tentrem tiyang-tiyang punika. Coronipun lajeng

méncllok ing rasukanipun juru lados. Juru lados ngadeg anteng lan ngemataken coronipun wonten ing pérangan pundi rasukanipun. Nalika juru lados sampun mangretosi mapanipun coro, énggal-énggal piyambakipun nyepeng coro punika lan nguncalaken medal saking rèstoran. Boten wonten kedadosan gugup lan panguwuh sora. Punapa sababipun kéwan coro njalari gugup kalih pawèstri nanging boten tumrapping juru lados? Juru lados nanggapi kawontenan kanthi anteng tanpa damel ribut gègèr.

Punika nama “*téori kecoak*” (ngèlmu coro)-nipun Sundar Pichai. Sajatosipun ingkang ndadosaken prakawis sanès coronipun, nanging anggènipun para pawèstri wau boten kuwagang nguwaosi kawontenan gugupipun ingkang tuwuh awit saking polahipun coro. Tanggapan kita nalika wonten prakawis ingkang ngganggu gesang kita punika ingkang prelu sanget kita kuwaosi. Kita kedah nanggapi kanthi anteng tentrem kawontenan ingkang boten ngremenaken satemah saged kasirep kanthi prayogi. Coro pralambang prakawis utawi kedadosan ingkang boten ngremenaken ing gesang kita. Asring wonten coro ingkang méncllok ing rasukan kita. Menawi tumindak kita njola mila tanggapan ingkang kalair saking dhiri kita padatan sipatipun ngumbar kanepson kados déné rasaning manah nepsu, ajrih, jijik, lan sapanunggalanipun. Tanggapan punika bok menawi kita wujudaken kanthi sikep lan tumindak ingkang malah damel gorèh, ngrisak, lan damel kapitunan tumrap dhiri kita pribadi utawi tiyang sanès. Ing “*téori kecoak*” (ngèlmu coro), tanggapan kita saèstu nemtokaken kasil utawi botenipun kita nanggapi manéka warni prakawis ingkang kita temahi.

Umat ingkang dipun tresnani Gusti,

kados pundi tanggapan kita nalika sungkawa dhuhkita mengku manah kita? Bok menawi wonten ingkang suka pitakèn ing pundi kababaring rawuhipun Gusti kanthi pratélan: Sabab punapa déné kula ingkang kedah nemahi prakawis punika, nampi saha nglampahi punika sadaya? Sabab punapa kedah kula, sanès piyambakipun? Sabab punapa kedah kawula sanès tiyang-tiyang punika? Ing pundi Gusti Allah, ing pundi panguwaosipun Gusti Allah, ing pundi papanipun mukjijatipun Gusti Allah, punapa sababipun Gusti kèndel kémawon, punapa Gusti sampun nilar kawula sadaya?

Umat ingkang dipun kasihi Gusti,

punapa satunggaling kedadosan dhuhkita lan panandhang badhé karampungan kanthi pitakènan-pitakènan kasebat? Punapa inggih namung suka pitakèn ingkang saged katindakaken déning umatipun Gusti lan mesthi kapungksan kanthi satunggaling guleting batosipun (*pergumulan*) manungsa magepokan prakawis sungkawa lan panandhang? Punapa boten wonten cara sanès ingkang saged katindakaken wujuding tanggapan dhuhkita sungkawa? Setu sepen utawi Setu Suci punika minangka dhuhkita sungkawa ingkang lebet sanget, ingkang ugi dados wekdal badhé gumantosipun saking pepejah nuju wungunipun Gusti Yésus, mulang dhateng kita tanggapan-tanggapan ingkang kawedal nalika panandhang ugi kasungkawan ngangseg gesangipun manungsa.

Injil Matius maringi paseksi saboten-botenipun wonten tigang tanggapan ingkang kawedal. **Inkang kapisan**, tanggapaning para pengagenging Imam lan tiyang-tiyang Farisi. Tiyang-tiyang punika golonganing manungsa ingkang nutup dhiri magepokan pakaryaning Gusti Allah. Tiyang-tiyang punika nampik pakaryaning Gusti Allah. Tiyang-tiyang punika dipun wutakaken déning kapentingan dhirinipun piyambak. Tiyang-tiyang punika tumindak sasekècanipun piyambak. Tiyang-tiyang punika mangretosi kathah prakawis nanging boten wicaksana. Tiyang-tiyang punika boten purun sinau saking kalepatan ingkang sampun kalampah, nanging nutupi kalepatan anyar kanthi nglepataken tiyang sanès. Tiyang-tiyang punika madosi péhak ingkang saged dipun lepataken utawi dipun dadosaken tumbal. Tiyang-tiyang punika tansah ngrancang lan nindakaken kadurakan-kadurakan. **Angka kalih**, tanggapanipun para pawèstri inggih punika Maryam Magdaléna lan Maryam sanèsipun. Pawèstri punika linggih ing sacelak pasaréyanipun Gusti Yésus. Para pawèstri sesambat ngesah (*meratap*), sami nangis. Wonten ing manah raosipun campur bawur awit Guru ingkang dipun tresnani nemahi séda. Bok menawi para pawèstri nemahi raos gela ingkang lebet kepara kécalan dayaning gesang. Para pawèstri punika golongan ingkang boten gadhah daya kuwaos, awit anggènipun kesangeten ngraosaken ing kasungkawan saha dipun kuwaosi lan kawutakaken déning raos pangraosipun piyambak. Raos pangraos ingkang njalari para

pawèstri kécalan pangajeng-ajeng lan nyandhet para pawèstri anggènipun wantun nemahi kasunyataning gesang ingkang boten ngremenaken. **Angka tiga**, tanggapanipun Yusuf tiyang Arimatéa. Sungkawa lan pepejah ingkang ginelar ing ngajegipun, boten dados pepalang anggènipun panggah nglampahi gesang. Piyambakipun boten nebih saking Gusti, béda kaliyan para siswa sanèsipun. Piyambakipun boten nilar Gusti. Bok menawi piyambakipun ugi winengku raos sungkawa, gela, lan rudatin; nanging piyambakipun boten purun kalajeng-lajeng winengku ing raos pangraos makaten punika. Piyambakipun boten kèndel, boten mlajar saking kanyatan, nanging piyambakipun mancasi nemtokaken sikep. Piyambakipun wantun nratas manéka warni kawontenan, kalebet wantun sowan Pilatus saha nyuwun layonipun Gusti Yésus. Piyambakipun boten namung wantun kendel, nanging ugi miji sikep panggah ngladosi lan anggènipun lelados boten sasekécanipun piyambak; nanging piyambakipun nindakaken paladosan ingkang prayogi linangkung. Piyambakipun misungsungaken ules (*kain linen*) pethak resik sanget. Piyambakipun ugi damel pasaréyan ingkang anyar. Paladosan ingkang prayogi linangkung panggah dipun tindakaken konjuk Gusti ing satengahing kawontenan dhuhkita lan sungkawa ingkang dipun raosaken piyambak.

Umat ingkang dipun tresnani Gusti,

Kados pundi sikep kita? Setu sepen utawi Setu Suci punika mulang kita prakawis ingkang wigati sanget ing kanyatan panandhang lan sungkawa ingkang ngangseg gesang kita. Panandhang lan sungkawa punika prakawis ingkang mesthi badhé kita temahi, boten saged kita sélaki, boten saged kita tampik. Tumraping panyerat Kidung Pangadhuh punapa déné juru masmur ing Jabur Masmur 31, panandhang lan kasangsaran punika boten ndadosaken pupusing pangajeng-ajengipun; kepara manggèn ing sanginggiling gulet batosipun (*pergumulannya*). Awit prakawis kasebat ingkang prayogi linangkung, kita boten prelu nyereg utawi meksa babaring pratélan utawi wangsulan saking Gusti Allah gayut pitakènan “mèndelipun Gusti” lan manéka warni pitakènan sanèsipun ing sakupenging sungkawa dhuhkita. Setu sepen utawi Setu Suci nedahi kita kados pundi anggèn kita kedah nanggapi saha nemtokaken sikep. Punapa kula lan panjenengan kados golongan

kapisan, kados déné para Imam lan tiyang Farisi kepara nampik Gusti Allah, lajeng pados tumbal, saha boten purun sinau saking kalepatanipun murih gesang langkung wicaksana ing satengahing kawontenan nemahi panandhang saha kasungkawan? Punapa kita kados déné Maryam Magdaléna lan Maryam sanèsipun ingkang ndlarung ing raos sungkawa, gela, nepsu, lan éwon raosing manah satemah damel pepalang piyambak tumrap pangajeng-ajenipun lan kakendelan anggènipun nemahi kawontenan sarwa boten gumathok? Utawi kula lan panjenengan kadya Yusuf tiyang Arimatéa ingkang panggah celak lan panggah setya tuhu ndhèrèk Gusti, nglampahi gesang kanthi kakendelan kanthi wantun nuwuhaken pangajeng-ajeng sinaosa winengku ing panandhang sarta kasungkawan; tundhonipun tetep miji sikep panggah remen mbagé lan lelados kanthi prayogi linangkung? Menawi dhuhkita lan panandhang nembé ngangseg kita, punapa kita ugi panggah ndarbèni pangajeng-ajeng? Mangga panjenengan panggah nuwuhaken sikep kendel nemahi lan nratas dinten ingkang badhé kita langkungi. Awit ing dinten ingkang badhé kalampahan, Sang Kristus jumeneng Ingkang Mimpang (*Sang Victor*) – inggih mimpang kanthi wungunipun Panjenenganipun. Amin.

[fj-ucsl]



KOTBAH
Minggu Paskah
Minggu, 20 April 2025

Waosan 1: Yésaya 65:17-25
Tanggapan: Masmur 118:1-2, 14-24
Waosan 2: Lelakoné Para Rasul
10:34-43
Injil: Lukas 24:1-12

**Ngèneti, Pitados,
lan Dados
Seksinipun Gusti**
❧❧❧

KOTBAH JANGKEP

“Ngèneti, Pitados, lan Dados Seksinipun Gusti”

Para sadhèrèk, anak-anak ingkang dipun tresnani Gusti, sugeng (wilujeng) Paskah!

Murwakani kotbah ing pangibadah Minggu Paskah punika, keparenga kula ngajengaken pitakènan kagem panjenengan sadaya. Pundi ingkang langkung gampil dipun ènet-ènet: Pangalaman ingkang awon utawi pangalaman ingkang ngremenaken? Rikala tanggal 5 Mei taun 2022, ing Kompas.Com wonten seratan kanthi irah-irahan “*Mengapa pengalaman buruk lebih mudah terngiang di ingatan?*” (Punapa sababipun pangalaman awon langkung gampil dipun ènet-ènet?). Juru panalitèn ing *Fakultas Sains dan Teknik, Universitas Tulane Amerika Serikat* lan *Fakultas Kedokteran Universitas Tufts, Amerika Serikat* mratélakaken bilih pangalaman ingkang nggorèhi manah (*traumatis*) mangaribawani sistem pusat otak ingkang ngendhalèni kawontenaning jiwa (*emosional*). Cekakipun, pangaribawa awit kawontenan punika mangun pangènet-ènet ingkang nggegirisi. Tundhonipun satunggaling tiyang badhé kangèlan nyupèkaken pangalaman ingkang nggorèhi manah (*traumatis*), ndhatengaken kaprihatosan, pangalaman dhuhkita, lan pangalaman sanèsipun ingkang kagolong nggorèhi manah.

Kedadosan Gusti Yésus sinalib mujudaken kedadosan

ingkang nuwuhaken pangalaman nggorèhi manah wonten ing dhirinipun para siswanipun Gusti. Gusti Yésus séda lan kasarèkaken dados pralambang telukipun Gusti Yésus. Kedadosan punika damel bibrah sadaya pangajeng-ajeng ingkang kaeneraken dhumateng Gusti Yésus. Awit saking punika ing dinten Minggu, dinten sasampunipun Sabat, para pawèstri ingkang sowan ing pasaréyanipun Gusti Yésus badhé njebadi Panjenenganipun kanthi anggi-anggi, manahipun taksih winengku ing pangalaman ingkang nggorèhi manah (*traumatis*). Punapa buktinipun? Bukti bilih para pawèstri taksih nyimpen pangalaman nggorèhi manah inggih punika nalika séla ageng ingkang nutup korining pasaréyanipun Gusti Yésus sampun ngglundhung, para pawèstri boten nyawang prakawis kasebat minangka kedadosan ingkang ngéramaken. Ing Injil Lukas kapratélakaken bilih para pawèstri mlebet ing pasaréyan tanpa nggatosaken sinten ingkang badhé nyingkiraken séla ageng kasebat.

Pangalaman nggorèhi manah ingkang nandhes ing batos ndarbèni daya tangsul ingkang kiyat maring pangangenipun (*ingatan*). Pangangen dados carub worsuh (*kacau*) awit saking kedadosan nggorèhi manah ingkang dipun temahi. Para siswa lan para pawèstri ingkang sowan ing pasaréyanipun Gusti Yésus sami déné kesupèn maring prasyanipun Gusti piyambak. Nalika taksih wonten ing Galiléa, Gusti Yésus naté ngandika bilih Panjenenganipun badhé nglampahi sangsara lan séda ing Yérusalèm. Nanging Panjenenganipun badhé wungu ing dinten kaping tiga. Dinten kaping tiga inggih punika Minggu, satunggal dinten sabibaripun dinten Sabat miturut padatanipun tiyang Yahudi. Sarèhning para pawèstri boten kèmutan prasyanipun Gusti Yésus, mila sami kuwur sanget ing pasaréyan jalaran boten manggihaken layonipun Gusti Yésus. Nalika para pawèstri taksih ngraos-raosaken ingkang dipun jinggleng piyambak, para pawèstri dipun élikaken déning priyagung awujud tiyang cacah kalih agemanipun pethak memplak, “Yagéné, déné kowé padha nggolèki Kang Gesang ana ing antarané wong mati? Panjenengané wis wungu” (Lukas 24:5-6). Punika warta utamaning Paskah. Pasaréyan ingkang kothong, sanès jalaran layonipun Gusti Yésus dipun pandung tiyang utawi dipun pindhah ing papan sanèsipun; nanging awit Panjenenganipun sampun wungu. Jalaran

Panjenenganipun wungu, Panjenenganipun boten wonten ing pasaréyan malih, boten sumaré ing antawisipun tiyang pejah. Menawi Panjenenganipun boten wonten ing pasaréyan, punika ateges Panjenenganipun sampun wungu. Pamelèh déning priyagung cacah kalih ingkang agemanipun mancorong punika ugi dados warta adi wungunipun Gusti Yésus. Pasaréyan ingkang sampun kothong ngemu makna ingkang wigati sanget ngantos kagatosaken èstu déning panyerat Injil Lukas murih martosaken wungunipun Gusti Yésus, ingkang ugi dados wunguning Sariranipun. Prakawis kasebat ingkang dados tetales kapitadosanipun para siswa gayut wungunipun Gusti Yésus ingkang salajengipun kawartosaken déning para siswa dhateng tiyang sanès. Ing wusananipun, kita mangretosi bilih pratélanipun para pawèstri punika leres. Gusti Yésus saèstu sampun wungu. Gusti Yésus piyambak ingkang salajengipun rawuh ngatingalaken Dhirinipun dhumateng para siswa. Rawuh ngatingalipun Gusti Yésus neguhaken bilih paseksinipun para pawèstri punika leres.

Pasaréyan ingkang sampun kothong mujudaken satunggaling kasunyatan bilih Gusti Yésus sampun wungu. Para pawèstri punika lajeng ngènget-ènget ingkang kapangandikakaken déning Gusti Yésus nalika taksih sesarengan ing Galiléa. Para pawèstri mawas kanthi kapitadosanipun. Anggènipun mangun kapitadosan njalari para pawèstri ngènget-ènget prasetyanipun Gusti Yésus lan salajengipun martosaken bab wungunipun Gusti Yésus. Pétrus lan para siswa sanèsipun dèrèng nggadhahi pamawas kados déné para pawèstri kasebat. Satunggaling juru tafsir nama Harianto nyebataken para siswa mawas ingkang kawawas déning manungsa. Para siswa mawas bab juru wilujeng saking sisih pamawasipun manungsa Yahudi. Miturut pamawas manungsa Yahudi, Sang Mesih boten badhé nandhang sangsara punapa malih nemahi séda. Kanthi cara mawas ingkang makaten punika, tangèh déné Gusti Yésus punika Sang Mesih jalaran nyatanipun kasédanan. Pétrus lan para siswa sanèsipun kesupèn déné karsaning Gusti Allah langkung kuwaos katimbang pikajengipun manungsa. Wonten ing Sang Kristus, Sang Mesih nemahi panandhang kepara séda ing kajeng salib. Nanging, Panjenenganipun wungu ing dinten ingkang kaping tiga. Sinaosa makaten, Pétrus nanggapi pratélanipun para pawèstri kasebat,

piyambakipun énggal tangi lan mlajar nuju dhateng pasaréyanipun Gusti Yésus. Nalika piyambakipun nginguk nglebet pasaréyan ingkang sampun kothong, piyambakipun namung suka pitakèn ing manahipun punapa ingkang sampun kelampahan. Pétrus dados wakiling para siswa ingkang saben dinten watawis tigang taun sesarengan kaliyan Gusti Yésus, kepara boten lajeng saged mangretos ingkang nembé kalampahan nalika manggihaken pasaréyanipun Gusti Yésus sampun kothong. Piyambakipun boten énggal kèmutan prasetyanipun Gusti Yésus gayut séda lan wungunipun ing dinten kaping tiga.

Para sadhèrèk, anak-anak ingkang dipun tresnani Gusti,

Punapa Pétrus lajeng winengku ing pangalaman nggorèhaken manah satemah boten énggal kèmutan prasetyanipun Gusti Yésus? Pangangen-angenipun Pétrus kapulihaken. Wonten manéka warni kedadosan ingkang dipun tingali lan dipun temahi déning Pétrus satemah piyambakipun pitados bilih Gusti Yésus sampun wungu saking antawisipun tiyang pejah. Pramila kitab Lelakoné Para Rasul 10:34-43 nyariosaken paseksining Pétrus ing ngajengipun tiyang kathah magepokan Sang Kristus ingkang sampun wungu punika wujuding Gusti Allah ingkang nresnani sadaya manungsa. Kanthi kekendelanipun Pétrus martosaken bab pakaryanipun Gusti Yésus dhateng Kornélius lan brayatipun. Kornélius sabrayat pancèn sanès tiyang saking suku bangsa Yahudi, nanging punika boten ngalang-alangi Pétrus anggènipun neksèkaken sadaya pakaryanipun Gusti Yésus Kristus. Kepara tanpa mangu-mangu, Pétrus neksèkaken kados pundi anggènipun Gusti Yésus ing dinten kaping tiga saking sédanipun sampun kawungokaken déning Gusti Allah. Gusti ingkang wungu punika ingkang maringi bubuhan tumrap para siswa supados nggelaraken Warta Injil dhateng sadaya bangsa. Para siswa dados seksi bilih Panjenenganipun ingkang wungu punika, awit saking karsaning Gusti Allah badhé jumeneng Hakim tumrap sadaya manungsa, lan sok sintena ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun badhé kaganjar pangapuntening dosa wonten ing Asmanipun.

Wekdal samangké, kita ingkang pitados bab wungunipun Gusti Yésus tinimbalan neksèni Panjenenganipun. Paskah ngulemi kita supados ngèngeti prasetyanipun Gusti Allah, Panjenenganipun

punika Sang Mesih ingkang sajati. Panjenenganipun nresnani sadaya manungsa. Lumantar wungunipun, Panjenenganipun ngéwahi saben dhuhkita dados kabingahan. Panjenenganipun ngéwahi manah ingkang kécalan pangajeng-ajeng dados manah ingkang kebak ing pangajeng-ajeng. Saben pribadi ingkang ngraosaken wungunipun lan pitados dhateng Panjenenganipun, sampun ngantos wigah-wigih lan ajrih nggelar paseksi. Kanthi sukabingah sumangga kita tindakaken sesarengan. Sugeng (wilujeng) Paskah, sugeng neksèkaken Panjenenganipun ingkang wungu. Haléluya!

[wsn-ucsl]



KHOTBAH
Minggu Paskah Sonten
Minggu, 20 April 2025

Waosan 1: Yésaya 25:6 – 9
Tanggapan: Jabur Masmur 114
Waosan 2: 1 Korintus 5:6b – 8
Injil: Lukas 24:13 – 49

Mblebed
Kasungkawan
Ngenam
Pangajeng-ajeng
☸☸

KOTBAH JANGKEP

“Mblebed Kasungkawan Ngenam Pangajeng-ajeng”

Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Sang Kristus, Sugeng Paskah. Paskah ing wanci sonten pancèn mboten regeng kadosdéné Paskah ing wanci énjing, nalikanipun umat ngraosaken wungunipun Sang Kristus ing wanci énjing umun-umun ing dinten wiwitan ing minggu kala samanten. Nanging wungunipun Sang Kristus mboten mandheg lan winatesan ing pasaréan ingkang kosong, nanging kalajengaken sarana Gusti Yésus ngatingal ing sangajenging kathah tiyang ingkang saprelu ngrampungaken utawi njangkepi punapa ingkang taksih kanton ing kajeng salib lan sédanipun Sang Kristus. Kalebet dhateng para sakabat kalih inggih pun Kléopas lan kancanipun ingkang mlampah tumuju dhateng Émaus.

Waosan mboten nyukani katrangan kénging punapa tiyang kekalih wau tumuju dhateng Émaus, kamangka sampun sami mireng pawarta bab wungunipun Gusti Yésus (ay.22-24). Inkang cetha, salebeting mlampah tiyang kekalih wau sami rerembagan, tuwin nginten-nginten punapa ingkang badhé kalampahan ing Yérusalèm. Anèhipun, saking anggènipun rerembagan wau déné sami mboten mangretos menawi Gusti Yésus ingkang nyelaki lan nyarengi lampahipun. Saking pandanganipun Gusti Yésus, lajeng atur wangsulanipun Kléopas, kita sumerep bilih tiyang-tiyang punika nggadhahi pangajeng-ajeng ingkang inggil ing bab Sang Kristus. Mbok menawi pangajeng-ajeng punika dipun warisaken

déning para leluhuripun, utawi sampun wongsal-wangsul dipun budidaya lan kawujudaken, nanging ajeg gagal. Kalampahaning penyaliban lan sédanipun Sang Kristus ketingalipun njurung tiyang-tiyang punika dhateng panggènan paling andhap, kadospundi nglajengaken pangajeng-ajengipun, utawi punapa piyambakipun kedah nilaraken pangajeng-ajeng wau?

Pasamuwan ingkang kinasih, wonten ing gesang punika asring kita ngalami pangajeng-ajeng ingkang gagal karanggèh; brayat ingkang mboten nengsemaken, pangudi ing bab rejeki mboten kasil, gegayuhan ingkang mboten saged kasembadan, kaluron nalika ngandheg, kapundhutipun tiyang ingkang sanget dipun tresnani lsp. Rumiya kita ngajeng-ajeng padamelan, brayat, paladosan sami rancag lan kasil kanthi mbingahaken, ananging gesang punika mengku karingkahan lan saged sanalika njurung kita mlebet lan ngalami kasedhihan. Pangandikanipun Gusti sonten punika nandhesaken Sang Kristus ingkang rawuh lan tindak anyarengi para tiyang ingkang nandhang sungkawa, awit saking punika sampun makaten kémawon nampik raosing manah ingkang remuk, gagal, lungkrah, tuwin raos gela. Raos pangraos ingkang makaten punika ingkang jujur lan dipun gatosaken déning Sang Kristus.

Menawi mbetahaken kanca ingkang nyawisaken talingan kanggé mirengaken, pundhak kanggé sèndhèn, tangan ingkang ngrangkul, wekdal ingkang andhatengi kasungkawan kita, upadia bab punika wonten ing satengahing patunggilan. Panjenengan mboten piyambakan, lan mboten kedah nglampahi piyambak. Mlampaha sesarengan kaliyan Gusti, wonten ing satengahing brayat, kanca nunggal kapitadosan, kanca nunggal paladosan, pinisepuh, utawi pandhita, temahan kasungkawan wau tuntas. Lan temtu lan kedah tuntas. Kénging punapa saged makaten?

Lelampahan dhateng Émaus mboten kapungkasan salebeting kasungkawan, jalaran nalika sakabat kekalih dumugi ing papan ingkang katuju lan ndungkap surya sampun serap, sakabat kekalih wau ngaturi pinarak tiyang manca wau supados lereb. Pirsanana, bilih sang tamu punika malah ingkang mimpin bujana lan mbikak mripatipun tiyang-tiyang wau ing bab Sang Kristus ingkang wungu! Salebeting raos rawuhipun Sang Kristus nalika sesarengan ing margi, sakabat kekalih wau ngraosaken manah

ingkang ngangah-angah, nalika Sang Kristus nerangaken bab Sang Mesih ing Kitab Suci. Ing ngriki kita sinau saking waosan sepisan, ing pamecanipun Yésaya 25:6-9. Mbok menawi kita kaéraman bilih Gusti Allah badhé nyawisaken bujana ingkang ageng kanggé bangsa-bangsa, mboten namun umat Israèl kémawon. Nanging pirsanana ay. 7-8. Tembung “nyuwèk-nyuwèk” menggahing Gusti Allah badhé ‘nyuwèk bagor’ ing basa asli tegesipun nguntal. Bab punika ngèngetaken para maos Yésaya dhateng kapitadosanipun tiyang-tiyang ing Kanaan lan sakiwa-tengenipun, ing bab peperangan déwa Mot (pepejah) ingkang ngancam nguntal déwa Baal (kesuburan lan jawah). Peperangan punika dipun wangsuli pendhak taun nalika gantosing mangsa jawah lan katiga. Nanging mboten makaten menggahing Gusti Allah. Panjenenganipun badhé memangsa pepejah, lan Panjenenganipun nindakaken sepisan kanggé salaminipun. Prakawis punika katetepan wonten ing séda lan wungunipun Sang Kristus, kados ingkang kaandharaken déning Rasul Paulus, “Pati wus kalebur ing kaunggulan!” (1 Kor 15:54).

Kita inggih saged sinau saking Jabur 114, ingkang kadhasaraken ing lelampahan uwalipun umat Israèl saking Mesir. Menawi wonten ing Masmur kasebataken seganten, lèpèn lan gunung-tengger ingkang dipun langkungi déning bangsa Israèl, ingkang tegesipun sami dados pepalang tumrap umatipun Gusti tumuju dhateng tanah prasetyan. Jurumasmur memulang, bilih panguwaosing pepalang wau dipun tanggulangi déning Gusti, lan sami mboten wonten dayanipun ing ngarsanipun Gusti.

Saking pérangan kalih waosan kasebat, kita kateguhaken bilih kita prelu ngakeni lan ngrangkul raos-pangraos sungkawa tumrap sakathahing lelampahan ing gesang, nanging ing sisih sanès kita gadhah pangajeng-ajeng wonten ing Sang Kristus ingkang wungu. Panguwaos wungunipun nanggulangi lan ngawonaken mengsah paling ageng ing gesangipun manungsa, inggih punika pepejah lan manéka pepalang kanggé tumuju dhateng pangajeng-ajeng ingkang kacawisaken déning Gusti Allah.

Pasamuwan ingkang kinasih, kita inggih prelu anggatosaken dhateng andharanipun Rasul Paulus wonten ing serat 1 Korinta 5: 6b-8. Wonten ing seratipun, Paulus ngèngetaken pasamuwan ingkang ngrojongi dhateng tumindak jember, ingkang dipun tindakaken ing salebeting gesangipun pasamuwan lan

ngèndelaken prakawis punika. Paulus ngginakaken pasemon ragi ingkang rumasuk ing jladrèn ingkang lawas, ginentosan jladrèn ingkang anyar. Lumantar serat Korinta kita dipun wulang supados wicaksana salebeting ngreksa raos sungkawa. Nalika mblebed sungkawa, prelu katuntasaken, satemah kasungkawan mboten dados momotan, utawi pepalang salebeting nglampahi gesang salajengipun. Linangkung saking punika menawi kasungkawan asalipun saking dosa/kalepatan karana sikep mendhet putusan/nglanggar paugeran/mboten setya dhumateng Gusti Allah, pramila kita prelu sumadya lan kèndel nilaraken sumbering kasungkawan.

Sonten punika ing satengahing kabingahan awit wungunipun Sang Kristus, kita sinau nyawang gesang ingkang ringkih lan winates, wonten ing padhanging pangandikanipun Gusti. Pangraos ing sonten punika badhé kapungkasan sarana lelagon *pop kontemporer* saking grup Linkin Park ingkang kabiwarakaken ing taun 2017, ingkang karipta adhedhasar pengalamaning kasungkawan tumrap kapundhutipun kancanipun ing *industri musik* karana ketaman sesakit kanker:

*(PS saged nembangaken, utawi muter video klipipun, utawi ngetingalaken cakepan-lirik lagu ing layar utawi wonten ing kertas. Lagu punika saged dipun pethik saking:
<https://www.youtube.com/watch?v=nKOPS6XtEZw>)*

“One More Light”

Should've stayed, were there signs, I ignored?
(Harusnya aku tinggal, ada tanda-tanda aku abaikan)
Can I help you, not to hurt, anymore?
(Dapatkah aku menolongmu untuk tidak terluka lagi?)
We saw brilliance, when the world, was asleep
(Kami melihat terang, saat dunia tertidur)
There are things that we can have, but can't keep
(Ada hal-hal yang bisa kita miliki, tetapi tidak kita jaga)
If they say
(Jika mereka berkata)

Who cares if one more light goes out?
(*Siapa peduli jika satu cahaya lagi padam?*)
In the sky of a million stars
(*Di tengah langit dengan jutaan bintang*)
It flickers, flickers
(*Yang berkelap-kelip*)
Who cares when someone's time runs out?
(*Siapa peduli jika seseorang akan meninggal?*)
If a moment is all we are
(*Jika kita hanyalah sementara*)
We're quicker, quicker
(*Kita bergegas-gegas*)
Who cares if one more light goes out?
(*Siapa peduli jika satu cahaya lagi padam?*)
Well I do
(*Aku peduli*)

Sang Kristus sanget anggènipun nggatosaken kita, luh lan kasungkawan kita. Sowana ing ngarsanipun, pasrahna kasungkawan panjenengan dhumateng Gusti, lan ngaturi Gusti ngrangkul panjenengan lan tindak sesarengan dumugi karampunganipun. Lan sasampunipun punika, wangsul ngenam pangajeng-ajeng panjenengan, wonten ing Sang Kristus, sarana panguwaosing wungunipun Sang Kristus, sesarengan Sang Kristus. Amin.

[ap-tk]



KOTBAH

Minggu Paskah kaping 2

Minggu, 27 April 2025

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul
 5:27-32,
Tanggapan: Jabur Masmur 118:14-29,
Waosan 2: Wahyu 1:4-8,
Injil: Yohanes 20:19-31

**Tut Wuri Tomas:
Mangu-mangu
Ginantosan
Neksèni**
ꦠꦸꦠꦸꦫꦶꦠꦺꦴꦩꦤꦸꦩꦤꦸꦁꦒꦶꦤꦠꦺꦴꦱꦤꦺꦤꦶ

KOTBAH JANGKEP

**“Tut Wuri Tomas:
Mangu-mangu Ginantosan Neksèni”**

Para sadhèrèk ingkang kinasih, saben tiyang nggadhahi mangsa wonten ing gesangipun ing pundi tetiyang wau mangu-mangu tumrap satunggaling prakawis. Wonten kala mangsanipun kita mangu-mangu, rumaos mboten pitados, utawi angèl anggènipun pitados. Nalika kita nglemprek tanpa daya, sakit dangu, utawi nalika tiyang ingkang kita tresnani nilaraken kita. Mboten mokal kita badhé ngraosaken lungkrah lan mboten pitados, mangu-mangu, malah jumedhul pitakènan: apa isih ana mangsa ngarep kang éndah tumrapku?

Wonten ing gesanging kapitadosan kita, prakawis punika inggih saged kalampahan. Salah satunggaling tiyang ing Kitab Suci ingkang nedahaken lelampahan saking mangu-mangu dados keyakinan inggih punika Tomas, salah satunggaling sakabatipun Gusti Yésus.

Jejer dinten punika inggih punika “Tut Wuri Tomas: Mangu-mangu Ginantosan Neksèni.” Wonten ing waosan Yokanan 20: 19-31, kita saged sumerep kadospundi Tomas, ingkang wiwitanipun mangu-mangu dhumateng wungunipun Gusti Yésus lajeng ginantosan dados seksi ingkang kukuh sasampunipun pepanggihan kaliyan Gusti Yésus ingkang wungu. Lumantar cariyos Tomas punika, kita saged sinau bilih mangu-mangu sanès pungkasaning kapitadosan, ananging dados kori tumuju dhateng paseksi ingkang langkung kiyat.

1. Tomas: Saking mangu-mangu tumuju Pangakening Pitados Ing Yokanan 20:24-29, Tomas minangka tuladha kamanungsan salugunipun. Sasampunipun mireng bilih Gusti Yésus wungu, Tomas mboten tumunten pitados. Piyambakipun pratéla, “Manawa aku durung ndeleng tabeté paku ana ing astané lan sadurungé aku ndulek tilas paku iku nganggo drijiku tuwin lambungé daklodok nganggo tanganku, aku ora bakal ngandel pisan-pisan.” (Yokanan 20:25).

Mangu-mangunipun Tomas saged kita tampèni. Piyambakipun nembé kemawon sumerep Gusti Yésus ingkang séda sinalib, lan kadosdéné manungsa limrahipun, Tomas ngraosaken bab ingkang mokal bilih Gusti Yésus saged wungu saking pepejah. Nanging, wolung dinten sasampunipun, Gusti Yésus ngrawuhi para sakabat lan nimbali Tomas kadhawuhan nyetitèkaken lan nggrayang tabet tatunipun. Kanthi nyumerepaken tabetipun, Gusti Yésus badhé nedahaken dhateng Tomas bilih Panjenenganipun ingkang sinalib yekti wungu ing salugunipun. Lelampahan punika damel éwah-éwahan Tomas saking satunggaling manungsa ingkang mangu-mangu dados seksi ingkang kendel lan ngakeni kanthi atur ingkang kebak ing kapitadosan, “Dhuh Gusti kawula, Allah kawula!” (Yokanan 20:28).

Cariyos ing bab Tomas mulang dhateng kita bilih Gusti nampèni raos mangu-mangu kita, nanging Panjenenganipun mboten ngèndelaken kita kacancang ing salebetipun. Gusti nimbali kita, kadosdéné Tomas, supados nyelak lan ngalami rawuhi-Pun, ingkang tundhonipun badhé ndandosi kapitadosan lan kita kadadosaken para seksini-Pun.

2. Kawasa Patangèn ingkang Ngéwahi
Pengalamanipun Tomas menggahing wungunipun Sang Kristus mboten namung ngéwahi gesangipun, Gusti Yésus ingkang wungu dados dhedhasar pangutusan kanggé para sakabat supados dados seksini-Pun. Wonten ing waosan Lelakoné Para Rasul 5:27-32, kita maos kadospundi para rasul, kalebet Tomas, kanthi kendel aneksèni ing ngajengipun para

pemimpin Yahudi bilih Gusti Yésus ingkang sampun kasalibaken, sapunika wungu lan lenggah ing sisih tengenipun Allah. Para rasul wau ngundhangaken, “Wondéné kula ingkang sami dados seksinipun prakawis punika sadaya, kula sadaya saha Sang Roh Suci, ingkang sampun kaparingaken déning Gusti Allah dhateng sadaya tiyang ingkang mbangun miturut dhumateng ing Panjenenganipun.” (Lelakoné Para Rasul 5:32).

Para sakabat ingkang rumiyin sami mlajar karana ajrih sasampunipun Gusti Yésus kasalib, sapunika dados seksi ingkang kendel sasampunipun nampèni panguwaos wungunipun Gusti Yésus lan nampèni Roh Suci. Panguwaos wungunipun punika ngéwahi para sakabat ingkang ajrih dhateng ing pawarta Injil ingkang kendel, malahan kedah aben-ajeng dhateng pangancam lan panganiaya.

3. Kapitadosan ingkang Njurung Paseksi ing Tengahing Jagad
Wonten ing Wahyu 1:4-8, kita sumerep Gusti Yésus ingkang wungu minangka “Seksi kang setya, kang dhisik dhéwé wungu saka antarané wong mati.” Gusti Yésus piyambak punika seksi saking katresnan lan panguwaosipun Allah ingkang makarya ing salebeting wungunipun. Kita katimbalan nindakaken tetuladhani-Pun, martosaken paseksi bilih Panjenenganipun punika Alfa lan Omega, Gusti tumrap sadaya titah, lan Ratu ingkang badhé rawuh malih.

Minangka tiyang pitados, kita, kadosdéné Tomas lan para rasul, katimbalan neksèni wungunipun Gusti ing tengahing jagad. Sanadyan mbokmenawi kita, kadosdéné Tomas, naté wonten ing raos mangu-mangu, kapitadosan kita mboten kepareng mandheg wonten ing ngriku. Kosokwangsulipun, kita katimbalan supados wungu saking mangu-mangu lan kendel neksèni bilih Gusti Yésus punika Gusti ingkang gesang, ingkang tansah makarya ing jagad punika.

Jabur 118:14-29 inggih ngèngetaken kita bilih Gusti punika kakiyatan lan masmur pamuji kita. Jurumasmur nimbali kita

supados ngakeni sih-susetyanipun Gusti ingkang langgeng, lan ngundhangaken, “Iki dina kang katitahaké déning Pangéran Yéhuwah, ayo padha bungah-bungah lan sukarena!” (Jabur 118:24).

Kita saged sukarena karana wungunipun Gusti Yésus ndhatengaken bedhamèn, pangajeng-ajeng, lan kawilujengan. Kadosdéné Tomas ingkang ngandharaken paseksinipun sasampunipun pepanggihan kaliyan Gusti Yésus, kita inggih katimbangan ngetut wingking-saking mangu-mangu dados seksi ingkang ndhatengaken pawartos kabingahan tumrap jagad.

4. Tabet paku ing asta lan lambung minangka tandha katresnan. Gusti Yésus nyumerepaken tatu-tatunipun. Tatu-tatu punika nedahaken kasunyatan wunguni-Pun. Kanthi nyumerepaken tatuni-Pun, Gusti Yésus nedahaken ugi bilih Panjenenganipun sayekti Gusti ingkang wungu saking séda. Panjenenganipun sayekti sampun nglangkungi pepejah, nalika Gusti Yésus rawuh lan ngendika dhateng Tomas, Tomas mboten mbuktèkaken kanthi tanganipun nyepeng tabet tatunipun Gusti. Nanging rawuhipun Gusti Yésus ingkang tatu ngéwahi panampinipun. Wiwitan mboten pitados. Nanging pepanggihan kaliyan Gusti ingkang tatu malah ndadosaken Tomas pitados. Tanpa nyepeng tatunipun Gusti Yésus, Tomas ngucapaken pangakening kapitadosanipun kanthi pangucap, “Dhuh Gusti kawula, Allah kawula.” Manut wawasan *teologi disabilitas*, pangakenipun Paulus mboten namung ngakeni sipat ke-Allah-anipun Gusti Yésus. Nanging, salebeting sipat keallahanipun wonten sarira kamanungsan ingkang wonten ing Gusti Yésus ingkang dipun tampèni Tomas minangka Gusti lan Allahipun. Sariranipun Gusti Yésus ing tatu dados pawartos bilih pangapunten lan sesambetanipun manungsa kaliyan Allah kawangsulaken lan tetep tinarbuka.

Cariyos punika mulang dhateng kita, bilih mboten prelu lingsem nedahaken kawontenaning dhiri kita salugunipun. Satunggaling tiyang èstri mboten prelu lingsem nggadahi éwah-éwahan ing kulit sasampunipun nglairaken, awit punika tandha katresnan minangka satunggaling ibu kanggé mbabar

wohing katresnanipun ing jagad punika, malah badan ingkang mboten langsing inggih mboten prelu andadosaken tiyang èstri alit manahipun. Ing sisih sanès kita inggih mboten njeksani kawontenaning tiyang sanès.

Lumantar sariranipun Gusti Yésus sasampunipun wungunipun punika, kita sinau bilih kawontenan tanpa daya malah dados sarana kanggé sinau malih, rak inggih ta kita asring njeksani sikepipun Tomas ingkang mboten pitados.

Para sadhèrèk ingkang kinasih, cariyosipun Tomas mulang dhateng kita bilih sikep mangu-mangu sanès satunggaling sikep ingkang kedah dipun ajrihi utawi dipun singidaken. Karingkihan ugi sanès bab ingkang damel lingsem. Mangu-mangu lan ringkih dados wiwitaning lampah gesanging kapitadosan ingkang langkung lebet menawi kita kepengin nyelak dhumateng Gusti lan tinarbuka dhumateng Panjenenganipun. Kadosdéné Tomas, kita saged ngéwahi saking “mangu-mangu” dados “seksi” lumantar pepanggihan pribadi kaliyan Sang Kristus ingkang wungu saking séda.

Sumangga kita lajengaken ngupadi Gusti ing satengahing lampah gesanging kapitadosan kita, lan Allah Tri Purusa Mahasuci ingkang makarya wonten ing Sang Roh Suci ingkang kaparingaken dhateng kita nyagedaken kita dados seksi-seksi wunguni-Pun ing tengahing jagad, ingkang kebak mangu-mangu. Kanthi kapitadosan ingkang bakuh, kita saged pratéla sesarengan Tomas, “Dhuh Gusti kawula, Allah kawula,” lan neksèni ing bab panguwaos katresnanipun Allah ingkang milujengaken. Amin.

[sem-tk]



KOTBAH

Minggu Paskah kaping 3

Minggu, 4 Mei 2025

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul 9: 1-20
Tanggapan: Jabur Masmur 30:1-13
Waosan 2: Wahyu 5 : 11 - 14
Injil: Yokanan 21 : 1 - 19

Ngraosaken Pamulihan ing salebeting Pepanggihan

☸☸

KOTBAH JANGKEP

“Ngraosaken Pamulihan ing salebeting Pepanggihan”

Pasamuwan ingkang kinasih

Kita sampun sami ngraos-raosaken bab lelampahanipun Sang Kristus; kawiwitan ing mangsa Pra Paskah dumugi ing mangsa Paskah samangké. Rikala mangsa Pra-Paskah, kita sami kaatag gesang ing pamratobat kanthi kuwawi nyingkur badan kita, nglampahi siyam, sarta nyenyirik. Ing pengangkah, kanthi lelampahan punika kita saged tumut ngraosaken kasangsaran ingkang karaosaken déning Sang Kristus ing kajeng Salib. Kanggé kita, margining kasangsaran, saged manéka warni wujudipun. Kasangsaran punika saget kelampahan amargi risaking sesambadanipun pribadi-pribadi, wontenipun pasulayan, *bencana sosial* (bebaya ingkang kelampahan amargi tumindakipun manungsa kadosta pasulayan ing satengahing masyarakat, tumindak wengis, kamiskinan). Ugi saged mawujud sesakit, *bencana alam* utawi bebaying jagad kadosta bena, siti jugrug, lindhu, lss. Kasangsaran punika ugi saged awujud kawontenaning ékonomi ingkang surem mbebayani sanget. Prakawis-prakawis mekaten punika saged nuwuhaken pameteging batos. Kasunyatan nélakaken kathah tiyang ingkang mboten saged nampi kanyatan punika. Wusananipun, kathah tiyang lajeng *stress* (buneg amargi

kesengkan pamikiripun), dhéprèsi (sisah, bingung, sumelang, ajrih), saha gesangipun keblesek ambles.

Pasamuwan ingkang kinasih,

Ing Minggu Paskah kaping tiga titi samangké, kita kaèngetakaken bilih Gusti Yésus Kristus punika Sang Mesih ingkang ngawonaken dosa saha samukawis kasangsaraning gesang. Kita kaatag murih sumarah mring Gusti Yésus, hambuka dhiri kaparingan pitulungan: kapulihaken. Amargi Gusti Yésus sampun wungu, ngetingalaken panguwaosipun saha nimbali para sekabat supados sami kapulihaken kanthi gumrégah manggihi Gusti Yésus Kristus.

Waosan Injil Yokanan 21:1 – 19 mratélakaken bilih Gusti Yésus ngatingal manggihi para sekabat ing pinggiring Tlaga Tibérias. Punika kaping tiganipun Gusti Yésus manggihi para sakabat sesampunipun wungu ing dinten Paskah. Perlu kawuningan, Tlaga Tibérias punika sabrangipun Tlaga Galiléa. Tumrapipun Simon Pétrus sakanca, Tlaga Galiléa punika pancèn satunggaling papan ingkang sampun limrah dipun ambah. Tlaga Galiléa minangka papan kanggé makarya, rikala Pétrus sakanca dados juru amèk iwak. Nalika Simon Pétrus sakanca dados sakabatipun Gusti Yésus, para sakabat punika ugi ngraosaken mawarni-warni lelampahan sesarengan kaliyan Gusti Yésus ing Tlaga Galiléa. Kitab Injil mratélakaken lelampahan-lelampahan punika, kadosta:

1) Gusti Yésus miji Simon Pétrus sakanca dados sakabatipun Gusti Yésus ing gisiking Tlaga Génésarèt ing tlatah Galiléa (Lukas 5:1).

“Ing sawijining dina nalika Gusti Yésus lagi jumeneng ana ing gisiké Tlaga Génésarèt, wong-wong padha suk-sukan merga kepéngin ngrungokaké pangandikané Gusti Allah.” (LAI, 1994)

2) Gusti Yésus nyirep prahara ing Tlaga Génésarèt, tlatah Galiléa (Lukas 8:22)

Sawijining dina Gusti Yésus lan para sekabaté nitih prau. Gusti Yésus ngandika marang para sekabat mau: “Ayo padha nyabrang mrana.” Prauné tumuli mangkat. (LAI 1994)

3) Gusti Yésus maringi tedha tiyang 5000 ing Tlaga Tibérias, sabrangipun Tlaga Galiléa (Yokanan 6:1)

Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli tindak menyang sabrangé Tlaga Galiléa, sing uga disebut: Tlaga Tibérias. (LAI 1994)

4) Gusti Yésus tindak napak ing toya ing Tlaga Tibérias, sabrangipun Tlaga Galiléa (Yokanan 6:18-19)

Kocapa, ombaké tlagu saya gedhé, sebab anginé sansaya banter.

Bareng para sekabat enggoné nunggang prau kira-kira wis olèh papat tekan limang kilomèter, dumadakan padha weruh Gusti Yésus tindak napak ing banyu nyedhaki prauné. Lan Para sekabat padha wedi banget,

Pramila, Tlaga Tibérias ing Galiléa pancèn papan ingkang limrah kanggé kagiyatanipun para sekabat sesampunipun Gusti Yésus sinalib ing Golgota. Para murid wangsul nindakaken pedamelan lami. Ing Galiléa sadaya sami rumaos bingung, sedhih, wurung, keblesek, sesampunipun Gusti Yésus sinalib. Para murid sampun kécalan pengajeng-ajeng amargi Gusti Yésus séda sinalib.

Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Sang Kristus

Ing kahanan mekaten punika; dumadakan Gusti Yésus rawuh murugi lan ngetingalaken Sariranipun bilih sampun wungu saking antawisipun tiyang pejah. Injil Yokanan 21 mratélakaken mekaten:

21:3 Simon Pétrus nuli kandha marang kanca-kanca liyané mau: “Aku arep njala!” “Aku mèlu”, kandhané para sekabat-sekabat liyané marang Pétrus. Para sekabat mau nuli padha lunga, nunggang prau menyang tengah tlagu. Nanging sawengi muput para sekabat mau ora olèh iwak siji-sijia.

21:4 Bareng srengéngéné mlethèk, Gusti Yésus rawuh, jumeneng ana ing gisik, nanging para sekabat ora padha ngerti yèn sing jumeneng kuwi Gusti Yésus.

*21:5 Gusti Yésus nuli ngandika: “**Bocah-bocah, apa kowé padha duwé iwak kanggo lawuh?**” Wangsulané para sekabat: “Mboten!”*

Gusti Yésus manggihi para sekabat kanggé mangsulaken pengajeng-ajengipun; nuwuhaken semangatipun, murih tetap dados pandhèrèkipun Sang Kristus dados “juru amèk wong”, minangka rasul; mboten wangsul dados “juru amèk iwak”,

nelayan!. Pepanggihan ing gisiking Tlaga Tibérias punika kaagem Gusti supados para rasul mboten kecalan Visi – Misi nipun minangka Pandhèrèkipun Sang Kristus, piniji dados rasul kanggé ngengèn para méndaning Allah inggih punia Pasamuwan Kristen.

Gusti Yésus maha pirsu kahananing gesang para sekabat ingkang nembé semplah ing manah. Mekaten ugi Gusti Yésus inggih pirsu, rikala kula lan panjenengan sedaya ing sauruting gesang ngadhepi manéka warni pakèwed, awrating manah, pepalang wonten ing gesang padintenan.

Emanipun, para murid mboten sami nggatosaken bilih ingkang rawuh punika Gusti Yésus Kristus. Pétrus sakanca mboten nglegéwa awargi manah lan pikiranipun nembé peteng, kajiret déning perkawis-perkawising gesang ing kang awrat.

Kadosdéne Para Rasul. Asring kula lan panjenengan inggih makaten. Mboten ngraosaken bilih Gusti Yésus rawuh ing gesang kita.... Kita malah nembé gupuh “mundur ing Galiléa”

Selajengipun Injil Yokanan mratélakaken mekaten:

21:6 Gusti Yésus nuli ngandika: “Jalamu tibakna ing satengené prau, mengko kowé rak olèh iwak.” Para sekabat nuli nibakaké jalané ana ing sisih tengené prau. Jala mau banjur ora kena digèrèd, jalaran saka akèhé iwak.

21:7 Sekabat sing dikasihi déning Gusti Yésus banjur ngandhani Pétrus: “Kuwi Gusti!” Bareng Pétrus krungu yèn wong kuwi Gusti Yésus, Pétrus énggal-énggal nganggo jubahé menèh (sebab Pétrus ngliga), banjur nggebyur ing banyu.

21:8 Para sekabat liyané padha nusul nganggo prau menyang gisik, karo nggèrèd jalané sing kebak iwak mau. Prau mau ora adoh saka dharatan, kira-kira mung wetara satus mèter.

Inggih mekaten punika para murid kapulihaken amargi pepanggihan kalayan Gusti Yésus. Menawi kepéngin ngarosaken pamulihan, kuncinipun inggih pepanggihan kalayan Gusti Yésus Kristus Sang Mésias, juru wilujenging jagad raya, ingkang jumeneng dados sumbering katentreman lan karahayon ingkang sejati.

Pasamuwan ingkang kinasih

Pranyata: Kapulihaken amargi pepanggihan kalayan Gusti

Yésus ugi dipun alami déning Saulus ing Lelakoné Para Rasul 9:1 – 20, mirunggan ing ayat 1 – 5 mekaten pangandikanipun Gusti:

9:1 Saulus isih tetep ngancam arep matèni para muridé Gusti Yésus, mulané sowan Imam Agung,

9:2 nyuwun layang kwasa sing arep dituduhaké marang sinagogé-sinagogé (pasamuwané wong Yahudi) ing kutha Damsyik, supaya yèn ana kana ketemu wong-wong sing ngambah ‘Dalané Gusti Yésus’ (tegesé Injil), Saulus bisa nyekel wong-wong mau, lanang apa wadon, lan nggawa menyang kutha Yérusalèm.

9:3 Sajroné mlaku menyang kutha Damsyik mau, ora adoh saka kutha kono, dumadakan ana cahya cumlorot saka ing langit nlorong Saulus.

9:4 Saulus tiba, banjur krungu swara mengkéné: “Saulus, Saulus! Yagéné kowé nganiaya marang Aku?”

9:5 Saulus pitakon: “Panjenengan menika sinten Gusti?” Swara mau mangsuli: “Aku iki Yésus sing kok aniaya.

Inggih mekaten punika, kapulihaken amargi pepanggihan kalayan Gusti Yésus dipun alami déning Saulus. Tiyang ingkang suwau sengit dhateng Kristen, lajeng malik grémbyang dados pandhèrèkipun Gusti Yésus. Ing tembé winisuda dados Rasul Paulus. Kathah tiyang Kristen, agaminipun inggih Kristen nanging mboten utawi dèrèng kapulihaken amargi dèrèng pepanggihan kalayan Gusti Yésus, taksih ngrasuk gesang lami.

Pancèn kapulihaken amargi pepanggihan kalayan Gusti Yésus èstu wigatos sanget kanggé kita ingkang kadunungan iman dhumateng Sang Kristus. Pepanggihan ingkang mulihaken mekaten punika ugi ingkang dipun tandhesaken déning Jabur Masmur 30: 1 – 13 kanthi nampèni sihrahmating Gusti. Mangga kagatosaken ing ayat 8 – 12 punika:

30:8 Dhuh Allah, Paduka sampun mapanaken kawula ing pucaking redi ingkang kekah. Nanging sareng Paduka ngaling-alingi wedana Paduka, kawula kagèt sanget.

30:9 *Dhuh Allah, kawula nyebut asma Paduka, kawula sesambat dhateng Paduka.*

30:10 *“Wutahing rah kawula wonten paédahipun menapa? Utawi menawi kawula kalebetaken ing kubur, lebu menapa saged memuji dhateng Paduka? Menapa saged nyriyosaken kasetyan Paduka?*

30:11 ***Dhuh Allah, mugi miyarsakaken sarta melasi dhateng kawula. Paduka mugi mitulungi kawula!”***

30:12 ***Pesambat kawula sampun Paduka jurungi; kawula Paduka dadosaken saged jejogèdan, penganggé kawula bagor sampun Paduka pundhut, Paduka santuni kabingahan.***

Kapulihaken amargi pepanggihan kalayan Sang Yéhuwah Allah andayani juru masmur nampèni sih pitulunganing Gusti Allah. Sinebat kanthi cetha bilih ***“Pesambat kawula sampun Paduka jurungi; kawula Paduka dadosaken saged jejogèdan, penganggé kawula bagor sampun Paduka pundhut, Paduka santuni kabingahan.”*** (ayat 12)

Inggih mekaten ing kalodhangan punika, Paskah utawi wungunipun Sang Kristus nandhesaken bilih Gusti Yésus punika jumeneng dados Juru Wilujenging jagad raya ingkang ngruwat dosaning manungsa. Mila leres kados ingkang kaandharen ing paseksi **Wahyu 5:11-12**,

5:11 *Aku banjur weruh lan krungu swarané malaékat sing cacahé maèwu-èwu lan mayuta-yuta padha ngadeg sakubenging dhampar lan makluk papat, tuwin para pinituwa.*

5:12 *Para malaékat mau padha ngidung nganggo swara sora, pangucapé: “Sang Cempé ingkang sampun kapragat menika pantes nampèni pangwaos, lan kasugihan tuwin kawicaksanan, saha kekiyatan tuwin pakurmatan, miwah kamulyan lan pangalembana!”*

Pasamuwanipun Gusti ingkang kinasih,
Saben tiyang mesthi kemawon kadunungan pengalaman
“pepanggihan kaliyan Sang Kristus” kita pancèn badhé

kapulihaken amargi pepanggihan kalayan Sang Kristus. Pramila sumangga kita sami ambuka dhiri, sumarah mring Allah wonten ing Sang Kristus. Kados déné Rasul Pétrus sakanca, ugi Rasul Paulus, sesampunipun pepanggihan kaliyan Sang Kristus – kaénggalaken semangatipun, kaparingan berkah kakiyatan kanggé leladi katur kagem kaluhuranipun Gusti Yésus Kristus, nglajengaken pakaryan peladosan.

Minangka pasamuwan Kristen, kita kaatag tetep makarya ing satengahing gesang ingkang kebak rubeda punika. Minangka pasamuwan Kagunganipun Sang Kristus, kita kedah wantun lan purun rumaket kalayan Sang Kristus, tetep setya nindakaken peladosan, ngadhepi kanyatan saha pepalanging gesang. Sumangga kita sami tulung tinulung, setunggal lan sanèsipun asung leladi lumampah sesarengan minangka kagunganipun Sang Kristus. Kados déné Sang Kristus ingkang rawuh paring pamulihan; mekaten ugi Pasamuwan kasuwun kanthi nyata, nindakaken peladosan wonten ing satengahing brayat, pasamuwan, dalah masyarakat sakiwa tengen kita. Satemah dadya sarana pepanggihan lan pamulihan wonten ing Sang Kristus. Amin.

[vts-les]



KOTBAH

Minggu Paskah kaping 4

Minggu, 11 Mei 2025

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul
9:36-43

Tanggapan: Jabur Masmur 23

Waosan 2: Wahyu 7:9-17

Injil: Yohanes 10:22-30

Menjadi Gembala Yang Siap Mendampingi ✠✠✠

KOTBAH JANGKEP

“Madeg Pangèn ingkang Cumawis Ngamping-ampingi”

Pasamuwan ingkang Kinasih wonten ing patunggilanipun Sang Kristus.

Wonten ing gesang kita sami, kathah sanget tantangan, kangèlan tuwin manéka warni prakawis ingkang kedah kita adhepi; saé punika sesambetan ing babagan ékonomi, *studi* utawi pasinaon, panyambut damel, jodho, bab-bab ingkang gegayutan kaliyan masyarakat, ugi sesambetan ing satengahing brayat kita piyambak-piyambak kadosta panggulawenthahing anak-anak, lan sanes sanèsipun. Ing kawontenan ingkang makaten, èstunipun kita mbetahaken tiyang ingkang purun ngamping-ampingi, mitulungi, saha tumut ngènthèngaken momotaning gesangipun tiyang sanès.

Pasamuwan ingkang Kinasih.

Prakawisipun, kathah tiyang ingkang gadhah pamanggih bilih pakaryan ngamping-ampingi punika sanès bebahanipun sadhéngah tiyang. Pakaryan ngamping-ampingi punika kaanggep namung bebahanipun: psikolog (ahli wewatakaning manungsa), konselor (juru pitutur) lan pandhita. Punika mboten lepat, namung èstunipun bab pakaryan ngamping-ampingi punika kalebet bebahanipun sadaya tiyang. Sadaya tiyang gadhah kawajiban ngamping-ampingi sesaminipun gesang. Apesipun kawajiban tumut mirengaken pasambat ingkang kasandhang satunggaling tiyang,

tumindak tumut mirengaken punika sampun mbiyantu ngirangi momotan pakèweting gesang ingkang sinandhang. Apesipun saged nggatosaken, mirengaken kanthi émpati (raos-pangraos ingkang sami kaliyan pangraosipun tiyang sanès ingkang kabiyantu) murih sadhèrèk kita saged ngraosaken saya ènthèng anggènipun ngadhepi manéka warni panandhanging gesangipun. Pancèn ayahan mirengaken sanès bab ingkang gampi. Ananging ayahan punika saged dipun persudi tuwin dipun gladhi, waton purun, waton wantun, saha sumadhiya miwah kadunungan manah linambaran katresnan, mesthi badhé saged.

Prakawis sanèsipun inggih punika wonten penganggep bilih pakaryan ngamping-ampingi punika (kadosdéné: psikolog, konselor lan pandhita) kedah maringi iguh utawi pratikel kanggé pancadan ngrampung ing satunggaling prakawis. Mangka mboten mekaten, asring kita nembé mirengaken kanthi émpati, tumuli anjalari sadhèrèk kasebat ngraosaken lega manahipun, padhang pengalihipun. Inggih penganggep kedah maringi iguh utawi *solusi* punika ingkang njalari kathah tiyang ingkang mboten samekta, malah kepara mboten purun ngayahi paladosan ngamping-ampingi.

Pasamuwan ingkang Kinasih wonten ing patunggilanipun Sang Kristus.

Wonten ing Minggu Paskah kaping sekawan titi samangké, kita kaatag sinau bab pakaryan ngamping-ampingi minangka wujud ing peladosan. Wonten ing kitab *Lelakoné Para Rasul* 9:36-43, kacariyosaken mekaten. Wonten satunggaling wekdal, Rasul Pétrus tetuwi lan leladi ing kitha Lidha, mrangguli tiyang ingkang aran Énéas, ingkang sampun nandhang sakit watawis 8 tahun. Énéas pinaringan bagus-kasarasan, pulih amargi sih pitulungipun Gusti lumantar Rasul Pétrus. Mangga kagatosaken mirunganipun ing ayat 32 – 35 mekaten:

9:32 Nalika semana Rasul Pétrus tindak mider-mider. Ing sawijining dina panjenengané tetuwi para wong precaya sing ana ing kutha Lidha.

9:33 Ing kutha Lidha kono Rasul Pétrus ketemu karo wong sing jenengé Énéas. Énéas kuwi lumpuh, lan wis wolung taun ana ing peturoné.

9:34 Énéas mau nuli dipangandikani déning Rasul

Pétrus: “Énéas, Gusti Yésus Kristus marasaké kowé, tangia lan peturonmu tatanen!” Sanalika iku uga Énéas tangi.

9:35 Kabèh wong ing kutha Lidha lan ing kutha Saron, bareng ndeleng Énéas, banjur padha mratobat marang Gusti Yésus.

Selajengipun Rasul Pétrus sakanca, tampi pawarta bilih Tabita ugi nandhang sakit nemen. Tumuli sigrá nuwèni, émanipun ibu Tabita ugi ingkang kawastanan Dorkas, sampun tilar-donya. Kathah tangga tepalih, para randha ingkang muwun sinambi paring paseksi bilih almarhumah punika tansah tumindak saé lan sung tetulung dhateng sesami.

9:39 Rasul Pétrus tata-tata nuli mangkat, bareng karo kongkonan mau. Satekané ing omahé Dhorkas, Rasul Pétrus nuli digawa menyang kamar lotèng. Sakèhing randha-randha sing ana ing kono padha ngrubung layoné, karo nangis lan nuduhaké marang Rasul Pétrus, sandhangan-sandhangan lan jubah-jubah gawéané Dhorkas kanggo wong-wong mau, nalika isih urip.

9:40 Wong kabèh mau nuli dikon metu déning Rasul Pétrus. Rasul Pétrus nuli jèngkèng ndedonga. Sawisé mengkono Rasul Pétrus nuli nyedhaki layoné Dhorkas karo ngandika: “Tabita, tangia!” Dhorkas nuli melèk, bareng weruh Rasul Pétrus, Dhorkas nuli tangi.

9:41 Rasul Pétrus nyekel tangané, nulungi Dhorkas enggoné ngadeg. Sawisé kuwi wong-wong percaya sarta randha-randha mau padha dikumpulaké. Rasul Pétrus nuli masrahaké Dhorkas sing saiki wis urip, marang wong-wong mau.

9:42 Kabar bab Dhorkas kuwi sumebar wrata ing kutha Yopé, lan akèh wong sing banjur percaya marang Gusti Yésus.

Saking cariyos punika, kita manggihaken patuladhan ingkang saé lan wigatos. Malah amargi sedya ingkang tulus, Gusti Yésus paring berkah satemah lumantar Rasul Pétrus kaagem

kanggé kasarasanipun Énéas, lan Dorkas/Tabita kaparingan pulih gesang malih. Rasul Pétrus kadunungan kasetyan, katresnan, émpati, *komitmen* (nggadhahi prajanjèn ngayahi jejibahan) leladi ngamping-ampingi, tumunten nindakaken paladosanipun temah tuwuh dadya sarana berkah. “Madeg Pangèn ingkang Cumawis Ngamping-ampingi” perlu kita sinaoni.

Pasamuwan ingkang Kinasih

Rasul Pétrus kuwawi nindakaken peladosan minangka pangèn ingkang cumawis ngamping-ampingi, amatrgi sampun ngalami “pepanggihan kaliyan Sang Kristus”, kapulihaken saha kautus dadya juru pangèn tumrap sesaminipun. Bab punika saged kasuraos ing paseksi Yokanan 21:17 makaten,

21:17 Gusti Yésus ndangu menèh marang Pétrus sing ping teluné: “Simon, anaké Yohanes, apa kowé tresna karo Aku?” Pétrus dadi sedhah, sebab Gusti Yésus ndangu dhèwèké nganti ping telu: “Apa kowé tresna karo Aku?” Pétrus banjur matur menèh: “Gusti, Panjenengan pirsamukawis. Gusti inggih pirsam, bilih kawula tresna dhateng Panjenengan.” **Gusti Yésus nuli ngandika: “Wedhus-wedhus-Ku padha engonen!”**

Èstunipun, mboten namung Rasul Pétrus ingkang tinimbalan leladi. Sadaya umat kagunganipun Gusti ugi kautus supados sami déné leladi ngamping-ampingi sesaminipun. Ing babagan punika, Rasul Pétrus nandhesaken mekaten ing I Pétrus 5:21,

*5:2 Engonen pepanthaning méndané Gusti Allah sing dipasrahaké marang kowé; reksanen klawan rilaning ati, kaya sing dikersakaké déning Gusti Allah, lan aja krana kepeksa. Aja nindakaké pegawéanmu merga mélik bayaran, nanging merga kadereng *kadereng: didorong (bhs. Ind.).* déning rasa kepéngin ngabdi.*

Pasamuwan ingkang kinasih.

Kita kaatag supados sami **engon-ingengon**, amargi kita minangka tiyang ingkang kadunungan iman nulad dhumateng Sang Yéhuwah Allah ingkang ugi sinebat **pangèn**. Mila kita dadya pangèn tumrap sesami kita, Jabur Masmur 23, mangga

kagatosaken:

23:1 Masmur anggitané Dawud. Gusti Allah kuwi Pangènkmu, aku ora kekurangan apa-apa.

23:2 Aku diengon ing pangonan kang akèh suketé seger; aku digiring menyang papan kang banyuné anteng.

23:3 Aku diparingi kekuwatan anyar, lan dituntun menyang dalan sing bener, kaya sing dijanjèkaké.

23:4 Lakuku senjata ngambah dalan sing peteng dhedhet, aku ora wedi bebaya, margi Paduka celak kawula; gada lan teken ingkang Paduka asta, menika njagi kawula.

Malah wonteng Ing Kitab Injil, Gusti Yésus ugi sinebat pangon – malah sinebat Pangon Kang Utama. Ingkang maringaken gesangipun murih kawilujengan tuwin karaharjaning umat. Gusti Yésus minangka Pangèn ingkang leladi ngamping-ampingi, madeg dados juru panglipur ingkang milujengaken para umat/ménda ngèn-ngènanipun.

Injil Yokanan 10:22 – 30 nyariyosaken bilih para tiyang Yahudi sami mboten pitados tumrap kanyatan menggahing Gusti Yésus minangka Sang Mesih/Mésias (Yokanan 10 : 22 – 30).

10:25 Pangandikané Gusti Yésus: “Kowé wis padha Dakkandhani, nanging kowé padha ora precaya. Sarupaning penggawé sing Daklakoni atas Asmané Sang Rama, kuwi kabèh neksèni mungguh ing Aku.

10:26 Kowé padha ora precaya, jalaran kowé dudu wedhus-Ku.

10:27 Wedhus-wedhus-Ku padha nitèni swara-Ku. Aku wanuh karo wedhus-wedhus-Ku lan wedhus-wedhus-Ku padha ngetutaké Aku.

10:28 Wedhus-wedhus kuwi padha Dakwènèhi urip sejati, temahan ora ana sing bakal mati, lan ora ana wong sing bisa ngrebut wedhus-wedhus mau saka ing tangan-Ku.

Pasamuwan ingkang kinasih.

Sepisan malih, kula ngajak kita sedaya: Sumangga ing Minggu Paskah kaping sekawan titi samangké, kita nulad

pakaryaning Rasul Pétrus – ugi para Rasul sanèsipun tansah ngudi **“Madeg Pangèn ingkang Cumawis Ngamping-ampingi”**, minangka Juru Pangèn tumrap sesamining tiyang pitados.

Selajengipun, kita ugi kaatag, sami cumawis rumaket dhumateng Gusti Yésus minangka Pangon Kang Utama. Lan nulad Gusti Yésus: **Madeg Pangèn ingkang Setya Ngamping-ampingi”** minangka Juru Pangèn tumrap sesamining tiyang pitados. Kados déné lelampahanipun Rasul Pétrus duk ing uni. Gusti Yésus ugi ingkang badhé paring kakiyatan, tuwin kasagedan dhateng kita sami, midhèrèk ing Karsanipun. Amin.

[hk-les]



KOTBAH

Minggu Paskah kaping 5

Minggu, 18 Mei 2025

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul
11:1-18

Tanggapan: Jabur Masmur 148

Waosan 2: Wahyu 21:1-6

Injil: Yokanan 13:31-35

Dados Seksi Kaluhuranipun



KOTBAH JANGKEP

“Dados Seksi Kaluhuranipun”

Kaluhuran

Kaluhuran punika salah satunggaling pamikiran ingkang kawulangaken déning sakathahing tradhisi lan kapitadosan, kalebet wonten ing ing Kitab Suci. Nanging pamikiran bab kaluhuran miturut jagad sok asring bènten kaliyan punapa ingkang kawulangaken ing Kitab Suci.

Kaluhuran Miturut Jagad

Kaluhuran miturut jagad asring dipun sambetaken kaliyan prèstasi (asil ingkang saget kagayuh), kasugihan, status sosial (kalenggahan ing masarakat), panguwaos lan dados pangéram-éraming tiyang sanès. Kaluhuran tata kadonyan namung katemtokaken saking bab-bab ing sajawining dhiri lan ugi kesuksèsan ingkang saged dipun sawang déning tiyang kathah. Kaluhuran miturut jagad ugi dipun temtokaken déning kasuksèsan karièr utawi padamelanipun, mirunggan ing *dunia hiburan* utawi jagating tetinggalan (*entertainment*). Bab punika kalebet pengaken, pangaji lan pepujèn ingkang tinampi saking tiyang sanès.

Kaluhuran tata kadonyan saged ugi dipun mangertosi mubrambru, sarwi wah minangka tandha *status* kalenggahan lan kesuksèsanipun. Mekatena, setunggaling tiyang ingkang gadhah *pengaruh* (daya pangaribawa) lan panguwaos ageng saé ing babagan politik, ékonomi utawi ing babagan kabudayan, asring kaanggep

“luhur” miturut jagad. Kaluhuran dipun mangertosi minangka woh saking pangudi lan panyambut damel ingkang wekel kanggé ngadhepi tantangan lan kanggé ngranggèh tujuaning dhiri. Pramila, kaluhuran miturut jagad asring karaos égois lan namung ngener dhateng dhiri pribadi. Tiyang ingkang mburu kaluhuraning jagad asring péngin dipun akeni, dipun puji lan dipun aosi saking tiyang sanès. Pamrih ing suwaliking kesuksèsanipun inggih punika kepuasan dhiri, mokoging manah lan supados sangsaya ngindhakaken status sosialipun.

Kaluhuran Miturut Kitab Suci

Kaluhuran miturut Kitab Suci, mirungganipun miturut waosan injil wanci punika gadhah makna ingkang bènten sanget. **Ing Kitab Suci, kaluhuran mboten mesthi magepokan kaliyan kasugihan utawi préstasi pribadi, nanging malah magepokan kaliyan andhap asoring manah, pangorbanan lan peladosan dhateng sesami.**

"Samengko Putrané Manungsa kaluhuraké", lumantar penyalibanipun, Gusti Yésus badhé ngetingalaken kaluhuranipun. Lan srana sédanipun, Gusti Allah badhé kaluhuraken. Lumantar sengsara lan pangurbananipun Gusti Yésus, Asmanipun Allah kaluhuraken. Lelampahan salib lan wungunipun minangka jangkeping rancanganipun Allah kanggé milujengaken manungsa. Gusti Allah kaluhuraken krana kepareng masrahaken Ingkang Putra Ontang-Antingipun, ngasoraken dhiri manjalma dados manungsa, ngorbanaken dhiri, sangsara ngantos séda sinalib kanggé nebus manungsa saking panguwaosing dosa.

Kaluhuranipun Sang Kristus malah katitik saking anggènipun karsa ngasoraken dhiri manjalma dados manungsa, nandhang sangsara ngantos séda sinalib awit tresnanipun dhateng manungsa dosa. Kanthi mekaten sangsaya terwaca bilih kaluhuraning Allah punika béda kaliyan kaluhuran miturut jagad. Kaluhuran miturut Gusti Allah inggih punika nalika karsa ngurbanaken dhiri, ngasoraken dhiri minangka wujud sih tresnanipun dhateng tiyang sanès kados ingkang sinerat ing Yokanan 13:31-32.

Kaluhuran miturut Kitab Suci asring dipun bobot dhedhasar sumuyut kita dhumateng karsanipun Gusti lan gesang miturut pepakènipun. Ing Yokanan 13: 31-35, Gusti

Yésus maringaken pepakèn anyar ingkang penting tumrap gesanging para pendhèrèkipun: “Padha tresna-tinresnanana dikaya anggonKu wus nresnani kowé, kowé iyo padha tresna-tinresnanana uga.” Katresnanipun Gusti Yésus dhateng para sekabat, ingkang mboten namung winates ing tembung, nanging ugi kanthi tumindak ingkang nyata, utaminipun kanthi pangorbananipun, sageda dados tetuladhan utami tumrap saben para pendhèrèkipun.

Tresna-tinresnan kedah mawujud ing katresnan ingkang tanpa mawang, katresnan tanpa pilih-pilih, katresnan tanpa mandeng sapa sira-sapa inggun. Nresnani tanpa mawang punika mboten gampang, awit kita langkung gampang nresnani tiyang-tiyang tartamtu kémawon; ingkang nanduki saé dhateng kita, ingkang tunggil rah kaliyan kita, ingkang pamanggih-pamanggihipun mèh sami kaliyan kita.

Gusti Allah Mungkasi Dhiskriminasi (Mbènten-mbèntenaken)

Putra-putranipun Allah kaatag sami nresnani sedaya tiyang tanpa mawang. Pawartos punika saged kapirsanan saking waosan angka sepisan, Para Rasul 11:1-18. Rasul Petrus lan para sekabat sanèsipun kaanyaraken pamanggihipun bab sinten ta sesami ingkang kedah dipun tresnani. Gusti Allah nresnani saben tiyang tanpa mawang kawontenanipun. Pramila saben muridipun Sang Kristus kinersakaken nresnani sedaya tiyang tanpa wontenipun dhiskriminasi.

Ing Para Rasul 11:1-18, dhiskriminasi dados jejer ingkang penting sanget. Cariyos ing pérangan punika ngetingalaken kados pundi dhiskriminasi ingkang lumampah ing antawisipun tiyang Yahudi lan sanès Yahudi (bangsa-bangsa sanès) wiwit dipun pungkasi déning Gusti Allah lumantar wahyu ingkang kaparingaken dhateng Pétrus.

Ing jaman punika, tiyang Yahudi gadhah pemanggih ingkang kiyat bilih bangsa Yahudi punika umat pilihanipun Allah, lan bangsa-bangsa sanès kaanggep “najis” utawi reged. Awit saking punika, tiyang Yahudi padatan ngéndhani sesrawungan kaliyan tiyang sanès Yahudi. Tiyang-tiyang Yahudi sami netepi angger-anggering Torèt, ingkang ndadosaken bènten kaliyan bangsa sanès, mirungganipun ing bab tetedhan, pangibadah lan pasrawungan.

Ing Lelakoné Para Rasul 11:1-3, para rasul lan sedhèrèk-sedhèrèk ing Yudéa sami kagèt nalika mireng bilih Pétrus, rasul ingkang mursid, karsa ngrawuhi griyanipun Kornélius, satunggaling opsir penatus ing pasukan Rum ingkang sanès tiyang Yahudi, lan malah kembul bujana sesarengan kaliyan brayatipun. Bab punika kaanggep nyebal saking angger-anggering tiyang Yahudi. Pramila sami nuntut katrangan saking Pétrus.

Pétrus mboten mbélani dhirinipun piyambak, nanging suka paring katrangan bilih punapa ingkang kelampah inggih awit dhawuh karsanipun Allah. Ing Lelakoné Para Rasul 11:4-17, Pétrus nyariosaken punapa ingkang dipun sumurupi bilih Gusti Allah karsa nélakaken dhateng piyambakipun bab mboten wonten ingkang najis utawi reged menawi Gusti Allah sampun nucèkaken. Wahyu punika nggambaraken éwah-éwahan ingkang ageng ing bab pamanggih ngèngingi tiyang sajawining bangsa Yahudi.

Sasampunipun mireng katrangan saking Pétrus, para rasul lan sedhèrèk-sedhèrèk ing Yèrusalèm wusananipun nglenggana bilih dhiskriminasi, mbènten-mbèntenaken bangsa kados ingkang sadangunipun punika dipun cepengi, sayektosipun punika sedaya mboten wonten ing rancangan kawilujenganipun Allah. Ing Lelakoné Para Rasul 11:18, tiyang-tiyang punika sami nglenggana bilih Gusti Allah sampun maringaken pamratobat ugi dhateng bangsa-bangsa sajawining bangsa Yahudi, supados samiya gesang. Samangké tiyang-tiyang punika mboten mawang bangsa sanès Yahudi minangka bangsa ingkang najis, nanging minangka péranganing umatipun Allah ingkang kawilujengaken lumantar iman kapitadosanipun dhumateng Gusti Yésus.

Kedadosan punika mratandhani éwah-éwahan ageng ing pasamuwan kawitan. Wiwitanipun, pasamuwan namung dumados saking tiyang-tiyang Yahudi, nanging samangké awit wahyu peparinging Allah dhateng Pétrus, korining kawilujengan tinarbuka tumrap sedaya bangsa. Mboten wonten malih dhiskriminasi bangsa ing Sariranipun Sang Kristus. Saben tiyang, saé punika tiyang Yahudi punapa sanès Yahudi, saged nampèni sih rahmating Allah lumantar imanipun ing Sang Kristus.

Cariyos punika mulang bilih Gusti Allah mboten mawang (Lelakoné Para Rasul 10:34). Sedaya tiyang, tanpa mawang bangsa, pikantuk wewengan ingkang sami nampèni kawilujengan saking

Gusti Allah. Lumantar Pétrus, Gusti Allah kepareng mulang bilih dhiskriminasi bangsa mboten wonten ing Kratoning Allah. Punika nélakaken sih katresnaning Allah ingkang tanpa wates lan tinarbuka kanggé sedaya tiyang.

Pawartos saking Lelakoné Para Rasul 11:1-18 trep kaliyan tantangan gesang ing wekdal-wekdal punika, mirunggan ing babagan dhiskriminasi bangsa, *sosial* lan budaya. Minangka tiyang Kristen, kita katimbalan nresnani sesami tanpa mawang bangsa, suku utawi *status sosial*. Katresnaning Sang Kristus mungkasi cara gesang ingkang mbènten-mbèntenaken, lan malah nunggilaken kita wonten ing iman.

Gegambaran

Salah satunggaling tokoh Kristen ingkang misuwur krana nandukakan katresnan dhateng sesami tanpa mawang inggih punika Martin Luther King Jr.. Martin Luther King Jr. satunggaling pendhéta Gréja Baptis lan pangarsaning *gerakan hak sipil* ing Amerika Serikat abad kaping 20. Piyambakipun dados tiyang ingkang misuwur krana perjuanganipun nglawan dhiskriminasi lan tumindak ingkang mboten adil kanthi cara ingkang kebak bedhamèn. Inggih kados piwulang katresnanipun Gusti Yesus.

Déné, kénging punapa Martin Luther King Jr. pantes sinebat nresnani sesami tanpa mawang?

1. **Perjuangan kanggé Persamaan Hak:** Martin Luther King Jr. berjuang kanggé hak-hak sipil tumrap sedaya tiyang, mirungganipun kanggé tiyang-tiyang *négro* ingkang ngalami *diskriminasi* ing Amerika Serikat kala semanten. Piyambakipun ngudi amrih pinanggih *kesetaraan* ing sedaya bidang, kados to ing bidang pendidikan, padamelan lan perumahan, tanpa mawang bangsa lan *status sosial*ipun.
2. **Katresnan Kang Tanpa Mawang:** Minangka tiyang kristen, King mulang bilih katresnan kedah dipun bèbèr dhateng sedaya tiyang tanpa mawang kawontenan ingkang béda. Wonten ing pidhatonipun ingkang kondhang, *"I Have a Dream,"* King nélakaken pemanggihipun ngéngingi jagad ingkang ing ngriku, tiyang-tiyang mboten njeksani liyan linandhesan warnaning kulit, nanging dhedhasar watakipun tiyang.

3. **Prinsip Katresnan lan Non-Kekerasan:** King mendhet prinsip *non-kekerasan* (nir-peksan) ingkang kawulangaken déning Mahatma Gandhi, sarta dipun lampahi ing salebeting perjuanganipun. Piyambakipun pitados bilih katresnan lan bedhamèn punika margi ingkang paling saé kanggé ngadhepi raos sengit lan tindak peksan/panjiyat. King gadhah pemanggih, “Namung katresnan thok, ingkang dados kekiyatan kanggé ngéwahi sikep memengsahan dados kanca.”
4. **Lelampahan Tanpa Dhiskriminasi:** Sadanguning gesangipun, Martin Luther King Jr. mbangun margining bedhamèn ing antawisipun tiyang-tiyang ingkang béda bangsa, agami lan *status sosial*ipun. Piyambakipun ugi nyengkuyung lampahing *réformasi sosial* ingkang migatosaken para tiyang miskin lan katindhes saking sawernaning golongan, tanpa mbènten-mbèntenaken kawontenanipun.

Martin Luther King Jr. punika tuladha satunggaling tokoh Kristen ingkang nresnani sesami tanpa dhiskriminasi. Piyambakipun mratélakaken bilih katresnan sejati punika nglangkungi watesing bangsa, ètnis lan *status sosial*, sarta ngudi amrih wontenipun kaadilan lan *persamaan hak* kanggé sedaya tiyang. Prinsip-prinsip ingkang dipun udi taksih trep kaliyan kawontenan samangké, ngatak kathah tiyang gesang kanthi katresnan lan urmat-ingurmatan tanpa mawang kawontenan ingkang béda.

Dados seksi kaluhuranipun, tegesipun purun asikep andhap asor, ngurbanaken dhiri kanggé asanès linandhesan katresnan dhateng sinten kémawon tanpa mawang. Dados seksi kaluhuranipun, ateges nresnani sesami tanpa dhiskriminasi.

Amin.

[ap-ip]



“BAHAN LITURGI”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahanipun gréja utawi
pasamuwan ing ngriki.**

LITURGI

Rebo Awu

Rebo, 5 Maret 2025

Katrangan:

U: Umat

PL: Palados Liturgi

L: Lèktor

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PS: Pamedhar Sabda

Ngénggalaken Manah kalawan Mawas Dhiri



PACAWISAN

***(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)***

- Organisi/pianis/juru musik kanthi lirih ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos Pasamuwan kawaos.

Bab ingkang prayogi kagatosaken:

Amargi Rebo Awu punika mangsa pamratobat, mila prayogi menawi rerengganipun papan pangibadah barès kémawon. Kawontenan tidhem saha kikmat saged kaudi supados umat cumawis mlebet ing mangsa mratobat, mangsa siyam.

Pacawisan Pribadi

(Lenggah)

PL: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, dinten punika kita lumebet ing mangsa Pra-Paskah. Kanggé miwiti mangsa Pra-Paskah, kita tengeri kanthi panampèning awu. Pangosèran awu ingkang badhé kita tampèni punika lambang/gegambaran cumawising gesang kanggé nindakaken pamratobat lumantar siyam ngendhalèni gesang. Kanthi cara mirungan, dinten punika kita badhé ngempal sesarengan kanggé nggegilut werdining pamratobat tuwin siyam. Kita ngajeng-ajeng mangsa Pra-

Paskah punika saged dados mangsa mawas dhiri ngantos wekdal Paskah rawuh, kita ugi ngraosaken wungunipun Sang Kristus saking séda.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, sadaya ingkang kita lampahi mugi ngener dhumateng Gusti. Panjenenganipun piyambak ingkang mirsani pamratobat kita. Awit saking punika, sumangga kita nilingaken timbalanipun Gusti, tumunten sami marek ing Ngarsanipun.

Kidung Pamuji

(Jumeneng)

U: (Ngidungaken **KPJ 48:1, 2 “Gusti Angantya Sira”**)

KPJ 48 GUSTI ANGANTYA SIRA

Do=D 3/4

1) Gusti angantya sira wong dosa.

Aruming swara nimbali sira.

Nyuwuna luwar lan pangapura!

Mareka, saosna ati nira!

Refrein : Lah mareka! Gusti angantya,

aywa adoh-adoh, umareka!

Gusti anganti-anti sira!

Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

2) Hé, wong dosa, lempar dalanira.

Nyata gampang lamun liniwatan.

Nging sira tan nduga tan uninga!

yéku tan anjog mring nagri baka!

Refrein :

Votum

(Jumeneng)

PS: Gusti nimbali kita supados gesang ing salabeding pamratobat. Keparenga sadaya ingkang rawuh punika ngandika:

U: **Satemenipun, pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti, ingkang nitahaken langit, bumi, dalah saisènipun.**

PS: Gusti mboten naté nilar Titahipun.

U: **Saking kapengker, samangké, saha salami-laminipun.**

PS+U: *(Ngidungaken KPJ 464b “Amin”)* **Amin, Amin, Amin.**

Salam

(Jumeneng)

PS: Gusti nunggila ing panjenengan,

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

Atur Bebuka

(Lenggah)

PL: Para sadhèrèk, sumangga kita nyawisaken dhiri ing salebeding pandonga.

Dhuh Allah ingkang kebak ing Sih-katresnan, kawula ngluhuraken Paduka, awit mangsa Pra-Paskah Paduka paringaken dhateng kawula supados kawula ngraos-raosaken pakaryan Paduka ingkang milujengaken. Kawula mugè sami Paduka wulang ningali pakaryan Paduka wonten ing pengalamaning iman kawula, ngantos samangsa kawula kedah nindakaken siyam, kawula nindakaken kanthi tulus. Kawula mugè sami Paduka wulang anamung ngener dhumateng Paduka, ingkang ngawuningani sinten kawula punika. Ing Asma Paduka dhuh Gusti, kawula ndedonga. Amin.

U: *(Ngidungaken KPJ 53:1, 3 “Kapyarsi Gusti Nimbali”)*
KPJ 53. KAPYARSI GUSTI NIMBALI

Do=D 6/8

- 1) Kapyarsi Gusti nimbali, "Hé, wong kamomotan, mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran!"
Kula ngayom maring Gusti, dyan ayem sejati, awit tansah binerkahan, sinung karaharjan.
- 3) Kapyarsi Gusti nimbali, "Wong dosa, mareka, nampanana kurban suci, rah, srira sampurna!"
Kula pasrah maring Gusti, kalis saking pati, wah ingangkat putrèng Allah, lantaraning berkah.

Pandonga épiklése

(Lenggah)

PS: *(Ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci)*

Waosan 1 (Lenggah)

L 1: Waosan kapisan kapendhet saking kitab **Yésaya 58:1-12**.
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Masmur Tanggapan (Lenggah)

L 2: Masmur tanggapan kapendhet saking **Jabur Masmur 51:1-17**. (*Masmur tanggapan punika saged kawaos gegentosan antawisipun L 2 kaliyan umat*)

Waosan 2 (Lenggah)

L 3: Waosan kaping kalih kapendhet saking serat 2 Korintus 5:20b-6:10.

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Injil (Lenggah)

PS: Waosan Injil kapendhet saking kitab Injilipun Gusti Yésus manut Injil Matius, wonten ing Matius 6:1-6, 16-21.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, rahayu tiyang ingkang mirengaken, ngraos-raosaken ing salebeding manah, tuwin ngecakaken wonten ing gesang padintenanipun, hosiana

U: (*Ngidungaken **Hosiana** manut ungeling **KPJ 468***)
Hosiana, Hosiana, Hosiana.

Kotbah (Lenggah)

PS: (*Ngladosaken kotbah: “**Ngénggalaken Manah kalawan Mawas Dhiri**”*)

Wekdal Ening (Lenggah)

Kidung Sumarah (Lenggah)

U: (*Ngidungaken **KPJ 64:1, 2** “**Wong Dosa Rempu Atimu**”*)

KPJ 64 WONG DOSA REMPU ATIMU

Do=F 6/4

- 1) Wong dosa rempu atimu, nlangsanana dosamu,
Mbokya ngungsia mring Gusti mesthi kinarya suci.
Reffr. : Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdaNya,
pasraha jiwa raga.
- 2) Hé, wong kang ilang kesasar, saparanmu kapirsan.
Gusti nglari lan nimbali, bakal karsa nulungi.
Reffr. : Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdaNya,
pasraha jiwa raga.

Pangosèran Awu

PS: Para sadhèrèk ingkang kinasih, sadèrèngipun katindakaken pangosèran awuning pamratobat, sumangga kita langkung rumiyin ndedonga: Allah Rama ingkang Mahaasih, Paduka titahaken kawula saking lebuning bumi, saha ing satunggaling wekdal kawula badhé wangsul malih dados lebuning bumi. Mugi lebu punika ugi kepareng dados tandha menggah panelangsa tuwin pamratobat kawula. Sanalika ugi ngèngetaken kawula bilih namung lumantar salibipun Sang Kristus, kawula èstu-èstu nampèni pangapuntening dosa, kawilujengan tuwin gesang langgeng. Ing Asmanipun Gusti Yésus, Juruwilujeng kawula, kawula ndedonga.

PS+U: **Amin.**

[Para pelados ingkang badhé nindakaken pangosèran awu, langkung rumiyin sami osèr-ingosèran awu ing palarapan. Menawi umat ingkang rawuh kathah sanget, prayoginipun pangosèran awu mboten namung katindakaken déning tiyang satunggal. Sawetawis Pradataning Pasamuwan (Pinisepuh, Pandhita, Dhiaken) saged kasuwun ngayahi jejibahan punika]

PS: Wonten ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, kula ngaturi para sadhèrèk pinarak mangajeng saha nampèni pangosèran awu minangka tenger ing panelangsa, pamratobat, anggènipun nyingkur dhirinipun, saha anggènipun preduli dhateng sesaminipun.

Mratobata saha pitadosa dhumateng Sang Kristus, awitdéné panjenengan badhé wilujeng.

(Tetembungan nginggil punika kaucapaken saben-saben ngosèraken awu ing palarapanipun umat)

[Warganing pasamuwan pinarak mangajeng satunggal mbaka satunggal. Prayogi katindakaken kanthi urutan makaten: (1) pradataning pasamuwan; (2) para palados ibadah: palados liturgi, lèktor, juru musig, panuntun pepujèn, lsp.; (3) umat. Ing salebetipun pangosèran awu katindakaken, juru musig saged ngungelaken lelagon kanthi lirih.]

Kidung Sumarah

(Lenggah)

U: *(Ngidungaken KPJ 64:3, 4 “Wong Dosa Rempu Atimu”)*

KPJ 64 WONG DOSA REMPU ATIMU

Do=F 6/4

- 3) Gusti kwasa, mahamirah nresnani sagung jalma.
Mula dèn énggal mareka, mesthi tan nampik sira.
Reffr. : Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdaNya,
pasraha jiwa raga.
- 4) Sira kaancam ukuman laknat wit dosanira,
nuli énggal umareka, tinebus ing rah adya.
Reffr. : Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdaNya,
pasraha jiwa raga.

Pangaken Pitados

(Jumeneng)

P/D: Para sadhèrèk, kanthi jumeneng saha mapanaken asta
tengen kita ing jaja sisih kiwa, kita nélakaken Pangaken
Pitados Rasuli, makaten

Pandonga Syafaat

(Lenggah)

PS: *(Ngonjukaken pandonga syafaat, dipun-pungkasi “Donga Rama Kawula”)*

Pisungsung

(*Lenggah*)

P/D: Gusti Allah punika asih-mirma tuwin ambek welasan. Wonten ing Shipun Gusti, kita tinimbangan kanggé nélakaken katresnan. Lumantar pisungsung ingkang kita onjukaken dhumateng Gusti, kita kawulang kanggé andum rejeki kanthi tulus, kados pangandikanipun Gusti Yésus makaten,

“3 Nanging menawa kowé dedana, tanganmu kiwa aja nganti sumurup apa kang ditindakaké tanganmu tengen.” (Matius 6:3)

Wilujeng ngonjukaken pisungsung.

U: (*Nyarengi atur pisungsung, ngidungaken KPJ 154:1-2 “Adrenging Tyas Kula”*)

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang, jiwa lan raga, wit kula tan darbé bandha kang pengaji kang langkung prayogi, sinaos Gusti. Mung punika Gusti, panyuwun kula, mugi katampia atur kawula, mrih gesang kawula kagama Paduka pirantos sapala.

2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;

kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff. :

Pandongang Pisungsung

(*Jumeneng*)

P/D: (*Ngonjukaken pandonga pisungsung*)

Pengutusan

(*Jumeneng*)

U: (*Ngidungaken KPJ 84:1, 3 “Mara Wong Dosa, Wong Cilaka, Mareka”*)

KPJ 84. MARA WONG DOSA, WONG CILAKA, MAREKA

Do=A 4/4 khitmad

- 1) Mara wong dosa, wong cilaka,
mareka mring Gusti Pamarta;
temah binirat dosa nira,
krana gunging sihnya.

Reff. : Saiba karaharjanira, yèn wus manjing pracaya,
sinung begja ing gesangira, uwal sing antaka.

- 3) Aja semaya, gya mareka,
wit tan ngerti praptaning pati.
Gusti ngantya mring tobatira,
krana sih-rahmatnya.

Reff. :

PS: Para sadhèrèk, mlebeta dhateng mangsa pamratobat saha
siyam kanthi tumenga dhumateng Gusti Allah Ingkang
Maha Asih.

U: **Kawula badhé tumenga dhumateng katresnanipun
Gusti.**

PS: Tindakna kanthi tulus kalawan ngluhuraken Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS: Tampènana berkahipun Gusti:

Déné Allah sumbering sakèhé sih-rahmat, kang wis nimbali
kowé kabèh ana ing Kristus marang kamulyané kang
langgeng, bakal nyampurnakaké, neguhaké, nyantosakaké
sarta ngukuhaké kowé, sawusé kowé padha nandhang
sangsara sawatara mangsa.

Sih-rahmat saha tentrem rahayu saking Allah Rama, Putra,
tuwin Roh Suci nunggila ing kita sami. Amin.

U: (Ngidungaken “Hosiana, Amin”) **Hosiana (5x), Amin
(3x)**

[wsn-den]



BAHAN LITURGI

Minggu Pra Paskah kaping 1

Minggu, 9 Maret 2025 (Wungu)

Katrangan:

U: Umat

L: Lèktor

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PS: Pamedhar Sabda

**Ngadhepi
Warni-warnining
Panggodha**



PACAWISAN

***(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)***

- Organisme/pianis/juru musik kanthi lirih ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos Pasamuwan kawaos.

TIMBALAN NGABEKTI

(Jumeneng)

P/D1: Pasamuwan ingkang dipuntresnani Gusti, Pangibadah Pra-Paskah kapisan punika mujudaken tandha pangucap sokur kita awit saking Welas-asihipun Gusti Allah. Sumangga kita lumebet ing ibadah punika kanthi pangraos ingkang kekah santosa bilih inggih Gusti punika ingkang setya ngrimati saha karenan mulihaken gesang kita. Mila sumangga sesarengan kita ngluhuraken Gusti kanthi pepujèn ing Jabur Masmur 100:1-5.

P/D1: Hé bumi kabèh, padha surak-suraka ana ing ngarsaning Yéhuwah.

U: **Padha ngabektia marang Pangéran Yéhuwah kalawan sukarena, padha sowan ing ngarsané kambi surak-surak!**

P/D1: Padha sumurupa manawa Pangéran Yéhuwah iku Gusti Allah, Panjenengané iku kang nitahaké kita lan kita dadi kagungané, umaté lan pepanthan wedhus ngèn-ngénané.

U: **Padha lumebua liwat ing gapurané kalawan**

memuji asmané, lumebua ing platarané kalawan kidung pangalembana, ngaturna pamuji sokur lan ngluhurna asmané.

P/D1: Amarga Pangéran Yéhuwah iku becik, sih-kasetyané iku kanggo ing salawasé, lan kasetyané lestari turun-tumurun.

P/D1: Kita unjukaken pamuji sokur kanthi ngluhuraken Gusti lumantar Kidung Pasamuwan Jawi 182:1, 3 “Puji Sokur lan Panggungggung”.

U: *(Ngidungaken **KPJ 182:1, 3 “Puji Sokur lan Panggungggung”**)*

182. PUJI SOKUR LAN PANGGUNGUNG

Do=G 4/4

1) Puji sokur lan panggungggung konjuk mring Hyang Maagung, kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya.
Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran.
Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrèhnya.

3) Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya, kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa.
Kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati, saèstu manggya raharja, mulya langgeng ing swargi

VOTUM

(Jumeneng)

PS: Kita lumebet ing ibadah Pra-Paskah kapisan punika kanthi pangaken: pitulungan kita ingkang seyaktos punika Gusti ingkang nitahaken langit, bumi saha saisènipun, saha ingkang setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun kababar.

U: *(Ngidungaken)* **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

(Jumeneng)

PS: Sih-rahmat saha tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para Sadhèrèk sadaya.

U: **Nunggila ing Panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA

(Lenggah)

P/D2: Gesang ingkang kita lampahi ing jagat punika, mujudaken

patrap jiyarahing gesang sesarengan kaliyan Gusti Allah dalah sesami. Ing ngrika, kababar warni-warni pandadar saha pacobèn. Niba tangi tuwin kangèlaning gesang, kita adhepi. Tuladhanipun Sang Kristus nenuntun kita kanggé tanggon salebetipun ngadhepi warni-warnining panggodha. Sang Kristus nuntun kita mlampah ngadhepi saben pandadaring gesang ingkang tumanduk. Gusti Allah sumbering gesang, tansah ngèngetaken kita kanggé tansah ngèngeti Sih-katresnanipun Gusti ingkang lumèbèr ing gesang kita. Dados pitados dhateng Katresnanipun Gusti ingkang tanpa winates ndamel kita saged lestantun mbudidaya. Sih-kamirahanipun Gusti punika tanpa pedhot menggahing gesang kita. Gusti Allah punika ingkang ngreksa tuwin ngrimati kita. Gusti Allah punika ingkang nyawisi punapa ingkang kita betahaken. Menawi kita rumaos ayem tuwin tentrem, punika sadaya amargi Gusti Allah tansah nunggil gesang kita. Kasetyanipun Gusti dhumateng Umatipun, mulihaken, nyarasaken saha maringi pangajeng-ajeng kanggé saben tiyang ingkang pitados sarta suméndhé dhumateng Panjenenganipun.

U: (Ngidungaken **KPJ 2:1 - 3 “Allah Mahasuci”**)

KPJ 2. ALLAH MAHASUCI

Do=G 4/4 6/4

- 1) Allah Maha suci, kula asung puji
ing pangibadah puniki
agung kamulyanta, ageng sih Paduka
kang nitahken jagad raya.
Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri
ngreksa lan ngrimati.
- 2) Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya
kawula nlangsani dosa.
Mugi angapunten sarta nucèkaken,
temah gesang kula ayem.
Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra,
jumeneng Pamarta.
- 3) Dhuh Allah Mamirah, sru adrenging manah,

kula sami nyadhong berkah.
Nggih sabda kang suci, sabdanipun Gusti,
kang paring gesang sejati.
Pinuji Roh Suci kang ngénggalken budi,
nilar gesang lami.

PANGAKEN DOSA

(Lenggah)

PS: Sumangga sesarengan kita raos-raosaken Sabdanipun Gusti
Yésus Kristus ing Lukas 10:26-27 ingkang makaten:

Paring wangsulané Yésus, "Kang tinulis ing Torèt
kepriyé? Apa kang kokwaca ing kono?" Atur wangsulané
wong iku, "Kowé tresnaa marang Pangéran, Allahmu,
kalawan gumolonging atimu, kalawan gumolonging
nyawamu sarta kalawan gumolonging kakuwatanmu,
apadéné kalawan gumolonging budimu. Lan tresnaa
marang sapepadhamu dikaya marang awakmu dhéwé."

Menawi kita raos-raos kanthi temen, mboten wonten
satunggal tiyang kémawon ing antawis kita ingkang
kecongah netepi dhawuh punika sawetahipun.
Nindakaken karsanipun Sang Rama ing Swarga, kebak
warni-warnining panggodha. Kita ènget bilih kita langkung
asring mboten setya dhumateng Gusti, kita asring dhawah
nalika manéka warni panggodhaning gesang tumanduk ing
gesang kita. Kita langkung asring mentingaken dhiri kita
piyambak. Mila saking punika, sumangga kanthi tulus saha
kanthi sawetahing manah, kita télakaken panelangsa tuwin
pamratobat ing ngarsanipun Gusti saha sesami kanthi
suraosing Kidung Pasamuwan Jawi sekawandasa gangsal,
pada sapisan dumugi sekawan.

U: (Ngidungaken **KPJ 45:1-4 "Anèng Ngarsané Gusti"**)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.
- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Awit saking sih-piwelasipun Gusti ingkang tanpa winates, Panjenenganipun karsa nampèni kawedalipun panelangsaning Umatipun. Pamratobat ingkang dipun-lairaken kanthi tulus badhé mulihaken. Pramila ingkang Mahatresna nindakaken pangapunten tuwin panebusaning dosa lumantar Pakaryanipun ingkang luhur saha mulya.

Wedal samangké, tampènana Sabda ing Roma 5:8-9,

“Nanging Allah wus ngatingalaké sihé marang kita ing bab iki, nalika kita isih kawengku déning dosa, Kristus wis nglampahi séda kanggo kita. Luwih manèh, awit kita saiki wis padha kabeneraké sarana rahé, mulané kita mesthi bakal kaslametaké lantaran Panjenengané saka bebenduning Allah.”

Awit saking punika, ampun dipun bucal tanpa tanja, malah ampun ngantos gojak-gajeg kirang pitados dhumateng Pangorbananipun Gusti tumrap kita. Tetepa setya tuwin mbangunturut ngantos kita wangsul dhateng ngarsanipun Gusti. Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

U: (Ngidungaken **KPJ 123:1, 2 “Kula Pitados M’ring Gusti”**)

KPJ 123 KULA PITADOS MRING GUSTI

Do=E 4/4

- 1) Kula pitados mring Gusti peparang ingkang kekah.

Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah.

Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos.

Prahara nguber jaladri, kula tatag ing batos.

Reffr. : Kula tan was sumelang; Gusti tan nilar kula.

Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabda-Nya

- 2) Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya.
Ngrerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing pandonga.
Siyaga tansah leladi ing sakatoging driya
Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada.
Reffr. :

PALADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (*nDedonga nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

U: (*Ngidungaken* **KPJ 192:1** **“Isining Kabar Kabingahan”**)

KPJ 192. ISINING KABAR KABINGAHAN

Do=F 4/4

- 1) Isining kabar kabingahan winangsit ken déning Pangéran,
dadya srana paring piwulang margining kautaman.
Reff. : Dimèn tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Pangandharing Torèt 26:1-11**.
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti
Pangandharing Torèt 26:1-11, kanthi maos **Jabur Masmur 91:1-2, 9-16**, kanthi gegentosan.

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Roma 10:8b-13**.
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking Injil **Lukas 4:1-13**.
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang Rahayu
inggih punika para tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun
Gusti saha ingkang nggatosaken tuwin netepi kanthi setya
wonten ing gesang pandintenan. **Hosiana.**

U: (Ngidungaken **Hosiana** manut ungeling **PJ 470**)

Kotbah “Ngadhepi Warn-warning Panggodha”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados (*Jumeneng*)

P/D3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita akeni saha kita kekahaken malih menggahing punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

Pandong Syafaat

(*Lenggah*)

PS: (Ngonjukaken *pandong syafaat*).

PISUNGSUNG

(*Lenggah*)

P/D4: Pangucap sokur ingkang kita télakaken ing salebeding ibadah kanthi ngonjukaken pisungsung wekdal samangké, kita talesi sabdanipun Gusti kados ingkang dipun ngandikakaken déning Rasul Paulus ingkang kaserat ing 1 Tésalonika 5:18,

“Padha ngunjukna panuwun ing sabarang prakara, awit iku kang dikarsakaké déning Allah ana ing Kristus Yésus tumrap kowé.”

U: (Ngidungaken **KPJ 186:1-3 “Urip Kang Samesthiné”**)

KPJ 186. URIP KANG SMESTHINÉ

Do=Bes 4/4

- 1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sokur,
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.
Reff. : Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !
- 2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku.
Reff. :

- 3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur ?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.
Reff. :

Pandong Pisungsung

(Jumeneng)

P/D4: *(Nuntun pandonga pisungsung, pungkasaning pangibadah, tuwin Donga Rama Kawula)*

Kidung Pangutusan

(Jumeneng)

U: *(Ngidungaken **KPJ 57: 1, 2 “Nikmating Donya Nggodha Ati”**)*

KPJ 57. NIKMATING DONYA NGGODHA ATI

Do=G 6/4

- 1) Nikmating donya nggodha ati,
mikata kita dimèn nebih Gusti,
lan kabèh iku tan nguripi,
ning nggèndèng kita mring telenging pati.
Reff. : Aja randhat umareka,
sowana ing dina iki uga.
Gusti wus ngantya mring sira
lah Pangayomanmu kang tuhu sejati
- 2) Mara mbuwanga sengsemira,
wit iku panyidra lan pamblasar,
ninggala dosa lan duraka,
ngungsi mring Gusti sira mesthi luwar.
Reff. :

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Lestantuna setya tuwin kekah santosa ngadhepi warni-
warni panggodhaning gesang, saha enerna manah
panjenengan dhumateng Gusti Allah,

U: **Kawula nggeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Dadosa seksi kagem Sang Kristus.

U: **kawula cumawis dados seksi kagem Sang Kristus.**

PF: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké ngantos salami-laminipun.**

PS: Mengkera kanthi sukabingah, émuta Sabdanipun Gusti,

bilih Panjenenganipun tansah makarya ing gesangipun para Sadhèrèk sadaya. Lampahana gesang kanthi kebak kasetyan saha kateguhan, tansaha saos sokur saha tumemena nindakaken Timbalanipun Gusti. Gusti ngiring gesang panjenengan kanthi Berkahipun,

BERKAH

(Jumeneng)

PS: Pangéran Yéhuwah mugè maringi berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah mugè nyunarakèn cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah mugè karsaa nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu, Amin.

U: (Ngidungaken **“Hosiana! Amin! Manut ungelipun KPJ 472) Hosiana** (5X), **Amin** (3X).

[da-den]



BAHAN LITURGI

Minggu Pra-Paskah kaping 2

Minggu; 16 Maret 2025

Katerangan:

PS.: Pelados Sabda

M: Majelis

U: Umat

L: Lèktor

Ngrengkuh Salibipun Sang Kristus



PACAWISAN

***(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)***

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu pujian ingkang nyawisaken pasamuwan lumebet ing salebeting pangibadah ingkang badhé kaleksanan.
- Warga pasamuwan sami ening, cecawis dhiri lumebet ing pangibadah.
- Pamaosing wartos pasamauwan.

TIMBALANING PANGIBADAH

(jumeneng)

M1: Pasamuwan ingkang dipuntresnani Gusti,
Dinten punika, kita sami lumebet ing pangibadah Minggu Pra-Paskah ingkang kaping kalih. Sumangga kita miwiti pangibadah kita kanthi antebing pitados bilih Gusti tansah setya tuhu ngrimati lan mulihaken gesang kita sami. Pangrengkuhing sih-katresnanipun Gusti saèstu nyata ing salebeting gesang kita. Awit saking punika, sumangga kita sami sesarengan muji sokur dhumateng Gusti lumantar Jabur Masmur 136: 1 – 6.

M1: Padha saosa puji marang Pangéran Yéhuwah, sabab Panjenengané iku becik!

U: **Awit langgeng sih-kadarmané.**

M1: Padha saosa puji marang Allahé para allah!

U: **Awit langgeng sih-kadarmané.**

M1: Padha saosa puji marang Gustiné para gusti!

U: **Awit langgeng sih-kadarmané.**
M1: Marang Panjenengané kang nindakaké kaélokan gedhé piyambakan.
U: **Awit langgeng sih-kadarmané.**
M1: Sumagga kita sami memuji asmanipun Allah sarana ngrepèkaken kidung KPJ 181: 1-3
U: (Mujèkaken **KPJ 181: 1-3 Puji Sokur Konjuk Gusti**)
KPJ 181. PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka
Datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta
Sokur paringing pakaryan, nadyan badanmba ringkih
Sokur déné kadang mitra, tansah anandukken sih
- 2) Sokur déné sesekaran, sedhep éndah ing warni
Sokur méga ngantariksa, miwah surya ndhadhari
Sokur krana bingah sisah, Gusti tansah rumeksa
Awit Paduka kang tansah, nuntun lampah kawula
- 3) Sokur wit brayat kawula rukun samya sinihan
Sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman
Sokur krana wancinira bingah utawi sisah
Sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah

VOTUM (jumeneng)

PS: Kita lumebet ing pangibadah Pra-Paskah ingkang kaping kalih punika sarana pangaken:
Pitulung kita ingkang sejati inggih namung Gusti ingkang sampun nitahaken langit kaliyan bumi dalah saisinipun, lan ingkang tansah setya tuhu netepi prasetyan kawilujenganipun ingkang sampun kaprasetyakaken.
U: (Mujèkaken **KPJ 464b Amin**) "**Amin, Amin, Amin**"

SALAM (jumeneng)

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti kita Yésus Kristus mugè nunggila ing panjenengan sadaya.
U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(lengggah)

M2: Ngetut-buri Yésus mboten ateges bilih gesang padintenan kita badhé tansah mbingahaken lan kaèbekan déning sadaya raos ayem tentrem. Wonten paribasan ingkang mungel: sangsaya wit-witan punika thukul inggil, sempyoking angin ugi badhé karaos sangsaya ageng. Lajeng kados pundi caranipun kita ngadhepi kanyatan gesang ingkang makaten punika? Punapa kita badhé sembada ngadhepi trajangipun angin punika? Utawi punapa kita badhé tilar glanggang colong playu?

Lumantar tuladhanipun Sang Kristus, kita sami dipunatag wantun ngadhepi bebayaning gesang kanthi antebing pitados. Gusti babar pisan mboten gigrig ngadhepi margining salib, kosok-wangsulipun Panjenenganipun kanthi kebak kekendelan ngadhepi bebayaning margi salib kalawau. Punika mulang kita sadaya, supados tansah nilingaken Pangandikanipun, sanadyan ing salebeting gesang punika kita kedah manggihi manékawarni panandhang ingkang mrihatosaken punapadéné ugi menawi kita sami ngraosaken kabingahan ing salebeting gesang punika. Sarana makaten, kita badhé tansah kapitulungan kanggé tetep setya tuhu dhumateng Panjenenganipun lan mboten madeg dados satru-satru salibipun Sang Kristus

U: (mujèkaken **KPJ 99: 1, 3, 5 Aku Duwé Pamarta**)

KPJ 99. AKU DUWÉ PAMARTA

- 1) Aku duwé Pamarta, Yésus Kristus asmanya
Kang wus ngorbanken sarira, ngruwat aku sing dosa
Reff. Satuhu, Gustiku Yésus Kristus Pamartaku
Dak puji trusing kalbu
- 3) Aku duwé Pamarta, putrèng Allah pribadya
Yèn aku karoban susah, tinunggil mrih tan lesah
Reff.
- 5) Aku duwé Pamarta, sih-rahmaté tan kendhat
Yèn aku tumibèng dosa, dèn tuntun mring pitobat
Reff.

PANGAKENING DOSA

(lenggah)

PS: Sumangga kita sesarengan sami ngraos-ngraosaken pangandikanipun Gusti Yésus ingkang sinerat wonten ing Injil Matius 22:37-39 "Paring wangsulané Gusti Yésus:

"Sira tresanaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. Déné angger-angger kang kapindho, kang padha karo iku, yaiku: Sira trenaaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé."

Mboten wonten satunggal kémawon ing antara kita ingkang saged kanthi sampurna netepi karsanipun Sang Rama ingkang wonten ing swarga punika kanthi wetah. Kita sami nglengganani bilih kita asring mboten setya tuhu dhumateng Gusti, awit kita sami langkung nengenaken kapreluan kita pribadi. Awit saking punika, kanthi tulusing manah, sumangga kita sami nélakaken panalangsa kita lan sami mratobat wonten ing ngarsanipun Gusti sarana mujèkaken kidung KPJ 44: 1-3

U: (Mujèkaken **KPJ 44: 1-3 Aku Wong Kang Dosa**)

KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti
Temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci
Reff. Sang Kristus Gusti, Panebus yekti
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur
- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
Ingkang saged ngluwari, kawula saking dosa
Reff.
- 3) Nggèn kula nyenyuwun, kang dados landhesan
Dèdè labet kawula, nggih namung sih Paduka
Reff.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(jumeneng)

PS: Karana sih-kawelasanipun ingkang tan winates, Gusti

kepareng nampèni panalangsa panjenengan sami. Patobat ingkang katindakaken kanthi tulusing manah, mesthi badhé mulihaken gesang panjenengan sami. Inggih karana makaten ingkang Maha Tresna badhé ngapunteni lan paring pangluwaran lumantar pakaryanipun ingkang agung lan luhur. Pramila sami tampènana sabdaning nugraha kados ingkang sinerat wonten ing serat **Yakobus 1:12** "*Rahayu wong kang tanggon sajroné kena ing panyoba, jalaran manawa wis katitik tanggon, bakal nampani makuthaning kauripan, kang wis kaprasetyakaké déning Gusti Allah marang wong kang padha tresna ing Panjenengané .*"

Adhedhasar pagandika punika mugèni kita sami tetep nggadhahi pangajeng-ajeng dhumateng Gusti. Tetepa setya tuhu ngrengkuh salibipun Sang Kristus ngantos kita sami nampèni makuthaning kamulyan. Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Allah**

U: (Mujèkaken **KPJ 271: 1-3 Sang Pamarta Séda Paduka**)

KPJ 271 SANG PAMARTA SÉDA PADUKA

- 1) Sang Pamarta, séda Paduka, ngluwar kula sing ukuman
Iba gunging pitulungan, Gusti kang nebus kula
Dé kula nyaur napa, dé kula nyaur napa
Gusti kang nebus kula, dé kula nyaur napa
- 2) Kala Gusti pinisakit, rahipun ndlèwèr ing salib
Wah kang srira tatu wradin, Gusti nglabuhi kula
Dé kula males napa, dé kula males napa
Gusti nglabuhi kula, dé kula males napa?
- 3) Kula isin yèn kémutan, nggèn kawula kesambutan
Mangka sring taksih klepatan, kula mugèni winulang
Animbangi sihing Gusti, animbangi sihing Gusti
Kula mugèni winulang, animbangi sihing Gusti

PELADOSAN SABDA

(lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

U: (Mujèkaken **KPJ. 194: 1, 2, 4 Kitab Suci Kang Adi**)

KPJ 194. KITAB SUCI KANG ADI

- 1) Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
Éndah saklangkung éndah, nugraha saking Allah
Nugraha saking Allah
- 2) Lembar sabda Paduka, nuntun gesang kawula
Dadya pedhang menjila, tamèng saking bebaya
Tamèng saking bebaya
- 4) Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
Ngreksa wiwit cilikku, ngedohken siksa pati
Ngedohken siksa pati

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking **Purwaning Dumadi**
15:1-12, 17-18

Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: **Mazmur 27** kawaos sacara imbal-imbalan (utawi
kadarasaken)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking serat **Filipi 3:17-4:1**
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking **Lukas 13:31-35.**

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken
Sabdanipun Gusti lan ugi sami kaèstokaken kanthi setya tuhu
wonten ing gesang padintenanipun. HOSIANA.

U: (mujèkaken **Hosiana** manut ungeling **KPJ 468**)
Hosiana, Hosiana, Hosiana.

Khotbah “Ngrengkuh Salibipun Sang Kristus”

Wekdal Ening

Pangaken Pitdos Rasuli (jumeneng)

M3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadaya jaman, sumangga kita sami ngikraraken lan ngantebaken pitados kita sarana sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

Pandong Syafaat (lenggah)

PS: (Nglantaraken pandonga syafaat)

ATUR PISUNGSUNG (lenggah)

M4: Atur panuwun kita badhé kita unjukaken sarana ngaturaken pisungsung, kanthi ngèngeti pangandikanipun Gusti kados ingkang sinerat wonten ing serat **Roma 12: 1** "*Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sejati.*"

U: (Mujèkaken **KPJ 162: 1-3 Katur Ngarsa Paduka Gusti**)
KPJ KATUR NGARSA PADUKA GUSTI

- 1) Katur ngarsa Paduka Gusti, sawetahing gesang kula
Jiwa lan raga kula mugi, aso nèng asta Paduka
Manah kula tansah lipura, sumaos mring kang Maha Kwasa
- 2) Srana Gusti kawula Yésus, Pduka paring Panebus
Tresna miwah suka pirena, Paduka srahken mring kula
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari
- 3) Katresnanta, Paduka Gusti, wonten ing Yésus kawedhar
Kula pasrah kang trusing ati, sumarah kalayan lejar
Kula sèstu rumaos begja, linubèran rahmat Paduka

Padonga atur pisungsung

(jumeneng)

M4: (Nuntun pandonga pisungsung, panutuping pangibadah lan donga Rama Kawula)

Pepujèn Pengutusan

(jumeneng)

U: (Mujèkaken **KPJ 266: 1-3 Nulada M'ring Sang Pamarta**)
KPJ 266. NULADA MRING SANG PAMARTA

- 1) Nulada mring Sang Pamarta Gusti,
kang karenan amitulungi
Lembah ing manah ngesorken dhiri,
kang anyatroni tetep dèn tresnani
Reff. Kristus Gusti, Sang Pamarta,
karsa manjalma nandhang sangsara
ngalami papa, sinalib séda,
iku babaring tresna
- 2) Sengkud makarya, ing pamrih sepi
Kang anèng telenging wardaya,
amung rahayuning tyang sabumi
mila tetep nulada Sang Pamarta
Reff.
- 3) Datan males pinoyok tyang kathah,
pinisakit tanpa rinasa
Malah tulus dènnya andum berkah,
tansah nyuwunaken sih pangaksama
Reff.

PENGUTUSAN

(jumeneng)

PS: Manteba lan enerna manah panjenengan dhateng Gusti

U: **Kawula sami ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PF: Dadosa para seksinipun Kristus

U: **Kawula siyaga dados seksi-seksinipun Kristus**

PF: Pinujia Rama Allah kita

U: **Samangké lan salaminipun**

PF: Mengkera kanthi kebak raos kabingahan, lan sami èngeta

Sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya ing salebeting gesang panjenengan. Nglampahana gesang ing salebeting raos kebak pamuji sokur lan sami tansah setya nindakaken timbalanipun Gusti. Gusti tansah njampangi gesang panjenengan sarana berkahipun.

LUMUNTURING BERKAH (Irlandia)

PS: Allah mugi ngamping-ampingi lampah gesang panjenengan lumantar sumiliring angin ing sakiwa tengen panjenengan. Allah mugi ngamping-ampingi lampah gesang panjenengan lumantar sunaring surya ingkang nyunari pasuryan panjenengan dalah tumuruning jawah ingkang nelesi bumi. Allah mugi nyepengi asta panjenengan kenceng, lan sih-katresnanipun nuntun panjenengan ngantos ing salami-laminipun.

(Berkah saking Irlandia ingkang kajarwèkaken kanthi kajumbuhaken ing kawontenanipun pasamuwan).

U: (mujèkaken **Hosiana! Amin!** Manut ungeling **KPJ 472a**)
Hosiana (5x), Amin (3x)

[yk-ytd]



BAHAN LITURGI

Minggu Pra-Paska kaping 3

Minggu; 23 Maret 2025

Katerangan:

PS.: Pelados Sabda

M: Majelis

L: Liturgos

U: Umat

Lk: Lèktor

**Ngraosaken
Sih-Nugrahanipun
Allah
ing Salebeting
Patobat
❧❧❧**

PACAWISAN

***(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)***

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu pujian ingkang nyawisaken pasamuwan lumebet ing salebeting pangibadah ingkang badhé kaleksanan.
- Pasamuwan cecawis dhiri ing salebeting wekdal ening samapta lumebet ing pangibadah.
- Maosaken pawartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH

(jumeneng)

- L: Pasamuwan ingkang dipuntresnani déning Gusti, sumangga kita sami marek wonten ing ngarsanipun Gusti kanthi adrenging manah manembah sujud kanthi gumolonging manah. Sumangga marek sujud wonten ing mesbyahipun ingkang suci, kados kekidungan masmur ing salebeting Mazmur 22:28-32
- L: Poncot-poncoting bumi bakal éling marang iku lan banjur mratobat marang Sang Yéhuwah
- U: **Para bangsa turun temurun badhé sami sujud nyembah wonten ngarsa Paduka**
- L: Amarga Sang Yéhuwah kang kagungan karaton, Panjenengané kang ngerèh bangsa-bangsa
- U: **Wong gumedhé ing bumi bakal padha sujud nyembah kabèh marang Panjenengané**

L : Para tedhak turuné padha ngabekti marang Panjenengané, sarta martakaké bab Sang Yéhuwah marang para turuné.

U: **Iku kabèh bakal padha martakaké kaadilané marang bangsa kang mengko bakal lair marga iku wus katindakaké déning Panjenengané.**

L : Sumangga kita pujèkaken kidung pamuji dhumateng Allah lumantar Kidung KPJ 272: 1-3.

U: (Mujèkaken **KPJ 272: 1-3 Sihé Allah Maring Jagad**)
KPJ 272. SIHÉ ALLAH MARING JAGAD

1) Sihé Allah maring jagad, ngantos nyrahken kang Putra
Mring campah lan kawirangan, drapon jagad slameta
Duk taksih samya duraka, kula sinungan welas.
Séda Putraning Allah anebus kula sing nraka,
Allah asih, manungsa lan mlaékat mujia

3) Yéku sih kang ngéramaken, tanpa tandhing tur mirah
Tyang dosa karukunaken, manjing putraning Allah
Nadyan agetun dé apes, lan risaking tyas kula
Sihé Rama kang setya, nulungi lan mirma ageng
Allah asih, manungsa lan mlaékat mujia

3) Napa biyung saged téga, bayiné manggih tiwas?
Napa pantes rama rena, kolu risaking anak
langkung malih, adhuh Rama kang mirsa ribed kula
Gusti mlasi pra putra kang sampun sinung aksama
Allah asih, manungsa lan mlaékat mujia

VOTUM

PS: Sumangga kita lumebet ing salebeting pangibadah Pra-Paskah igkang kaping tiga punika, kanthi sesarengan ngakeni bilih pitulungan kita punika namung wonten ing asmanipun Yéhuwah Allah ingkang sampun nitahaken langit kaliyan bumi.

U: **(mujèkaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan

saking Gusti kita Yésus Kristus mugi nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(lenggah)

L: Sih-nugrahanipun Allah tumrap kita sadaya saèstu ageng. Punika tansah kita raosaken dinten mbaka dinten. Allah nresnani lan ngasihi kita sarana katresnan ingkang mboten naté saged jinajagan. Welas-ashipun nyagedaken kita ngrumaosi bilih kawontenan kita ing wanci punika saèstu aji wonten ing ngarsanipun. Namung karana sih-kawelasanipun dhumateng kita, gesang ingkang nembé kita lampahi saèstu aji. Saiba anggèn kita sami muji sokur dados umat kagunganipun ingkang saèstu dipun asih. Welas ashipun Gusti dados landhesan ingkang kiyat, ingkang nyagedaken kita sami ngraos-ngraosaken ajining patobat ing wanci Pra-Paskah ingkang kaping tiga punika. Patobat ingkang sami kita lampahi kanthi tulusing manah, awit Panjenenganipun langkung rumiyin ngasihi kita saha karsa nampèni kita punapa wontenipun. Nadyan ing salebeting kasèkèngan lan tanpa daya awit sipat winates kita, Panjenenganipun tetep asih darma dhumateng kita.

U: (Mujékaken **KPJ 68: 1-3 Allah Maasih**)

KPJ 68. ALLAH MAASIH

- 1) Allah Maasih, asung putranya,
Allah Maasih mring manungsa
Reff. Mila kula ngidung Allah Maasih,
Allah Maasih Mring manungsa
- 2) Gusti ingutus, dadya Pamarta
Gusti ingutus nebus kula
Reff.
- 3) Gusti Pamarta, ngurbanken nyawa
Gusti Pamarta mbirat dosa
Reff.

PENGAKENING DOSA

PS: Dhuh Gusti, kawula ngakeni asring dados titah ingkang mboten preduli dhumateng sesami kawula ingkang mbetahaken pitulungan.

U: (mujèkaken **Gusti Angasihi** manut ungelipun lagu **Kidung Jemaat 42**)

GUSTI ANGASIHI

Gusti angasihi, paringa aksami

Gusti paring asih mring kula

PS: Dhuh Gusti, kawula ngakeni bilih kawula asring namung nengenaken kapreluan kawula pribadi. Kawula namung mburu nyekapi punapa ingkang dados kabetahan kawula pribadi lan nyupèkaken kabetahaning sesami.

U: (mujèkaken **Gusti Angasihi** manut ungelipun lagu **Kidung Jemaat 42**)

GUSTI ANGASIHI

Gusti angasihi, paringa aksami

Gusti paring asih mring kula

PS: Dhuh Gusti, kawula ngakeni bilih kawula taksih nyimpen kathah raos sengit ing salebeting manah kawula. Kawula ngakeni mboten saged kanthi gampil ngapunteni sesami kawula ingkang kalepatan dhateng kawula.

U: (mujèkaken **Gusti Angasihi** manut ungelipun lagu **Kidung Jemaat 42**)

GUSTI ANGASIHI

Gusti angasihi, paringa aksami

Gusti paring asih mring kula

PS: Dhuh Gusti, makaten sadaya pangakening dosa-dosa kawula ingkang kawula unjukaken kanthi tulusing manah dhumateng Paduka. Kawula nyadhong sih-kawelasan Paduka. Mugi paring pangaksama. Amin.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(jumeneng)

PS: Sumangga kanthi bingahing manah kita tampèni pawartos sih-rahmat-pangapuntening dosa saking Gusti, kados ingkang sinerat wonten ing **Yésaya 55:7**:

Wong duraka karebèn ninggal dalané, lan wong ala cikbèn ninggal pangrantamé; karebèn mratobat marang Sang Yéhuwah, mesthi bakal kaparingan sih-palimirma, sarta marang Gusti Allah kita, sabab Panjenengané bakal nglubèraké pangaksamané.

Makaten pawartos pangapuntening dosa saking Gusti kagem panjenengan sadaya. Tentrem rahayunipun Sang Kristus mugè wontena ing panjenengan sadaya!

U: (mujèkaken **KPJ 337: 1-3 Dahat Nyawaku Arerem**)
KPJ 337. DAHAT NYAWAKU AREREM

- 1) Dahat nyawaku arerem, lan atiku ayem tentrem
Wit kang Makwasa karsa dadi, etuking karaharjanku
Pamomongku setya tuhu, wah bebètèng lan pangungsènku
Aku mesthi datan rebah, wit rineksa déning Allah.
- 2) Dhuh nyawaku sinaosna, reremira ing wardaya
Mring Allah kang dakanti-anti. Déné Yéhuwah Pangéran
Kang dadi parang santosa, pangauban lamun siniya
Aku mesthi tan gumiwang, wit Allah kang mengku gesang
- 3) Allah Maluhur kang dadi, tukung berkahing pra abdi
Peparangku kang asantosa, Hé bangsaku kumandela
Mring Allah ing salaminya, sarasaning driya saosna
Mring Allah kang Mahasetya, kang dadi pangungsèn kita

PELADOSAN SABDA

(lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

Waosan kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking **Yésaya 55:1-9**
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita sami tanggapi Pangandikanipun Gusti sarana maos imbal-imbalan **Jabur Masmur 63:1-8** (utawi kadasaraken)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **1 Korinta 10:1-13**
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking **Lukas 13:1-9** (*jumeneng*)
Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, rahayu kita sami ingkang mboten namung mirengaken lan maos pangandika, nanging kanthi setya tuhu ngrimati lan nindakaken dalah ngabaraken Injil punika ing gesang padintenan. HOSIANA.

U: (mujèkaken lagu **Hosiana** manut ungeling **KPJ 468**)
Hosiana! Hosiana! Hosiana!

Kootbah

(*lenggah*)

“NGRAOSAKEN SIH-NUGRAHANIPUN ALLAH ING SALEBETING PATOBAT”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados Rasuli

(*jumeneng*)

M: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadaya jaman, sumangga kita ikraraken lan antebaken malih punapa ingkang sampun kita pitadosi sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli:

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

Pandongan syafaat

(*lenggah*)

PS: (Nglantaraken pandonga syafaat)

ATUR PISUNGSUNG

(*lenggah*)

M: Sumangga kita sami ngaturaken panuwun sokur kita ing salebeting pisungsung sarana kita talesi Pangandikanipun

Gusti ingkang pinanggih wonten ing Jabur Masmur 119:108
*“Dhuh Yéhuwah, sesaosan manasuka ingkang awujud
kidung pepujian punika, mugé sageda ndadosaken
kepareng Paduka, sarta kawula mugé kawulanga bab
pranatan Paduka.*

U: (mujèkaken **KPJ 181:1-3 Puji Sokur Konjuk Gusti**)
KPJ 181. PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka
Datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta
Sokur paringing pakaryan, nadyan badanma ringkih
Sokur déné kadang mitra, tansah anandukken sih
- 2) Sokur déné sesekaran, sedhep éndahing warni
Sokur méga ngantariksa, miwah surya ndhadhari
Sokur krana bingah sisah, Gusti tansah rumeksa
Awit Paduka kang tansah, nuntun lampah kawula
- 3) Sokur wit brayat kawula rukun samya sinihan
Sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman
Sokur krana wancinira, bingah utawi sisah
Sokur dé gesang kawula, nèng pamengkuning Allah

Pandonge Atur Pisungsung (jumeneng)

M: (Nuntun pandonga pisungsung, panutuping pangibadah lan
Donga Rama Kawula)

Kidung Pengutusan (jumeneng)

U: (Mujèkaken **KPJ 428: 1-3 Bungaha, Susaha Gusti
Kula Puji**)

KPJ 428 BUNGAHA, SUSAHA GUSTI KULA PUJI

- 1) Bungaha, sisaha Gusti kula puji,
kang mranata gesang kula
Kula rinimatan klayan katresnan,
mila kula pasrah pangrèh-Nya
Reff. Pasraha, pasraha,
ing sapangrèhé Kang Makwasa

- 2) Sapinten awrating momotan kawula,
godha rencana myang sisah,
yèn kawula énggal mulat Sang Putra
Manah kula ènthèng lan bingah
Reff.
- 3) Sanadyan kawula, kasinungan drajat,
kaluhuran miwah pangkat,
tebih kula saking raos gumunggung
Nging tumungkul mring Kang Maagung
Refff.

PENGUTUSAN & BERKAH

(jumeneng)

PS: Tetapa gesang ing salebeting sih-nugrahanipun Allah
ingkang tansah ngawat-awati panjenengan sadaya

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng
Allah ingkang tansah ngawat-awati kawula**

PS: Sami dadosa seksi-seksinipun Sang Kristus

U: **Kawula sami samapta dados seksi-seksinipun Sang
Kristus**

PS: Pinujia Allah kita

U: **Samangké lan ing salami-laminipun**

PS: Allah sumbering sih-rahmat badhé tansah nyarengi
pajenengan sadaya, ngamping-ampingi lampah gesang
panjenengan tuwin mberkahi panjenengan sadaya
samangké ngantos ing salami-laminipun.

U: (mujèkaken lagu **Amin, Hosiana** manut ungeling **KPJ
466**)

[kh-ytd]



BAHAN LITURGI

Minggu Pra-Paskah kaping 4

Minggu; 30 Maret 2025

Katerangan:

PS.: Pelados Sabda

M: Majelis

U: Umat

L: Lèktor

**Nampèni
Minangka
Mitra**
✠✠✠

PACAWISAN

(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngungelaken kidung pepujèn ingkang nyawisaken warga pasamuwan lumebet ing salebeting pangibadah ingkang badhé kaleksanan
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening, cecawis dhiri lumebet ing pangibadah
- Pamaosing pawartos pasamuwan

TIMBALAN PANGIBADAH

(jumeneng)

M1: Pasamuwan ingkang dipuntresnani déning Gusti, dinten punika kita badhé sami mratélakaken raos sokur kita dhumateng Gusti karana katresnanipun Allah ingkang tansah lumintu ing gesang kita sami, lumantar pangibadah Minggu Pra-Paskah ingkang kaping 4. Sumangga kita sami lumebet ing pangibadah punika sarana ngaosi kanthi tumemen lan ugi sarana antebing manah adhedhasar kapitadosn bilih Gusti Allah punika Maha luhur, Gusti ingkang tansah kita puji lan sembah, ugi Gusti ingkang tansah ngluntakaken sih-palimirmanipun dhumateng kita sadaya. Sumangga kita aturaken pamuji sokur kita dhumateng Gusti sarana memuji asmanipun kados ingkang pinanggih ing Kidung Pasamuwan Jawi 20: 1-3

U: (Mujèkaken **KPJ 20:1-3 Pangéran Mamulya**)

KPJ 20. PANGÉRAN MAMULYA

- 1) Pangéran Mamulya, yogya kula puja
Déné agung kadarman-Nya, kang sumrambah mring kula
Datan wonten wicalannya tan kendhat lumintunya
Pangéran, Mamulya, yogya pinuja
Pangéran Mamulya, yogya pinuja
- 2) Pangéran Mamulya, yogya kula puja
Déné karsa maringaken Putranipun pribadya
Dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula
Pangéran Mamulya, yogya pinuja
Pangéran Mamulya, yogya pinuja
- 3) Pangéran Mamulya, yogya kula puja
Dé tan karsa malesaken sagung klepatan kula
Malah dipun sucèkaken sarta ingangkat putra
Pengéran Mamulya, yogya pinuja
Pangéran Mamulya, yogya pinuja

VOTUM

(jumeneng)

PS: Kita lumebet ing pangibadah Minggu Pra-Paskah ingkang kaping 4 punika kanthi pangaken: Pitulung kita ingkang sejati punika namung Gusti Allah ingkang sampun nitahaken langit kaliyan bumi, dalah sadaya isinipun, saha ingkang tansah setya tuhu ngrimati sagung prajanjining kawilujengan ingkang sampun wineca.

U: (mujèkaken **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

(jumeneng)

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita tuwin saking Gusti kita Yésus Kristus mugè nunggila ing panjenengann sadaya.

U: **Mugi nunggila ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(lenggah)

M2: Para sadhèrèk ingkang kinasih, sampun samesthinipun menawi kita atur panuwun sokur dhumateng Gusti, karana kita sampun sami katampèn minangka putra-putranipun

ingkang kinasih. Gusti sampun kepareng nampèni kita sadaya dados warganing brayatipun Allah. Awit saking punika sumangga kita ngangkat manah kita memuji asmanipun Gusti ngrepèkaken kidung pamuji, Kidung Pasamuwan Jawi 32: 1-3

U: (mujèkaken **KPJ 32: 1-3 Swawi Sami Muji Allah**)
KPJ 32. SWAWI SAMI MUJI ALLAH

- 1) Swawi sami muji Allah, Pangéran Mahawlas
Kang tansah nglubèrken berkah, Pangéran Mahawlas
Rinten dalu datan kendhat,
Tansah njangkung mring pra umat,
Swawi muji Kang Murbèngrat, Pangéran Mahawlas
- 2) Tan males dosa duraka, Pangéran Mahawlas
Nging ngegungken sih apura, Pangéran Mahawlas
Ngantos kang Putra kinasih kinurbanaken sinalib
Swawi muji kanthi bingah, Pangéran Mahawlas
- 3) Swawi olah tresna tansah, Pengéran Mahawlas
Pratandha sokur mring Allah, Pangéran Mahawlas
Swawi gesang mursid yekti, tinulungan Sang Roh Suci
Nulad ing tindaké Gusti, Pengéran Mahawlas

PANGAKENING DOSA

(lenggah)

PS: Sumangga kita sami raos-raosaken pangandika ing kitab nabi Yérémia 2:32 ingkang makaten: *“Prawan apa bisa lali marang rerenggané utawa pangantèn wadon marang udhèté Nanging umating-Sun lali marang Ingsun, wiwit ing wektu kang ora kena kaétung lawasé”*. Wonten ing gesang padintenan kita, asring kita sami nyupèkaken Gusti Allah kita. Kita lumampah piyambakan kados-kados kita sagah nglampahi gesang punika tanpa pitulunganipun Gusti. Malah, sangsaya kraos awrat momodaning gesang punika, jebul kita malah sangsaya nebih lan nyupèkaken Gusti. Awit saking punika, sumangga kanthi tulusing manah kita sami nglengganani lan nalangsani sagunging dosa kita wonten ing ngarsanipun Gusti ingkang kita télakaken sarana memuji Kidung Pasamuwan Jawi 268: 1-3.

U: (mujèkaken **KPJ 268: 1-3 Panglipuring Tyang Prihatos**)

KPJ 268. PANGLIPURING TYANG PRIHATOS

- 1) Panglipuring tyang prihatos, klengenaning tyas kula
Sakathah sumlanging batos, kasirnaken sadaya
Sing swarga Gusti kang mulya, karsa tumedhak mriki
Nyaur pundhat utang kula, Gusti gung kula puji
- 2) Iba-iba Gusti mlasi bangsa apes lan nistha
Sing laknat Gusti ngluwari, margi sangsara séda
Riwé, rah, waspa Paduka nèng Gètsémané mili
Ngluwar kula sing ukuman, mbikak mrgining swargi
- 3) Gusti tinuwèk ing galih, déning poyok kang sengak
Benduné Allah kang adil sinanggi Gusti piyambak
Nggirisi Gusti siniya wonten ardi Golgota
Pasrah sinalib sarira, krana jagad duraka

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(jumeneng)

PS: Awit saking sih-piwelasipun ingkang tan winates, Allah kepareng nampèni panalangsa kita sami. Patobat ingkang dipun aturaken kanthi tulusing manah badhé katampi déning Gusti. Awit saking punika, ingkang Maha Asih badhé kepareng maringaken pangapuntening dosa sarana pakaryan panebusan, lumantar pakaryanipun ingkang luhur lan mulya. Samangké sumangga panjenengan tampèni pawartos sih-rahmat ingkang sinerat wonten ing kitab Pangandharing Torèt 8:11 “*Dingati-ati aja nganti lali marang Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahmu, nganti ora netepi pepakèné, pranatané, lan katetepané kang daktuntakaké marang kowé ing dina iki*”.

Makaten pwartos sih-rahmat ingkang saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

U: (mujèkaken **KPJ 72: 1-3 Gusti Kawula Inkang Binerkahan**)

KPJ 72. GUSTI KAWULA INKGANG BINERKAHAN

- 1) Gusti kawula ingkang binerkahan
Séda Paduka sung kawilujengan
Kawula nglari nadyan klayan sisah
Dadosa margi mrih resiking manah
Reff. Resik pethak ngungkuli salju,
manah resik pethak ngungkuli salju
- 2) Gusti kuwula ingkang binerkahan
Dharah Paduka sèstu sipat imam
Katundhunga swarnining brahala
Dimèn kawula resik tanpa cela
Reff.
- 3) Gusti kawula ingkang binerkahan
Mugi lebura salir kasisahan
Kula sinungana énggaling driya
Murih dados resik klayan sampurna
Reff.

PELADOSAN SABDA

(lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

U: (Mujèkaken lagu **Kidung Jemaat 50a: 1, 6**, Lèktor
tumuju papan ingkang cinawis)

SABDANIPUN

(jarwènipun Pdt. Yusak Tridarmanto)

1. Sabdanipun Gusti, dilah suku kawula
Kang sami ngugemi, gesang sukarena
2. Mugi mitulungi nggèn kula prajanji
Badhé anglampahi sagung dhawuh Tuwan

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking **Yosua 5:9-12**
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji Sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tangapi Pangandikanipun Gusti punika sarana maos sesautan **Jabur Masmur 32** (saged ugi kadasaraken)

Waosan ingkang kaping kalih

L3: Waosan ingkang kaping kalih kapendhet saking **2 Korinta 5:16-21**

Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing kitab Injil

PS: Pamaosing kitab Injil kapendhet saking **Lukas 15:1-3, 11b-32**

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken Sabdanipun Gusti, sami dipunrimati, tuwin katindakaken kanthi setya tuhu ing gesang padintenanipun. HOSIANA.

U: (mujèkaken **Hosiana** manut ungeling **KPJ 468**)
Hosiana, Hosiana, Hosiana.

Khotbah “Nampèni minangka Mitra”

Wekdal Ening

Pengakening Pitados Rasuli

(jumeneng)

M3: Sesarengan kaliyan umat ing sadaya jaman, sumangga kita sami ngikraraken lan kita antebaken malih punapa ingkang sampun kita pitadosi sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli ing salebeting pamuji Kidung Pasamauwan Jawi 122

U: (mujèkaken **KPJ 122: 1-4 Kula Pitados**)

KPJ 122. KULA PITADOS

- 1) Kula pitados mring Allah, Sang Rama Kang Makwasa
Inggang nitahaken langit lan bumi saisinga
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus Kang Putra
Ontang-anting lan kekasih, Gusti Pamarta kula

- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwasané Roh Suci
miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit
kala Pontius Pilatus, ingkang ngasta bupatya
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka
- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka dyan minggah
Dhateng swarga, apinarak nèng tengenipun Allah
Sang Rama Kang Makwasa, king ngriku badhé rawuh
Angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah
- 4) Nggih pitados ing Roh Suci, wah malih wontenipun
Pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa
Tanginira para mati, kang sarta gesang baka

Pandonga Syafaat

(lenggah)

PS: (Nglantaraken pandonga syafaat)

ATUR PISUNGSUNG

(lenggah)

M4: Panuwun sokur ingkang kita aturaken awujud caos
pisungsung punika kita lambari Pangandikanipun Allah
kados ingkang sinerat wonten seratipun Rasul Paulus ing 1
Korinta 6:19–20 “*Apa kowé padha ora sumurup, yèn
badanmu iku dadi padalemané Sang Roh Suci kang ana
ing kowé, Sang Roh Suci kang kaparingaké marang kowé
déning Gusti Allah, sarta yèn awakmu iku dudu awakmu
dhéwé? Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar
lunas: Mulané padha ngluhurna Gusti Allah srana
badanmu!*”

U: (mujèkaken **KPJ 167: 1-3 Kula Tansah Ngraosaken
Bingah**)

KPJ 167. KULA TANSAH NGRAOSKEN BINGAH

- 1) Kula tansah ngraosken bingah, wit sih kamirahaning Allah
Ngganjar wilujeng dhateng kula,
lantaran kurbaning Sang Putra.
Mila kula saos pisungsung
tandha sokur mring Allah Maagung

wit yektiné gesang kula,
namung krana lubèring sih-rahmatnya

- 2) Kula tansah manggih kabegjan
Wit karoban ing kamirahan
Saliring kabetahan kula, kacekapan ing wancinira
Mila kula saos pisungsung,
tandha sokur mring Allah Maagung
wit yektiné gesang kula
namung krana lubèring sih-rahmatnya
- 3) Kula sinungan kasarasan, krana sih-mirmaning Pangéran
Temahan saged nambut kardi, Margining pikantuk rejeki
Mila kula saos pisungsung
Tandha sokur mring Allah Maagung
Wit yektiné gesang kula,
Namung krana lubèring sih-rahmatnya

Pandong a tur pisungsung (jumeneng)

M4: (Nuntun pandonga pisungsung, panutuping pangibadah lan
donga Rama Kawula)

Kidung Pengutusan (jumeneng)

U: (mujèkaken **KPJ 451:1- 3 Sumangga Pra Kadang**)
KPJ 451. SUMANGGA PRA KADANG

- 1) Sumangga pra kadang, misungsungken gesang
Ngayahi timbalan, karyaning Pangéran
Martosken Injilnya, pangluwar saking dosa
Mring saliring bangsa, mrih samya wilujenga
- 2) Tyang papa kesrakat, nyadhonga sih rahmat
Tyang kang kinunjara, mrih luwara sigra
Tentrem kang sejati, binabarna sabumi
Sagung tyang manembah, tansah rinoban berkah
- 3) Injil kabar adi, sumangga dèn tampi
Gya undhangna tansah, sajagad sumrambah

Tyang mblasar lampahnya, wah kang wangkot manahnya
Diénggal mratobat, pinaringan sih-rahmat

PENGUTUSAN

(jumeneng)

PS: Tansah setya tuhua supados gesang panjenengan
kapulihaken lan enerna manah panjenengan dhumateng
Gusti

U: **Kawula badhé tansah setya tuhu lan ngeneraken
manah kawula dhumateng Gusti**

PS: Sami dadosa seksi-seksinipun Sang Kristus

U: **Kawula sumadya dados seksi-seksinipun Sang
Kristus**

PS: Pinujia Gusti Allah kita

U: **Samangké lan ing salaminipun**

PS: Mengkera kanthi kebak raos kabingahan, lan sami èngeta
Sabdanipun Gusti bilih Gusti badhé tansah makarya ing
salebeting gesang panjenengan. Lampahana gesang
panjenengan ing salebeting raos kebak pamuji sokur lan
sami setya tuhua ing timbalanipun Pangéran. Gusti
njampangi gesang panjenengan lantaran berkahipun
ingkang tansah lumintu.

LUMUNTURING BERKAH

(jumeneng)

PS: Gustining tentrem rahayu, Sang pangèn ingkang utami,
Gusti Yésus Kristus, dalah panunggilipun Sang Roh Suci
mugi mraboti panjenengan kanthi sampurna ing sadaya
prakawis ingkang saé supados saged nindakaken
karsanipun, lan memulang kita sami punapa ingkang dados
renanipun Allah. Saguning kamulyan konjuk namung
kagem Paduka Gusti samangké ngantos ing salami-
laminipun. Amin.

U: (mujèkaken **Amin, Hosiana** manut ungeling **KPJ 466**)
Amin, Hosiana; Amin, Hosiana.
Pinuji Paduka; Amin, Hosiana.

[nvc-ytd]



BAHAN LITURGI

Minggu Pra-Paskah kaping 5

Minggu, 6 April 2025 (wungu)

Keterangan:

PS.: Peladosing Sabda

Prd: Pradata

U: Umat

L: Lèktor

S: Sadaya

**Ngrumaosi
miwah
Nanggapi
Sih Katresnan
ing kang
Tanpa Wilangan**
ꦒꦺꦴꦩꦩꦤ꧀ꦲꦶꦱꦶ
ꦩꦶꦮꦲ
ꦒꦤꦒꦲꦥꦶ
ꦱꦶꦲꦏꦠꦼꦱꦤꦤ
ꦲꦶꦁꦏꦁ
ꦠꦤꦥꦤꦮꦶꦭꦁꦤꦁ

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

Prd1: Para sedhèrèk ing kang kinasihan déning Gusti, awit sih kasetyanipun Gusti, sapunika kita sami kaparingan wekdal nunggil sesarengan. Awit saking punika, sumangga kita eneraken manah dhumateng Gusti lan memuji Asmanipun. kita wiwiti kanthi maos **Kitab Jabur 89:2-3,9** sacara sesautan.

Sih-susetyaning Yéhuwah badhé kawula kidungaken ing

PACAWISAN

(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organisme/pianis/juru musig kanthi lirih ngungelaken lelagon ing kang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pamaosing Pawartos Pasamuwan.

salaminipun,

U: **kasetyan Paduka badhé kawula suwuraken kaliyan cangkem kawula turun tumurun.**

Prd1: Amargi sih-susetya Paduka binangun ing salaminipun;

U: **kasetyan Paduka jejeg kados langit.**

Prd1: Dhuh Yéhuwah, Gusti Allahipun sarwa tumitah, sinten ing kang kados Paduka?

U: **Paduka punika santosa, dhuh Yéhuwah**
S: **saha kasetyan Paduka wonten ing sakubeng Paduka.**

Prd1: Sumangga sesarengan kita repèkaken pepujèn “Langit Tansah Nyariosaken”.

U: *(Ngidungaken **KPJ 16:1, 3 “Langit Tansah Nyariosken”**)*

KPJ 16. LANGIT TANSAH NYARIYOSKEN

Do=F

- 1) Langit tansah nyariyosken kamulyané Hyang Agung,
wah akasa mratélakken yasaning astanipun.
Rinten dalu tan kendhat, wartanya ngebaki rat.
- 3) Pangéran murbèng jagad-rat kang ngrimati pra titah.
Surya kang mlampah tan kendhat, nggih krana rèhing Allah.
Saliring kang dumadi nélakken sihing Gusti.

VOTUM

(Jumeneng)

PS: Kita lumebet ing Ibadah Pra-Paskah kaping gangsal punika kanthi pangaken ingkang mekaten: Pitulungan kita ingkang sejati pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi lan sak-isinipun. Saha tansah setya netepi pakaryan kawilujengan ingkang sampun kaprasetyakaken.

U: *(Ngidungaken **Amin 3x** – melodi Heidi Kabul, 2022)*

Amin

la=g 2 ketuk MM±60

_____	Gm	_____	Gm/B ^b	$\frac{\text{Cm}}{\text{A}}$	$\frac{\text{Dm}}{\text{A}}$	Gm
3_5		6_6_7		1 .		7 6 5 7 6
A	- min,	A	- min,	A	-	min.

(melodi: Heidi Kabul 2022)

SALAM

(Jumeneng)

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan sihipun Gusti Yésus Kristus ing patunggilanipun Sang Roh Suci nunggila ing para sedhèrèk sadaya.

U: **Lan nunggila ing panjenengan ugi**

PAMBUKA

(*Lenggah*)

Prd2: Para sedhèrèk ingkang kinasih, Ing minggu Pra-Paskah ingkang kaping gangsal punika, kita badhé ngraos-raosaken pangandianipun Gusti kanthi Jejer: “Ngrumaosi miwah Nanggapi Sih Katresnan ingkang Tanpa Wilangan”. Menawi kita sami ngetang berkahipun Gusti malih ing gesang kadosdéné cakepan kidung Langit Tansah Nyariosken mboten badhé cepak ngemot pakaryanipun Gusti Allah. Awit pakaryanipun Gusti Allah pancèn tanpa wilangan ing gesang punika. Ananging, perkawising gesang asring njalari kita dados samar ningali katresnanipun Gusti.

Prekawis punika ugi ingkang njalari kita kepambang misungsungaken gesang dhumateng Panjenenganipun. Dinten punika kita sami kaatag ngrumaosi malih bilih semanten lumintuning katresnanipun Gusti ing gesang kita. Kadosdéné Maryam ingkang ngaturaken pisungsung ingkang aji arupi lisah nared ingkang awis reginipun, kanggé mijiki sampéyanipun Gusti, Semanten ugi kawula dhuh Gusti, katresnan kawula mugi sangsaya wuwuh dhumateng Paduka!

U: (*Ngidungaken* **KPJ 26:1-3**)

KPJ 26 PINUJI GUSTI

Do = F 3/4

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat.
Refr. : Halléluya, sagung puji
tansah konjuk Gusti
Halléluya, sagung bekti
mring Ratu swargi.
- 2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanke sarira nebus manungsa
Refr. :
- 3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.
Refr. :

PANGAKEN DOSA

(Lenggah)

PS: Para sedhèrèk ingkang kinasih, asring kita matur dhumateng Gusti, “Gusti, kawula kepéngin langkung malih nresnani Paduka, Paduka mugi kepareng muwuhi katresnan kawula dhumateng Paduka” Pitakènanipun, punapa kangening manah kita punika laras kaliyan gesang kita padintenan, sekedhik mbaka sekedhik sangsaya nresnani Gusti? Punapa kita sangsaya pasrah dhumateng Gusti? Punapa kita sangsaya nggadhahi manah ingkang jembar kanggé andum berkah dhateng sesami?

Wekdal punika kita sami kaparingan wekdal naliti pangangen-angen, pitembungan lan tumindak ing gesang kita. Ing cahyaning Sang Kristus badhé siningkab saben karingkahan lan dosa kita. Ananging, ing cahyaning Sang Kristus ugi, kita sami kasagedaken ningali bilih Panjenenganipun tansah nresnani kula lan panjenengan senajan ringkih, lan maringi wekdal kanggé gesang ing kanugrahaning kawilujengan.

(PF maringi wekdal dhateng pasamuwan kanggé ngaturaken pandonga pangakening dosa lan kapungkasan kanthi pangucap sokur awit Gusti sampun maringi wekdal kanggé kita ngrumaosi lan nyagedaken ningali katresnanipun Gusti lumantar pangapuntenipun)

Kidung Panelangsa

U: (Ngidungaken **KPJ 46:1-4**)

KPJ 46 AWIT KATHAH DOSA KULA

Do=D ¾

(Sesarengan)

- 1) Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmgangan
Gusti kang madhangi manah myang tukung kabingahan.

(Jaler)

- 2) Mugi karsa angaksama ing klepatan kawula.
Tyas kula mugi dadosa padaleman Paduka.

(Èstri)

- 3) Gusti kang kula ndelaken, mugi nuntun mring kula.
Kula badhé ngéstockaken ing sakarsa Paduka.

(Sesarengan)

- 4) Kula mboten purun malih karya sekel Paduka;
badhé tansah tuhu setya, tresna ing salaminya.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Para sedhèrèk, tumrap saben tiyang ingkang nresnani Gusti, pawartos sih rahmat kaparingaken lumantar paseksinipun Juru Masmur ing Kitab Jabur **103: 12-14** *“Sapiro dohé wétan saka ing kulon, iyo samono anggoné nebihaké panerak kita saka ing kita. Kayadéné bapa anggoné duwé piwelas marang anak-anaké, iya kaya mangkono Yéhuwah anggoné paring piwelas marang para wong kang ngabekti marang Panjenengané. Amarga Panjenengané mirsa kadadéan kita iku saka apa, sarta ènget yèn kita iki lebu.”*

Kita winates, ananging Gusti sampun kersa ngrengkuh kanthi katresnanipun ingkang tanpa winates. Pramila, tansah rahayua!

Mekaten pawartosing Sih rahmat saking Gusti.

U: **Puji Sokur konjuk Gusti Allah**

PS: Amargi Gusti Allah sampun paring tentrem rahayu dhumateng kita, pramila tansah gesanga ing tentrem Rahayunipun. Salam tentrem rahayu dhumateng kita sadaya!

(PS ngaturi pasamuwan sami jawat asta lan ngaturaken salam tentrem rahayu)

U: *(Ngidungaken* **KPJ 78 : 1-2)**

KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Refrèin: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

- 2) Lamun pasrahku trusing kalbu, temah sampurna kabungahanku
Pra malaékat asung puji, samya ngundhangken sihing Gusti.

Refrèin:

PELADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (Donga Epiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yésaya 43: 16-21**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: Puji Sokur konjuk Gusti Allah

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kanthi maos
Jabur 126

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Filipi 3: 4-14**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: Puji Sokur konjuk Gusti Allah

Waosan Injil

PS: Waosan Injil, saking **Yokanan 12: 1-8**
Mekaten pamaosing pangandikanipun Gusti. Rahayu
ingkang mirengaken Pangandikanipun Gusti, dipun-
gatosaken lan nindakaken ing gesang padintenan.
HOSANA.

U: (Ngidungaken *HOSANA*3x – melodi Heidi Kabul, 2022)

Hosana

la=e 4 ketuk MM±70

—	Em	—	/D	C	—	/B	Am	B	Em
. 6	1 7 6 5 6	. 6	1 7 6 5 6	. 6	1 . 7 .	6 . .			
Ho	- sa -	na,	Ho - sa	na,	Ho - sa	-	na.		

(melodi: Heidi Kabul 2022)

**Khotbah: “Ngrumaosi miwah Nanggapi Sih Katresnan
ingkang Tanpa Wilangan”**

Wekdal Ening

PÈNGAKÈN PITADOS RASULI

(Jumeneng)

Prd3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita santosakaken malih punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli:

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**).

Donga Safaat (déning PS)

(Lenggah)

PISUNGSUNG

Prd4: Para kinasih, sakpunika kita kaparingan wekdal kanggé ngaturaken panuwun sokur dhumateng Gusti. Pramila sumangga sami ngempalaken pisungsung minangka saos sokur dhumateng Gusti alandhesan Pangandikanipun ingkang sinerat ing Kitab **Kidung Pangadhuh 3:22-23** “Sih kamirahané Pangéran Yéhuwah iku tanpa pedhot, lan sih kawelasané ora ana entèké. Tansah lumintu, ganti gumanti saben ésuk. Saèstu ageng kasetyan Paduka punika!”

U: (Ngidungaken **KPJ 165: 1-3**)

KPJ 165 KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG

Do=C 3/4

- 1) Konjuk mring Kang Maha agung, kula soas pisungsung; cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah; sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa dadya srana munpangati mrih kamulyaning Gusti.
- 2) Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur, kebakaring raos urmat wit tansah rinimat, dalah gesang kula mugè kagem déning Gusti, dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah
- 3) Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah, tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmat-Nya. Mugè Gusti nggih karenan temah binerkahan, dadya margi Kratoning Allah binabar nèng bumi

Donga Pisungsung

(Jumeneng)

Prd4: *(Mimpin pandonga pisungsung, kapungkasan kanthi ngucap Donga Rama Kawula)*

KIDUNG PANGUTUSAN

(Jumeneng)

U: *(Ngidungaken **KPJ 427:1,2**)*

KPJ 426. APA SIRA NGUPAYA INTEN

Do=D 4/4

- 1) Apa sira ngupaya inten kanggo makutha?
Ing papan asor nistha, ana inten kang ngantya.
Reff. Inten inten miwah retna,
pra manungsa binanda;
yogya linari,
ginawa kagem makutha Raja.
- 2) Tumrap jiwa mbaléla, nyingkur saka Gustinya,
undhangna kabar bungah, yéku Injiling Allah
Reff.

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Para kinasih, sapunika enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.

U: **Kawula nggeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus

U: **Kawula sumadya dados seksinipun Sang Kristus.**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Sakpunika dumugi selaminipun.**

PS: Sumangga panjenengan lajengaken gesang kanthi bingah, tansah ngènetana sabdanipun Gusti, lan tansah setya nindakaken timbalanipun Gusti minangka wujud ing tanggapan kita tumrap sih katresnanipun Gusti.
Berkahipun Gusti tansah ngiringi gesang panjenengan.

BERKAH

(Jumeneng)

PS: Déné Gusti Allah sumbering sakèhé sih rahmat, kang wis nimbali kowé kabèh ana ing Sang Kristus marang kamulyané kang langgeng, bakal nyampurnakaké, neguhaké, nyantosakaké sarta ngukuhaké kowé, sawisé

kowé padha nandhang sangsara sawatara mangsa. Iya Panjenengané iku kang kagungan panguwaos langgeng salawas-lawasé! (1 Pet 5:10-11) Amin..

U: (Ngidungaken **Hosana Amin** – melodi Heidi Kabul, 2023)

Hosana Amin

Ia = a

M.M = 60-65

Heidi Kabul (2023)

A₂ G/B C D₂ E₂ F F G A₂ D₂ E₂ A₂

.3 | 6 5 2 | 3 .6 | 1̣ 7 5 | 6 .3 | 6 5 3 2 | 3 .3 | 2 1 6̣ 5 | 6̣

Ho - sa - na, Ho - sa - na, Ho - sa - na A - min, Ho - sa - na A - min

F G C D₂ E₂ F F G A₂ D₂/A G/A A₂

.3 | 6 5 2 | 3 .6 | 1̣ 7 5 | 6 .3 | 6 5 3 2 | 3 .3 | 2 1 6̣ 5 | 6̣ ^

Ho - sa - na, Ho - sa - na, Ho - sa - na A - min, Ho - sa - na A - min

[kap-ias]



BAHAN LITURGI
Minggu Pra-Paskah kaping 6
Minggu; 13 April 2025

Keterangan:

PS.: Pelados Sabda
Prd: Pradata
U: Umat
L: Lèktor

**Mapag
Rawuhipun
ing
Ngriki**
☪☪☪

PACAWISAN

***(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)***

- Organisi/pianis/juru musig kanthi lirih ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pamaosing Pawartos Pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

Prd1: Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti, minangka tandha pangucap sokur awit sih piwelasiipun Gusti Allah, kita sami badhé nélakaken pangucap sokur lumantar ibadah Minggu Palem dinten punika. Sumangga kita sami memuji asmanipun Gusti kanthi pepujèn sesautan saking kitab Zakharia 9:9

Prd1: *(sinambi ngangkat ron palem, katuntun déning Prd1 ingkang mbekta ron palem kanthi swara sora:)*

Hé Putri Sion, surak-suraka kang sora;

U: *(ngobahaken ron palem, kambi nguwuh-uwuh:)*

Hé Putri Yérusalèm, giyak-giyaka!

Prd1: Lah ratunira, ngrawuhi sira;

U: **Panjenengané iku adil sarta unggul.**

Prd1: lembah penggalihé, nitih kuldi,

U: **belo anaké kuldi momotan.**

Prd1: Sumangga kita sami ngaturaken pepujèn sokur kanthi memuji asmanipun Gusti mawi Kidung KPJ 22:1-4 Swawi Ta Kanca Kula

U: *(Ngidungaken **KPJ 33:1-4 Swawi Ta Kanca Kula**)*

KPJ 33. SWAWI TA KANCA KULA

Do=D 3/4

- 1) Swawi ta kanca kula sami memuji Allah
ing dinten puniki; kula dipun paringi
bingah linuwih, bingah linuwih
- 2) Asurak-surak, kanca, sami asuka-suka;
manganggé kang saé, sampun kirang sekaré
kang éndah-éndah, kang éndah-éndah
- 3) Swawi anglembana Allah Kang Mawilasa;
sanadyan Ma-agung, karsa miyarsakaken
pamuji kula, pamuji kula
- 4) Anggunggung kawlasané tuwin kamirahané;
punika etuké sakèhing pepariné,
lan bingah kula, lan bingah kula

VOTUM

(Jumeneng)

PS: Sumangga kita sami lumebet ing ibadah Minggu Palem kanthi pangaken:

Pitulungan kita ingkang sejati pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi lan sak-isinipun. Saha tansah setya netepi pakaryan kawilujengan ingkang sampun kaprasetyakaken.

U: *(Ngidungaken **Amin, Amin, Amin**)*

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggil ing Panjenengan ugi**

PAMBUKA

(Lenggah)

Prd2: Rawuhipun Gusti Yésus ing Yérusalèm nélakaken pamecanipun Nabi Zakharia bab rawuhipun sang Mesih dhateng bangsa Israèl. Rawuhipun ingkang sinarengan bungah-bungah nuwuhaken raos bingung. Kénging punapa mekaten? Awit lumantar lelampahan punika dèrèng kantenan kita èstu mangertos, punapa sikap ingkang katedahaken nalika mapag rawuhipun Gusti Yésus alandhesan manah ingkang tulus, punapa namung kanggé nguja pepinginanipun piyambak? Kita sami kaènetaken malih bilih Yérusalèm dados kitha ingkang mapag Sang Mesih, ananging punapa Sang Mesih saèstu dedalem ing manahipun tiyang-tiyang ingkang manggèn ing kitha Yérusalèm punika?

Kita punika rak sejatosipun tinimbalan kanggé ngluhuraken Panjenenganipun?

U: (Ngidungaken **KPJ 231:1-3**)

KPJ 231. KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,
methukken klayan puji mring Ratuning jagad
Mugi Gusti madhang lanteran Roh Suci
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
ngrukunten tiyang dosa dhumateng Pangéran.
- 3) Punapa kang njalari, dhuh Ratun kang mulya,
Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa,
Inggih piwlas Paduka saha palimirma,
lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

PANGAKENING DOSA

(Lenggah)

PS: Rawuhipun Gusti punika kaidham-idhamaken.
Kerawuhanipun ugi mbuka bab-bab kang winadi ing

salebeting pangajeng-ajeng bab sang Mesih. Ing salebeting kita sami ngraos-raosaken bab Minggu Palem wekdal punika, kita sami kauleman ningali lan ngraosaken, punapa rawuhipun Sang Kristus ingkang kita papag punika, èstu kita papag kanggé nuhoni kersanipun Gusti, utawi kita mapag namung supados Panjenenganipun nindakaken punapa ingkang dados pepinginan kita?

Sumangga kanthi tulusing manah kita sami nelangsani dosa lan mratobat ing ngarsanipun Gusti, kanthi ngrepèkaken kidung KPJ 44 – “Aku Wong Kang Dosa”

U: (Ngidungaken **KPJ 44:1-3**)

KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

Do=D 3/4

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.
Reff. : Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur
- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
ingkang saged ngluwari kawula saking dosa.
Reff. :
- 3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan
dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.
Reff. :

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Awit sing piwelasiipun Gusti ingkang tanpa winates, Panjenenganipun kersa nampi pangaken lan panelangsaning dosa umat kagunganipun. Déné pamratobat ingkang katindakaken kanthi tulus badhé kapulihaken. Panjenenganipun ingkang maha tresna kersa paring pangapunten lan panebusing dosa lumantar pakaryanipun ingkang agung lan kebak ing kamulyan. Sakpunika tampènana sabdanipun Gusti saking serat Filipi 1:29, “Amarga kowé wus pada kaparingan sih ora mung supaya pracaya marang Sang Kristus baé, nanging uga supaya nandhang sangsara kagem Panjenengané,”

Pramila sampun ngantos kita sami nglirwakaken lan mboten pitados pangurbanipun Gusti ingkang sampun katindakaken dhateng kita. Tansah setya tuhu ngantos kita wangsul malih dhumateng Panjenenganipun.
Mekaten Pawartosing sih rahmat saking Gusti.

U: **Puji Sokur konjuk Gusti Allah**

U: (*Ngidungaken **KPJ 69:1-3***)

KPJ 69. ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA

Do=Bes 4/4

- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.
Salir tyang pracaya lamun tansah setya
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.
Reff. : Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
kang paring nugraha tentrem raharja.
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.
- 2) Rama Mahamirah ngrentahken gung berkah
tyang nandhang sangsara manggih waluya
Saliring pra umat tan kendhat rinimat.
srana peparingnya, nadyan prasaja.
Reff. :
- 3) Gusti Mahaagung kang paring pitulung,
nglipur manah sisah mrih datan semplah.
Njangkung kagungannya, temah tansah begja,
gesang mursid yekti dumugèng janji.
Reff. :

PELADOSAN SABDA

(*Lenggah*)

PS: (*Donga Epiklésé*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan Kapisan saking **Yésaya 50:4-9a**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji Sokur konjuk Gusti Allah**

Jabur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggèpi sabdanipun Gusti saking kitab
Yésaya 50:4-9a, kanthi maos **Kitab Jabur 118:1-2, 19-29** sacara sesautan

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Filipi 2:5-11**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji Sokur konjuk Gusti Allah**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Lukas 19:28-40**

Mekaten Injilipun Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan purun ngrimati saha nindakaken ing gesang padintenan kanthi setya. HOSIANA.

U: (*Ngidungaken **Hosiana** manut ungeling **KPJ 470***)
Hosiana.

Khotbah “Mapag Rawuhipun Ing Ngriki”

Wekdal Èning

Sahadat

(*Jumeneng*)

Prd3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman, sumangga kita sami ngénggalaken kapitadosan kita kanthi sesarengan ngucapaken Sahadat kalih Wèlas.

U: (*Sesarengan ngucapaken **Sahadat Kalih Welas***)

Donga Safaat

(*Lenggah*)

PS: (Ngaturaken donga safaat)

PISUNGSUNG

(*Lenggah*)

Prd4: Para kinasih, anggèn kita ngaturaken panuwun sokur kanthi misungsungkaken berkahipun Gusti wekdal punika alandhesan Pangandikanipun kados ingkang sinerat ing kitab 1 Babad 16:29

“Padha nyaosna kamulyaning asmané marang Pangéran

Yéhuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsané. Padha sujuda lan nyembaha marang Pangéran Yéhuwah kalawan ngrasuk kasucèn.”

U: (Ngidungaken **KPJ. 156**)

KPJ 156. ALON SANG SURYA GUMIWANG

Do=C 3/4

- 1) Alon sang surya gumiwang, candhik-ayu memayu.
Kita antuk pangasoan kanthi tentrem rahayu.
Reff. : Tilingna swara manis ing gentha
pandonga sokur padha aturna.
Hé, gentha, ngumandhanga
dadya sanguning néndra.
- 2) Sang ratri nglimputi bumi abyor cahyèng kartika
nelahi nyunarken asma Pamarta Gusti kita.
Reff. :
- 3) Kasugengan duk ing ratri ngambaraken rum-wangi
rèrèh sing bot kasanggi ayom ing sihing Gusti
Reff. :

Donga Pisungsung

(Jumeneng)

Prd4: (Mimpin donga pisungsung, pungkasaning ibadah lan pandonga Rama Kawula)

Kidung Pangutusan

(Jumeneng)

U: (Ngidungaken **KPJ 113:1-3**)

KPJ 113. GUSTI YÉSUS SANG PAMARTA

Do=G 3/4

- 1) Gusti Yésus Sang Pamarta, kula ndhèrèk Paduka,
manggul salib ing salaminya klayan bingahing driya.
Kula Paduka kiyatken, sageda tahan sisah;
sampun ngantos kemuriten, sampun cuwa ing manah.
- 2) Nadyan tinar ing mitra, sinengitan nèng donya,
kula manteb ing pracaya, ndhèrèk Gusti slaminya.
Lamun Gusti ingkang nganthi, kabegjan kang pinanggya.
Lamun Gusti kang ngasihi, mokal yèn ta cilaka.

- 3) Karibedan lan sangsara krana ndhèrèk Paduka,
ngiyatken tékating manah, nggayuh Kratoning Allah.
Datan geter datan wedi neksèni Injil suci,
mrih gesang langgeng katampi, wit tinunggil ing Gusti.

PANGUTUSAN

(*Jumeneng*)

PS: Tansah setya dhumateng Gusti supados gesang
panjenengan tansah kapulihaken lan enerna manah
panjenengan dhumateng Gusti

U: **Kawula nggeneraken manah dhumateng Gusti**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus

U: **Kawula sumadya dados seksinipun Sang Kristus**

PS: Pinujia Gusti Allah

U: **sapunika dumugi selaminipun**

PS: Sami mengkera kalawan bingah, èngeta pangandikanipun
Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya ing gesang
panjenengan. Nglampahana gesang kanthi raos sokur lan
tansah setya tuhu nindakaken timbalanipun Gusti. Gusti
Allah badhé tansah ngiringi gesang panjenengan kanthi
berkahipun.

BERKAH

(*Jumeneng*)

PS: Mugi Gusti Allah Sang Rama ngekahaken lampah
panjenengan mapag rawuhipun Sang Kristus. Mugi Gusti
Yésus Kristus nuntun lampahing gesang panjenengan
kasagedaken nglampahi Pangandikanipun. Mugi Sang Roh
Suci ngebèki telenging manah panjenengan kanthi
kekiyatan lan pangajeng-ajeng. Mugi Gusti Allah ing Sang
Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci paring berkah tentrem
rahayu lan kabingahan, sakpunika ngantos selaminipun.
Amin.

U: (*Ngidungaken “Hosiana! Amin!” manut ungeling KPJ
472*)
Hosiana! Amin!

[msu-ias]



BAHAN LITURGI

Kemis Pethak

Kemis; 17 April 2025

Katrangan:

PS.: Pandhita/Palados Sabda

Prd: Pradata

U: Umat

L: Lèktor

**Lelados Kanthi
Gumolonging
Manah**



PACAWISAN (kajumbuhaken kaliyan pakulinan ingkang sampun kalampah)

- Organis/pianis ngungêlakên lelagon **“Kutetap Setia”**, ndhèrèkakên pasamuwan lumebet ing swasana pangibadah.
- Pasamuwan nyawisaken dhiri kanthi tidhem.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

(Kalagokaken lirih lan namung instrumentalia)

Seperti wanita mengurapi-Mu
Menangis di bawah kaki-Mu
Demikian hidupku mau mengasihi-Mu
Yésus, Engkau baik bagiku
Sampai akhir ku menutup mata
Ku tetap setia menanti janji-Mu
Sampai kudapatkan mahkota kehidupanku
Ku tetap setia ku melayani-Mu

TIMBALAN NGIBADAH

(Jumeneng)

Satunggaling ibu ingkang ngagêm kudhung ngonjukaken pamuji
Jabur 116: 1-2 kalajengaken sesautan kaliyan Umat manut Jabur
116:12-19

Ibu: Aku tresna marang Sang Yéhuwah awit miyarsakaké swaraku lan panyuwunku, sarta talingané nilingaké aku, mulané sajekku urip aku bakal nyebut marang Panjenengané.

Kang dakgawé piwales apa marang Sang Yéhuwah, tumrap ing sakèhé sih-kadarmané marang aku?

U: **Aku arep njunjung tuwunging pangentasan lan arep nyebut asmaning Pangéran Yéhuwah,**

Ibu: arep ngluwari kaulku marang Sang Yéhuwah ana ing ngarepé umat kabèh.

U: **Patiné para kekasihé iku akèh pangajiné ana ing paningaling Sang Yéhuwah.**

Ibu: Dhuh Yéhuwah, kawula punika abdi Paduka, inggih èstu abdi Paduka, anakipun parekan Paduka;

U: **Paduka ingkang sampun nguculi bebandan kawula.**

Ibu: Paduka badhé kawula saosi kurban pamuji sokur, saha badhé nyebut asmaning Sang Yéhuwah. Dakngluwari kaulku marang Pangéran Yéhuwah

U: **ana ing ngarepé umaté kabèh, ing platarané padalemaning Pangéran Yéhuwah, ana ing satengahmu, hé Yérusalèm! Haléluya!**

Sareng: **Amin.**

U: (Ngidung **KPJ 237: 1 – 3 NYAWAKU MUJI ALLAH**)
KPJ 237. NYAWAKU MUJI ALLAH

- 1) Nyawaku muji Allah, sukma ku bungah-bungah.
wit saka peparingé Allah marang abdiné.
Déné karsa ngudanèni asoring kawulanya,
nganti saliring bangsa ngarani aku rahayu.
- 2) Aku sinungan berkah saka astaning Allah
déné suci asmané, lan gedhé mukjijaté,
kawelasané dhumawuh mring kang padha ngéringi,
wis mesthi dènberkahi tumeka turun-tumurun.
- 3) Astané Allah kita nindakaké pangwasa,
mbuyarké wong digung, pra wisésa dènlungsur,
ngluhurké para asir, wong ngelih dènerobi
salir amal kang becik, wong sugih tinundhung legeh.

VOTUM

(Jumeneng)

PS: Pangibadah Kemis Pethak punika kita purwakani ing Asmanipun Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

U: (Ngidung) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

(Jumeneng)

PS: Gusti nunggil panjenengan.

U: **Mugi nunggila panjenengan ugi.**

CECALANING PANGIBADAH

(Lenggah)

PL: Boten kathah tiyang ingkang rêmên dados palados. Punapa malih ngladosi ingkang tanpa pituwas. Éwasemanten Sang Kristus sampun nebus lan sapinten awisipun sampun kabayar lunas. Wonten ing serat 1 Korinta 6:20 kaserat,

“Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas:

Mulané padha ngluhurna Gusti Allah srana badanmu!”

Dinten punika kita ngriyadinaken Gusti Allah ingkang sampun nebus gesang kita mawi Rahipun. Punapa kita ugi sampun ngluhuraken Panjenenganipun kanthi jiwa lan raga kita?

PANGAKÊNING DOSA

(Lenggah)

PL: Sumangga kita ngakêni dosa lan kalepatan kita sacara pribadi ing ngarsanipun Gusti, awit kita asring boten ngluhuraken Asmanipun Gusti salebeting gesang kita, lumantar tetembungan, pakaryan, lan wewengan ingkang sampun kaparingaken.

(PL paring wêwengan Umat ndedonga sacara pribadi, lan mungkasi kanthi pandonga pangakening dosa.)

PAWARTOS SIHRAHMAT

(Jumeneng)

PS: Awit sih katresnanipun Sang Kristus ingkang agêng, panjenengan kaapuntên.

U: **Pinuji Asmanipun Gusti.**

PS: Awit sih rahmatipun ingkang saklangkung agêng, panjenengan kawilujengakên.

U: **Pinuji Asmanipun Gusti.**

- PS: Pangandikanipun Gusti ing serat Rum 12: 11 ngandharaken,
“Anggonmu tabêri aja nganti kendho, padha dibantêr
ing roh, lan padha leladia marang Gusti.”
Makaten pawartos sihrahmat saking Gusti.
- U: **Puji Sokur konjuk Gusti Allah.**
- U: (Ngidung **KPJ 395: 1, 2 SAWATARA AKU NOLÈH**)
KPJ 395. SAWATARA AKU NOLÈH

- 1) Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati,
sihé Gusti kang dak tanpa kanthi éraming ati.
Sanadyan akèh alangan wah kadhang lelimengan,
nanging Gusti karsa nuntun. Mulané aku ngungun,
wit asta ning Allah ngreksa, temah rumangsa begja
- 2) Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.
Aku tansah kaéraman, wit tansah binerkahan.
Kadiparan nggonku nampa sih tresnané Kang Kwasa?
Daklakoni, dakedumken marang umat sadoya.

PALADOSAN SABDA (Lenggah)

PS: (Nuntun pandonga nyuwun tedhakipun Roh Suci)

Waosan kaping sepisan

- L1: Waosan kaping sepisan kadhasaraken manut
Pangentasan 12:1-14
Makaten sabda-pangandikanipun Gusti.
- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Tanggapan

- L2: Sumangga maos (ngidungaken) **Jabur 116:1–2, 12-19** sacara sesautan.

Waosan kaping kalih

- L3: Waosan kaping kalih kadhasaraken manut serat **1 Korinta 11: 23-26**
Makaten sabda-pangandikanipun Gusti.
- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kadhasaraken manut suraosing **Yokanan 13:1-17, 31b-35**

Mekaten pamaosing Injil. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan ingkang nggulawenthah, saha ingkang ngèstokaken kanthi tumemen ing gesang padintenanipun. HOSIANA.

U: (Ngidung **Hosiana** manut ungeling KPJ 470)
Hosiana, Hosiana, Hosiana

Khotbah “Lêlados Kanthi Gumolonging Manah”

Wekdal Ening (kairingan pepujèn saking Panuntun Pepujèning Pasamuwan, kalajengaken acara ngwijiki suku)

“Kutetap Setia”

*Seperti wanita mengurapi-Mu
Menangis di bawah kaki-Mu
Demikian hidupku mau mengasihi-Mu
Yésus, Engkau baik bagiku
Sampai akhir ku menutup mata
Ku tetap setia menanti janji-Mu
Sampai kudapatkan mahkota kehidupanku
Ku tetap setia ku melayani-Mu*

Lampahipun Ngwijiki Suku

(Wekdal kanggé ngwijiki sukunipun warganing pasamuwan)

Pangakên Pitados (Jumeneng)

Prd: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti ing wekdal kapêngkêr, samangké, lan ing wekdal candhakistanipun, sumangga nglisanaken Sahadat Kalih Welas, mekaten....

U: **(Sesarengan ngucapaken Sahadat Kalih Welas)**

Pandongan Syafaat (Lenggah)

PS: Sumangga nyatunggil ing pandonga, ndongakaken wosing panyuwunan punika salebeting suasana tidhem:

1. Kita dongakaken brayat kita, murih sedaya saged ngladosi kanthi gumolonging manah.
2. Kita dongakaken supados sedaya warganing pasamuwan nélakaken pambangunturut ndhèrèk ing paladosan kanthi gumolonging manah.
3. Kita dongakaken para pangawaking negari, murih saged ngladosi bebrayan agung kadosdéné ngladosi Gusti kanthi gumolonging manah.
4. Kita dongakaken saben tiyang ingkang mbetahaken bab-bab mirunggan, kanthi cara nyebataken satunggal tiyang ing pandonga panjenengan.

PS: mungkasi pandonga kanthi: Ing Asmanipun Sang Kristus ingkang nresnani kawula, kawula caosaken sedaya pandonga punika.

Sareng: **Amin.**

PALADOSAN PISUNGSUNG

(Lenggah)

Prd: Para sedhèrèk, pisungsung punika tandha bilih kita caos sokur awit berkahipun Gusti lan ugi tékad bilih kita sumadya dados berkah tumrap jagad punika. **Jabur 54: 8** ngandharaken,

“Kawula badhé nyaosi kurban kanthi éklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawula badhé memuji asma Paduka, amargi asma Paduka punika saé”.

Gusti mberkahi kita ingkang ngladosi Panjenenganipun lan nyaosaken pisungsung kanthi lilaning manah. Pisungsung dinten punika wonten kalih werni. Kita saged ngaturaken pisungsung arta saha pisungsung *komitmen* (prajanji kita ngayahi timbalanipun Gusti) dhateng Gusti. ingkang sampun kita serat. *Komitmen* ingkang sampun kita serat kalawau saged kita lèbêtakên ing kanthong pisungsung minangka wujud pisungsunging dhiri kita katur Gusti.

U: (Ngidung **KPJ 177 PARA MANUK ORA TAU ANYEBAR** – sacekapipun)

KPJ 177. PARA MANUK ORA TAU ANYEBAR

- 1) Para manuk ora tau anyebar,
ngenèni utawa nandho andhungan,
éwadéné Ramanu ing Suwarga,
ninggoni pra manuk sadina-dina.
- 2) Lan manèh kembang kang ana ing bumi
ya tan nyambut gawé lan ora ngantih;
'wadéné Sang Prabu agem-agemé',
isih kongkulan kembang busanané.
- 3) Kang iku sabdané Gusti Panutan,
"Sira, sekabtku aja sumelang
mungguh ing panguripanira; sira
dahat ngungkuli manuk lan puspa"

Pandong a Pisungsung

(Jumeneng)

Prd: Kawula mbêkta pisungsung punika katur Gusti ingkang
milujêngakên kawula. Kawula ngaturaken pisungsung
punika minangka wujud katresnan kawula dhumateng
Gusti. Kawula nyuwun Paduka berkahi pisungsung punika,
murih dados berkah tumrap saben tiyang ingkang
ngrerantos Paduka. Ing Sang Kristus sumbering berkah,
kawula ndedonga. Amin.

Kidung Pangutusan

(Jumeneng)

U: (Ngidung **KPJ 450: 1, 3 SUMANGGA MAKARYA**)
KPJ 450. SUMANGGA MAKARYA

- 1) Sumangga makarya, para utusan setya
ngundhangaken kabar adya,
sih rahmat saking swarga,
mrih tyang kang peteng manahnya,
dadya padhang lejara.
Sumangga samekta, tansah makarya.
- 3) Sumangga makarya, klayan mantep ing driya,
manggul salibing Sang Kristus mbélani kang siniya.
Kang tinindhes sinangsara, bingar, tentrem gesangnya.
sumangga samekta, tansah makarya.

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

- PS: Sami ngênêrna manah panjenengan ing katresnan lan pangurbananipun Sang Kristus.
- U: Manah kawula ngênêr ing katresnan lan pangurbananipun Sang Kristus.
- PS: Sami dadosa sêksi awit wungunipun Sang Kristus.
- U: **kawula samekta dhiri dados sêksi wungunipun Sang Kristus saking séda.**
- PS: Tansah pinujia Sang Roh Suci ingkang ngutus panjenengan ngladosi kanthi gumolonging manah.
- U: **Samangké lan salaminipun.**
- PS: Sami nglajêngna pangibadah ing gesang pandintenan panjenengan, ing salêbêting Katresnanipun, kanthi Katresnanipun, lan kagem Katresnanipun tumrap panjenengan lan jagad punika.

BERKAH

(Jumeneng)

- PS: Gusti Allah mberkahi panjenengan kanthi katresnanipun Sang Rama ingkang saklangkung agêng. Gusti Allah ngayomi panjenengan kanthi rawuhipun Sang Kristus ing salampah gesang panjenengan lan Sang Roh Suci paring berkah panjenengan kanthi manah ingkang tumêmên nresnani lan ngladosi langkung prayogi. Samangké ngantos Gusti Rawuh malih. Amin.
- U: (Ngidung **Hosiana, Amin** manut ungeling **KPJ 472**)
Hosiana (5x), Amin (3x)

[rjm-mgk]



BAHAN LITURGI

Jumuwah Adi

Jumuwah, 18 April 2025

Katrangan:

PS: Palados Sabda

Prd: Pradata

U: Umat

L: Lèktor

Mandêng

Salib



PACAWISAN

*(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)*

- Organis/pianis/juru musig kanthi lirih ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pamaosing Pawartos Pasamuwan.

TIMBALAN NGIBADAH

(Jumeneng)

Prd1: Para sedhèrèk, kita nyatunggil ing papan punika kanggé sesarengan ngraosaken sangsara lan sédanipun Gusti Yésus. Sumangga kita cawisaken manah, kanggé mandeng tebih mangajeng ing sanginggiling parêdèn, ing papan Panjenenganipun pinenthang.

U: (Ngidung **KPJ 256: 1,3,4 GUSTI SINALIB ING GOLGOTA**)

KPJ 256. GUSTI SINALIB ING GOLGOTA

Pada 1 namung kalagokaken déning Solois

1) Gusti sinalib ing Golgota ngrembat dosaning para jalma, srana rah kang suci sampurna. Puji asmanya!

Refr.: Swawi muji asmanya! swawi muji asmanya!
Srana rahé, kita tinebus. Puji asmanya!

- 3) Rahé dadya tuki ing uripku, kang wus ngrembat sagung dosaku.
Kita rineksa kanthi setya. Puji asmanya!
Refr.:
- 4) Gya samya marek mring salibé, dimèn kinumbah srana rahé.
Pasrahna jiwa-raga kita! Puji asmanya!
Refr.:

VOTUM

(Jumeneng)

PS: Kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pengaken,
“Gusti Yésus Kristus iku jumeneng Gusti”, murih
kaluhuraning Gusti Allah, Sang Rama!” (Filipi 2:11)

U: (ngidung **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

(Jumeneng)

PS: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama
kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggil ing
panjenengan sadaya.

U: **Mugi nunggila ing panjenengan ugi.**

KATA PEMBUKA

(Lenggah)

Prd2: Lelampahaning salib èestu nyata, kayektosanipun boten
saged ical dugèng delahan. Sumangga kita rêgêm
kayêktosan punika, sinaosa jagad nyirik kita, “Awit pawarta
bab salib iku pancèn dadi kabodhoan tumrapé wong kang
bakal padha tiwas, nanging kanggo kita kang padha
kapitulungan rahayu, dadi sawab kang saka Gusti Allah.” (I
Korinta 1:18)

U: (Ngidung **KPJ 260: 1 – 3 ING DINTEN ADI PUNIKI**)
KPJ 260. ING DINTEN PUNIKI

Pada 1 kalagokaken déning Solois:

- 1) Ing dinten adi puniki kula muji mring Gusti
kang dados Juru Basuki; karsa ngurbanken dhiri
sinalib dumugèng séda; nyanggi bebenduning dosa,
mrih tyang pracaya waluya; rinukunken klayan Allah,
nggih dinadosken Putranya, cinadhang kraton swarga.

- 2) Ratu Salam Putrèng Allah lir durjana binandha,
Gusti siniksa mung pasrah, mangka darbé pangwasa.
Ingawonken tetep sabar, ing penggalih tansah lajar,
Gusti datan lenggana, Sumarah badhé sinaos
mring Allah nirken supaos kang tumrap tyang duraka.
- 3) Gusti séda dados srana pangruwat saking dosa.
Nglebur paukuman kula, temah manah santosa.
Betah nandhang kasisahan déning pangrèhing Pangéran
Gusti dados lantaran. Pejah kula ndhèrèk Gusti,
nanging ndhèrèk gesang ugi mring kamulyan sejati.

PANGAKEN DOSA

PS: Ing sangandhaping Salibipun Sang Kristus, sumangga kita
ngakèni:

Sareng: “Mangka Panjenengané iku sinudukan marga saka anggon
kita padha mbaléla, Panjenengané karèmkuk marga saka
piala kita; ganjaran paukuman kang nèkakakè karahayon
tumrap kita iku kadhawahake ing Panjenengané, sarta
marga saka bilur-biluré kita banjur padha dadi waras.”
(Yésaya 53:5)

U: (Ngidung **KPJ 279:1, 3 YÈN MANDENG SALIBING
GUSTI**)

KPJ 279. YÈN MANDENG SALIBING GUSTI

Do=D 3/4

- 1) Yèn mandeng salibing Gusti, pucaking kasangsarané,
sagung dosa dak getuni, wit sampurna lelabeté.
- 3) Gusti séda, nebus dosa, nglabeti tiyang sadonya;
sèstu nggih tumrap kawula ngraosaken sih Paduka.

PAWARTOS SIHRAHMAT

(Jumeneng)

PS: Èstunipun, boten wonten tiyang ingkang pantès kanggé
nampi pangapuntening dosa, “Nanging Gusti Allah wus
ngatingalaké sihé marang kita, awit Sang Kristus wus
nglampahi séda kanggo kita, nalika kita isih padha
kawengku ing dosa. Apamanèh saiki, kita wus padha
kabeneraké sarana rahé, wus mesthi bakal luput saka ing

bebenduning Allah.” (Roma 5:8-9). Makaten pawartos sihrahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

U: (Ngidung **KPJ 334: 1 – 3 AJA SUMELANG**)
KPJ 334. AJA SUMELANG

- 1) Aja sumelang bab uripmu, ywa uwas ing kalbu
Yèn pepeteng nglimputi ati, ngayoma mring Gusti.
Refr.: Allah yèku Rama, ngreksa sira salaminya.
Pasrah sumaraha, mrih tentrem raharja.
- 2) Lamun tininggal sanak - kadang, ywa semplah ing driya.
Yèn kamuktèn, kamulyan ilang, mantepa pracaya.
Refr.:
- 3) Lamun ngalami kacingkrangan, tatag diprayitna.
Yèn tansah rinidhu panandhang, teguh dènwaspada.
Refr.:

PALADOSAN SABDA

(*Lenggah*)

PS: (Nuntun pandonga pacawisan)

Waosan kaping sepisan

L1: Waosan kaping sepisan kadhasaraken manut **Yésaya 52:13—53:12**
Makaten sabda-pangandikanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi waosan **Yésaya 52:13-53:12**
kanthi maos (ngidungaken) **Jabur 22** sacara sesautan.

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kadhasaraken manut Serat **Ibrani 10:16-25**
Makaten sabda-pangandikanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil kadhasaraken manut **Yokanan 18:1-19:42**

Mekaten pamaosing Injil. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan ingkang ngèstokaken kanthi tumemen. HOSIANA!

U: (*ngidung Hosiana manut ungeling KPJ 470*)
Hosiana, Hosiana, Hosiana.

Khotbah “Mandeng Salib”

Wekdal Tidhem

Pandonga Rama Kawula

Pangaken Pitados

(*Jumeneng*)

Prd3: Minangka têtélaning kapitadosan kita, sumangga nglisanaken Sahadat Kalih Welas sesarengan....

U: **(Ngucapaken Sahadat Kalih Welas)**

Pandonga Syafaat

(*Lenggah*)

PS: (Ngonjukaken donga syafaat)

PALADOSAN SAKRAMEN BUJANA

(*Lenggah*)

(*Kagem gréja ingkang ngladosaken Sakramen Bujana ing dinten Jumuwah Adi*)

PALADOSAN PISUNGSUNG

(*Lenggah*)

Prd4: Para sedhèrèk, èstunipun boten wonten sok sintena ingkang kwawi ngwangsulaken Sih-katresnanipun Gusti. Éwasemanten, sumangga kita ngaturaken pisungsung minangka têtélaning raos sokur lan srana kanggé ngluhuraken Asmanipun, “Awitdéné anané samubarang kabèh iku saka ing Panjenengané, lan marga déning Panjenengané, sarta lumadi marang Panjenengané: Kamulyan kagama ing Panjenengané salawas-lawasé!” (Roma 11:36)

U: (Ngidung **KPJ 178a: 1, 2 PASRAH SUMARAH MRING GUSTI**)

KPJ 178a. PASRAH-SUMARAH MRING GUSTI

- 1) Pasrah-sumarah mring Gusti, pangayoman kang sejati.
Uripmu tansah rinimat, wit Gusti gunging sih rahmat.
Waspadakna makluk wrata, karoban ing sih lan piwlasnya,
wah saliring butuhira pinaringan ing sacukupnya.
- 2) Pasrah-sumarah mring Gusti, mrih ayam-tentrem ing ati
Bungah-susah, sugih-mlarat memuji Gusti tan kendhat.
Udinen kratoning swarga wah saguning kasampurnannya,
temahan sira nyipati panganthi panunggiling Gusti.

Pandonga Pisungsung

(Jumeneng)

Prd4: (Nuntun pandonga pisungsung lan mungkasi pangibadah)

Kidung Pangutusan

(Jumeneng)

U: (Ngidung **KPJ 275:1 – 3 SRANA MANDENG ING SALIB**)

KPJ 275. SRANA MANDENG ING SALIB

Do=F 4/4

- 1) Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,
tinebus sagung dosanira.
De cempéning Allah kang sinalib ngrembat,
ngésahaken duraka kita.
Reff. : Swawi dèn pandeng !
Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira
- 2) Napa ta damelé Gusti Yésus séda,
yèn datan ngruwat dosa kita?
Napa ta damelé nombokaken nyawa,
yèn datan nebus dosa kita?
Reff.:
- 3) Swawi ngungsi mring Gusti, tyang dosa sagung,
dosa kita dèn unjukna.

Mesthi antuk apura, temah agesang;

mbok dèn tampi lan suka-rena.

Reff.

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Sami ngênêrna manah panjenengan dhumateng Gusti lan sami mandenga pamênthanganipun.

U: Kula sedaya tansah mandeng pamenthanganipun Gusti.

PS: Sami dadosa seksinipun Sang Kristus lan sami martos-martosaken pakaryan Salibipun.

U: Kula sedaya sawéga dados seksi-seksinipun.

PS: Tansah pinujia Gusti, Allah kita.

U: Samangké lan salaminipun.

BERKAH

PS: Sami nampènana berkahipun Gusti,
“Tentrem-rahayu lan katresnan kang kanthi pracaya saka Gusti Allah Sang Rama lan saka Gusti kita Yésus Kristus anaa ing para sadulur kabèh. Sih-rahmat anaa ing wong kabèh, kang padha nresnani Gusti kita Yésus Kristus kanthi katresnan kang ora sirna ing salawas-lawasé.” (Éfesus 6:23-24)

U: (Ngidung **Hosiana, Amin** manut ungeling KPJ 472)
Hosiana (5x), Amin (3x)

[ery – mgk]



BAHAN LITURGI
Setu Sepen (Setu Suci)

Setu, 19 April 2025

Katrangan:

PS: Palados Sabda/Pandhita

Pns: Pinisepuh

PL: Palados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

Nanggapi Dhuh kita:
Panggah Makarya



(Donga kanthi kidungan Taizé)

Pns: Umatipun Gusti ingkang kinasih, dinten punika kita sami tetunggilan kanthi ancas sesarengan ngraos-raosaken gingsiring wekdal saking sédanipun Sang Kristus nuju wungunipun Sang Kristus utawi wonten ing *kalènder gerejawi* kasebat Setu Sepen utawi Setu Suci. Wondéné irah-irahan Setu Sepen utawi Setu Suci ingkang badhé kira raos-raosaken wekdal samangké inggih punika “**Nanggapi Dhuhkita: Panggah Makarya**” lan dipun tata kanthi tata cara pandonga kidungan Taizé.

PL: Salam rahayu tumrah kita sadaya. Sumangga kita lumebet ing wekdal ening sawatawis, kita cawisaken manah lan pangangen-angen kita miwiti pandonga kanthi kekidungan Taizé ing dinten punika. Ing salebeting kawontenan sepen ening, kita pitados bilih Gusti Allah kuwaos ngandika lan mratélakaken karsanipun tumrap kita sadaya. Awit saking punika, pangibadah punika kita talesi ing pitulunganipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi ingkang langgeng sih-katresnanipun.

= wekdal ening =

PL: **(Maos Jabur Masmur 31:1-4, 15-16)**

Kidunging Umat

KPJ. 38 PUJI MRING GUSTI

(karepèkaken rambah kaping 7 utawi menawi kawawas cekap)

1. Puji mring Gusti kanthi trusing ati
Puji mring Gusti kang paring basuki

= wekdal ening =

PL: Bab gesang lan pepejah punika kalih prakawis ingkang boten saged kapisah saking pagesanganipun manungsa, awit saben manungsa badhé nemahi kedadosan punika. Nanging ingkang angèl dipun tampi saking kalih prakawis kasebat inggih punika bab pejah, awit boten wonten ingkang kapéngin nemahi pejah lan ugi boten gampil legawa nalika pepisahan kaliyan ingkang dipun kasihi jalaran tilar donya. Punika sababipun, mangsa ingkang paling angèl tumrap kita nalika kita pepisahan kaliyan ingkang kita tepang lan kita tresnani jalaran tilar donya. Lampah ngraosaken sungkawa lan kawontenan sepen samun punika ingkang dipun raosaken déning para pandhèrèkipun Gusti Yésus ing wekdal Setu Sepen punika, inggih wekdal anggènipun para pandhèrèkipun Gusti Yésus sami ngraosaken manah ingkang kairis-iris déning sungkawa dhuhkita. Awit Gusti Yésus ingkang saben dinten dipun dhèrèki, dipun kagumi, lan Juru Pitulung gesangipun para pandhèrèk kanyatanipun sampun séda. Panjenenganipun sampun séda lan kados-kados sédanipun ugi nglumpuhaken pagesangan ugi daya gesanging para siswa sarta para pandhèrèkipun. Sungkawa, nandhang prihatos, kasangsaran sapanunggalanipun; punika lairing piwulang saha piweling ingkang ketingal cetha lumantar kitab Kidung Pangadhuh (**maos Kidung Pangadhuh 3:1-9, 19**).

Kidunging Umat

KPJ. 35 AJA KUWATIR LAN AJA WEDI

(karepèkaken rambah kaping 7 utawi menawi kawawas cekap)

1. Aja kuwatir lan aja wedi,
awit nèng Gusti tan kekurangan.
Aja kuwatir lan aja wedi, tamtu tinanggelan.

= wekdal ening =

PL: **(ngatag umat ngunjukaken pandonga pangakening dosa kanthi sesautan)**

LITANI saking **Jabur Masmur 119:25-33**

PL: “Nyawa kawula kraket dhateng lebu, Paduka mugi karsaa nggesangaken kawula miturut ing pangandika Paduka.

U: **Salampah kawula sampun kawula unjukaken, déné Paduka lajeng paring wangsulan. Paduka mugi karsaa mulang bab pranatan Paduka dhumateng kawula.**

PL: Kawula mugi Paduka sumerepaken dhateng pitedah pepakèn Paduka, supados kawula ngraosaken kaélokan Paduka.

U: **Nyawa kawula nangis margi saking sedhèh, Paduka mugi karsaa ngiyataken miturut pangandika Paduka;**

PL: kawula mugi Paduka tebihaken saking margi ingkang nasar, saha kaparingana angger-angger Paduka.

U: **Margining kaleresan ingkang sampun kawula pilih, sarta sarak Paduka kawula dèkèk wonten ing ngajeng kawula;**

PL: dhawuh pepènget Paduka kawula gondhèli; dhuh Yéhuwah, kawula mugi sampun Paduka wirangaken.

U: **Kawula badhé mbangun-miturut dhumateng pitedah pepakèn Paduka, awitdéné Paduka sampun paring ombèring manah kawula.**

PL+U: **Dhuh Yéhuwah, Paduka mugi karsaa nedahaken pitedah bab pranatan Paduka dhumateng kawula, badhé kawula turut ing salami-laminipun.**

Kidunging Umat

KPJ. 39 PUJI SOKUR MRING GUSTI

(karepèkaken rambah kaping 7 utawi menawi kawawas cekap)

1. Puji sokur mring Gusti, krana katresnannya.
Puji sokur mring Gusti. Haléluya!

= wekdal ening =

PS : **(Maosaken Matéus 27:57-66)**

Kidunging Umat

KPJ. 38 PUJI MRING GUSTI

(karepèkaken rambah kaping 7 utawi menawi kawawas cekap)

1. Puji mring Gusti kanthi trusing ati,
puji mring Gusti kang paring basuki.

PS: (Renungan Sabdaning Gusti/Kotbah Jangkep)

= wekdal ening =

PL: (Maos 1 Pétrus 4:1-8)

Kidunging Umat

KPJ. 43 SINTEN INKGANG BADHÉ KAWULA SOWANI

(karepèkaken rambah kaping 7 utawi menawi kawawas cekap)

1. Sinten ingkang badhé kula sowani? Ooo.....
Sabdaning Gusti punika langgeng! Ooo....
Kawula yakin, Paduka Kristus ingkang suci, Putreng Allah!

PL.: (Ngatag umat ngonjukaken donga *syafaat*)

Isining donga *syafaat*:

1. Jagad kanthi manéka warni pergumulanipun
2. Negari lan bangsa kanthi manéka warni pergumulanipun
3. Timbalan gréja-gréja ing Indonesia
4. Karyaning paladosan ingkang nembé katindakaken pasamuwan
5. Sadhèrèk ingkang sakit, dados korban reribed bencana, pergumulan ékonomi, pergumulaning gesang bebrayatan, lan sapiturutipun
6. Donga pribadi
7. Kapungkasan kanthi ngucapaken “Donga Rama Kawula.”

Kidunging Umat

KPJ. 36 GUSTI KANG MAWELAS

(karepèkaken rambah kaping 7 utawi menawi kawawas cekap)

1. Gusti Kang Mawelas, mugi angengèti kula;
Gusti Kang Maasih, mugi amelasi kula.

PANGUTUSAN

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti Etuking Pagesangan. Dadosa seksinipun Sang Kristus. Nglampahana gesang kanthi tumemen prayogi. Pinujia Allah Tritunggal ingkang Maha Suci, samangké éngga salaminipun!

BERKAH

PS: Gusti mberkahi lan ngayomi panjenengan;
ing kawontenan pacoban, Gusti nyanggi panjenengan
wekdal nyingkur dhiri, Gusti boten ngèndelaken
panjenengan dhawah;
ing kawontenan dhuhkita lan sepen samun, manah
panjenengan tansah kateguhaken;
kepara ing sangajenging panandhang lan pepejah, Gusti
ngleremaken jiwa panjenengan;
awit panguwaosing Gusti ngrengkuh saha nyanggi; ngayomi
panjenengan murih ngèngeti, pitados, lan dados seksinipun
Gusti.
Lan éngga kita pepanggihan malih,
Sihipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci
tansah nunggil ing panjenengan
samangké lan salaminipun!
Amin.

= ening-samun =

[fj-ucsl]

TATA PANGIBADAH

Minggu Paskah

Minggu, 20 April 2025

Katrangan:

PS: Palados Sabda
PL: Palados Liturgi
Pdt: Pandhita
Prdt: Pradata
U: Umat
L: Lèktor

Ngèngeti, Pitados, lan Dados Seksinipun Gusti

☪☪☪

Pacawisan

- umat lumebet ing papan pangibadah
- umat mangun eninging kawontenan

Timbalan Ngibadah

(umat lenggah)

PL: “Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangéran Yéhuwah!

U: **Hèh isining batinku kabèh, memujia marang
asmané kang suci!**

PL: Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangéran Yéhuwah,

U: **lan aja lali marang sakèhing kasaénané!**

PL: Panjenengané kang ngapura sakèhé kaluputanmu,

U: **lan maluyakaké sakèhé lelaramu.**

PL: Kang ngentas uripmu saka ing kubur,

U: **lan makuthani kowé kalawan kadarman lan
kawelasan,**

PL: Panjenengané kang unggul saka pati yaiku Gusti Allahing
jagad raya kang mbabar karahayon tumrap jagad.

Winengku raos sokur, kita pepuji **“Gusti Yésus Wus
Wungu”!**

U: (umat jumeneng lan ngrepèkaken **KPJ. 258:1-4 “Gusti
Yésus Wus Wungu”**)

KPJ 258. GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya!
Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
- tanpa interlude -
 - 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!
- interlude -
 - 3) Gesang malih Sang Raja! Haléluya!
Kita tentrem - raharja! Haléluya!
Pati, endi antupmu? Haléluya!
Kubur, endi kwasamu? Haléluya!
- tanpa interlude ~ modulasi -
 - 4) Kubur kwanané sirna! Haléluya!
Naraka tanpa daya! Haléluya!
Teluk déning Sang Kristus! Haléluya!
Binuka taman Pirdus! Haléluya!
- Nalika ngrepèkaken pada kalih, para palados lumebet ing papan pangibadah, kawiwitan déning ingkang mbekta lilin Paskah, ingkang mbekta Kitab Suci, Palados Sabda, lan salajengipun.

Votum

(umat jumeneng)

PS: Pangibadah punika katindakaken wonten ing Asmaning Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Roh Suci. Amin!

U: **(aklamasi) AMIN! (3x)**

Salam

(umat jumeneng)

PS: Sang Kristus satuhu Gusti. Sang Kristus sampun wungu! Panjenenganipun mberkahi para sadhèrèk sadaya!

U: **SANYATA, PANJENENGANIPUN SAMPUN WUNGU! SANG KRISTUS UGI MBERKAHI PANJENENGAN!**

Pratélan Pambuka

(umat lenggah)

PL: Punapa maknaning Paskah tumrap panjenengan, kula, lan kita sadaya? Reroncèning pangibadah wiwit Rebo Awu éngga dinten samangké ngèngetaken kita ing maknaning Paskah.

- Paskah minangka wekdal ngèngeti lan nuwuhaken raos kangen maring pangandikanipun Gusti Yésus lan pakaryanipun.
- Paskah minangka wekdal murih nandhesaken kapitadosan saben pandhèrèkipun Gusti Yésus bilih Panjenenganipun sampun Gesang lan wungu. Pasaréyan kothong dados bukti Panjenenganipun boten makuwon ing antawising tiyang pejah.
- Paskah minangka wekdal murih babaring warta kabingahan bab patangèn lan neksèni wungunipun Gusti Yésus.

Ing Minggu Paskah punika, sumangga kita sowan marek Panjenenganipun ing salebeting pandonga, nyuwun pangapuntèn lan sih-rahmatipun supados kita kuwagang ngèngeti, pitados, lan dados seksi wungunipun Gusti Yésus.

(PL mimpin donga pangakening dosa)

U: (umat ngrepèkaken **NKB. 87:1-3** “*Junjungan Yang ‘Ku Pilih’*” (Pepundhèn Kang Sajati)

NKB 87 PEPUNDHÈN KANG SAJATI

[Cakepan: Uri Christian Sakti Labèti]

- 1) Pepundhèn kang sajati: Yésus Sang Pamarta.
Kang wus wungu sing séda, mbabar pangwasanya.
Nadyan pepoyok nempuh cecamah anrajang,
mundhi dhawuh sabdanya, ing satitah.
Refr.: Nyata, nyata Gusti Yésus wungu
ngayomi mring umatipun, tresnanya misuwur.
Nyata, nyata Gusti Yésus wungu
lirih anggènnya anglipur, nggih ing jroning kalbu.
- interlude -
- 2) Ing bingah lan ing sisah tresnanya tan gingsir,

ing nggresah ing pasambat énggal dènnya nglipur.
ing prahara ing pedut Gusti tansah nunggil,
ngugemi prasetyanya mrih rahayu.
Refr.:

- interlude ~ modulasi -

- 3) Gya samya muji Gusti kang wungu sing séda,
Repèkna: Haléluya ngegungna Pamarta.
Kang mbabar gesang mulya langgeng salaminya,
wit Gusti Yésus Kristus sèstu wungu.
Refr.:

Pawartos Sih-rahmat

(umat jumeneng)

PS: Sarèhning Panjenenganipun sampun wungu, karahayon
prapta tumrap panjenengan lan kula. Nampènana sih-
rahmatipun Gusti Allah,

“Lan Sang Kristus wus nglampahi séda kanggo wong
kabèh, supaya wong kang padha urip, uripé ora lumadi
marang awaké dhéwé manèh, nanging lumadia marang
kang wus séda lan kang wus kawungokaké marga saka
wong-wong mau” (2 Korinta 5:15).

Makaten sih-rahmatipun Gusti.

PS: Salam Paskah, Gusti sampun wungu!

U: **Puji Gusti, Panjenenganipun sampun wungu.
Salam Paskah kagem panjenengan.**

PS: Salam Paskah katur para sadhèrèk sadaya.

U: **Salam Paskah tumrap kita sadaya.**

U: (umat ngrepèkaken kidung “*Because He Lives* Cipt.
William J. Gaither, Gloria Gaither/ *S’bab Dia Hidup/ Gusti
Sampun Wungu*” (pérangan *refrein* saged kaambali malih)

GUSTI SAMPUN WUNGU

[Cakepan: Uri Christian Sakti Labèti]

Putrèng Allah Yésus Asmanya,
kang makarya milujengken.
dènnya séda dados Pamarta,
wungunya mbabar sih-rahmat gesang langgeng!
Refr.: Gusti wungu ngawonken antaka

kang pracaya gesang baka.
Dènya ngerèh lan nunggil lampah kula,
giris kwatos tan kuwasa wit wungunya.
- interlude -

Nggih Sang Kristus kang wus wineca,
Sang Panebus, Sang Pamarta.
Dèn cawisken swarga kang baka,
pinaringken mring umat kang tuhu-setya.
Refr.:

Paladosan Sabda

- a. Donga badhé nampèni Sabda (déning PS)
- b. Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

- L1: Waosan kapisan kapethik saking Yésaya 65:17-25.
(sasampunipun maos) Makaten Sabdanipun Gusti.
U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

- L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kanthi maos
sesautan Masmur Tanggapan saking Jabur Masmur 118:1-
2,14-24 (saged ugi dipun kidungaken).

Waosan Kalih

- L3: Waosan kalih saking Lelakoné Para Rasul 10:34-43.
(sasampunipun maos) Makaten Sabdanipun Gusti.
U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

- PS: Waosan Injil, kapethik saking Injiling Yésus Kristus manut
paseksining Lukas 24:1-12.
(sasampunipun maos) Makaten Injiling Yésus Kristus.
“Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken
Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. Haléluya.
U: **(aklamasi) Haléluya, amin!**

- c. Kotbah
- d. Wekdal Ening

Pangakening Kapitadosan *(umat jumeneng)*

Prdt : Sesarengan umatipun Gusti ing wekdal kapengker, wekdal samangké, lan ing mangsa ngajeng; kanthi ngèneti karahayon sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus, kita pratélakaken kapitadosan kita kanthi repèning **KPJ. 87:1-3 “Nèng Kasa Ngumandhang Asma”**.

U: (umat ngrepèkaken **KPJ 87:1-3 “Nèng Kasa Ngumandhang Asma”**)

KPJ 87. NÈNG KASA NGUMANDHANG ASMA

- 1) Nèng kasa ngumandang asma sajuga,
kang anepangaken jagad lan swarga.
Datan wonten asma kados punika,
kang kwsa nyirnakken pangrèhing dosa.
Napa sami dèrèng wanuh,
Gusti Yésus Kristus yèku asmané?
-tanpa interlude-
- 2) Wus pantes asmané lan pakaryané.
Rawuhé ing donya wit gunging sihé,
nebus tiyang dosa, sinalib séda,
gya wungu nyawisken papan ing swarga.
Napa sami dèrèng wanuh,
Gusti Yésus Kristus yèku asmané?
- tanpa interlude ~ modulasi -
3. Sang Kristus samangké ngratoni Swarga,
ngasta pangwasané Allah Sang Rama,
ngadili jagad ing mbénjing rawuhé,
kula pareng ndhèrèk ing kamulyané
Yésus Kristus Sang Pamarta,
punika asmané panutan kula

Donga Syafaat

(umat lenggah)

Dening Palados Sabda (PS).

Pisungsung Sokur

(umat lenggah)

Prdt: Sumangga kita aturaken pisungsung cihnaning sokur kita.
Pangandikanipun Gusti ingkang dados tetales anggèn kita
ngaturaken pisungsung kapethik saking Rum 11:36,
“Awitdéné anané samubarang kabèh iku saka ing
Panjenengané, lan marga déning Panjenengané, sarta
lumadi marang Panjenengané: Kamulyan kagama ing
Panjenengané salawas-lawasé!”

U: (umat ngrepèkaken **KPJ 26:1-3 “Pinuji Gusti”**)

KPJ 26. PINUJI GUSTI

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.
Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.
- interlude -
- 2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.
Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.
- interlude -
- 3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.
Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.

Prdt: (mimpin donga atur pisungsung, umat kasuwun jumeneng)

(Menawi badhé kaladosaken Bujana Suci Paskah, saged kaladosaken ing ngriki. Tumrap pasamuwan ingkang sampun ngladosi bujana kanggé para laré saged mranata kaleksananing bujana manut padatanipun piyambak-piyambak. Ing tata pangibadah punika kaserat pratélan-pratélan Bujana Suci ekumenis atetales “Liturgi Lima” ingkang saged kaginakaken minangka salah satunggaling pilihan tata pangibadah).

Paladosan Bujana Suci

(umat lenggah)

PALADOSAN BUJANA SUCI

Pambuka Paladosan Bujana Suci

Pdt: Pinujia Paduka, Gusti, Allah ingkang Murbèng rat. Paduka ingkang maringi roti punika. Wulu wetuning bumi lan pambudidayanipun manungsa. Mugi punika dados roti pagesangan.

U: **Pinujia Gusti Allah, samangké éngga salaminipun.**

Pdt: Pinujia Paduka, Gusti, Allah ingkang Murbèng rat. Paduka ingkang maringi anggur punika. Woh saking witing anggur lan pambudidayanipun manungsa. Mugi punika dados angguring kalanggengan ing Kraton Paduka.

U: **Pinujia Gusti Allah, samangké éngga salaminipun.**

Pdt: Kados déné gandum ingkang rumiyin sumebar ing pategalan. Kados déné anggur ingkang sumebar ing èrèng-èrènging tengger. Samangké, sampun manunggal ing méja punika. Makaten ugi sadaya pasamuwan kagungan Paduka. Katunggilaken saking poncot-poncoting bumi nuju dhateng Kraton Paduka.

U: **Maranatha! Rawuha dhuh Sang Kristus!**

Ngeneraken Manah

Pdt: Sumangga kita ngeneraken manah dhumateng Gusti.

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**

Pdt: Sumangga kita ngunjukaken raos sokur dhumateng Gusti Allah kita.

U: **Satuhu pantes ngunjukaken raos sokur dhumateng Panjenenganipun.**

Prefasi (Pratélan Pandonga Mirunggan)

Pdt: Sajatosipun punika saé lan leres mratélakaken panggunngung kamulyaning Paduka ing sadhéngah kawontenan wekdal lan ing sadhéngah papan, murih ngunjukaken raos sokur dhumateng Paduka, dhuh Allah Rama ingkang Suci, Gusti Allah ingkang Maha Kawasa lan langgeng. Lumantar Sabda Paduka ingkang gesang, Paduka nitahaken samukawis prayogi linangkung. Paduka nitahaken manungsa miturut pasemon Paduka, murih

tumut tumandang ing pagelaraning gesang titah Paduka lan nyunaraken kamulyan Paduka. Paduka ngeparengaken Sang Kristus kanggé kawula; déné Panjenenganipun madeg Margi, Kaleresan, lan Gesang. Panjenenganipun sampun nampèni baptisan lan kamulyan ing pucaking redi murih martosaken warta kabingahan tumrap ingkang sami ringkih. Ing wekdal bujana ingkang pungkasan, Sang Kristus marisi tumrap kawula Bujana Suci supados kawula tansah ngèngeti saha nampèni rawuhipun kados déné tetedhan ingkang kawula betahaken saben dintenipun. Sang Kristus sampun karsa dados sakabat tumrap para siswa lan pasamuwan. Lumantar Rohipun ingkang Suci, Panjenenganipun neguhaken lan mberkahi tiyang-tiyang ingkang tumut tumandang damel ing kalenggahan paladosan. Murih tiyang-tiyang sami nampèni tetedhan inggih punika Sabda Paduka saha Badan sarta Rah Paduka, tumrap pasamuwan ingkang dados woh pakaryaning Roh Paduka ingkang Suci. Awit saking punika, dhuh Gusti Allah, sesarengan para malaékat ing swarga lan golonganing para suci ing bumi, kawula martosaken saha memuji ngluhuraken kamulyan Paduka:

***Sanctus-Benedictus* (aklamasi miturut Yésaya 6:3)**

U: (umat ngrepèkaken **KPJ. 28:1 “Suci, Suci, Suci”**)

KPJ 28. SUCI, SUCI, SUCI

Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi
titah sadaya memuji samnya

Epiklèse 1

Pdt: Dhuh Gusti Allah ingkang Murbèng rat, kasucèn saha kamulyan Paduka nglangkungi sadaya takeran. Berkahana tedhan lan ombèn ing bujana punika lan Paduka karsaa nedhakaken Roh Paduka ingkang Suci ing manah kawula, satemah lumantar roti lan anggur punika kawula saged ngraos-raosaken Sarira lan Rah Paduka ingkang suci.

U: Rawuha dhuh Rohing Sarwa Tumitah.

Tetepan Bujana Suci

Pdt: Rohing Sarwa Tumitah nyampurnakaken Sabdaning Sang Putra ingkang kinasih, déné ing dalu ndungkap Panjenenganipun kaulungaken; Panjenenganipun mundhut roti lan sasampunipun ngucap sokur, Panjenenganipun nyuwil-nyuwil roti wau lan ngandika: “Iki Badan-Ku kang kaulungaké marga saka kowé; iki tindakna minangka pangéling-éling marang Aku!” Makaten ugi Panjenenganipun mundhut tuwung unjukan, sasampunipun dhahar, lajeng ngandika: “Tuwung iki minangka prajanjian anyar kang kaecap klawan Getih-Ku; iki tindakna, saben-saben kowé ngombé ing tuwung iki minangka pangéling-éling marang Aku!”

**U: Sédanipun Sang Kristus kawula wartosaken!
Wungunipun Sang Kristus kawula riyayakaken!
Rawuhing Sang Kristus kawula antu!**

Anamnesis (Ngèneti Kedadosan ingkang Kapengker)

Pdt: Awit saking punika dhuh Gusti Allah, samangké kawula ngriyayakaken kamardikan kawula. Kawula ngèneti malih Wiyosan nDalem Sang Putra ing antawis kawula, pambaptisan Paduka déning Yohanes, bujana pungkasan Paduka sesarengan para siswa, séda Paduka ingkang ngrengkuh mbandhangi kawula saking teleng palimengan. Kawula ngagungkaken wungu lan sumengkanipun Sang Kristus ing kamulyanipun, déné Paduka jumeneng minangka Imam Agung kawula, ugi pantara tumrap sadhéngah tumitah. Lan kawula ngantu-antu rawuh Paduka ing pungkasaning jaman. Samangké, ing patunggilan sesarengan Sang Kristus, kawula pisungsung konjuk Paduka sadaya pangènet kawula dhumateng Paduka. Pangènet ingkang nuntun kawula supados tumut tumandang damel nglajengaken pakaryan karahayoning Sang Kristus éngga pungkasaning jaman.

U: Maranata! Rawuha dhuh Sang Kristus!

Epiklèse 2

Pdt: Karsaa Paduka mirsani kawula dhuh Allah, ing bujana suci punika, ingkang Paduka warisaken tumrap pasamuwan Paduka. Lumantar bujana suci punika kawula nampèni kasaénan Paduka, kados déné Paduka sampun nampèni pisungsung Putra Paduka, déné lumantar Panjenenganipun kawula nampèni malih sih-nugraha tetunggilan kaliyan Sarira saha Rahipun. Kawula Paduka kebaki kanthi Roh Suci supados kawula manunggal dados satunggal gegelitan lan manunggal ing Roh wonten ing Sang Kristus satemah dados pisungsung ingkang gesang konjuk Gusti Allah.

U: **Rawuha dhuh Rohing Sarwa Tumitah!**

Pangènget

Pdt: Karsaa ngèngeti dhuh Allah, Pasamuwan Paduka ingkang satunggal, suci, wradin, lan rasuli; ingkang sampun kawilujengaken déning Rahing Sang Kristus. Kababara patunggilanipun, Paduka jagi kapitadosanipun, lan Paduka rimati winengku tentrem rahayu. Karsaa Paduka ngèngeti, sadaya palados-palados pasamuwan Paduka ingkang sampun Paduka paringi sih-nugraha mirunggan ing kalenggahan minangka palados. Paduka ngèngeti para sadhèrèk kawula ingkang sampun marek ing tentrem rahayuning Sang Kristus, ugi para rasul, para martir lan tiyang-tiyang suci. Makaten ugi sesamining tumitah ingkang tansah ngraosaken sih-katresnan Paduka, Paduka tuntun ing pahargyan sukabingah ingkang sampun kacawisaken ing Bénjang wekdal rawuh Paduka. Kawula ngunjukaken pepujèn lan ngantu-antu kabingahan Karajan Paduka sesarengan sadaya titah, ingkang sampun Paduka mardikakaken saking dosa lan pepejah. Kawula ngluhuraken Paduka lumantar Sang Kristus, Gusti kawula.

U: **Maranatha! Rawuha dhuh Gusti!**

Konklusi (Underaning Pratélan)

Pdt: Lantaran Sang Kristus, kanthi Sang Kristus, lan wonten ing Sang Kristus konjuk urmat saha kamulyan katur Allah Sang Rama ingkang wonten ing patunggilaning Sang Roh Suci,

samangké éngga salaminipun.
U: **Amin.**

Donga Rama Kawula

Pdt: Minangka para putraning Allah ingkang sampun katunggilaken ing satunggal baptisan, satunggal Roh, lan satunggal Badan Sang Kristus, sumangga kita ndedonga...

U: **Dhuh Rama kawula ingkang wonten ing swarga....**

Tentrem Rahayu [umat jumeneng]

Pdt: Dhuh Gusti kawula Yésus Kristus, Paduka sampun mratélakaken dhateng para siswa, “Kowé padha Daktinggali tentrem-rahayu. Tentrem-rahayuKu Dakwènèhaké marang kowé.” Sampun ngantos Paduka ènget-ènget dosa panerak kawula nanging Paduka pirsani kapitadosan pasamuwan Paduka, satemah karsa Paduka ingkang kalampahan. Paduka karsaa maringi kawula tentrem rahayu punika lan karsaa nuntun kawula ngener patunggilan ingkang sampurna ing Karajan Paduka ingkang langgeng.

U: **Amin.**

Pdt: Tentrem-rahayuning Gusti nunggil ing panjenengan.

U: **nunggila ing panjenengan ugi.**

(Umat tangkep asta lan ngucap:
“Tentrem rahayu wonten ing panjenengan”)

Paladosan Roti [umat lenggah]

Pdt: (roti kaangkat lan kacuwil-cuwil)
Roti ingkang kacuwil-cuwil punika dados sarana patunggilan kita kaliyan Sariranipun Sang Kristus. Mangga panjenengan tampi!

(Roti kaladosaken)

(roti kaangkat) Sami èngeta lan pitadosa bilih Sariranipun Gusti Kita Yésus Kristus sampun kinurbanaken murih kawilujenganing jagad. Mangga kita tedha sesarengan!

Paladosan Anggur

Pdt: (tuwung kaangkat lan anggur kaesokaken)
Anggur ingkang kailing ing tuwunging sokur punika dados sarana patunggilan kita kaliyan Rahipun Sang Kristus. Mangga panjenengan tampi!

(anggur kaladosaken)

(anggur kaangkat) Sami èngeta lan pitadosa bilih Rahipun Sang Gusti kita Yésus Kristus sampun kaesokaken murih kawilujenganing jagad. Mangga kita ombé sesarengan!

Donga Sokur

Pdt: Winengku ing katenreman, sumangga kita ngunjukaken panuwun sokur katur Gusti:
Dhuh Gusti Allah Murbèng rat, kawula ngaturaken panuwun konjuk Paduka, awit kaéndahan bumi saha seganten, kasugihaning redi-redi, ngaré lan lèpèn-lèpèn, awit pepujèning peksi-peksi lan kaéndahaning kembang; kawula memuji Paduka awit sadaya sih-nugraha Paduka ingkang éndah punika.

Lan kawula ndedonga supados kawula saged ngrimati karaharjaning sadaya tumitah. Kasagedna kawula tuwuh winengku raos sokur kawula awit pakaryan titah Paduka ingkang boten naté kendhat. Kawula ngucap sokur awit Paduka nunggil kawula ing baptisan wonten ing Sariranipun Sang Kristus lan awit Paduka ngebaki kawula kanthi sukabingah ing Bujana Suci punika. Karsaa Paduka mimpin kawula nuju patunggilaning pasamuwan Paduka ingkang satuhu. Lan kabiyantua kawula supados kuwagang ngaosi sadaya tandha-tandhaning bedhamèn ingkang Paduka ngrahakaken tumrap kawula. Awit samangké kawula tansah ngraosaken bujana ingkang sampun kacawisaken tumrap kawula ing jagad anyar ingkang badhé kababar. Mugi kawula sadaya Bénjang saged tumut kempal sesarengan para suci wonten ing gesanging Karajan Paduka. Wonten ing Asma nDalem Gusti Yésus Kristus, Putra

nDalem ingkang gesang lan ngasta papréntahan sesarengan kaliyan Paduka wonten ing patunggilaning Sang Roh Suci; Gusti Allah ingkang Tunggal, mugè tansah ngasta papréntahan bénjang ing jagad anyar ingkang boten badhé éwah gingsir.

U: **Amin.**

(umat kaaturan ngaturaken pisungsung sokur Bujana Suci kanthi nglebetaken ing kothak pisungsung ingkang sampun kacawisaken)

Seksi Wunguning Gusti

PS: Sampun ngantos mangu-mangu lan sampun ngantos ajrih! Dadosa seksi wunguning Sang Kristus kanthi sukabingahing manah.

U: **Kawula badhé gesang kanthi daya wunguning Gusti.**

PS: “Ingsun iki, Yéhuwah, wus nimbali sira supaya ngundhangaké kaslametan, wus ngasta tanganira; Ingsun wus ndhapuk sira lan maringaké sira dadi prajanjian tumrap umat manungsa, dadi pepadhang tumrap para bangsa” (Yésaya 42:6).

U: **Kawula badhé mbagèkaken dayaning gesang kawula tumrap jagad.**

U: (ngrepèkaken **KPJ. 262:1-2 “Kwaosing Asma Paduka”**)

KPJ 262. KWAOSING ASMA PADUKA

- 1) Kwaos ing asma Paduka ingkang kita sebar;
pramila kita dhuh Gusti, tan giris ing pati.
Kadya gesangipun wiji ingkang katanem ing siti,
amrih tuwuha angrembaka, temahan medal wohira,
munpangati salumahing bumi.
- interlude -
- 2) Kados tuladha Paduka kang nandhang sangsara,
dé sinalib nulya séda, wit dosaning jalma.
kados wiji kang katanem ing siti samnya kapendhem,

Ngènget-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun

makaten kita kang nistha, kepareng nunggil Paduka,
binerkahan, pikantuk kaswargan.

PS: Dadosa seksi ing satengahing jagad ingkang ngidham-idhamaken sih-nugrahaning Gusti Allah. Dados patuladhan ing salebeting kapitadosan, pangajeng-ajeng, lan katresnan. Tansah mbudidayaa anggèn panjenengan dados talanging berkah tumrap sesami manungsa lan ugi tumrap sadaya titahipun Gusti Allah kados déné berkahing Gusti ingkang kaparingaken dhateng panjenengan. Nampènana berkahing Gusti:

Kuwaos wungunipun Sang Kristus nuwuhaken dayaning kapitadosan panjenengan.

Sih-susetyaning Gusti Allah ingkang nangèkaken, nuwuhaken kakendelan anggèn panjenengan tansah mbudidaya neksèni Panjenenganipun.

Patuladhan katresnan ingkang kakumandhangaken Gusti Yésus ing kajeng salib ndadosaken gesang panjenengan winengku ing katresnan tumrap pagesangan.

Sang Roh Suci maringi daya gesang ingkang ndayani panjenengan ngéwahi sawetahing gesang cundhuk kaliyan daya wunguning Sang Kristus. Amin.

U: **(aklamasi) HALÉLUYA (5x) AMIN (3x)**

[wsn-ucsl]

BAHAN LITURGI

Minggu Paskah Sonten

Minggu, 20 April 2025

Keterangan:

PS.: Palados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

U: Umat

L: Lèktor

Mblebed

Kasungkawan

Ngenam

Pangajeng-ajeng

ଶଠ

PACAWISAN

**(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)**

- Organisme/pianis/juru musik kanthi lirih ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos Pasamuwan kawaos.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Umat Lenggah)

(Solois / Prokantor ngidungaken **KPJ 19: 1 PAMUJI KONJUK GUSTI**)

KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

Do=F 3/4

- 1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya,
wit siyang dalah ratri tansah lubèr sih-rahmatnya.
Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.

P/D1: Pasamuwan kaaturan sami jumeneng

P/D1: Sang Kristus sampun wungu!

U: **Inggih, Sang Kristus sampun wungu!**

P/D1: Haléluya, dinten punika kita mahargya wungunipun!

U: **Haléluya!**

P/D1: Panguwaosipun Ingkang Gesang sampun ngawonaken

panguwaosing pepejah!

U: **Inggih, Sang Kristus Inggang Gesang sèstu wungu.**

P/D1: Katresnaning Sang Padhang ngawonaken petenging pagiris!

U: **Inggih, Sang Padhang wungu**

M: Margining Sang Bedhamèn sampun unggul saking kadursilan!

U: **Inggih, Sang Kristus, Sang Padhang wungu!**

M: Sumangga ngluhuraken Allah ingkang panguwaosipun kababar wonten ing Sang Kristus ingkang kita sembah.

Dhuh nyawaku, saosa puji marang Gusti Allah

U: *(Ngidungaken **KPJ 19: 2, 3 “Pamuji Konjuk Gusti”**)*

KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

Do=F 3/4

2) Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah,
pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
salir ingkang pinanggya dados margining bergja.

3) Pamuji konjuk Gusti Hyang Maluhur, Mahasuci,
kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,
wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati.

VOTUM & SALAM

(Umat Jumeneng)

PS: Kita tindakaken pangibadah punika kanthi tetales ing pangaken: Pitulungan kita pinangkanipun saking Gusti ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang setya ing salami-laminipun.

U: *(Ngidungaken **Amin 3x**) **Amin, Amin, Amin.***

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti kita Yésus Kristus wonten ing panjenengan sadaya.

U: **Wonten ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

P/D2: Manungsa gesang ing satengahing tetarungan. Ing salebeting brayat, pangupajiwa utawi padamelan, sesrawungan lan masyarakat, dumugi bangsa lan negari, tansah aben-ajeng kaliyan tantangan. Punika

kasunyataning gesang salebeting jagad ingkang dhumawah ing dosa.

Nanging, wungunipun Sang Kristus dados kasunyataning katresnanipun Allah dhateng manungsa punapadéné wujuding kamenanganipun Sang Kristus tumrap panguwaosing dosa. Amargi Sang Kristus, kita anggadhahi jurubedhamèn tumrap sadaya tetarungan wau. Wonten ing Sang Krisus, kita nggadhahi pangajeng-ajeng kanggé nglampahi gesang ingkang ringkih punika. Kita luhuraken Sang Kristus ing wungu lan mahamulya.

U: (*Ngidungaken* **KPJ 258:1-3 “Gusti Yésus Wus Wungu”**)

KPJ 258. GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya
Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
- 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!
- 3) Gesang malih Sang Raja! Haléluya!
Kita tentrem - raharja! Haléluya!
Pati, endi antupmu? Haléluya!
Kubur, endi kwasamu? Haléluya!

PANGAKENING DOSA

(*Solois / Prokantor ngidungaken* **KPJ 85 MUGI GUSTI MELASI**)

KPJ 85.MUGI GUSTI MELASI

Do=C birama bebas

Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi.
Mugi Gusti melasi. Gusti melasi kula.

PS: Sumangga kita ndedonga.

Dhuh Gusti, salebeting kabingahan lan panuwun kawula, awit wungu Paduka Sang Kristus, kawula netepi timbalan Paduka ambikak manah lan gesang kawula ing ngarsa Paduka. Kawula ngakeni, bilih wonten ing brayat, kawula asring nenatoni warganing brayat kawula, lumantar pitembungan, pandamel tuwin mboten anggatosaken brayat.. Apuntenana kawula dhuh, Gusti.

U: (*Ngidungaken **KPJ 85 MUGI GUSTI MELASI***)

KPJ 85.MUGI GUSTI MELASI

Do=C birama bebas

Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi.
Mugi Gusti melasi. Gusti melasi kula.

PS: Dhuh Gusti, kawula ngakeni, nalika kawula makarya wonten pancasan padamelan ingkang mboten adil; wonten sikeping kanca ingkang mboten nengsemaken; wonten sesambetan kaliyan pelanggan ingkang mboten jujur; kawula natoni piyambakipun... Apuntenana kawula, dhuh Gusti.

U: (*Ngidungaken **KPJ 85 MUGI GUSTI MELASI***)

KPJ 85.MUGI GUSTI MELASI

Do=C birama bebas

Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi.
Mugi Gusti melasi. Gusti melasi kula.

PS: Dhuh Gusti, kawula inggih ngakeni, nalika kawula sesrawungan ing tengahing masyarakat, wonten cubriya dhateng sesami ingkang béda; wonten sesengitan tumrap tetiyang ingkang mboten nyengkuyung kawula; wonten raos sumelang kanggé ngrengkuh tiyang ingkang mboten kawula tepangi; kawula natoni piyambakipun... Apuntenana kawula, dhuh Gusti.

U: (*Ngidungaken **KPJ 85 MUGI GUSTI MELASI***)

KPJ 85.MUGI GUSTI MELASI

Do=C birama bebas

Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi.
Mugi Gusti melasi. Gusti melasi kula.

PS: Dhuw Gusti, inggih punika karingkihan kawula.
Kawula nyuwun welas asih Paduka kanggé mulihaken
kawula. Wungu Paduka dados pangajeng-ajeng saged
sowan, sesambat lan nyenyuwun dhumateng Paduka...
Kawula ngugemi prasetyan Paduka, bilih Paduka setya
ngedusi kawula, sarta paring wewengan ndandosi gesang
kawula, sarana Roh Suci Paduka. Punika kawula dhuw
Gusti...

(pasamuwan katimbangan jumeneng)

U: *(Kaliyan jumeneng, ngidungaken **KPJ 85 MUGI GUSTI
MELASI**)*

KPJ 85 MUGI GUSTI MELASI

Do=C birama bebas

Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi. Mugi Gusti melasi.
Mugi Gusti melasi. Gusti melasi kula.

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(Umat Jumeneng)*

PS: Tumrap kita ingkang ngakeni lan nggetuni dosa lan
kalepatan, Gusti ingkang kebak welas asih karenan nampèni
pamratobat kita. Sih-rahmat pangapunten sinerat ing
Efesus 2: 4-6 kaparingaken kanggé kita ingkang pitados,
“Nanging Gusti Allah kang sugih kawelasan, awit
saka gedhéning katresnan kang kalubèraké marang
kita, wus nguripaké kita bareng karo Sang Kristus,
sanadyan ta kita wis padha mati, awit saka
kaluputan-kaluputan kita -- marga saka sih-rahmat
kowé padha kapitulungan rahayu --lan ana ing Sang
Kristus kita padha ditangèkaké lan uga diparingi
papan bareng karo Panjenengané ana ing swarga.”

Makaten Pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

PS: Wonten ing Sang Kristus, lan namung wonten ing Sang
Kristus, kita pikantuk kawilujengan lan pangajeng-ajeng
kita. Sumangga kita mratélakaken panuwun kita lan
prajanji badhé ngetut wingking Sang Kristus.

U: *(Ngidungaken: **KPJ 59:1-3 PINUJIA TANSAH ALLAH**)*

MAMIRAH)

KPJ 59. PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

Do=F 3/4

- 1) Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresna nira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki
Reff. : Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah mring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.
- 2) Pinuji slaminya Allah Matresna,
kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,
nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.
Reff. :
- 3) Pinuji tan kendhat Allah Murbèngrat,
kang nunggil wah ngreksa mring kagungannya.
Tyang bekti lan setya sinung nugraha,
gesang langgeng nyata néng kraton swarga.
Reff. :

PALADOSAN SABDA

(Umat Lenggah)

PS: *(Pandonga Épiklèse)*

Waosan sepisan

- L1: Waosan sepisan kawaos saking **Yésaya 25:6-9**
(Sasampunipun maos...)
Makaten Pangandikanipun Gusti
- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Mazmur Tanggapan

- L2: Sumangga kita nanggapi waosan sepisan kanthi
maos/nembangaken Jabur 114

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kawaos saking **I Korintus 5:6-8**
(*Sasampunipun maos ...*)

Makaten Pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Pamaosing Injil

PS: Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, miturut **Lukas 24:13-49**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken Pangandikanipun Gusti lan ngèstokaken ing gesang padintenan. **HALÉLUYA.**

U: (*Ngidungaken **HALÉLUYA***)

Khotbah

Wekdal Ening

Pangaken Pitados (*Umat Jumeneng*)

P/D3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadaya wekdal, sumangga kita pratélakaken lan teguhaken malih punapa ingkang kita pitadosi kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli***)

Pandonga Syafaat (*Umat Lenggang*)

PS: (*Mimpin pandonga syafaat*)

PISUNGSUNG (*Umat Lenggah*)

P/D4: Wonten ing dinten mahargya wungunipun Gusti Yésus, sumangga kita ngaturaken pisungsung minangka saos sokur kita tumrap pakaryan panebusanipun Gusti, linandhesan pangandika ing Jabur 86:12-13,

“Dhuh Pangéran, Allah kawula, kawula badhé ngaturaken pamuji sokur kanthi gumolonging manah dhumateng Paduka saha ngluhuraken asma Paduka ing salami-laminipun; amargi agung sih-susetya Paduka dhumateng kawula, saha nyawa

kawula sampun Paduka luwari saking jagading
tiyang pejah ingkang lebet piyambak.”

U: (Ngidungaken: **KPJ 179 PISUNGSUNG KAGEM GUSTI**)

KPJ 179. PISUNGSUNG KAGEM GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Pisungsung kagem Gusti, sinaosken klayan bingah;
tan owel miwah kepeksa, nging kanthi éklas ing manah.
Yèn kumed kang sinebar, nggih kumed pangundhuhnya;
yèn loma kang sinebar, nggih loma pangundhuhnya.
Reff. : Kula sami memuji mring Allah Kang Mahamirah;
srana penambut kardi, saged nampèni berkah.
Kula mboten was sumelang ing sadhéngah
kabetahan,
yèn pitados mring Gusti, mesthi datan kekirangan.
- 2) Pisungsung kagem Gusti, tan namung bandha kadonyan;
ugi raga-badan kita, dadosa korban kang gesang.
Nindakken karsèng Allah, nggih ibadah sejati;
tan kénfir ombyaking jaman, nging manut pangrèhé Gusti.
Reff. :

Pandong Pisungsung

(Umat Jumeneng)

P/D4: (Mimpin pandonga pisungsung)

Kidung Pangutusan

PS: Wungunipun Gusti lan rawuhipun mblebed kasungkawan lan
nyagedaken kita wangsul ngenam pangajeng-ajeng wonten
ing saben lampah gesang kita. Wartosna pawartos kamulyan,
Gusti Yésus Kristus mboten éwah salaminipun, rahi-Pun
nucèkaken gesang kita saking dosa, lan Panjenenganipun
nglipur ingkang nandhang sungkawa.

U: (Ngidungaken: **KPJ 267:1-3 PAMARTA KULA AGESANG**)

KPJ 267. PAMARTA KULA AGESANG

Do=Bes 4/4

- 1) Pamarta kula agesang
tyas kula mila agirang

kang sinalib gesang.
Dènnya séda krana kula
wunguné dados panjerna,
kula ndhèrèk gesang.
Reff.: Gesang, gesang,
Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang,
Pamarta kula agesang.

2) Gesang , Gusti kang wus séda,
dènnya gesang krana kula,
mila kula puji
Saiba dènnya ngasihi
kula ngantos dèn paring
gesang langgeng ugi
Reff.:

3) Tyas kula yogya agirang
dé gadhah Pamarta gesang,
sung gesang mring kula.
Gusti gesang anèng swarga
nyawisi papan mring kula,
kula ndhèrèk gesang.
Reff.:

PANGUTUSAN & BERKAH

(Umat Jumeneng)

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti!

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS: Sumanggema dados seksinipun Sang Kristus!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

PS: Pinujia Gusti

U: **Sapunika lan salaminipun**

PS: Gusti Allah sumbering sadaya sih-rahmat, ingkang sampun nimbali panjenengan (kita) wonten ing Sang Kristus dhateng kamulyani-Pun ingkang langgeng, njangkepi, neguhaken, nyantosakaken panjenengan (kita) wiwit sapunika ngantos ing salaminipun. Amin.

U: (Ngidungaken **Halehuya Amin**)

HALELUYA AMIN D - E = do. 4/4 BPM 95

D A G A D A G A
 1 5̣ 2 5̣ | 4̣ 3̣ 2̣ 1̣ 2 . | 1 5̣ 2 5̣ | 4̣ 3̣ 2̣ 1̣ 5 . |
 Ha-le- lu- ya, A - - - min. Ha-le- lu- ya, A - - - min.

G D A Bm G D Em A D B
 6 4 5 3 | 4 2 1̣ 2̣ 3 | 6 4 5 3 | 4̣ 3̣ 2̣ 1̣ 2 . 1̣ | 1 . . . |
 Ha-le-lu- ya, Ha-le- lu - ya, Ha-le- lu- ya, A - - - - min.

E B A B E B A B
 1 5̣ 2 5̣ | 4̣ 3̣ 2̣ 1̣ 2 . | 1 5̣ 2 5̣ | 4̣ 3̣ 2̣ 1̣ 5 . |
 Ha-le- lu- ya, A - - - min. Ha-le- lu- ya, A - - - min.

A E A C#m A E F#m B E
 6 4 5 3 | 4 2 1̣ 2̣ 3 | 6 4 5 3 | 4̣ 3̣ 2̣ 1̣ 2 . 1̣ | 1 . . . ||
 Ha-le-lu- ya, Ha-le- lu - ya, Ha-le- lu- ya, A - - - - min.

[ap-tk]



BAHAN LITURGI

Minggu Paskah Kaping 2

Minggu; 27 April 2025

Katerangan:

PS.: Palados Sabda

PL: Palados Liturgi

P/D: Pinispuh/Dhiaken

U: Umat

L: Lèktor

Tut Wuri Tomas: Mangu-mangu Ginantosane Neksèni



PACAWISAN

*(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)*

- Organis/pianis/juru musig kanthi lirih ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos Pasamuwan kawaos.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Umat Jumeneng)

PL: Para sadhèrèk ingkang kinasih, wekdal punika kita lumebet ing Minggu Paskah kaping 2. Kita ngraosaken Gusti Yésus paring sih-rahmat dhateng para sakabat lan kita sadaya. Sumangga kita ngeneraken manah dhumateng Gusti lan miwiti pangibadah punika. Sumangga kita mahargya wungunipun kanthi sesarengan memuji ngrepèkaken **KPJ 9:1, 2 HÉ, SARUPANING PRA UMAT.**

U: *(Ngrepèkaken KPJ 9:1, 2 HÉ, SARUPANING PRA UMAT.)*

KPJ 9 HÉ, SARUPANING PRA UMAT

Do=G 2/4

- 1) Hé, sarupaning pra umat, padha mujia mring Allah.
Hé, sakèhing para bangsa, asmané padha luhurna.
- 2) Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,
langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

VOTUM

(Umat Jumeneng)

PS: Pangibadah Minggu Paskah kaping 2 punika kita sengker kanthi pangaken bilih:

Pitulungan kita pinangkanipun saking Gusti ingkang nitahaken langit, bumi, lan sadaya isinipun, tuwin ingkang setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun kababar.

U: (Ngidungaken “**Amin.. Amin.. Amin..**”)

a) do = d - e - f 2 ketuk
5 6 5 6 5 4 3 . ||
A - min, a - min, a - min.
(Liturgi Belanda ± 1930)

SALAM

(Umat Jumeneng)

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus wontena ing panjenengan sadaya.

U: **Wontena ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

P/D1: Mboten wonten tiyang satunggal kemawon ingkang salami gesangipun kebak déning sikep pitados, tanpa mangu-mangu babar pisan. Badhé wonten wekdal ing gesang kita punika ketaman pangajeng-ajeng ingkang mboten jumbuh kaliyan kasunyatan. Kadospéné Tomas, kasungkawanipun ageng sanget nalika Sang Guru kasalibaken. Temahan pupusing pangajeng-ajeng katingal wontening pratélanipun, “*Manawa aku durung ndeleng tabeté paku ana ing astané lan sadurungé aku ndulek tilas paku iku nganggo drijiku tuwin lambungé daklodok nganggo tanganku, aku ora bakal ngandel pisan-pisan.*” Ananging, sumangga kita sowan ing ngarsanipun kanthi mbekta sakathahing raos kuciwa, pupusing pangajeng-ajeng, lan tatu kita lumantar pamuji kita.

U: (Ngidungaken **KPJ 82:1, 2 “Lamun Kula Kasayahan”**)

KPJ 82. LAMUN KULA KASAYAHAN

Do=D 9/8

- 1) Lamun kula kasayahan, kamomotan, kèmgan;
kula marek dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
Reff. : Kula marek, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
Nyuwun ayem, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.
- 2) Gusti sarèh ing panggalih, mugi mulang mring kula,
sinagedna tansah setya, manut pangrèh Paduka.
Reff. :

PANGAKENING DOSA

(Umat Lenggah)

P/D1: (Maosaken Markus 12:28-31)

“Banjur ana sawijining ahli Torèt, kang krungu anggoné padha bebantahan lan ngreti, manawa paring wangsulané Gusti Yésus marang wong-wong mau wis prayoga, iku nuli sowan ing ngarsané lan matur pitakon: “Pepakèn ingkang ageng piyambak punika ingkang pundi?” Paring wangsulané Gusti Yésus: “Pepakon kang gedhé dhéwé iku mangkéné: Rungokna, hèh, wong Israèl, Pangéran Allah kita iku siji. Sira tresnaa marang Allahira kalawan gumolonging atinira, lan kalawan gumolonging nyawanira, sarta kalawan gumolonging budinira apadéné kalawan sakabèhing kakuwatanira. Déné pepakon kang kapindho yaiku: Sira tresnaa marang ing sapepadhanira kaya marang awakira dhéwé. Ora ana pepakon liyané kang ngungkuli pepakon loro iku.”

Kita ngrumaosi bilih kita dèrèng saged nindakaken Angger-anggering Katresnan kasebat kanthi sampurna. Awit saking punika, sumangga kanthi andhap asor kita ngakeni dosa lan kalepatan kita ing ngarsanipun Gusti.

(Pasamuwan kacawisan wekdal kanggé ndedonga pribadi, salajengipun P/D1 nutup pandonga)

KIDUNG PANGAKENING DOSA

(Umat Lenggah)

U: (Ngidungaken: **KPJ 63:1-3 TYANG NAJIS
NDLARUNG ING DOSA**)

KPJ 63. TYANG NAJIS NDLARUNG ING DOSA

Do=F 3/4

- 1) Tyang najis ndlarung ing dosa,
tinampik mring swarga.
Allah tan sudi mirsani
sabarang kang nistha.
Reff. : Nyuwun suci, adhuh Gusti,
nyuwun suci, nyuwun suci
- 2) Tyang najis datan tinampi
ngarsané Hyang Widi.
Adhuh Gusti, mugi karsa
mbirat dosa kula.
Reff. :
- 3) Tyang najis ndlarung ing dosa,
pinagas ing sihnya.
Dé kang yekti asung bekti,
tinunggil ing Gusti.
Reff. :

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(Umat lenggah)

PS: Tumrap saben tiyang ingkang kanthi andhap asor purun
ngakeni sadaya dosa lan panerakipun ing ngarsanipun
Gusti, kaparingan sih-rahmat pangapunten tumrap
piyambakipun. Pawartos sih-rahmat kita tampèni saking
Titus 2:11-12 ingkang makaten,

*“Awitdéné sih-rahmaté Gusti Allah kang nylametaké
manungsa kabèh iku wus kababar. Iku merdi marang
kita, supaya kita ninggal pamblasar lan kamelikan
kadonyan sarta supaya kita duwéa laku kang
wicaksana, adil tuwin mursid ana ing donya
samengko iki.”*

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PITEDAH GESANG ANYAR

(Umat Lenggah)

PS: Nampènana pitedah gesang anyar saking Gusti, kados ingkang sinerat ing Yokanan 20:29b, ingkang makaten, “*Rahayu wong kang padha ora ndeleng, nanging kumandel.*”

Makaten pitedah gesang anyar saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

KIDUNG KASANGGEMAN

(Umat Jumeneng)

U: (Ngidungaken **KPJ 416:1-3 SAPRAKARA KANG PANTES**)

KPJ 416. SAPRAKARA KANG PANTES

Do=D 4/4

- 1) Saprakara kang pantes dèn upadi,
yéku Kratoning Allah Sang Rama.
Samubarang pinaringken tumuli,
angger sumuyud jroning pracaya
Reff. : Kabèh mung nglaha, kabèh mung nglaha.
Sarwa kadonyan wus mesthi sirna.
Mung sihé Allah kang langgeng slamanya.
Tyang kang ngayom wus mesthi raharja
- 2) Drajad, kasugihan, wah kasenengan
ginayuh kanthi margi utami.
Aywa lali kang aji lan sejati,
yéku setya wah nunggil lan Gusti.
Reff. :
- 3) Sagunging kadonyan ingkang kadarbya
iku sranané mbabarken tresna.
Yèn dugèng janji tan badhé binekta,
mung gesang langgeng bandha ing swarga
Reff. :

PALADOSAN SABDA

(Umat lenggah)

PS: (Mimpin pandonga Épiklèse, lan para lèktor sami samekta)

Waosan sepisan

- L1: Waosan sepisan kawaos saking: **Lelakoné Para Rasul 5:27-32**
Makaten pangandikanipun Gusti.
U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Mazmur Tanggapan

- L2: Sumangga kita nanggapi waosan sepisan wau kanthi maos
Jabur 118:14-29 sacara litani.

Waosan kaping kalih

- L3: Waosan kaping kalih kawaos saking **Wahyu 1:4-8**
Makaten pangandikanipun Gusti.
U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Pamaosing Injil

- PS: Pamaosing Injil saking **Yokanan 20:19-31**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggi punika ingkang sami mirengaken Pangandikanipun
Gusti lan ngèstokaken. Haléluya.
U: *(Ngidungaken **KPJ 468 “Haléluya”**)*

1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 | 3 . . ||
Ha - le - lu - ya, Ha - le - lu - ya, Ha - le - lu - ya!

KHOTBAH

(Umat Lenggah)

- PS: **Tut Wuri Tomas: Mangu-mangu Ginantosan
Neksèni**

WEKDAL ENING

PANGAKEN PITADOS RASULI

(Umat Jumeneng)

- P/D2: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadaya wekdal,
sumangga kita pratélakaken lan teguhaken malih punapa
ingkang kita pitadosi kanthi ngucapaken Pangaken Pitados
Rasuli.
U: Kawula pitados dhumateng Allah Sang Rama.. (lsp)

PANDONGA SYAFAAT

(Umat Lenggah)

PS: *(Mimpin pandonga syafaat lan kapungkasan ngucapaken Donga Rama Kawula)*

PISUNGSUNG

(Umat Lenggah)

P/D3: Sumangga kita ngaturaken pisungsung minangka panuwun kita awit pakaryaning kawilujengan saking Allah. Tetales pisungsung kita lumantar Jabur 96:8-9 ingkang makaten,
“Pangéran Yéhuwah caosana kamulyaning asmané, nggawaa pisungsung lan sébaa marang ing platarané. Padha sujuda marang Sang Yéhuwah kalawan manganggo kasucèn, hé sawrataning bumi kabèh, gumetera ana ing ngarsané.”

KIDUNG PISUNGSUNG

(Umat Lenggah)

U: *(Ngidungaken **KPJ 96:1, 2 TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH**)*

KPJ 96. TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

Do=C 4/4

- 1) Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.
Reff. : Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang
- 2) Hyang Agung kang njangkung kita, angreksa sing panggodha.
Sih-rahmatnya kang anglipur, paring kuwat-santosa.
Reff. :

PANDONGA PISUNGSUNG

(Umat Jumeneng)

P/D3: *(Mimpin pandonga pisungsung lan mungkasi pangibadah)*

PANGUTUSAN

(Umat Jumeneng)

PS: Kita kautus déning Gusti dados seksini-Pun ingkang setya, saé wonten ing kasungkawan punapadéné ing kahanan pupusing pangajeng-ajeng.

KIDUNG PANGUTUSAN

(Umat Jumeneng)

U: (Ngidungaken **KPJ 402:1-3 DÉNÉYA PADHA MANGU**)

KPJ 402. DÉNÉYA PADHA MANGU

Do=A 3/4

- 1) Généya padha mangu ing ati?
Yogya padha mareka
marang Sang Kristus
Ingkang Ginusti sakaananira?
Koor: Payo sigra padha sowan
Gusti nyawisi papan ka swargan
- 2) Aja semaya, énggal muliha,
wit kesasar lakumu!
Gusti nimbali kanthi sih-katresnan,
di énggal ulihmu.
Koor:
- 3) Aku wis sowan marang Gustiku
sing suwé daklalèkké
nanging samangké manteb tékadku
tansah ndhèrèkaké
Koor:

BERKAH

(Umat Jumeneng)

PS: Sapunika enerna manah dhumateng Gusti, sumanggema dados seksini-Pun, ingkang tansah setya ngantos ing salaminipun, lan nampènana berkahipun Gusti:

“Pangéran Yéhuwah maringi berkah panjenengan, lan ngayomi panjenengan; Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan, lan maringi tentrem-rahayu.” Amin.

U: (Ngidungaken **KPJ 452:1 TÉKADING MANAH KAWULA**)

Mangsa Paskah 2025
Ngènget-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun

KPJ 452. TÉKADING MANAH KULA

Do=D 4/4

- 1) Tékading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti
yéku Panutan sanyata nggih Panebus sejati
Reffein : Margining salib ingambah
mbangun turut mring Allah
mbabarken tresna sejati
mrih jagad tentrem basuki.

[sem-tk]



BAHAN LITURGI
Minggu Paskah kaping 3

Minggu, 4 Mei 2025

Keterangan:

PS.: Pelados Sabda
M: Majelis
U: Umat
L: Lèktor

**Ngraosaken
Pamulihan
ing salebeting
Pepanggihan**



PACAWISAN

***(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)***

- Organisme/pianis/juru musig kanthi lirih ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos Pasamuwan kawaos.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

M1: Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti Yésus Kristus; Sumangga lumebet ing pangibadah kanthi ngonjukaken Litani Minggu Paskah kaping tiga samangké; linambaran keyakinan bilih kita mesthi saged kapulihaken amargi pepanggihan kita kalayan Sang Kristus. Sumangga murwakani pangibadah kanthi ngunjukaken Litani Sokur Jabur Masmuur 13: 2 – 6

M.1.: Dhuh Allah, ngantos pinten laminipun anggèn Paduka badhé nyupèkaken kawula?

U: **Taksih pinten dangunipun anggèn Paduka nutupi wedana Paduka ing ngatasipun kawula?**

M.1: Ngantos pinten laminipun anggèn kawula kedah nandhang kuwatos ing manah,

U: **sarta ngraosaken kasisahan sadinten-dinten?**

Ngantos pinten laminipun para mengsah kawula sami ngawonaken kawula?

M.1: Kersaa mirsani dhateng kawula, lan kersaa paring wangsulan, dhuh Pangéran, Allah kawula!

U: **Kersaa mangsulaken kekiyatan kawula, supados kawula mboten ngalami pejah.**

M.1. Supados satru kawula mboten sami mungel, “Dhèwèké wis daktelukaké.”

U. **Lan mengsah kawula sami surak-surak, samasa kawula keplajeng.**

M.1. Nanging kawula pitados dhateng sih-kadarman Paduka,

U: **lan manah kawula surak-surak margi saking pitulungan Paduka. Aku arep memuji konjuk ing Allah, merga saka kasaénané marang aku.**

M1: Sumangga memuji Asmaning Gusti srana ngidungaken KPJ 21

M+U: (*Memuji KPJ 21:1 – 3 Para Titah Sadaya Samya Ngrepèkna; wondéné Majelis/Pradataning Pasamuwan saha pelados pamedhar sabda sira lumebet ing sasana pamujan*)

KPJ 21. PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya.
Haléluya ! Haléluya !

2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

3) Allah Kang Mawilasa wus nylametken manungsa,
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.
Haléluya! Haléluya!

VOTUM

(Jumeneng)

PS: Sumangga kita lumebet ing Pangibadah Paskah kaping tiga titi samangké, kanthi pengaken:

Tuking Pitulungan kita punika wonten ing Sang Yéhuwah

Ngènget-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun

Allah ingkang anyipta langit, bumi dalah saisinipun;
ingkang tansah setya paring kawilujengan ngantos dumugi
ing salami-laminipun. Amin.

U: (ngidungaken **Amin, Amin, Amin**)

Amin, Amin, Amin

do = g 2 ketuk (Liturgi Denmark)

3 2 | 1 7 | 6 2 | 1 7 | 1 . ||

A-min, a - min, a - - - - min.

SALAM

PS: Sih Rahmat lan Tentrem Rahayu saking Gusti Allah Rama
kita, saha saking Gusti kita Yésus Kristus mugi wontena ing
panjenengan sedaya.

U: **Wonten ing Panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA

(Lenggah)

M2: Ing sauruting gesang kita, gilir gumanti kita pepanggihan
klayan sesamining gesang; ing sadhengah kawontenan,
papan, wekdal nggèn kita pepanggihan klayan sedaya
tiyang. Asilipun punapa. Asring ingkang kita panggihaken
namun bab-bab ingkang mboten ngremenaken: sedhih,
jèngkèl, kuciwa, muring, gela, lan manéka warni raos
momotaning gesang, pakèwet. Lelampahan mekaten
punika tumuli nuwuhaken pameteking batos. Kathah tiyang
semplah, kuciwa, awrat sinandhang ing gesang amargi
mboten saged nampi kawontenaning gesang ingkang
sinandhang.

Ing satengahing kawontenan ingkang mekaten, kita
kaèngetaken bilih Sang Kristus sampun wungu lan sumadya
mitulungi gesang kita sami, paring pitulungan, kakiyatan
saha katentremaning gesang.

Sabdanipun Gusti dhateng kita, “awit kwasaning-Sun iku
malah kasampurnakaké ana ing sajroning kaapesan.”.
Sayektosipun Gusti tansah nganthi gesang kita. Gusti

tansah maringaken Panguwaosipun ing salebeting kaapesan tuwin geguletaning gesang kita. Sami bedhamia kaliyan wekdal kapengker, bedhamia kaliyan dhiri panjenengan piyambak, saha bedhamia kaliyan kawontenan.

Minggu Paskah kaping tiga punika nuntun kita kanggé jenggèlèk saha unggul saking geguletaning batos. Kadosdéné Sang Kristus ingkang unggul saking sangsara tuwin jagading pepejah.

Sumangga sami memuji Asmaning Gusti KPJ 23:1, 3 “Puji Mring Allah”.

M.2+U (*ngrepèkaken* **KPJ 23:1, 3**)

KPJ 23. PUJI MRING ALLAH

- 1) Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisésa.
Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gustining pratitah.
- 3) Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
dadya dilah, andel-andel satuhu.
Pujinen lan trusing kalbu!

PENGAKENING DOSA

(*Lenggah*)

PS: Pasamuwanipun Gusti Ingkang Kinasih
Kanthi andhap asoring manah, sumangga sami
nglenggana tumrap sedaya karingkahan, cacat kuciwa saha
dosa-dosa kita linambaran paseksipun Jabur Masmur
32:5,
*Dosa kawula lajeng kawula akeni ing ngarsa Paduka, lan
kalepatan kawula mboten kawula aling-alingi, panyuwun
kawula, “Dakngakoni panerakku ana ing ngarsané Allah.”
Paduka lajeng ngapunten piawon kawula.*

PS + U (*Sesarengan memuji* **KPJ 45:1-4 Anèng Ngarsané Gusti**)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

kakidungaken umat èstri/wanita

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti

kakidungaken umat jaler/priya

- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

Selingan musik

kakidungaken umat èstri/Wanita

- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

kakidungaken umat sesarengan (èstri-jaler)

- 4) Anèng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Sinten kémawon ingkang purun mratobat kanthi tulusing manah, badhé tampi sih pangapuntening dosa satemah kapulihaken déning Gusti ingkang maha asih. Mekaten sabdanipun wonten ing Kitab **Roma 5:8-9**

Nanging Gusti Allah wis ngetingalaké marang kita, sepira gedhéning sihé marang kita, awit Sang Kristus wis nglampahi séda kanggo kita, nalika kita isih padha ana ing sajroning dosa! Merga saka sédané Sang Kristus, kita saiki wis padha katunggilaké karo Gusti Allah. Mulané saiki kita saya luwih yakin, yèn kita mesthi bakal padha dislametaké déning Sang Kristus saka bebenduning Allah.

Mekaten Pawartos Sih rahmat saking Gusti Allah

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

U: (sesarengan memuji **KPJ.58: 1, 3 “Pangluwar Kang Sejati”**)

KPJ 58. PANGLUWAR KANG SEJATI

- 1) Pangluwar kang sejati, myarsakna pasambat kula.
Gusti mugi ngresiki manah kula sadaya.
Reffr.: Gusti mugi rah Paduka nucèkken manah kawula
temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu.
Suci sèstu, suci sèstu,
temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu.
- 3) Pangluwar kang sejati, mugi nuntun gesang kula;
mbangun turut mring Gusti, tansah ngèstokken Sabda.
Reffr.:

**PANDONGA SYAFAAT &
NYUWUN PANUNTUNING ROH SUCI**

(Lenggah)

PS: (Ngunjukaken Pandonga)

WEDHARING SABDA SUCI

Waosan Kapisan

- L1: maos **Lelakoning Para Rasul 9 : 1 - 20**
Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti.
- U: Puji sokur konjuk Gusti**

Masmur Tanggapan (ugi saged kapujèkaken)

- L2: Sumangga kita tanggapi kanthi maos **Jabur Masmur**
30:1 - 13 sacara sesautan (*litani*).

Waosan Kalih

- L3: Waosan kaping kalih **Wahyu 5 : 11 - 14**
Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti.
- U: Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

- PF: Waosan Injil, saking **Yohanes 21 :1 - 19**
Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti. Ingkang rahayu
inggih punika sedaya tiyang ingkang mirengaken
Sabdanipun, saha dipun gatosaken ing sauruting gesang
saben dintenipun. **Halléluya.**

U: (memuji **KPJ 468 “Haléluya”**)
Haléluya! Haléluya! Haléluya!

Kotbah

“Ngraosaken Pamulihan ing salebeting Pepanggihan”

Wekdal Ening

PANGAKENING PITADOS RASULI (Jumeneng)

M3: Sumangga sami ngikraraken Sahadat Kalih Welas inggih punika Pangakening Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangakening Pitados Rasuli**)

PISUNGSUNG (Lenggah)

M4: Pasamuwan ingkang kinasih. Sumangga nélakaken raos sokur kanthi ngempalaken pisungsung, linambaran paseksi ing Injil **Matius 5:23-24**

*5:23 Mulané yèn kowé pinuju nyaosaké pisungsungmu marang Gusti Allah, mangka kowé kèlingan ana sedulur sing lara atiné karo kowé,
5:24 pisungsungmu tinggalen ing sangareping mesbèh. Wong mau paranana, rukuna dhisik karo dhèwèké, yèn wis banjur balia, nyaosna pisungsungmu.*

U: (Sesarengan memuji **KPJ 179 “Pisungsung Kagem Gusti”**)

KPJ 179. PISUNGSUNG KAGEM GUSTI

- 1) Pisungsung kagem Gusti, sinaosken klayan bingah;
tan owel miwah kepeksa, nging kanthi éklas ing manah.
Yèn kumed kang sinebar, nggih kumed pangundhunya;
yèn loma kang sinebar, nggih loma pangundhunya.
Reffr.: Kula sami memuji mring Allah Kang Mahamirah;
srana penambut kardi, saged nampèni berkah.
Kula mboten was sumelang ing sadhengah kabetahan,
yen pitados mring Gusti, mesthi datan kekirangan.

*(Kalajengaken instrumèn/musik – kantong kolèkte
kaidheraken/kaladosaken ngantos rampung, lajeng sami
jumeneng ngrepèkaken KPJ 179:2)*

- 2) Pisungsung kagem Gusti, tan namung bandha kadonyan;
ugi raga-badan kita, dadosa korban kang gesang.
Nindakken karsèng Allah, nggih ibadah sejati;
tan kéntir ombyaking jaman, nging manut pangrèhé Gusti.
Reffr.:

M4: (Nuntun pandonga pisungsung, kapungkasan Pandonga
Rama Kawula)

KIDUNG PANGUTUSAN

(Jumeneng)

U: *(Ngidungaken KPJ 452:1, 4 “Tékading Manah
Kawula”)*

KPJ 452. TÉKADING MANAH KAWULA

- 1) Tekading manah kawula, tansah ndherek mring Gusti,
Yeku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.
Reffr. Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah.
mBabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki
- 4) Sanadyan rumpil marginya, nging Gusti tansah nganthi.
Nadyan ribed lan sangsara, kula tegen* nglampahi
Reffr.

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Sumangga sami ngeneraken manah tumuju dhumateng
Gusti Allah

U: **Kawula sami ngeneraken manah tumuju mring
Gusti Allah**

PS: Padha madega minangka Seksining Sang Kristus

U: **kula sami sumadya madeg minangka seksining
Sang Kristus**

PS: Pinuji puji Sang Yéhuwah, Allah kita

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

PS: Sami madega minangka seksining Sang Kristus. Sami tansaha makarya linambaran raos sokur awit sampun pinanggih saha kapulihaken déning Gusti lumantar pakaryaning Sang Kristus.

Sumangga tumungkul anampèni berkahing Gusti,

Gusti Allah muga maringana berkah, lan kowé padha direksaa.

Gusti Allah muga maringana sarupaning prekara sing becik, lan kowé padha kaparingana sih-rahmat.

Gusti Allah muga mirsani kanthi kawelasan, lan kowé padha kaparingana tentrem rahayu.

Amin.

U: (memuji *KPJ 472 “Haléluya! Amin!”*)

Haléluya! (5x) Amin! (3x).

[vts-les]



BAHAN LITURGI

Minggu Paskah kaping 4

Minggu; 11 Mei 2025

Katerangan:

PS: Pelados Sabda
M: Majelis
U: Umat
L: Lèktor

**Madeg Pangèn
ing kang Cumawis
Ngamping-ampingi**
☪☪☪

PACAWISAN

***(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)***

- Organis/pianis/juru musig kanthi lirih ngungelaken lelagon ing kang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos Pasamuwan kawaos.

TIMBALAN NGIBADAH

(Jumeneng)

- M1: Pasamuwan ing kang kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti Yésus Kristus; Sumangga lumebet ing pangibadah kanthi ngunjukaken Litani Minggu Paskah kaping sekawan samangké, linambaran keyakinan bilih kita mesthi saged kapulihaken amargi pepanggihan kita kalayan Sang Kristus. Sumangga murwakani pangibadah kanthi ngunjukaken Litani Sokur saking Jabur Masmur 28: 7 – 9
- M1: Allah dadi kekuwatanku lan tamèngku,
U: **aku precaya marang Panjenengané**
M1: mulané aku banjur kapitulungan, dadi aku bungah-bungah
U: **lan saos sokur nganggo nyanyian.**
M1: Allah iku kekuwataning umaté,
U: **Panjenengané dadi pangungsèn, sumberé pitulungané ing ngatasé wong kang dipilih.**
M1: Paduka mugi milujengaken umat Paduka

U: **sarta mberkahi bangsa kagungan Paduka**

M1: mugi sami Paduka engèn sarta Paduka rimati ing selaminipun

U: **Haléluya**

M+U: (sesarengan memuji **KPJ 22:1, 3. Majelis/Pradataning Pasamuwan saha Pelados Sabda lumebet ing Sasana Pamujan**)

KPJ 22. PUJI KONJUK ALLAH RAMA

- 1) Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra
Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya sawiji.
Haléluya! Haléluya! Tetiganya sawiji.
- 2) Pinuji Ratuning swarga, Gustiné pra manungsa,
nggih Ratuning pasamuwan, Ratu sumbering gesang.
Haléluya! Haléluya! Ratu sumbering gesang.
- 3) Pinuji Allah Makwasa kang nitahken jagad rat,
wah milujengken manungsa, krana gunging sih-rahmat.
Haléluya! Haléluya! Krana gunging sih-rahmat.

VOTUM

(Jumeneng)

PF: Sumangga kita sami lumebet ing Pangibadah Minggu Paskah kaping sekawan, linambaran kayakinan:
Tuking Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yéhuwah Allah ingkang anyipta langit, bumi dalah saisinipun; ingkang tansah setya paring kawilujengan ngantos dumugi ing salami-laminipun. Amin.

U: (muji **Amin, Amin, Amin**)

Amin, Amin, Amin

do = g 2 ketuk (Liturgi Denmark)

3 2 | 1 7 | 6 2 | 1 7 | 1 . ||

A-min, a - min, a - - - - min.

SALAM

PS: Sih Rahmat lan Tentrem Rahayu saking Gusti Allah Rama

kita, saha saking Gusti kita Yésus Kristus mugi wontena ing panjenengan sedaya.

U: **Wontena ing Panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA

(Lenggah)

M2: Pasamuwan ingkang kinasih

Wonten ing gesang kita sami, kathah sanget tantangan, kangèlan saha manéka warni pakèweting gesang ingkang kedah kita adhepi; saé punika sesambetan ing babagan ékonomi, pasinaon, panyambut damel, jodho, *sosial kemasyarakatan*, ugi sesambedaning brayat kita piyambak-piyambak, lan sanes sanèsipun. Ing kahanan ingkang mekaten, èstu kabetahaken sesambetan ingkang rumaket kalayan sesami satemah dados panglipur. Mirungan sesambetan kaayan Gusti Yésus Kristus, ingkang dados etuking panglipur saha kakiyatan wonten ing gesang kita. Gusti Yesus, jumeneng minangka Pangon Kang Sejati, sung pitulung, paring kakiyatan, saha panglipur jati tumrap kita sami.

M2+U: (memuji **KPJ 112 “Gusti Yésus Pangèn Kula”**)

KPJ 112. GUSTI YÉSUS PANGÈN KULA

- 1) Gusti Yésus Pangèn kula, kula ménda kagungannya. Dènnya nebus klayan rahnya, mrih kula gesang slaminya.
- 2) Sang Kristus Pangèn utama, kang sampun ngetohken nyawa, nebus kula saking dosa, wah nuntun kula mring swarga.
- 3) Gusti ngayomi méndanya, inguwalken sing rubéda, mrih tan tiwas ing panandhang, nging tansah manggih kabegjan.

PAMRATOBAT

(Lenggah)

PF: Wonten ing Pangibadah Minggu Paskah kaping sekawan titi samangké, kita kaatag ngraosaken sabdèng Gusti satemah tuwuh panelangs lan pamratobat. Mekaten paseksi ing Injil Matius 7:21

“Sing dadi umat ana ing Kratoné Allah kuwi dudu angger

wong sing matur marang Aku: 'Gusti, Gusti', nanging mung wong sing padha nglakoni kersané Rama-Ku ing swarga.

Sumangga kita sami tumungkul mratobat, sinambi nyuwun kakiyatan supados saged nindakaken sabda pangandikanipun Gusti. Amin.

U: (*memuji KPJ 44:1 – 3*)

kakidungaken umat èstri/wanita

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.
Reffr.: Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

kakidungaken umat jaler/priya

- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
Ingang saged ngluwari kawula saking dosa
Reffr.

Selingan musik

kakidungaken umat sesarengan (èstri-jaler)

- 3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan
dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.
Reffr.:

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Pasamjuwan ingkang Kinasih

Sang Yéhuwah Allah punika maha asih mirma. Inggih Katresnanipun punika ingkang kababar wonten ing Gusti Yésus Kristus; ingkang nimbali supados kita samya mratobat, nelangsani dosa-dosa kita. Dados Juru Pangèn ingkang Utami, Gusti Yésus nimbali para ménda kagunganipun supados sami binerkahan.

Injil Yohanes 10:27-28 mratélakaken:

10:27 Wedhus-wedhus-Ku padha nitèni swara-Ku. Aku wanuh karo wedhus-wedhus-Ku lan wedhus-wedhus-

Ngènget-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun

Ku padha ngetutaké Aku.

10:28 Wedhus-wedhus kuwi padha Dakwènèhi urip sejati,
temahan ora ana sing bakal mati, lan ora ana wong
sing bisa ngrebut wedhus-wedhus mau saka ing
tangan-Ku.

Mekaten Pawartos Sih Rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

U: (*Memuji **KPJ 103 “Allah Yéku Pangèn Satuhu”***)

KPJ 103. ALLAH YÉKU PANGÈN SATUHU

1) Allah yéku pangèn satuhu, pangrèhnya nentremken kalbu.

Kula tansah rinimatan srana sagunging kamirahan.

Reffr.: Ing juranging pati tan wedi bilai,

wit Gusti pribadi kang nganthi.

Nadyan mengsah kathah, manah datan semplah,

wit berkahnya rumentah.

Mung kabegjan saha kadarman

ngiring salamin ing gesang,

sarta kula badhé manggèn tansah

ing dalemé Sang Yéhuwah.

2) Ayem manah lan nyawa kula ing ayoming sihé Gusti,

sarta tinuntun astanya ing kayektosan kang sejati.

Reffr.:

PANDONGA SYAFAAT

(Lenggah)

PS: (*Ngunjukaken Pandonga Syafaat saha badhe nampi
Sabda Suci*)

WEDHARING SABDA

(Lenggah)

Waosan Kapisan

L1: **Lelakoning Para Rasul 9 : 36 - 43**

Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Masmur Tanggapan

L2: Maos **Jabur Masmur 23 : 1 - 6** sacara sesautan (litani)

Waosan Kaping Kalih

L3: **Wahyu 7 : 9 - 17**

Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Injil **Yokanan 10:22 - 30**

Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti. Ingkang rahayu inggih punika sedaya tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun, saha dipun gatosaken ing sauruting gesang saben dintenipun. Haléluya.

U: *(memuji KPJ 468 “Haléluya”)*

Haléluya! Haléluya! Haléluya!

Kotbah

“Madeg Pangèn ingkang Cumawis Ngamping-ampingi”

Wekdal Ening

PANGAKENING PITADOS RASULI *(Jumeneng)*

M3: Sumangga sami ngikraraken Sahadat Kalih Welas inggih punika Pangakening Pitados Rasuli.

U: *(Sesarengan ngucapaken **Pangakening Pitados Rasuli**)*

PISUNGSUNG *(Lenggah)*

M4: Pasamuwan ingkang kinasih. Sumangga nélakaken raos sokur kanthi ngempalaken pisungsung; Linambaran paseksi ing 1 Tawarikh 29:14

“Kawula menika sinten, lan rakyat menika sinten kokngantos saged nyaosaken menapa-menapa tatur ing Paduka? Mergi sedaya gadhahan kawula menika peparing Paduka piyambak, lan menapa ingkang kawula caosaken menika inggih kagungan Paduka piyambak.”

U: *(Sesarengan memuji **KPJ 154 “Adrenging Tyas Kula”**)*

Sesarengan Samekta Diri Memuji KPJ 154:1

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun Gusti
Paduka ngasihi, kula kagunganta
Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula, kagama Paduka
pirantos sapala

*(Kalajengaken instrumèn/musik – kantong kolèkte
kaidheraken/kaladosaken ngantos rampung, lajeng sami
jumeneng ngrepèkaken KPJ 154:2)*

- (2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka,
kula kagunganta, Paduka rimati
Reff.:

M4: (Pandonga Pisungsung, kapungkasan Pandonga Rama
Kawula)

KIDUNG PANGUTUSAN

(Jumeneng)

U: (Memuji **KPJ 448: 1, 4 “Pra Prajurité Gusti”**)
KPJ 448. PRA PRAJURITÉ GUSTI

- 1) Pra prajurité Gusti kang samya di nuta,
aywa padha suwala nyebar kabar adya,
yéku kabar sih rahmat tedhak saka swarga
Kang sinungken pra umat pinurih pracaya.
Reffr.: Payo, maju, ja giris atimu,
marga Gusti nganthi salakumu!
Payo, maju, undhangna samangkya,
murih kang mblasar, nggetuni, mratobat agya.

- 4) Nganggo tamèng pracaya, dadia panangkis,
marang solah gelaré culikaning iblis.
Pedhang roh yéku sabda, sayogya tinampi,
tetopang karahayon, yéku kang ngayomi.
Reffr.: Payo, maju, ja giris atimu,
marga Gusti nganthi salakumu!
Payo, maju, undhangna samangkya,
murih kang mblasar, nggetuni, mratobat agya.

PANGUTUSAN

(*Jumeneng*)

PS: Sumangga sami ngeneraken manah tumuju dhumateng
Gusti Allah

U: **Kawula sami ngeneraken manah tumuju mring
Gusti Allah**

F: Padha madega minangka Seksining Sang Kristus

U: **kula sami sumadya madeg minangka seksining
Sang Kristus**

PS: Pinuji-puji Sang Yéhuwah, Allah kita

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

PS: Padha lungaa madeg minangka seksining Sang Kristus.
Padha terus makaryaa linambaran raos sokur awit sampun
pinanggih lan kapulihaken déning Gusti lumantar
pakaryaning Sang Kristus.

Sumangga tumungkul anampèni berkahing Gusti,

Gusti Allah muga maringana berkah, lan kowé padha
direksaa.

Gusti Allah muga maringana sarupaning prekara sing
becik, lan kowé padha kaparingana sih-rahmat.

Gusti Allah muga mirsani kanthi kawelasan, lan kowé
padha kaparingana tentrem rahayu.

Amin.

U: (memuji **KPJ 472 “Haléluya! Amin!”**)
Haléluya! (5x) Amin! (3x)

[hk-les]



BAHAN LITURGI

Minggu Paska Kaping Gangsal

Minggu; 18 Mei 2025

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda

M: Majelis

U: Umat

L: Lèktor

Dados Seksi Kaluhuranipun



PACAWISAN

***(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)***

- Organis/pianis/juru musig kanthi lirih ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan lumebet ing pangibadah.
- Pasamuwan/umat ngleremaken manah mlebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos Pasamuwan kawaos.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

M1: Pasamuwan, sumangga kita télakaken pepujèn konjuk dhumateng Gusti, sesarengan kaliyan Rasul Pétrus ing 1 Pétrus 1:3-4 ingkang nguuh-uwuh mekaten:

M1: Pinujia Gusti Allah, Ramané Gusti kita Yésus Kristus! Merga saka gedhéning sih-rahmaté, Panjenengané wis nglairaké kita manèh

U: **srana wunguné Gusti Yésus Kristus saka ing séda,**

M1: Merga saka kuwi urip kita kebak ing pengarep-arep,

U: **kanggo nampèni panduman kang ora bisa rusak,**

M1: kang ora bisa reged utawa alum,

U: **kang kasimpen kanggo kowé ana ing swarga**

M1: Kita muji sokur kanthi repèning kidung **KPJ. 26 Pinuji Gusti : 1,2,3.**

U: **(Ngidung KPJ. 26:1-3)**

KPJ 26. PINUJI GUSTI

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.
Reff.: Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.
- 2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.
Reff.:
- 3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.
Reff.:

VOTUM

(Jumeneng)

PS: Pangibadah Minggu Paskah kaping gangsal punika,
kelampahan wonten ing asamanipun Allah Sang Rama,
Putra lan Sang Roh Suci.

U: (ngidungaken **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

(Jumeneng)

PS: Gusti Allah nunggil ing panjenengan sadaya.

U: **Lan nunggil ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA

(Lenggah)

M2: Sedaya tiyang kepéngin nggayuh kaluhuran. Kathah tiyang ingkang maringi nama dhateng anak-anakipun kanthi pérangan ingkang ngemu teges kaluhuran kados déné: Mulyatno, Mulyanti, Mulyanto, Mulyono, Mulyati, lan sapiturutipun.

Kaluhuran miturut jagad asring dipun mangertosi minangka prèstasi, kasugihan, misuwur, utawi *status sosial* ingkang dipun aosi déning masyarakat. Bab punika langkung ngener dhateng pepinginan dipun akeni lan dipun urmati déning tiyang sanès, lan punika sedaya asipat mboten langgeng lan nguja pribadi.

Kaluhuran miturut Kitab Suci, mirungganipun ing waosan injil dinten punika, béda kaliyan kaluhuran miturut jagad. Dinten punika, kanthi jejer **“Dados Seksi Kaluhuranipun”**, kita badhé sinau bab kaluhuranipun Sang Kristus lan kados pundi caranipun kita saged dados seksi kaluhuranipun Sang Kristus ing satengahing jagad punika. Mangga ngluhuraken asmanipun Gusti. Pangéran Mamulya KPJ 20:1,2.

U: (ngidung **KPJ 20:1,2 “Pangéran Mamulya”**)
KPJ 20:1,2 PANGÉRAN MAMULYA

1. Pangéran Mamulya yogya kula puja;
déné agung kadarmannya kang sumrambah mring kula.
Datan wonten wicalannya, tan kendhat lumintunya.
Pangéran Mamulya yogya pinuja.
Pangéran Mamulya yogya pinuja.
2. Pangéran Mamulya yogya kula puja;
déné karsa maringaken Putranipun pribadya,
dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula
Pangéran Mamulya yogya pinuja. (2x)

PENGAKENING DOSA

(Lenggah)

PS: Pangandikanipun Gusti ing 1 Yokanan 1:8 ngémutaken kita:
“Saupama kita padha ngaku ora duwé dosa, dadi padha ngapusi awak kita dhéwé lan ora kadunungan kayekten.”
Awit saking punika, sumangga kita ngeningaken manah ing ngarsa Dalem Gusti, saben kita ndedonga ing manah, ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti sacara pribadi.

(Wekdal Ening...)

(PS mungkasi pandonga pengakening dosa.)

Sumangga kita pratélakaken pengakening dosa kita srana ngrepèkaken kidung 56:1, 3.

U: (ngidung **KPJ 56:1-3 Muliha Anggèr**)

KPJ 56: 1-3 MULIHA ANGGÈR

1. Muliha angger, muliha den enggal!
Paranmu wus adoh, lakumu kesasar
Adhuh cilaka angger muliha! Den enggal muliha!
2. Élinga sira, wong dosa tobata.
Ramamu kang asih nganti klawan sedhieh.
Adhuh, cilaka sira wong dosa, dèn énggal tobata.
3. Tobata sira, wong dosa nlangsa!
Suwarga omahmu, naraka satrumu.
Adhuh, cilaka sira wong dosa, nging Allah ngaksama.

PAWARTOSING SIH RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Tumrap kita ingkang wantun ngakeni dosa kanthi tulus,
Gusti Allah maringaken sih kamirahan pangapuntenipun
kados ingkang sinerat ing 1 Yokanan 1:9-10 *“Manawa kita
padha ngakoni dosa kita, Panjenengane iku setya tuhu lan
adil, temah bakal ngapura sakèhing dosa kita, sarta
ngresiki sakèhing piala kita. Saupama kita padha ngaku
ora gawé dosa, dadi padha nganggep Panjenengané dora,
sarta pangandikané ora dumunung ana ing kita.”*

Mekaten pawartosing sih rahmat saking Gusti.

U: **Puji Sokur konjuk Gusti**

U: (ngrepèkaken **KPJ 196:1, 3, 5 Kula Péngin Lir Gusti**)

KPJ 196. KULA PÉNGIN LIR GUSTI

1. Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati,
tandang tanduk lan tembung mrak ati ngresep.
Reff.: O, lah, kawula sèstu tan mèmper lan Gusti.
Kula mugi winulang, nulad maring Gusti.
3. Kula péngin lir Gusti, melasi pra miskin,
tetulung kang kribedan klawan trus ing batin
5. Kula péngin lir Gusti, tresna maring Allah,
nindakna kasaénan, ulah pangibadah.

PALADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (Pandonga Nampèni Sabda)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Lelakoné Para Rasul 11:1-18**
Mekaten pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi pangandikanipun Gusti kanthi
maos **Jabur Masmur 148** kanthi imbal-imbalan (utawi
kakidungaken)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Wahyu 21:1-6**,
Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil wanci punika, kawaos miturut Injil Yokanan,
Yokanan 13:31-35

Mekaten Injilipun Gusti Yésus, ingkang rahayu inggih
punika tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti
lan dipun gatosaken ing gesang padintenanipun.
HALELUYA.

U: (*ngrepekaken: Haléluya, Haléluya Haléluya*)

Khotbah “Dados Seksi Kaluhuranipun”

Wekdal Ening

Pengakening Iman

(*Jumeneng*)

M3: Sesarengan kaliyan para umat kagunganipun Gusti ing
sadaya mangsa, mangga kita pratélakaken malih punapa
ingkang kita pitadosi, kanthi sesarengan ngucapaken
Pengakening Pitados Rasuli.

U: (*Sesarengan ngucapaken Pengakening Pitados
Rasuli*)

Pandong Syafaat

(*Lenggah*)

PS: *(Ngunjukaken pandonga syafaat, lan kapungkasan srana donga Rama Kawula)*

PISUNGSUNG (Lenggah)

M4: Sumangga kita sami ngucap sokur awit sedaya kasaénanipun Gusti ing sauruting gesang kita. Kados ingkang kakidungaken déning Juru Masmur, ing Jabur Masmur 52:11 *“Kawula badhé ngonjukaken pamuji sokur wonten ing ngarsa Paduka ing salami-laminipun, margi saking pangrèh Paduka; awit asma Paduka punika saé, mila badhé kawula suwuraken wonten ing ngajengipun para kekasih Paduka!”*

U: **(ngidung KPJ 186 Urip Kang Samesthiné)**

KPJ 186. URIP KANG SAMESTHINÉ

1. Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sukur,
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.
Reff.: Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sukur, yéku karsa-Nya!
2. Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sukur, konjuk mring Gustiku.
3. Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sukur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.
4. Dhuh Gusti mugi rena nampi atur kawula,
Roh Suci anunggila, nuntun ing samarga.

Pandonga Pisungsung (Jumeneng)

M4: (Mimpin pandonga pisungsung)

Nyanyian Pengutusan (Jumeneng)

U: **(Ngidung KPJ 31:1, 2, 3 Gusti Adhawuh)**

KPJ 431. GUSTI ADHAWUH

1. Gusti adhawuh yèn kita sami
kinèn kadya lilin kang amadhangi,

supaya saben wong padhang ing ati,
wah angluhuraké Hyang Masuci.

2. Saka suwarga Gusti mirsani
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.
Gusti ya mirsa, apa kita iki
urip kadya lilin kang madhangi.
3. Ing jagad kéné peteng wurahan,
kebak ing dosa miwah kasusahan.
Mula payo padha nyunarké cahya
Injil peparingé Gusti kula.

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Enerna manah panjenengan dumateng Gusti ingkang
Mahaluhur.

U: **kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti
ingkang Mahaluhur.**

PS: Dadosa seksi kaluhuranipun Allah kanthi nresnani sesami.

U: **Kawula sumedya dados seksi kaluhuranipun Sang
Kristus. Kawula sumedya nresnani sesami.**

PS: Pinujia Gusti kita.

U: **Samangké lan ing salamanya.**

PS: Mangga nyenyuwun berkahipun Gusti.

BERKAH

(Jumeneng)

PF: Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng panjenengan,
lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunaraken
cahyaning wedananipun dhateng panjenengan, lan maringi
sih rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun
dhateng panjenengan, lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: **(ngidungaken KPJ 472 “HALELUYA! AMIN!”)**

[ap-ip]



“BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahanipun gréja utawi
pasamuwan ing ngriki.**

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI**
Pra-Paskah kaping 1

Waosan :
Lukas 4 : 1-13

**NGLAWAN
SAWERNANING
PANGGODHA**
❧❧❧

Pambuka

Wiwit laré, kanéman, diwasa, ngantos kasepuhan, saben trap-trapaning gesang asring kita lampahi kanthi sinarengan sawernaning panggodha. Saben trap-trapaning umur gadhah tantanganipun piyambak. Sadhar punpa mboten, nalika gesang kita manggih panggodha, asring kita namung mburu kapentingan dhiri. Godha nalika taksih laré, asring magepokan kaliyan bab katelatosan ing papan pawiyatan, sumuyud dhateng tiyang sepuh, lan kesèd ing bab padamelan ing griya, lsp. Godha nalika ing mangsa kanéman, taksih magepokan kaliyan bab sumuyud dhateng tiyang sepuh, pranatan ing papan pawiyatan, sesambetan kaliyan para kanca. Sesambetan kaliyan kanca asring mbekta daya pangaribawa ingkang mboten saé. Punapa malih lumebet ing mangsa sami nggagapi idhèntitas (cecirèning) dhiri, menawi klèntu ingkang milih lingkungan/kanca sesarengan tumuwuh ing kadiwasan badhé ngreridhu margining ngupadi jati dhiri. Déné lumebet ing kadiwasan lan panyambut damel, godhaning gesang badhé sangsaya kathah, padatan magepokan kaliyan pasrawungan antawising priya-wanita, perkawising panyambut damel, perkawising gesang bebrayatan, lsp. Lan salajengipun, lumebet ing mangsa pènsiun lan kasepuhan/adiyuswa, pranyata taksih kémawon kedah aben ajeng kaliyan mawernining panggodha. Godhanipun kados ta, kedah tetep ngucap sokur ing satengahing kawontenan raga sangsaya ringkih, kawontenan ékonomi saya nguwatosi, gesanging anak-putu béda kaliyan pengajeng-ajengipun, lsp. Saèstu mekaten ngrekaosipun tiyang kedah nglampahi gesangipun. Menawi mboten setya tuhu dhateng pangandikanipun Gusti, temtu badhé ngalami karisakan tata lair punapa déné batos.

Katrangan sawetawis Lukas 4 : 1-13

Injil Lukas nyariyosaken bab pacobèn ing ara-ara samun ingkang kedah dipun alami déning Gusti Yésus. Injil Lukas 4:1-2a mratélakaken, “Gusti Yésus, kang penuh ing Roh Suci, wangsul saka bengawan Yardèn, banjur kapurugaké déning Roh Suci menyang ing ara-ara samun. Ana ing kono lawasé patang puluh dina lan banjur kagodha déning Iblis.” Niti saking ayat punika, Gusti Yésus dipun ngendikakaken katuntun déning Roh Suci dhateng ara-ara samun lan Sang Roh klilan menawi Iblis kepareng nggodha Gusti Yésus. Menawi tetembungan punika dipun tafsiraken, tetembungan punika gadhah teges bilih Sang Roh kanthi sengaja masrahaken Gusti Yésus dhateng Iblis supados dipun godha.

Gusti Yésus nglampahi siyam sadangunipun 40 dinten lan 40 dalu. Ing satengahing ara-ara ingkang sepen, mboten subur, bentèr, Panjenenganipun kerapan lan ngorong awit nembé kémawon rampung anggènipun siyam. Iblis ingkang sinebat panggodha punika sowan dhateng Gusti lan nedya ngaturaken manéka warni godha.

Panggodha dumateng Gusti Yésus punika ngémutaken kita bilih mboten wonten setunggala tiyang ingkang merdika gesangipun saking panggodha. Panggodha ingkang werni-werni punika nggeneraken manungsa nindakaken ingkang mboten saé lan kepara jahat. Wonten ingkang ngendika, “Tindak jahat punika kelampahan mboten karana niat saking ingkang tumindak jahat, nanging awit wontenipun *kesempatan* (wewengan).” Punika ngetingalaken bilih manungsa asring milih nindakaken ingkang mboten saé/jahat krana kagodha déning prekawis ingkang nengsemaken, *instan* (sanalika), gampil lan kados-kados saé kanggé dhirinipun.

Ing pacobèn ingkang kapisan, Iblis matur, “Manawi Panjenengan Putraning Allah, sumangga séla punika kadhawuhana dados roti.” Panggodhaning Iblis punika ngèngetaken Gusti Yésus bilih Panjenenganipun kagungan panguwaos, namung kanthi paring dhawuh séla dadosa roti. Iblis ngertos punika, mila piyambakipun ngèngetaken, bilih roti punika kabetahan utami saking Gusti Yésus. Kabetahan *fisiologis*, kados to tetedhan, unjukan lsp. Ing gesang punika, godha kados mekaten asring kita

alami. Punapa malih kabetahan *fisiologis* punika kabetahan ingkang baken tumrapping tiyang gesang. Purun-mboten purun kabetahan punika kedah tansah cumawis ing gesangipun manungsa. Sejatosipun, menawi Iblis matur dhumateng Gusti Yésus karsaa dhawuh dhateng séla supados dados roti, punika rak èstunipun bab ingkang *solutip* (ngrampungaken pakèwet). Nanging, éwa semanten Gusti Yésus paring tanggapan, “Uripé manungsa iku ora mung saka roti baé, nanging saka pangandikaning Gusti Allah.” Gusti Yésus ngémutaken, bilih punapa ginanipun gadhah tetedhan, ombèn-ombèn lan kabetahan gesang sanèsipun menawi kedah kécalan martabating gesang krana tumindak ingkang mboten leres. Kanthi panguwaosipun, Gusti Yésus mboten naté akarya mukjijat kagem Dhirinipun piyambak.

Pacobèn angka kalih, Iblis nuntun Gusti Yésus minggah ing redi ingkang inggil, ngetingalaken karatoning jagad lan gebyaripun dhateng Gusti Yésus. Gumebyaripun jagad punika ingkang asring dipun upadosi déning manungsa. Iblis matur dhateng Gusti, “Panjenengan badhé kula caosi panguwaos punika sadaya dalah kamulyanipun, awit punika sadaya sampun dipun pasrahaken dhateng kula saha kula saged nyukakaken dhateng sinten ingkang kula kajengaken. Milanipun manawi Panjenengan nyembah dhateng kula, sadaya punika badhé dados kagungan Panjenengan.” Pancèn punapa ingkang kaaturaken Iblis dhateng Gusti punika gampil milut manah. Pramila Gusti Yésus ngendika, “Ana tulisan mangkéné: Pangéran Allahira, iku kang kudu sira sembah, sarta iya mung Panjenengané iku kang kudu sira abektèni!”

Ing pacoban ingkang angka tiga, Gusti Yésus katuntun Iblis dhateng kitha Yérusalèm, Panjenenganipun kajumenengaken ing wuwungan Padaleman Suci. Ing Padaleman Suci pérangan nginggil, padatanipun dipun anggé para Imam medharaken kotbah lan umat sami mirengaken. Iblis matur, “Manawi Panjenengan Putraning Allah, sumangga kula aturi anjlog saking ngriki mangandhap, awit wonten seratan makaten: Tumrapping Sira, Panjenengané bakal dhawuh marang para malaékaté supaya rumeksa marang Sira, lan iku bakal padha nadhahi Sira ana ing tangané, supaya sikilira aja nganti kesandhung ing watu.” Menawi Gusti Yésus karsa nindaki ingkang mekaten, Panjenenganipun mesthi badhé jumeneng minangka *Sélébritis* Rohani (tiyang

ingkang misuwur ing babagan rohani), dados misuwur lan dipun subya-subya tiyang kathah. Panjenenganipun badhé gampil pikanthuk pangalembana dados manungsa sampurna, inggih Sang Mesih Sejati ingkang dipun jebadi. Godha punika dipun tanggapi déning Gusti kanthi ngendika, “Ana pangandika mangkéné: Sira aja nyoba marang Pangéran Allahira!” Pangandika punika mratélakaken bilih Gusti Yésus mboten kersa nyobi dhumateng Gusti Allah Sang Rama, sanajan Sang Rama prasetya badhé tansah paring pangauban. Gusti Yésus mboten kersa kaalembana minangka manungsa sampurna déning tiyang kathah namung krana kedah ngetingalaken bab ingkang ngédab-édabi, ingkang sipatipun *supra natural*. Lelampahan ing wuwungan Padaleman Suci punika ngetingalaken bilih Iblis nggodha Gusti nampèni pangaken minangka Sang Mesih sejati kanthi cara ingkang sipatipun *instan* (sanalika). Iblis nggodha Gusti Yésus supados mboten prelu nglampahi kasangsaran lan séda. Saged dipun bayangaken menawi saèstu Gusti Yésus karsa ndhawahaken dhiri saking wuwungan Padaleman Suci, déné ing Padaleman Suci punika tansah dipun kebaki tiyang-tiyang Yahudi saking pundi-pundi papan, lan menawi tiyang-tiyang punika sami nyumurupi lelampahan bilih Gusti Yésus kawilujengaken déning para Malaékat, kanthi gampil tiyang-tiyang punika mesthi énggal pitados menawi Gusti punika Sang Mesih. Lan krana punika mboten prelu nglampahi kasangsaran lan séda sinalib. Nanging, punika sanès marginipun, sanès pilihanipun Gusti. Panjenenganipun tetep karsa milih margining kasangsaran, margining salib kanggé mujudaken tresnanipun dhateng manungsa. Ing pungkasan cariyos punika, sinerat ing Injil Lukas, **”Iblis sawisé rampung panggodhané banjur mundur saka ing ngarsané, sumedya angon mangsa.”** “Sumedya angon mangsa”, tetembung punika ngetingalaken bilih Iblis taksih badhé nglajengaken pacobèn-pacobèn sanèsipun ing wekdal ingkang kawawas pas.

Ing lampah gesangipun manungsa, ing saben trap-trapaning umur (saking bayi dumugi kasepuhan/adiyuswa), saben-saben trap gadhah kabetahan utami ingkang kedah dipun sembadani. Miturut **Abraham Maslow** kabetahan utami ingkang kedah dipun sembadani, inggih punika:

Ngènget-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun

- a. Kabetahan *fisiologi*: sandhang, pangan, papan.
- b. Kabetahan raos aman: keséhatan, pendhidhikan, *tabungan, asuransi* lsp.
- c. Kabetahan ngraosaken katresnan: katresnan, welas asih, saged dipun tampi, saged nggadahi ingkang dipun péngini.
- d. Kabetahan pikanthuk préstasi (ingkang saged kagayuh): panampining dhiri, harga dhiri, kesuksèsan, kemandhirian, gèngsi, réputasi, *status sosial*, pengaken saking tiyang sanès.
- e. Kabetahan *aktualisasi dhiri*: pepinginan kanggé njangkepi *potensi* dhirinipun, sagah nyembadani punapa kémawon ingkang dipun kajengaken.

Nalika ngudi nyembadani kabetahan utami punika, temtunipun saben tiyang kedah berjuang kanggé mujudaken. Lan kanggé punika sedaya adhakanipun manungsa kedah sami déné jor-joran setunggal-setunggalipun. Awit saking punika mboten mokal menawi lajeng tuwuh wontenipun crah lan dredah. Pramila kanthi panggegilut Sabdanipun Gusti wanci punika, saben kita kaatag tetep setya lan bakuh ing marginipun Gusti kanggé nyembadani kabetahan utami kita piyambak-piyambak.

Panggegiluting Materi:

1. Kanggé para laré, godha kados punapa ingkang asring dipun alami, mugé kersa andum pengalaman.
2. Kanggé *Para Remaja* (kanéman), godha kados punapa ingkang asring dipun alami, mugé kersa andum pengalaman. Lan kados pundi cara ngatasinipun.
3. Kanggé warga diwasa, bab punapa ingkang paling angèl dipunlampahi nalika kedah berjuang ngadhepi manéka warnining godha ing gesang? (ing padamelan, brayat, ing pasrawungan kaliyan sesami). Punapa ingkang dipun lampahi kanggé ngatasi punika sedaya?
4. Nalika manungsa mboten saged ngéndhani pacobèn ing gesangipun, piwulang punapa ingkang saged kita pethik saking lelampahan pacobanipun Iblis dhumateng Gusti Yésus ing ara-ara samun?
5. Kados pundi sikep ingkang leres nalika manungsa nembé aben

ajeng kaliyan kasangsaraning gesang supados mboten gampil
milih margi ingkang instan temah dhumawah mboten sumuyud
dhateng Gusti Allah?

Panyuraos Kitab Suci dipun pungkasi srana sami déné donga-
dinonga amrih sami kekah nglajengaken gesang ing satengahing
manéka warni pacobèn.

[da-ip]



**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI**

Pra-Paskah kaping 2

Waosan:
Jabur Masmur 27

**Nyeksèni
Kamirahanipun
Gusti**
☪☪☪

Pambuka

Sinten tiyangipun ingkang dèrèng tepang kaliyan Bunda Térésa? Tahun 1979, Bunda Térésa nampi Nobèl Perdamaian Dunia. Panjenenganipun dados misuwur lumantar pakaryan-pakaryan sih katresnanipun, paring pambyantu dhateng tiyang-tiyang ingkang kerapan, kesrakat lan sakit. Panjenenganipun ugi ngedegaken Badan Amal, *Missionaries of Charity* lan kepareng nglampahaken misinipun langkung saking 500 kagiyatan ing donya punika. Sedaya tiyang sami tepang kaliyan panjenenganipun lan lampah gesangipun dados *inspirasi* (ilham) tumraping jagad punika. Nalika kita maos cariyos lelampahan gesangipun, kados-kados kita dipun ajak nyeksèni kamirahanipun Gusti lumantar Bunda Térésa. Panjenenganipun mboten gadhah raja kaya ingkang kathah, nanging panjenenganipun gadhah kekendelan ingkang linandhesan katresnan kanggé miwiti misinipun.

Tresnanipun dhateng Gusti, ngatag panjenenganipun supados tansah ngrengkuh saben tiyang ingkang kerapan, kesrakat lan sakit ing sakiwa tengenipun. Mboten gampil nglampahaken misi ingkang katindakaken, nanging kanthi katemenan lan katresnan, Bunda Térésa mbuktèkaken dhateng kita sami bilih kakuwatan lan ajrih badhé saged dipun kuwaosi sauger kita sami sumarah lan suméndhé dhumateng kakiyatanipun Gusti. “Gusti Allah mboten ngedahaken kita tansah kasil, Panjenenganipun namung ngersakaken kita tansah purun nyobi lan nyobi.” (Bunda Térésa).

Kados pundi tumraping kita sami, punapa kita sumedya nyeksèni kamirahanipun Gusti lumantar pakaryan-pakaryan nyata ing sakiwa tengen kita? Punapa kita taksih mangu-mangu awit kasagahan kita lan kekiyatan saking Gusti ingkang tansah nunggil

kaliyan kita? Pramila samangké kita dipun ajak déning Sang Juru Masmur nyeksèni kados pundi agunging sih kamirahanipun Gusti tumrah ing tiyang-tiyang ingkang sumarah lan suméndhé dumateng Panjenenganipun.

Katrangan Sawetawis Jabur Masmur 27

Masmur 27 minangka satunggaling paseksining iman saking Prabu Dawud, ingkang sampun naté nampèni panglipur lumantar pangabektènipun, “manggon ana ing padalemané Sang Yéhuwah ing salawasé uripku”. Kanthi sawetahing kapitadosanipun, Prabu Dawud mratélakaken bilih Gusti Allah punika pepadhang lan pamartaning gesangipun sarta bebèntènging gesangipun, dados papan pangaubanipun. Pengaken punika mboten kok tanpa alesan, awit wonten pengalaman-pengalaman ing gesangipun Prabu Dawud ingkang ugi dipun pratélakaken, kadosta: ngadhepi sakathahing satru lan mengsah, nalika kinepung déning bala tantra ingkang sami ngedegaken tarub, sanajan tuwuh paprangan lan tinilar déning bapa biyungipun.

Ayat 1-3; pérangan punika ngetingalaken pengakening Sang Prabu Dawud bilih Gusti Allah punika pepadhang lan tukung pamartanipun. Punika minangka pengalamanipun Sang Prabu nalika wonten ing kawontenan-kawontenan ingancam. Panjenenganipun tansah kumandel dhumateng Gusti lan tetep pitados bilih Gusti Allah jumeneng dados bebèntènging gesang ingkang tansah paring pangauban. Pengalaman gesangipun Sang Prabu Dawud punika ngantebaken kita supados mboten gampil ajrih lan kuwatir nalika ngadhepi bebaya. Punapa kémawon ingkang kita alami, pitadosa bilih Gusti Allah tansah nunggil kaliyan kita. Gusti Allah minangka tukung kekiyatan kita, pramila tansah suméndhéya dhumateng Panjenenganipun.

Ayat 4-6; punika mratélakaken panyuwunipun Prabu Dawud dhumateng Gusti, “Saprakara kang wus daksuwun marang Sang Yéhuwah, yaiku kang dakpéngini muga bisa manggon ana ing padalemané Sang Yéhuwah ing salawasé urip, nyawang kadamane Sang Yéhuwah sarta ngrasakaké nikmaté ana ing pasucèné.” Panyuwunan punika minangka tanggapanipun Sang Prabu awit pitulunganipun Gusti Allah ing sauruting gesangipun. Pramila panjenenganipun tansah kepingin manggèn ing padalemaning

Gusti, ngantos ing salami-laminipun. Menawi Sang Prabu Dawud nanggapi kamirahanipun Gusti kanthi tansah memuji lan ngunjukaken mazmur konjuk Gusti ing salaminipun gesangipun, kadospundi tumrapping kita? Punapa tanggapan kita nalika ugi ngalami lan neksèni kamirahanipun Gusti ing gesang kita? Prabu Dawud maringaken tetuladhan ingkang nyata kagem kaluhuraning Allah lumantar gesang kita.

Ayat 7-14; pérangan kaping tiga punika ugi minangka panyuwunanipun Prabu Dawud, “Dhuh Yehuwah, mugi karsaa miyarsakaken pasambat kawula ingkang kawula unjukaken, mugi Paduka karsaa melasi kawula saha kawula mugi kaparingana wangsulan!” Sang Prabu Dawud nglenggana minangka manungsa ingkang winates, pramila nyenyuwun dhumateng Gusti ingkang mboten winates punika maringaken sih kawelasanipun. Sang Prabu Dawud ugi sadhar bilih panjenenganipun asring nglampahi tumindak ingkang mboten karenan ing ngarsanipun Gusti, lampahipun mblasar. Pramila ing ayat 11 panjenenganipun nyenyuwun dumateng Gusti mekaten, “Dhuh Yéhuwah, kawula mugi Paduka paringi pitedah bab Paduka, sarta lampah kawula katuntuna wonten ing margi ingkang wradin margi saking wontenipun mengsah kawula.” Kanthi nglenggana ing bab kekiranganipun, Prabu Dawud maringaken piwulang dhateng kita, bilih manungsa ing salaminipun mboten saged dipun andelaken. Mila tansaha ngunjukaken panyuwun dhumateng Gusti lan tansaha ngudi ngéwahi lan ngéwahi dhiri nuju dhateng kasaénan ngantos kita pantes nyeksèni kamirahanipun Gusti.

Saking wedharan ing nginggil, saged dipun simpulaken: Ing satengahing pengalaman gesangipun Sang Prabu Dawud, kita saged niti kados pundi anggènipun Sang Prabu ngupadi ngadhepi sedaya pengalaman ingkang mboten ngremenaken punika. Sang Prabu Dawud mboten ajrih lan geter, Panjenenganipun malah memuji lan nyenyuwun dhumateng Gusti. Kanthi kebaking kapitadosan panjenenganipun nelakaken bilih Gusti Allah badhé paring pangauban temah sedaya mengsah-mengsahipun sami kajengklok lan dhawah. Sang Prabu mboten giris nalika ngadhepi bebaya, awit panjenenganipun pitados bilih Gusti Allah karsa paring pangauban. Gusti Allah punika tetamèng pangauban ingkang pinitados. Patunggilan kaliyan Gusti Allah temtu

nukulaken tentrem rahayu lan nuwuhaken kekiyatan anyar kanggé perjuangan ing gesang. Samangké kita ugi kaatag sami déné ngudi kanthi mempeng kados Sang Prabu Dawud ingkang tansah sumarah namung dhumateng kakiyataning Gusti. Wilujeng nyeksèni kamirahanipun Gusti ing saben pakaryan gesang ingkang kita lampahi. Kalampahana punika sedaya kanthi sakatoging tresna kadya pangandikanipun Bunda Térésa: “Mboten sedaya saking kita saged nindakaken prekawis-prekawis ingkang ageng. Nanging kita saged nindakaken bab-bab ingkang sepélé kanthi katresnan ingkang ageng.”

Panggegiluting Matèri:

1. Punapa panjenengan kagungan pengalaman-pengalaman gesang kados ingkang dipun alami déning Sang Prabu Dawud? Mugi karsa nyariosaken!
2. Piwulang punapa ingkang saged kita pethik saking sikepipun Sang Juru Masmur lumantar Jabur Masmur 27 punika?
3. Kados pundi samesthinipun sikep kita nalika ngadhepi pergumulan lan perkawising gesang?
4. Punapa kita sampun nyeksèni kamirahanipun Gusti ing satengah gesang kita? Mugi karsa nyariosaken!

[yk-ip]



**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI**

Pra-Paskah kaping 3

Waosan:

Jabur Masmur 63:1-8

**Ngorong
Dhumateng Gusti**



Pambuka :

1. Ngetingalaken pangorong :

- Sedaya ingkang ndhèrèk ing pakempalan panyuraos Kitab Suci keparenga kempal dados sawetawis kelompok. Saben kelompok dumados saking umur ingkang béda-béda.
- Saben kelompok lenggahipun damel bunderan piyambak-piyambak.
- Saben anggotaning kelompok dumados saking 4-5 peserta.
- Saben anggotaning kelompok mbekta foto saking sedhèrèk ingkang dipun kangen.
- Sasampunipun punika, saben anggotaning kelompok saged ngaturaken pengalamipun, katuntun déning pitakènan: Sinten tiyang ingkang dipun kangen? Kénging punapa panjenengan kangen dhateng tiyang punika? Punapa ingkang panjenengan tindakaken nalika kangen kaliyan tiyang punika?
- Sasampunipun saben anggotaning kelompok nyariosaken pengalaman kangenipun wau. Samangké wiwitana maos Jabur Masmur 63:1-8 kanthi gilir-gumantos.

Tafsir Jabur Masmur 63:1-8

1. Ara-ara samun ingkang nukulaken pangorong (ay. 1)

Ing ayat punika, katrangan bab papan ing pundi Sang Juru Masmur nembé wonten ing ngriku, penting pikantuk kawigatosan. Ara-ara samun mratandhani satunggaling kawontenan gesang ingkang nuntun satunggaling tiyang rumaos nyelé. Piyambakipun rumaos kijènan lan kalimputan ing swasana ingkang sepi nyenyet. Ing kawontenan kijènan, sepi lan nyelé piyambakan, tiyang punika malah manggihaken

pangorong dhumateng Gusti Allah ingkang dados pangajeng-ajengipun. Wonten ing ara-ara samun, nuntun Sang Juru Masmur ngrumaosi lan manggihaken punapa ingkang paling dipun péngini ing gesangipun. Bab punika mratélakaken bilih swasana sepi ingkang ening, saged nuntun manungsa lumebet ing intining jiwanipun piyambak, inggih punika pangorong supados saged manunggal kaliyan Gusti Allah. Saking ara-ara samun punika muncul tetembungan-tetembungan ingkang éndah lan nengsemaken manah ngèngingi sinten Gusti Allah punika tumrapping Sang Juru Masmur. Kejawi punika, saking raos kijènanipun ing ara-ara samun, Sang Juru Masmur malah saged sangsaya ngraosaken bilih piyambakipun mboten saged gesang tanpa Gusti Allah, ingkang tansah dipun betahaken rintèn lan dalu. Kanthi pangraosipun ingkang lebet sanget punika, sumangga kita resepi saben pérangan ingkang dados *èksprèsinipun* (wedharaning pamikiripun) Sang Juru Masmur.

2. Pangorong ngatag Sang Juru Masmur ngupadi lan ngluhuraken Allah (ay.2-4)

Pangoronging Sang Juru Masmur kadya tenaga rosa, ingkang dipun raosaken. Tenaga ingkang nuntun ngupadi Gusti Allah minangka Pribadi ingkang kedah énggal dipun panggihi ing wayah énjing. Tetembungan, **ing wayah énjing uthuk-uthuk, kawula ngupadi Paduka**, punika ngetingalaken satunggaling bab ingkang ndhesek dipun perlokaken, baken lan ngetingalaken kabetahan ingkang penting tumrapping Sang Juru Masmur. Sang Juru Masmur rumaos mboten kuwagang nglampahi menawi piyambakipun mboten langkung rumiyin ngupadi Gusti Allah ing saben wiwitaning dinten lan gesangipun. Satunggaling tenaga ingkang rosa kados mekaten punika pranyata kasurung déning pangorong ing jiwanipun Sang Juru Masmur. Panjenenganipun nggambaraken pangorongipun dhateng Allah kadya siti garing ingkang sanget mbetahaken toya. Pangorong punika saèstu nukulaken kasisahan piyambak tumrapping Sang Juru Masmur. Lan pangorong punika ugi nyurung Juru Masmur malah saged ngraosaken kalegan ingkang saèstu kanthi tansah ngeneraken penggalhipun dhumateng Gusti Allah. Namung kanthi

ngeneraken penggalhipun dhumateng Allah, Juru Masmur sadhar bilih namung Gusti Allah ingkang kagungan kekiyatan lan kaluhuran. Kalih prekawis punika saèstu karaosaken pinanggih ing pengalaman gesangipun, inggih ngèngingi kasetyanipun Allah ingkang nglangkungi gesangipun piyambak. Gesang ingkang dipun lampahi Juru Masmur samangké punika nuwuhaken kesadharan bilih Gusti Allah saèstu tansah nunggil kaliyan piyambakipun. Tumraping Sang Juru Masmur, Gusti Allah punika satunggaling Pribadi ingkang sanget penting ing gesangipun, awit kasetyaning Allah sampun karaosaken pinanggih ing gesangipun. Awit saking punika, Juru Masmur kados-kados rumaos mboten kuwawi nglajengaken gesangipun yèn tanpa patunggilanipun Allah. Sang Juru Masmur saèstu kangen lan ngorong dhumateng Gusti, temah mboten wonten ingkang langkung wigati tinimbang tansah ngupadi lan gesang cecaketan kaliyan Gusti Allah. Punika saèstu satunggaling osik ing manah ingkang ngorong lan ugi karaos kaéndahanipun.

3. Raos kangen nuwuhaken raos aman lan nyaman tinunggil Allah (ay.5-8)

Kasetyanipun Allah ingkang nglangkungi gesangipun Juru Masmur, nuntun panjenenganipun tansah memuji lan ngluhuraken Allah ing salamining gesang. Ing saben lampah gesangipun, Sang Juru Masmur badhé tansah memuji Allah. Panjenenganipun badhé tansah nyebat Asmanipun Allah ing sedaya kawontenan gesangipun. Kanthi mekaten Juru Masmur mboten kepéngin gesangipun tebih saking Gusti Allah. Panjenenganipun badhé tansah ènet lan gesang tinunggil déning Allah. Gesang tinunggil déning Allah ndadosaken Sang Juru Masmur rumaos katuwukan, kados déné tiyang ingkang nembé ngraosaken tetedhan sumsum ingkang éco. Tetedhan punika kados tetedhan ingkang awis reginipun lan karaos maremaken sanget. Tetedhan ingkang éco sanget, umumipun ngetingalaken satunggaling kanikmatan ingkang ngremenaken tumraping manungsa. Tetedhan ingkang éco saged damel manungsa ngraosaken kenyamanan nalika katedha. Gegambaran kados mekaten ingkang dipun ketingalaken déning Juru Masmur kanggé mratélakaken kawontenaning manahipun

nalika gesangipun tinunggil Allah. Awit saking punika, panjenenganipun sampun ngraosaken kenyamanan ingkang lebet sanget krana Gusti Allah, pramila Juru Masmur wangsul malih ngetingalaken prasetyanipun kanggé tansah memuji Allah. Prasetyan tansah muji Allah ing selamining gesangipun, ketingal dados satunggaling pepinginan ageng ing dhirinipun Juru Masmur. Punika kapratélakaken wongsal-wangsul ing ayat 5 lan 6, kanggé nengenaken bab prasetyanipun Juru Masmur tansah memuji Asmanipun Gusti. Kanthi mekaten, sejatosipun Sang Juru Masmur sengaja kepéngin ngémutaken dhirinipun piyambak supados tansah memuji asmanipun Gusti. Raos aman lan nyaman ingkang rinaosaken Juru Masmur ndadosaken panjenenganipun teras-terasan menggaliaken pitulunganipun Allah malah nalika ugi Sang Juru Masmur sampun wonten ing papan patileman. Ing wayah dalu, panjenenganipun tansah ngraosa-ngraosaken kasaénanipun Allah ing gesangipun. Kados-kados ing salebeting anggènipun ngaso, penggalihanipun mboten naté pedot saking kasaénanipun Allah. Kasaénan lan pitulunganipun Allah mboten saged namung dipun lirwakaken mekaten kémawon déning Juru Masmur. Panjenenganipun nggilut-nggilut sedaya pakaryaning Allah, malah ngantos kabekta nalika sampun tilem ing wayah dalu. Kasaénan lan pitulunganipun Allah saèstu damel ngungun temah ngantos mboten wonten penggalihan sanès ing dhirinipun. Kasaénan lan pitulunganipun Allah tansah dados bab ingkang utami ngebaki manah lan penggalihanipun.

Pirembagan utawi *Aktivitas* (Kagiyatan) Panyuraos Kitab Suci

1. Mugi karembaga pitakènan-pitakènan punika:
 - Punapa ingkang karaosaken déning Juru Masmur?
 - Kénging punapa panjenenganipun ngraosaken punika?
 - Punapa ingkang dipun tindakaken nalika ngorong dhumateng Gusti Allah?
 - Punapa saben anggotaning kelompok naté ngraosaken punapa ingkang dipun raosaken déning Juru Masmur?

2. Saben anggotaning kelompok keparenga nyerat donga pribadi magepokan kaliyan pangraos ingkang karaosaken piyambak-piyambak sasampunipun ngrembag Masmur 63:1-9!

[kh-ip]



**BAHAN
PEMAHAMAN ALKITAB**

Pra-Paskah kaping 4

Bacaan:

Lukas 15:1-3, 11b-32

**Ngadhepi
Fenomena
Cut Off**
❧❧❧

Cecala:

Prayogi katindakna nyuraos matèri langkung rumiyin, salajengipun maos Kitab Suci, Panuntun lan Katrangan cekak.

Panuntun

Cut Off punika tetembungan ingkang asring kaginakaken déning generasi Z (lahir antawis taun 1997 dumugi 2012) kanggé nyebataken pandamel mungkasi sesambetan utawi komunikasi kaliyan satunggaling tiyang sacara dadakan lan tanpa katrangan ingkang cetha. Babagan punika asring kalampahan ing *média sosial* (srananing pasrawungan ing internèt), ing pundi tiyang saged *mblokir* utawi medhot pasedhèrèkanipun kaliyan tiyang sanès saking cathetan ing jagading pasrawungan internèt. Srana punika, kekalihipun sampun mboten malih sesambetan minangka kanca.

Wonten sawetawis pangaruh *positip* (saé) tumrap *cut off* kanggé *Keséhatan Méntal* (keséhatan jiwa). Sapisan, ngirangi *strèss* dumugi *déprèsi*. Mungkasi sesambetan kaliyan tiyang ingkang damel pengaruh *négatip* (awon) utawi *toxic* saged ngirangi *strès* lan *kecemasan* (raos was sumelang). Kaping kalih, nuwuhaken *Keséhatan Méntal*. Nyingkiri memengsahan lan lelamisan ingkang dangu saged nuwuhaken *keséhatan méntal*. Kaping tiga, damel wates ingkang séhat. *Cut Off* saged biyantu pribadi netepaken wates ingkang séhat salebeting sesambetan kaliyan tiyang sanès.

Sanadyan mekaten, *Cut Off* ugi nggadhaahi pangaruh awon tumrap sesambetan antawising manungsa. Sepisan, ngirangi kaprigelan ing kalimrahaning gesang kamasyarakatan. Menawi satunggaling tiyang asring nindakaken *cut off*, piyambakipun ugi

ngirangi kasagedan kanggé ngrampungaken memengsahan tuwin sesambetan kanthi saé. Kaping kalih, ndadosaken wontenipun raos sepi. Mungkasi sesambetan sacara dadakan kaliyan satunggaling tiyang utawi kathah tiyang saged njalari raos sepi lan kijènana sacara pasrawunganing masyarakat. Kaping tiga, saged nuwuhaken pepinginan kanggé tumindak nglalu. Raos sepi, ijèn, ingkang kalampah dangu karana nindakaken *cut off* nuwuhaken akibat *déprèsi* lan tumindak ngendhat, punapa malih menawi pribadi punika rumaos mboten nggadhahi panyengkuyung saking pasrawunganing masyarakat. Saèstu, rak nuwuhaken kawontenan éwuh aya ta?

Pancèn sejatosipun manungsa punika titah *individual* (ingkang asipat pribadi) lan ugi titah *sosial* (ingkang gesangipun kedah gegayutan kaliyan tiyang sanès). Manungsa nggadhahi sipat *individual* lan *sosial* ingkang prayogi kajagi supados timbang. Ing kanyatan punika, wigatos kanggé nggatosaken sawetawis bab:

1. Timbang-jumbuhipun antawising *Individualitas* (titah pribadi) lan *Sosialitas* (titah sosial). *Individualitas*, saben tiyang nggadhahi kabetahan, pepinginan lan kapentingan pribadi ingkang prayogi dipun urmati lan dipun sembadani kadosta wekdal kanggé dhirinipun piyambak, ngembangaken dhiri, lan njagi *keséhatan méntal* dhirinipun piyambak. *Sosialitas*, saben manungsa ugi mbetahaken sesambetan *sosial* kanggé rumaos sesambetan lan sinengkuyung déning tiyang sanès. Sesambetan kaliyan tiyang sanès saged maringaken raos patunggilan lan panyengkuyung batos (*émosional*).
2. Ngadhepi tiyang ingkang dipun anggep “*Toxic*.” Wonten sawetawis bab ingkang perlu kita sinaoni lan tuladhani saking Gusti Yésus magepokan tanggapanipun dhateng para tiyang dosa utawi tiyang ingkang dipun anggep “*toxic*” déning lingkunganipun.

Katrangan Cekak Lukas 15:1-3, 11b-32

Lukas 15 nggambaraken satunggaling swasana sumanak nalika Gusti Yésus ngandika dhateng para juru mupu béya lan tiyang dosa. Para tiyang punika sami sowan ing ngarsanipun Gusti kanggé mirengaken piwulangipun. Nanging para tiyang Farisi lan para ahli Torèt malah sami grundelan amargi Yésus srawung

kalian para tiyang dosa. Yésus lajeng nanggapi srana paring pasemon wonten 3 cacahipun, salah satunggalipun inggih punika pasemon bab anak kang ilang ing Lukas 15:11b-32.

Pasemon kawiwitan anak ingkang wuragil nyuwun warisan saking bapakipun. Piyambakipun késah ing nagara ingkang tebih lajeng ngebrèh-ebrèh sadaya bandhanipun dipun-anggé nguja kekarepanipun ngantos telas sadaya. Kaleresan ing nagari ngriku wonten paceklik ingkang nggegirisi lan anak kang wuragil punika wiwit nandhang kacingkrangan. Piyambakipun ngèngèr dhateng tiyang ing tanah ngriku lajeng ngrimati babi, piyambakipun kapeksa nedha pakan babi. Piyambakipun ngrumaosi lepatipun lan kepéngin wangsul dhateng dalem ing bapakipun, ngakeni kalepatanipun, lan nyuwun supados kepareng dados berah bapakipun kémawon. Nalika anak kang wuragil taksih tebih, bapakipun sampun nggatosaken dumuginipun, trenyuh saestu amargi saking welasipun. Sang bapak lajeng mlajar manggihi anakipun, dipun-rangkul lan dipun-ambungi. Bapak lajeng dhawuh dhateng para abdinipun supados mendhetaken jubah ingkang paling saé, ali-ali lan trumrah kanggé anakipun punika. Mboten punika kémawon, bapakipun ugi dhawuh supados nyembelèh pedhèt ingkang lema kanggé sukan-sukan ngriyayakaken wangsuling anakipun ingkang ical.

Pasemon punika ugi nerangaken kadospundi tanggapanipun anak pambarep ingkang nepsu lan mboten purun mlebet ing griya amargi piyambakipun rumaos menawi bapakipun mboten adil. Bapak bingah-bingah ngriyayakaken wangsulipun anak wuragil ingkang mblunthah ingkang sampun ngebrèh-ebrèh sadaya bandhanipun dipun-anggé nguja kekarepanipun. Salajengipun, bapakipun paring pangertosan bilih sadaya gadhahanipun bapak punika ugi gadhahanipun pambarep, nanging sedaya kedah sami bingah-bingah amargi anak wuragil ingkang sampun dangu ical sapunika sampun kapanggih, malah anak wuragil ingkang sampun dangu kaanggep pejah sapunika gesang lan wangsul malih.

Pasemon punika nggambaraken katresnan lan pangapuntenanipun Allah ingkang mboten winates. Kadosdéné bapak ingkang tresna-asih dhateng anak-anakipun. Bapak ingkang karsa nampi malih anakipun kanthi suka-bingah sanadyan anak

punika sampun nguciwakaken. Allah ugi karsa nampi tiyang dosa ingkang purun mratobat lan wangsul malih.

Anak wuragil nggambaraken para tiyang dosa ingkang ngrumaosi sadaya kalepatanipun, purun mratobat, lan wangsul malih dhateng Allah.

Anak pambarep nggambaraken para tiyang ingkang ngrumaosi dhirinipun paling leres lan angèl nampi bilih Allah ugi ngasihi, nresnani, ngapunteni lan nampi tiyang dosa. Pasemon punika ugi memulang kita kanggé sami suka-bingah awit pamratobat lan pulihipun tiyang sanès.

Lampahing Pirembagan:

1. Punapa Bapak Ibu Shadèrèk naté mireng *istilah* (tetembungan) “*Cut Off*”? Menawi naté, Panjenengan saged andum pengalaman Panjenengan. Menawi dèrèng nyuwuna pambiyantunipun gènerasi (turunan) ingkang paling anèm éngkang ndhèrèk ing panyuraos punika kanggé nerangaken!
2. Sasampunipun mireng katrangan (saking generasi anèm), sumangga sami rembagan, miturut pamanggih Bapak Ibu Shadèrèk. Punapa “*Cut Off*” punika prakawis ingkang positip (saé) utawi négatip (awon)?
3. Kados pundi sikep ingkang leres miturut Gusti Yésus nalika kita ngadhepi tiyang dosa, tiyang ingkang kita anggep dosa, tiyang ingkang “*toxic*” utawi tiyang ingkang kita anggep “*toxic*”?
4. Kanggé nuladha Gusti Yésus, sikep punapa ingkang kedah kita persudi salebeting gesang padintenan? Saking pundi panjenengan badhé miwiti?

[nvc-hw]



Cathetan:

Fénoména: bab-bab ingkang nggumunaken utawi anèh.

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
Pra-Paskah kaping 5

Waosan:
Yésaya 43: 16-21

Margi
Mirunggan
✪✪✪

Panuntun

Menawi kasuwun milih, pundi ingkang badhé panjenengan pilih?

- Nengga *traffic light* warninipun abrit utawi puter mbalik nglangkungi margi sanèsipun ingkang linangkung tebih?
- Lajeng kémawon nengga sakselanipun larikan margi *gmaps* ingkang warninipun abrit, utawi milih *jalur* (larikan margi) sanès?
- Nglangkungi margi ingkang paling celak nanging kathah séla lan krikilipun, utawi margi ingkang langkung tebih nanging alus lan wradin?

Manungsa condhong madosi ingkang sekéca, ingkang gampil, lan ngremenaken kanggé dhirinipun. Kados sesanti “*Yèn ana sing gampang, généya kudu milih sing angèl*” kadosipun sampun mbalung sungsum, linangkung malih awit tantangan jaman modèrn ingkang sarwi *instan* (sanalika) temah damel manungsa badhé milih margi ingkang linangkung gampil, ringkes lan sekéca. Kawontenan punika salajengipun ndamel manungsa ndadosaken pitakènan menggahing kasaénanipun Gusti nalika piyambakipun ngadhepi kanyatan kosokwangsulipun. Malah kadhangkala manungsa mboten kasil ningali karawuhanipun Gusti salebeting karingkahan lan kangèlan ingkang dipun adhepi.

Waosan kita sapunika biyantu kita kanggé ningali bilih sanyata Allah badhé nuntun bangsa Israèl nglangkungi margi ingkang mboten gampil. Margi ingkang asring dipun singkiri déning tiyang kathah ing wekdal sapunika. Nanging, Allah nuntun bangsa Israèl nglangkungi margi punika. Margi ingkang mboten gampil lan mboten sekéca miturut manungsa nanging malah dipun agem Allah

kanggé nyampurnakaken sih-katresnanipun kanggé gesangipun umat.

Katrangan Cekak Yésaya 43: 16-21

Kados ingkang kita mangertosi bilih kitab Yésaya kapantha dados 3 pérangan, inggih punika:

- ***Proto Yésaya* – Yésaya I, pra-pambuangan (Yésaya 1-39)**

Sapérangan ageng *proto Yésaya* ngewrat pepènget ing mangsa pra-pambuangan dhateng umat Israèl (sacara mirungan) bab paukuman karana dosa. Pramila, umat katimbalan supadhos mratobat lan wangsul dhumateng Gusti.

- ***Déutero Yésaya* – Yésaya II, mangsa pambuangan (Yésaya 40-55)**

Pérangan punika katujokaken ing mangsa pambuangan ing Babél, paring panglipuran tumrap umat Israèl ingkang nembé kapetek, inggih punika wontenipun janji pamulihan, pangluwaran saking pambuangan, lan pangajeng-ajeng badhé rawuhipun Mésias.

- ***Trito Yésaya* – Yésaya III, sasampunpun pambuangan (Yésaya 56-66)**

Pérangan punika kaserat nalika umat Israèl wiwit wangsul ing tanahipun. Yésaya nyethakaken pamulihan, kaadilan, sarta wontenipun langit lan bumi anyar. Ing ngriki katingal wontenipun pangajeng-ajeng ing mangsa ingkang badhé kalampahan ingkang éndah tumrap Israèl lan tumrap sadaya umatipun Gusti.

Pramila waosan kita wekdal punika dados pérangan saking *déutero-Yésaya* (Yés. 40-55), inggih punika pamecanipun Yésaya dhumateng tiyang-tiyang Yéhuda ingkang gesang ing pambuangan Babél.

Ing waosan punika nabi paring pameca bilih tiyang-tiyang Yéhuda badhé kaagem dados seksi karyanipun Allah ingkang milujengaken. Inggih nembé sami ing pambuangan badhé ningali lan nyeksèni bilih Allah saèstu ngathi umatipun, malah nglangkungi kanyatan ingkang mboten gampil.

Kawiwitan ing ayat 16, nalika umat kaémutaken sinten ta Allah ingkang nembé sesarengan kaliyan umat sadaya, inggih punika Panjenenganipun ingkang sampun nuntun lan ngayomi umat saking pangancampun Pringon lan wadya-balanipun nalika nyabrang ing seganten Teberau (Pang. 14: 15-31). Ngènget-ènget ingkang sampun kalampah wonten ginanipun ing gesangipun manungsa. Satunggaling téolog ngendika bilih pangènget-ènget utawi *mémori*, mboten namung ngewrat “mangsa kapengker” kémawon, nanging ugi “mangsa sapunika” wonten sesambetanipun kaliyan pilihan kanggé ningali “mangsa ingkang badhé kalampahan.” Nalika ngènget-ènget piyambakipun mboten namung mbekta mangsa kapengker ing gesanipun sapunika, nanging kadospundi *mémori* punika mberek dhirinipun kanggé mendhet maknaning mangsa sapunika lan mapag mangsa salajengipun kanthi positip. Krana punika, umat ngènget-ènget punapa ingkang sampun naté dipun alami supados umat saged mendhet maknaning mangsa sapunika lan mangsa ingkang badhé kalampahan kanthi kebak pangajeng-ajeng.

Pangènget-ènget punika sangsaya kakekahaken srana timbalan supados mboten namung ngarah ing mangsa kapengker (ayat 18). Umat kaatag linangkung tinarbuka lan ningali bilih Allah saged milujengaken umatipun kanthi manéka cara, mboten winates srana satunggal-kalih cara ing mangsa kapengker.

Ing ayat 19-20, nabi Yésaya nélakaken kadospundi caranipun Allah mbekta umatipun luwar saking Babèl wangsul dhateng Yéhuda. Umat badhé katuntun nglangkungi pasamunan (*Pasamunan Arab*) sinaosa kalebet margi ingkang paling



caket, nanging limrahipun dipun singkiri déning tiyang Babél nalika badhé dhateng Yéhuda karena pasitènipun garing mboten subur saha bera.² Margi ingkang mbabayani tumrap tiyang Babél nanging malah dados margi karyaning katresnanipun Allah ingkang agung lan mboten kanyana déning umat Israèl. Umat Israèl badhé katuntun, kajagi, lan kawilujengaken déning Allah kanthi cara ingkang élok. Srana lelampahan punika, umat katimbangan kanggé martosaken misuwuripun Allah (ay.21).

Panyuraos Materi/Pirembagan:

1. Sadèrèngipun mbabarakèn matèri lan panyuraos, pangarsaning Panyuraos Kitab Suci saged maringaken *challenge* (*tantangan* utawi bab ingkang prelu dipun-udhari) punika dhateng para rawuh (amargi punika panyuraos *intergenerasional*, pramila prayogi dipun damel luwes lan saged narik manahipun para laré/generasi kanèman). *Challenge* (bab ingkang prelu dipun udhari) punika saged kaparingaken ing klompok ageng punapa déné klompok alit.

Pacawisan:

Pangarsaning Panyuraos saged nyawisaken plastik (bening-tipis) ingkang sampun kaisi toya ingkang kebak lan kapesthèkaken mboten wonten selanipun nalika nangsulik plastik punika kados wonten ing vidéo punika:

<https://www.youtube.com/shorts/YjvZB9Rf350>

Lampahing Kagiyan:

Para rawuh kaaturan wantun nyublesaken potlot (pènsil) nembus plastik toya punika.

Maknaning Kagiyan:

Kita asring ngucap “mokal” kanggé samukawis ingkang dèrèng naté kita cobè. Punapa malih wonten panginten ingkang asring kita ucapaken minangka kaleresan. Contonipun: Potlot ingkang lancip temtu badhé njalari plastik bocor. Nanging menawi kita tingali ing pangalaman punika, saged kémawon kalampahan mboten mekaten, saged kémawon potlot mboten njalari plastik

² Anggènipun mlampah saking Babil dhateng Yéhuda limrahipun ngambah pinggiring jurang-jurang Mésopotamia, nunten ngener ngétan dhateng Siria, lan saking ngrika ngener mangidul. (LAI, 2012: 1143, 1151)

isi toya punika dados bocor.

Ing prakawis punika para rawuh kaatag kanggé ningali bilih Allah saged makarya kanthi manéka cara kanggé nganthi gesangipun umat, kalebet srana samukawis ingkang angèl malah mokal miturut kita.

2. Pitakènan-pitakènan ingkang saged karowakaken salebeting pirembagan.
 - a. Punapa ingkang nyebabaken manungsa angèl ningali Allah salebeting geguletaning gesang ingkang dipun alami?
 - b. Punapa panjenengan naté nggadhahi pangalaman bilih ing satengahing karingkihan lan kangèlan malah wonten kasaénan ingkang dipun raosaken?
 - c. Punapa ingkang panjenengan tindakaken supados tansah mangertos dhateng karawuhanipun Allah?

[k-hw]



**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL 6**

Ngraos-raosaken

Lelampahanipun Gusti Yésus

Waosan:

Filipi 2:5-11

***Imitatio
Christi***
❧❧❧

Panuntun

Tetembungan *Imitatio Christi* sampun dados bab ingkang dipun mangertosi déning para warganing pasamuwan Kristen. Ing basa Jawi, tetembungan *Imitatio Christi* saged kapertal: Nuladha Kristus. Bab-bab punapa kémawon ingkang dados titikan kita sami nuladha Kristus? Punapa ingkang dados pepalang salebeting kita sami nuladha Kristus ing gesang padintenan?

Ing kanyataning gesang ing jaman sapunika, panggodha kanggé mboten nuladha Kristus asring kita panggihaken ing manéka warni prakawis. Upaminipun srana sesambetan kaliyan tiyang-tiyang saantawising kita, srana média sosial (sarananing pasrawungan ing internèt) ingkang nggatosaken prakawis-prakawis ingkang ngremenaken, srana pengalaman-pengalaman gesang ingkang kebak tatu lan *trauma*, lan sanèsipun. Tiyang pitados katètèr kanggé tansah nuladha Kristus ing satengahing panggodha punika.

Tetembungan *Imitatio Christi* punika saged kita mangertosi srana karyaning *téolog* lan *biarawan* (Belanda-Jerman) ing abad 15 ingkang asmanipun Thomas à Kempis, ingkang nyerat buku kanthi jejer: *The Imitation of Christ* (latin: *Imitatio Christi*). Buku punika ngewrat pepéling karohanèn ingkang mbereg umat Kristen kanggé nuladha Kristus ing sadaya babagan: salebetipun menggalih, tumindak lan sesambetan kaliyan sesami.

Pangertosan *Imitatio Christi* sejatosipun ugi sampun dangu wonten ing wiwitaning tradhisi Gréja, mirungganipun ing piwulangipun para rasul. Ing Kitab Injil, kita asring manggihaken timbalan kanggé nuladha gesangipun Kristus, saé salebeting

piwulangipun Kristus punapa déné salebeting cara gesangipun Kristus. *Imitatio Christi* mbereg kita kanggé gesang kados déné Kristus gesang, nuladha ing tumindak, sifat, lan semangat-Ipun ing sedaya babagan. Sapunika, kita badhé ningali kanthi mirunggan kadospundi Rasul Paulus nuntun kita mangertosi *Imitatio Christi* srana Serat Filipi.

Katrangan Cekak Filipi 2:5-11

Filipi 2:5-11 ngewrat piwelingipun Rasul Paulus ingkang mbereg pasamuwan ing Filipi (lan kita ing jaman sapunika), kanggé nggadhahi pangangen-angen lan pangrasa ingkang ugi tinemu ing Kristus Yésus. Ing pérangan punika, Rasul Paulus nggambaraken anggènipun Yésus ngasoraken sariranipun ingkang mboten winates, wiwit ing kamulyanipun ing swarga dumugi pangurbananipun ing kajeng salib. Punika piweling *Imitatio Christi*—nuladha Kristus.

Filipi 2:5-11 nggambaraken Yésus ingkang paring tuladha kanggé ngluwar manéka pangangen-angen lan pangrasa ingkang kraket ing kadonyan (*égo*) ing gesang punika. Ukara ing ayat 6, “*anggoné sadrajat karo Allah iku ora kaanggep barang darbé kang kudu dikekahi*” dados piwelingipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Filipi, lan dhateng para tiyang pitados ing jaman sapunika. Cara punika ingkang pantes tinuladha, katindakaken déning tiyang pitados lan saèstu dipun gesangaken ing patunggilaning brayat, pasamuwan, punapa déné lingkungan kita. Gambaran sikep ngasoraken dhiri kados punapa ingkang prayogi kabudidaya sacara mirunggan?

Ngasoraken dhiri, kawujudaken srana tuladha nyata salebeting ngluwar pangangen-angen lan pangrasa ingkang kraket ing kadonyan (*égo*). Salajengipun ing ayat 7, “*...wus nyuwungaké sarirané piyambak, lan ngagem wujud ing abdi, sarta wus dadi padha karo manungsa.*” Ing pérangan serat Filipi punika nyethakaken bilih punika patrap sadharipun Gusti Yésus minangka patuladhan ingkang pantes dipun gesangaken sesarengan. Wigatosipun wonten ing timbalan kanggé ngraos-raosaken anggènipun Gusti Yésus ngasoraken dhiri (sariranipun piyambak). Kénging punapa ngasoraken dhiri? Inkarnasi Allah dados manungsa dados gambaran punika ingkang saged kita panggihaken

ing Kitab-Kitab Prajanjian Anyar.

Rasul Paulus ngginakaken patuladhanipun Gusti Yésus punika kagem memulang lan ngemutaken pasamuwan Filipi bab ngasoraken dhiri ingkang sejatos. Dumugi ing pérangan punika, prakawis wigatos ingkang sepisan ngengingi *imitatio Christi* wonten salebeting **ngasoraken dhiri**. Gusti Yésus ingkang nilaraken kamulyanipun lan dados manungsa minangka lelawanan saking pepinginan dhirining manungsa kanggé pados kamulyan lan dados kajèn.

Prakawis wigatos kaping kalih inggih punika, Rasul Paulus ugi ngémutaken pangorbananipun Gusti Yésus ing kajeng salib minangka wujud **pambangun turut** ingkang yektos dhumateng karsanipun Allah Rama. Filipi 2:8 ngewrat, “*Apamanèh ing sajroné wujud manungsa iku Panjenengané wis ngasoraké sarirané lan sumuyud nganti séda, malah nganti séda ana ing kayu salib.*” Séda ing kajeng salib saestu ngajrihi lan mboten ing salimrahing kamulyanipun manungsa. Nanging, Rasul Paulus malah nedahaken dhumateng pasamuwan ing Filipi bilih pambangun turutipun Gusti Yésus dumugi nandhang sangsara lan séda ing kajeng salib malah damel Gusti Yésus kamulyakaken déning Allah. Asmanipun kawentar, lan dados asma ingkang nglangkungi sadaya samukawis. Kamulyan punika kaparingaken minangka péranganing geguletan lan pambangun turutipun Gusti Yésus, dados kamulyan ingkang ngewahi lan mulihaken gesang.

Patuladhanipun Gusti Yésus srana anggènipun nempuh margi kasangsaran lan nampi kamulyan saking Allah, ugi dados kori kagem saben tiyang salebeting mulyakaken Allah. Ing babagan punika, ayat 10 lan 11 nggambaraken piwulang ingkang dipun agem Rasul Paulus, bilih kamulyanipun Gusti Yésus dados kori mlebet kagem mulyakaken Allah. Sadaya titah, utawi jagad-rayu punika dados wonten ing sangandhaping asmanipun Gusti, sadaya dhengkul sami sujud. Mboten namung manungsa, nanging ugi titah-titah kasuwargan ugi sami sujud ing sangandhaping asmanipun Yésus. Kamulyan ingkang katingal ing kasangsaran, séda lan pambangun turutipun Gusti Yésus nempuh margi kasangsaran punika ingkang dados kamulyan sejati kagem para tiyang pitados.

Pramila, ing serat Filipi 2:5-11 punika, kita tinimbalan kagem nuladha Kristus srana ngasoraken dhiri supados luwar saking manéka pangangen-angen lan pangrasa ingkang kraket ing kadonyan (*égo*) ing gesang punika lan mbangun turut dhumateng Allah Rama. Kristus punika tuladha sampurna ing bab ngasoraken dhiri, mbangun turut, lan pangorbanan. Sumangga kita sami ngetut-wingking tindakipun Sang Kristus ing saben wekdal srana nyuwungaken dhiri, ngasoraken dhiri, lan gesang ing pambangun turut dhumateng Allah, malah sanadyan kita kedah ngadhepi manéka pepalang lan panandhang.

Pitakenan Pirembagan:

1. Anggènipun Kristus ngasoraken dhiri katingal srana tumindak “*nyuwungaké sarirané piyambak*”...*sarta wus dadi padha karo manungsa.*” Punika dados piweling ingkang wigatos saking Rasul Paulus dhumateng pasamuwan ing Filipi supados nuladha Kristus. Kénging Punapa?
2. Minangka tiyang pitados, kita sadaya katimbalan kanggé ngènget-ènget kasangsaran lan sédanipun Kristus supados kita sadhar dhateng pangorbananipun. Prakawis punapa ingkang saged kita sinaoni saking pambangun turut lan pangorbananipun Kristus? Punapa punika saged tinuladha ing kanyatan gesang sapunika, srana tantangan, panggodha lan kangèlan ingkang wonten?
3. Kamulyanipun Kristus kalampah karana pambangun turut lan pangurbananipun. Srana margi kasangsaran panjenenganipun kaluhuraken, temah sadaya dhengkul sami sujud. Panjenengan rembag, punapa margi kamulyanipun Kristus saged tinuladha déning tiyang pitados ing jaman sapunika? Kadospundi caranipun?

[msu/hw]



**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL 7**

Waosan:

Yohanes 20:19-29

***Tomas punika Kula
utawi
Kula punika Si Tom***
☪☪☪

Cecala:

- Bahan punika kacawisaken kanggé panyuraos Kitab Suci *Intergenerasi* (laré éngga adi yuswa), menawi wonten para laré nalika ing lelampahan *kontèmplasi* (eninging cipta) sami bosen lan “rèwèl” tiyang sepuh kaaturan mbekta putranipun medal saking papan panggénan panyuraos kanthi ening.
- Saged katindakaken srana lenggah lèsèhan ing ngandap utawi kursi.

Panuntun

Ignatius, salah satunggaling Bapa Geréja lan pangarsaning *Jésuit* ngawentaraken wujud *kontèmplasi* (eninging cipta) *unik* (nyelé) ingkang sinebat pandonga *imajinatif* (asipat lamunan/pengangen-angen). Salebeting pandonga *imajinatif*, satunggaling tiyang mbayangaken dhirinipun salebeting kawontenan tertamtu, asringipun kawontenan saking Kitab Suci. Pandonga *imajinatif* inggih punika satunggaling tetinggalan saha anggènipun menggalih ingkang mardika, kalonggaraning batos salebeting nyawisaken sadaya samukawis ingkang katuju. Mardika, ningali kanthi cetha salebeting pangraos srana batos ingkang “ngakasa” kebak kaéraman ingkang katingal lan karaos ing pangrengkuhipun Gusti. “Ngakasa” utawi nglayang inggih punika gegambaran wigatos salebeting *kontèmplasi*. Babagan punika kados satunggaling peksi ingkang mardika mabur saking satunggaling papan dhateng papan sanèsipun, nanging tansah sami mèsèm. Samidéne nggadhahi cara mirunggan ing alam, ing pundi piyambakipun punika sami mobah-mosik kanthi lancar, lan kanthi sadhar. Saking ngriku kita ngraosaken karawuhanipun Allah

ingkang mardikakaken kita.

Panyuraos Kitab Suci dinten punika badhé ngginakaken modhèl *Kontèmplasi*, inggih punika Pandonga *Imajinatif*. Kita badhé ngraos-raosaken, nyuraos lan mbudidaya kanggé “wonten ing ngrika” ing panggènan, kawontenan lan kanyatan ing seratan Kitab Suci ingkang kita suraos ing dinten punika salebeting swasana ening laminipun kirang langkung 15 menit.

Salajengipun kita badhé andum wohing pangraos kita salebeting *sharing*. Sumangga kita awiti srana mlebet ing wekdal ening. (*sadaya mlebet ing wekdal ening*).

Lelampahan Yohanes 20:19-29

Kita badhé nindakaken lelampahan sesarengan.

Sumangga kita ening, kita eneraken paningal kita tumuju ing lili ing ngajeng kita ingkang murup, sangsaya padhang lan dados padhang saèstu temah ndadosaken paningal kita sakedhik mbaka sakedhik tinutup.

Talingan tetep tinarbuka lan kita wiwit ngraosaken taksih wonten para rencang kita ing kiwa-tengen kita sesarengan.

Lan...

Kita awiti lelampahan kita sapunika ...

Samia ngetutaken kula srana pamikir lan pangangen-angen panjenengan.

... siap?

Kita awiti

Kita awiti medal saking gedhung (griya) punika, mlampah nglangkungi sabin, sabin ingkang wiyar sanget. Nglangkungi sabin-sabin, wit-witan, nglangkungi papan lan wekdal. Tumuju dhateng ing satunggaling griya ing satunggaling negari, 2000 warsa kapengker. Griya punika manggèn ing satengahing wit-witan, srana èmpèran ingkang kebak sesuketan lan taneman woh-wohan. Srana kori tinutup saking nglebet, mekaten ugi jendhélanipun.

Griya ingkang sepi nyenyet.

Kita badhé mlebet, nglangkungi kori punika tanpa mbikak.

Sapunika....kita wonten ing nglebet griya punika.

Ing panggènan kagem tamu lelenggahan. Wonten méja ageng ing tengahing panggènan punika, kinubengan 4 bangku panjang.

Sepi....

Griya punika kados tanpa wonten ingkang ngenggèni, nanging panjenengan pirsani....

Ing pojokan panggènan punika.... Satunggaling tiyang nembé lenggah... kèndel.....

Sumangga kita nyaketi...

Piyambakipun satunggaling priya, yuswanipun 40-an taun kanthi paningal ingkang acum, katingalipun bibar muwun. Kita taksih mirengaken swanten-tangisipun lirih... Paningalipun ngarah lempeng-mangajeng.... Karaos asrep lan tanpa pangajeng ajeng....

Wonten raos ajrih ing griya punika.

Kénging punapa piyambakipun kèndel kémawon? Kénging punapa piyambakipun mboten mbikak jendhéla? Supados mboten karaos sumpek salebeting griya punika?

Kénging punapa konten kakunci saking nglebet? Punapa piyambakipun ajrih déning samukawis?

Kénging punapa piyambakipun kèndel kados nglamun piyambakan. Ing pundi garwanipun, ing pundi putra-putranipun?

Piyambakipun wiwit ngencengaken sarungipun kanggé nutupi badanipun sakujur kadosipun piyambakipun sesingidan ing ngriku.

Talinganipun kabikak wiyar, nalika kapireng suwanten-suwanten ing njawi griya.

"Tom...tom...bukaken lawangé" lirih kapireng suwanten konten ingkang kathothok lan suwanten tiyang nimbali piyambakipun. Nanging tetep kèndel.

"Tom, iki aku kabèh mitramu... wengakna lawangmu. Tom...aku kabèh nggawa pawarta kang mbungahaké. Tom..."

Ahhh.... Leres priya sungkawa ingkang asmanipun Tom punika ingkang nembé dipun ucapaken wongsal-wangsul déning wanita ing sanjawining griya.

Tom mbikak konten, kanthi sasmita srana astanipun..., piyambakipun ...ngaturi tamunipun sami mlebet.

Sedasa (10) tiyang kakung lan sawetawis putri mlebet ing griyanipun Tom.

"Tom....rungokna. Aku kabèh wus ketemu Guru. Sliramu krungu Tom... Aku kabèh wus ketemu Guru. Guru nyekel pundhakku nalika aku nangis ing saréyané Guru. Lan Panjenengané ndhawuhi aku martakaké marang sliramu Tom. Pracayaa marang aku" wanita punika cariyos kanthi rowa, lan si Tom tetep kèndel.

"Iya Tom, Maria bener. Aku lan Yohanes antarané ora suwé sabubaré uga ketemu Guru. Aku kabèh ora olèh iwak sanadyan sawengi anggonku njala. Aku kabèh bingung, mangkel, nepsu lan arep bali ing dharatan nalika ana priyayi saka gegisik ngakon aku kabèh nguncalaké jala ing sisih liyané saka prau. Priyayi kang anèh nanging aku kabèh mung manut marang dhawuhé. Lan sliramu ngerti Tom. Ora tau sajegé uripku dadi juru amèh iwak, aku kabèh olèh iwak samana akèhé. Nganti mèh kèrem prauné. Terus aku kabèh bali ing gegisik. Sliramu ngerti Tom? Jebulé priyayi mau wus nyawisaké geni areng kanggo mbakar iwak. Priyayi iku Guru.... Tom. Pracayaa marang aku..." cariyosipun satunggaling tiyang ingkang jénggotipun kandel.

Satunggaling priya sanèsipun ngandika.

"Aku karo Kléopas wayah angslupé srengéngé. Aku kabèh arep menyang Émaus. Sajroné lumaku aku lan Kléopas rasanan bab Guru kang sinalib. Sliramu ngerti Tom. Aku kabèh gumun amarga priyayi iku kaya-kaya ora ngerti bab panyalibané Guru, nganti aku kabèh mikir yèn priyayi iku ora preduli babar pisan. Sabanjuré aku kabèh tekan ing omahku, ing Émaus, wayahé srengéngé angslup. Ora prayoga aku kabèh négakaké piyambaké lumaku ing wayah wengi to Tom? Mula aku kabèh ngaturi priyayi iku mampir. Lan.... Sliramu ngerti Tom. Priyayi iku ngajak aku kabèh ndedonga. Lan aku kabèh ngerti jebulé yèn Panjenengané iku Guru... aku yakin Panjenengané wus wungu Tom. Panjenengané ndedonga kanggo aku lan Kléopas. Lan dumadakan wus ora katon. Atiku lan Kléopas bungah banget. Tom...pracayaa marang pawarta iki....

"Stoooppppp... lèrèna anggomu padha nglantur. Aku ngerti yèn awaké dhéwé kabèh sedhih amarga Guru wus séda. Samana uga aku. Nanging pikiranku isih waras kanggo percaya menawa ana wong mati urip manèh. Rungokna... Maria, Pétrus, Kléopas... lan ...kabèh waé. "Sadurungé aku ndeleng tabeté paku ana ing astané lan sadurungé aku ndulek tilas paku iku nganggo drijiku tuwin lambungé daklodok nganggo tanganku, aku ora pracaya babar pisan." "Para kanca krungu?"

Sidhem, mboten wonten satunggaling tiyang nyuwanten.

Sedaya sidhem.

Temah dumadakan....

"Tentrem-rahayu anaa ing kowé!...."

"Tomas... nyedhaka mréné... iki tangan-Ku, endi drijimu kang bakal kok dèlèhaké ing tilas paku iki? Iki lambung-Ku, endi tanganmu, kang bakal kok dèlèhaké ing tilas tombak iki? Iki Aku Tomas. Pracayaa...!

Tomas kaéraman, unjuké *“Dhuh Gusti kawula, Allah kawula!”*
"Amarga kowé wus ndeleng Aku, temah kowé pracaya. Rahayu
wong kang padha ora ndeleng, nanging pracaya.
Shadhèrèk....

Sumangga kita késah nilaraken Tomas, Pétrus, Kléopas, maria, lan Gusti Yésus ingkang wungu. Sapunika kita wangsul ing mangsa sapunika...2000 taun sasampunipun lelampahan punika. Kita wangsul ing pasamuwan kita.

Sapunika kita sami wangsul malih ing ngriki, ing papan panggénan kita. Papan kita miwiti lelampahan kita. Sumangga kita mungkasi lelampahan punika. Ing étangan kaping 3 kita sesarengan sami mbikak paningal....1....2...3...

Bahan Pitakenan Pirembagan:

1. Kados pundi raos Panjenengan nalika ngraos-ngraosaken lelampahan gesang ingkang dipun alami Tomas, lan para murid sanèsipun? Kaaturan sami andum raos Panjenengan.
2. Saumpami kita nglampahi kados déné Tomas, tinilar déning tiyang kinasih, sikep Panjenengan kados pundi?
3. Sinau saking Gusti Yésus ingkang ngamping-ampingi tiyang ingkang nembé sungkawa, punapa ingkang kita tindakaken nalika wonten brayat ingkang nembé sungkawa?

Dipun pungkasi srana ngidung KPJ 74 GUSTI MUGI NUNGGILA

KPJ 74. GUSTI MUGI NUNGGILA

1. Gusti mug i nunggil mring kula.
Yèn ta kesaput peteng ing ratri,
namung Paduka kang mitulungi.
Sumangga, Gusti nunggil mring kula.
2. Éwah-gingsir sabarang nèng donya.
datan langgeng ing kaananira;
nging iman kula panggah santosa,
wit Paduka tansah nunggil kula.

3. Saèstu Gusti dados peparang,
pikekah jroning gung karibedan,
tamèng prahara anèng samodra;
wit Gusti tansah nunggil mring kula.

[sem-hw]



**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL 8**

Waosan:
Lelakoné Para Rasul 9:1-20

**Saking Sengit
dados Tresna**



Panganthi

Saulus kawitan sengit sanget dhateng Kekristenan (bab-bab ingkang gegayutan kaliyan agami Kristen) ingkang nembé ngrembaka nalika semanten. Mboten cekap namung sengit kanthi sesidheman utawi namung mboten remen kémawon, nanging kakanthènan mburu lan nganiaya tiyang-tiyang Kristen. Bab punika katindakaken kanthi sedya supados tiyang Kristen nyélaki imanipun. Sakawit semangat sengitipun dhateng tiyang-tiyang Kristen ageng sanget, nanging wonten kedadosan nalika lumampah dhateng kitha Damsyik (Damaskus, Syria), piyambakipun ngalami éwah-éwahan lan wekasanipun mratobat. Sakawit Saulus dados tiyang ingkang sengit dhateng tiyang Kristen lan nganiaya tiyang-tiyang Kristen, lajeng dados tiyang ingkang nresnani kekristenan lan dados pamulang dhateng umatipun Gusti Allah, dados Pekabar Injil dumugi ing kathah papan. Sedaya punika kedadosan awit wohing pamratobatipun. Pamraratobat punika sarana kanggé mulihaken gesang ingkang langkung saé. Punapa kita sampun gesang ing salebeting semangat pamratobat kados ingkang katuladhanaken déning Saulus (ingkang dados Paulus)?

Katrangan Waosan: Prosès Lelampahanipun Saulus Tumuju dhateng Pamratobat

Pamratobat ing Prajanjian Énggal migunakaken tembung *metanoia* ingkang tegesipun éwahing cara nggalihi, éwahing cara gesang, nyingkur dosa. Éwah ing ngriki tegesipun ngajak gesang ingkang langkung saé katimbang gesang sadèrèngipun.

Tiyang purun mratobat utawi nilar dosa awit wontenipun éwah-éwahan cara menggalihipun ingkang ngéwahi polah-tingkah gesangipun tumuju dhateng gesang ingkang langkung saé. Dados, nilar gesang ingkang sampun kapengkeraken ingkang akibatipun awon tumrap tiyang sanès lan tumrap dhiri pribadi ingkang kedah dipun kèndeli lan dipun dandosi.

Saulus secara langsung ngalami pepanggihan iman kaliyan Gusti Yésus ingkang ngéwahi gesangipun 180 derajat. Saking ingkang sakawit sengit lan nganiaya tiyang Kristen lajeng mratobat. Samboten-mbotenipun wonten tigang urutan wekdal (*kronologi*) pepanggihan ingkang ndadosaken *titik balik* utawi pancadan pamratobatipun Saulus, inggih punika; *kapisan* Saulus kepanggih kaliyan Stéfanus (PR 7:58). Ing pepanggihan punika, Saulus taksih nyengiti tiyang Kristen. *Kaping kalih* pepanggihan kaliyan Gusti Yésus ing salebeting lumampah tumuju kitha Damsyik (PR 9:3-5), lan ingkang *kaping tiga* inggih punika pepanggihanipun kaliyan Ananias ing kitha Damsyik (PR 9:17). Stéfanus lan Ananias sami-sami para pendhèrèkipun Sang Kristus ingkang mbangun turut lan kebak ing sih-rahmat.

Munculipun Saulus ing Lelakoné Para Rasul kaserat nalika Stéfanus kacepeng lan badhé dipun pejahi (PR 7:58). Ing ayat kasebut Saulus mireng pratélaning pambéla ingkang kaucapaken Stéfanus. Manahipun tumut nepsu awit pratélan kasebut. Sajatosipun ing salebeting manahipun Saulus ingkang nepsu punika, pawartos bab Gusi Yésus Sang Mésias ingkang wungu saking antawisipun tiyang pejah sampun tumanem ing pikiranipun, senadyan wekdal punika manahipun nembé kalimputan déning murubing raos sengitipun. Nanging inggih bab punika ingkang saleresipun nuntun Saulus ing pepanggihan iman, pikiran, lan tumuju dhateng pamratobating gesangipun. *Titik balik* gesangipun Saulus kedadosan nalika ing salebeting lumampah tumuju kitha Damsyik, ing ngrika Saulus dipun kupengi cahya cumlorot saking langit lan mireng swanten; “*Saulus, Saulus, yagéne sira nganiaya marang Ingsun?*” (PR 9:4). Kedadosan punika ndadosaken Saulus dhawah ing siti awit pinanggih kaliyan Gusti Yésus secara langsung. Paseksinipun Lukas minangka panyerat Lelakoné Para Rasul nerangaken bilih kedadosan ingkang dipun alami déning Saulus sanès satunggaling *halusinasi* (katon-katonen) utawi *delusi*

(pangimpèn), awit kanca tunggil lampahipun Saulus ugi mireng swanten kasebut (PR 9:7). Kedadosan kasebut mbekta Saulus ngadhepi kawontenan ingkang mbingungaken punapa sajatosipun ingkang nembé dipun alami, piyambakipun ngantos mboten saged sumerep punapa-punapa ing sauntawis wekdal. Ing kawontenan ingkang angèl sanget lan mbingungaken punika, Saulus lajeng pinanggih kaliyan Ananias ingkang kautus déning Gusti manggihi piyambahipun. Inggih pepanggihan kaliyan Ananias punika ingkang mulihaken gesangipun Saulus temah saged sumerep malih. Inggih awit momèntum pepanggihan kaliyan Ananias punika Saulus mratobat awit ngraosaken bilih dhirinipun sampun saèstu kapulihaken lan saged sumerep malih. Wohing pamratobatipun inggih punika, Saulus masrahaken dhirinipun kabaptis lan dados muridipun Sang Kristus.

Semangat Pamratobat minangka Panuntuning Gesang

Cariyos pamratobatipun Saulus mboten kelampahan mekaten kémawon kanthi dadakan. Wonten rerangkèning prosès pepanggihan ingkang kedah dipun lampahi Saulus kaliyan Stéfanus, lajeng pepanggihan kaliyan Gusti Yésus, lan pepanggihan kaliyan Ananias. Saben prosès pepanggihan kasebut nggadahi makna piyambak-piyambak, inggih punika: mireng pratélanipun Stéfanus, kepanggih Gusti Yésus, mratobat, lan kabaptis.

Saben tiyang ing gesangipun naté nindakaken bab ingkang kawawas saé lan awon, leres lan lepat, amrih saged nggayuh punapa ingkang dados impènipun. Tiyang ingkang sampun nindakaken punapa ingkang awon utawi jahat lan kepéngin wontenipun éwah-éwahan ingkang langkung saé ing gesangipun, inggih punika prosès tumuju pamratobat. Putusan kanggé mratobat kalandhesan déning kasadharan, éwahing penggalihan, pengalaman gesangipun ingkang kawawas mboten saé, raos lingsem, lan raos lepat tumrap punapa ingkang katindakaken. Pamratobat mujudaken *solusi spiritual* (cara kasukman kanggé ngrampungaken prakawis) amrih bébas saking dosa lan minangka margi kanggé nata gesangipun ing tembé wingking ingkang tentrem rahayu, tenang, cetha, lan kebak ing pangajeng-ajeng. Pamratobat punika péranganing gesang padintenan ingkang kedah tansah katindakaken kanggé mulihaken sesambetan kaliyan Gusti lan sesami. Secara moral lan spiritual,

pamratobat mujudaken *progress* (kemajenganipun) tiyang ing salebeting ndandosi gesangipun saking kalepatan, kadurakan, lan kegagalan ing gesangipun ingkang sampun dipun lampahi. Mratobat panci sanès bab ingkang gampil katindakaken awit mbetahaken kasadharan lan katemenan, nanging punika sanès pambengan amrih saged bébas saking blengguning dosa.

Punapa pentingipun gesang kalandhesan déning semangat pamratobat? Awit taksih wonten wewengan dhawah ing dosa malih, awit manungsa punika meprel. Lelampahan pamratobatipun Saulus paring tuladhaning iman tumrap tiyang Kristen bilih pamratobat sanès kanggé ngapusi utawi damel tiyang sanès mboten cetha (*mengelabui-membuat menjadi abu-abu*).

Pitakènan Panuntun *Sharing*/Dhiskusi:

1. Punapa pamratobat punika bab ingkang damel lingsem? Kados pundi pamanggih panjenengan?
2. Kados pundi cara panjenengan mulihaken martabatipun tiyang ingkang naté gagal lan dhawah ing dosa?
3. Miturut panjenengan, pundi ingkang langkung penting: nalika mratobat utawi gesang sasampunipun mratobat? Katerangna pamanggih panjenengan!
4. Punapa panjenengan kersa gesang ing salebeting semangat pamratobat?

[vts-wms]



**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL 9**

*Ngraos-raosaken Jejeripun
Pangèn lan Ménda*

**Waosan
Masmur 23 : 1-6**

**Pangèn lan Ménda
ingkang sami-déné
Nggatosaken**

☪☪☪

Panganthi

Patrap suka kawigatosan kados-kados ing wekdal sapunika dados satunggaling bab ingkang awis lan angèl dipun prangguli. Déné menawi tiyang suka kawigatosan, wonten pamrihipun. Minangka conto tiyang ingkang nembé nyelaki tiyang ingkang dipun tersnani. Limrahipun ingkang ketingal ing kapribadènipun ingkang nembè nyelaki inggih punika suka kawigatosan sakathah-kathahipun. Upaminipun saben wekdal takèn kabariipun, takèn sampun nedha punapa dèrèng, tansah ngèngetaken supados tetep njagi keséhatan, ngèngetaken supados ngaso, malah lila ngurbanaken punapa kémawon kanggé tiyang ingkang dipun tresnani. Ananging sasampunipun prosès (reruntutaning tumindak) anggènipun nyelaki rampung lan sampun kasil nggadhahi tiyang ingkang dipun tresnani, limrahipun kawigatosan ingkang dipun tindakaken nalika nyelaki éwah dados raos mangsa bodho. Temah lajeng tuwuh pamanggih “kok saiki kowé malih. Biyèn mènèhi kawigatèn banget takon bab kabar, tansah ngélingaké supaya njaga keséhatan, nanging saiki malih dadi mangsa bodho”. Bab punika kadhasaran awit anggènipun suka kawigatosan namung supados saged nggadhahi tiyang ingkang dipun trsnani utawi ugi saged kawastanan kawigatosan ingkang wonten pamrihipun.

Ing wawasan psikologi miturut téori (pamanggihipun) Clark Leonard Hull kasebutaken “Menawi kabetahan (*Need*) saged kagayuh, usada (*Effort*) kendho/mlorod”. Punika ateges kabetahan tresna badhé mbereg tiyang ngudi nindakaken punapa ingkang

paling saé, ananging nalika piyambakipun sampun nggadhahi raos tresnanipun, otomatis usadanipun badhé kendho/mlorod.

Conto sanès saged kita tingali ing salebeting brayat. Limrahipun nalika brayat nggadhahi laré ingkang taksih alit, minangka tiyang-sepuh kawigatosan dhateng anakipun ageng sanget. Minangka conto nalika anakipun nembé sinau mlampah lajeng dhawah, limrahipun minangka tiyang-sepuh tansah nggadhahi landheping pangraos (*peka*) lan tanggap tumuli mitulungi anakipun. Malah tiyang-sepuh lajeng takèn “sing lara sing endi, adhik kurang ati-ati”. Utawi menawi anakipun sakit, minangka tiyang-sepuh tumuli mbekta anakipun dhateng griya sakit saprelu mertamba. Ananging sesarengan kaliyan mekaripun laré, kawigatosanipun tiyang-sepuh dhateng anak ugi ngalami kamrosotan. Wonten kalih pawadan ingkang ndadosaken kiranging kawigatosanipun tiyang-sepuh dhateng anak. *Kapisan* tiyang-sepuh gadhah pamanggih supados anak saged mandhiri. *Kaping kalih*, pamanggihipun tiyang-sepuh ing bab anak ingkang sampun ageng, kedahipun saged gadhah wawasan piyambak kanggé ngrampungaken masalahipun.

Senadyan mrosoting kawigatosanipun tiyang-sepuh dhateng anak kanthi sedyana ingkang saé (positif), nanging kadhangkala menawi mboten ngatos-atos anak badhé pados kawigatosan ing sajawining brayat. Punapa-malih nalikanipun anak ngancik mangsa remaja, ing salebeting prosès pados idhèntitas dhiri (tetenger dhiri) kadhangkala brayat mboten saged dados kanca kanggé anakipun, temah ndadosaken anak langkung nyaman nampi ketenangan ing sajawining griya, malah ingkang langkung ironis kedadosan wonten padudon ing antawisipun tiyang-sepuh lan anak awit bédaning pamanggih.

Kedadosan ingkang kados mekaten ugi asring kita prangguli ing gesanging pasamuwan. Ing antawisipun pelados lan warganing pasamuwan mboten sami-déné suka panyengkuyung, malah pados wewengan kanggé sami-déné njégal. Bab punika dangu-dangu badhé mangaribawani ing salebeting nindakaken peladosanipun kanthi wetah. Malah minangka peladosing pasamuwan asring ngucap “kesel-kesel dadi peladèn malah *dipaido* (dipun undamana utawi dipun cacat)”. Kawontenan mekaten punika saged kedadosan awit mboten wontenipun raos sami-déné nggatosaken lan

anggènipun sami-dènè nyengkuyung. Pramila wekdal punika kita badhé sinau sesarengan saking Masmur 23 bab jejeripun pangèn lan ménda ingkang sami-déné anggènipun suka kawigatosan.

Pangertosan ringkes Masmur 23

Pangakenipun Dawud bilih Gusti Allah punika pangèn, lair saking satunggaling panandhang ingkang nembé dipun alami. Nalika semanten Dawud nembé wonten ing kawontenan keplajeng awit dipun oyak déning sang prabu Saul. Ing kawontenan ingkang mboten saé, Dawud damel reflèksi (gegambaran) menggah ing Gusti Allah minangka pangèn ingkang utami tumrap dhirinipun. Ing reflèksipun Dawud nyariyosaken bab konsèp (pamanggih) pangèn ingkang idhéal (dados idham-idhaman). Pangèn ingkang mboten naté négakaken méndanipun kakirangan, dipun plégungaken ing pangènan ingkang kathah suketipun, nyegeraken nyawanipun, katuntun ing margining kaleresan, mboten ajrih dhateng bilai awit pangèn tansah nyarengi ménda-méndanipun. Dados sumbering panglipur, nyawisaken pasegahan, njejadi sirahipun srana lisah. Bab punika saged kedadosan nalika wonten *spiritual connection* utawi sesambetan ingkang caket sanget ing antawisipun pangèn lan ménda. Saged kagambaraken srana pitembungan pangèn wanuh dhateng méndanipun lan méndanipun mirengaken swantening pangènipun.

Piweling ingkang kaandharaken ing Masmur 23 cetha sanget, menawi kita tansah ndadosaken Gusti minangka pangèn lan menawi kita tansah purun dados ménda ingkang saé, punapa ingkang dados kabetahan kita badhé kacawisaken. Kados-déné pangèn nangel kabetahaning ménda-méndanipun. Kabetahan ingkang kacawisaken déning pangèn ugi saged dipun maknani minangka jinising kawigatosan. Wiwit saking migatosaken kabetahaning raga, migatosaken kabetahaning psikologi (kajiwan), lan migatosaken kabetahaning spiritual (karohanèn). Bab punika ugi kanggé ménda ingkang mirengaken swantaning pangènipun lan mbangun-miturut dhateng pangèn mujudaken satunggaling kawigatosan ingkang kaaturaken ménda dhateng pangènipun.

Saking waosan wekdal punika kita saged sinau bab pangèn lan ménda ingkang sami-déné anggènipun nggatosaken. Bab ingkang prelu kagatosaken inggih punika ***Kapisan suka***

kawigatosan ingkang asipat ragawi. Kabetahan ragawi mujudaken kabetahan dhasar tumrap manungsa, pramila prelu kawigatosan ingkang mligi. Gegambaran punika ketingal ing salebeting andharan bilih mboten négakaken méndanipun kakirangan, mlégungaken ing pangènan ingkang kathah suketipun, lan nyawisaken segahan. Kita saged ningali kados pundi kabetahan dhasar ing bab ragawi kathah sanget kita prangguli ing gesang padintenan. Pramila nalika kita sumedya andum berkah dhateng tiyang sanès, badhé mbiyantu sanget ngènthèngaken momotan ingkang dipun raosaken déning tiyang sanès.

Kaping kalih suka kawigatosan ingkang asipat psikologis (kajiwan). Psikologi ngrembag bab katentremaning jiwa. Tembung ingkang kaginakaken déning juru-masmur bab suka kawigatosan psikologi ketingal ing ukara “nyawaku diayemaké, sarta dituntun ing dalaning kabenaran, ora wedi marang bilai, dados sumbering panglipur”. Suka kawigatosan psikologi kadhasaran wonteng kathahipun masalah ingkang dipun adhepi déning manungsa, temah ndadosaken tiyang mboten ngraosaken saged tentrem ing gesangipun. Pramila prelu wontenipun kawigatosan psikologis supados tiyang saged dados tentrem lan satimbang ing salebeting nglampahi gesangipun. Suka kawigatosan psikologis saged katindakaken kanthi cara dados pamireng ingkang saé tumrap tiyang-tiyang ingkang nembè nandhang sisah, awit namung srana nyariyosaken, tiyang badhé ngalami kalegan secara psikis.

Kaping tiga suka kawigatosan ingkang asipat spiritualitas utawi rohani. Kados pundia menawi kabetahan ragawi lan kabetahan psikis mboten kapenuhan badhé mangribawani kabetahan spiritual. Kabetahan ragawi lan psikologi ingkang mboten kapenuhan nuwuhaken woh kalih werni: kapisan sangsaya tebih saking Gusti lan kaping kalih sangsaya celak kaliyan Gusti. Menawi wohipun sangsaya celak kaliyan Gusti, mboten badhé dados masalah. Ananging yén wohipun sangsaya tebih saking Gusti, prelu wonten kawigatosan mirunggan. Ciri-ciripun tiyang ingkang tebih saking Gusti inggih punika awis-awis utawi mboten naté ndhèrèk kempalan, dadosa ing pakempalan Panyuraos Kitab Suci (PA), pangibadah

Minggu, punapa-déné pakempalan-pakempalan sanèsipun, awis-awis ndedonga lan mboten naté tumut kegiatan gerejawi sanèsipun. Déné pambiyantu kita ingkang saged kita tindakaken ing bab spiritualitas inggih punika tetuwi (ngaruhké) lan ndongakaken.

Saking tigang jinis kawigatosan punika kuncinipun inggih punika landheping pangraos (*kepekaan*) lan sumadya purun suka kawigatosan. Nalika kita gadhah pangraos ingkang landhep (*peka*) tumrap punapa ingkang wonten ing sakiwa tengen kita lan sumadya suka kawigatosan, kita badhé saged ngraos-raosaken jejerling pangèn punika piyambak. Kejawi punika, minangka ménda ugi kedah saged nampi lan ngraos-raosaken wujuding kawigatosan ingkang kaparingaken, temah ngalami éwah-éwahan dados ménda ingkang saé.

Pitakènan kagem rerembagan:

1. Kersaa nyariyosaken pengalaman panjenengan gegayutan kaliyan suka kawigatosan utawi nampi kawigatosan!
2. Punapa ingkang panjenengan raosaken nalika suka kawigatosan utawi nampi kawigatosan?
3. Punapa nalika panjenengan suka kawigatosan lan nampi kawigatosan, ndadosaken iman panjenengan langkung kiyat?
4. Punapa ingkang badhé panjenengan tindakaken supados dados pribadi, brayat, patunggilan ingkang suka kawigatosan dhateng sesami?

[hk-wms]



**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
Intergenerasional 10**

**Waosaan:
Lelakoné Para Rasul 11:1-18**

**mBoten Sarujuk
Dhiskriminasi
(Pilih Kasih)**

☪☪☪

Panganthi

Dhiskriminasi (pilih kasih) ing jagad modhèren nélakaken tumindak mboten adil tumrap pribadi utawi kelompok adhedhasar wontenipun bédaning ras (golonganing manungsa), jènder (jinising jaler utawi èstri), agami, orièntasi sèksual (derenging brahi adhedhasar jinisipun jaler utawi èstri), dhisabilitas (kawontenaning gesang ingkang winates), utawi status sosial (kalenggahan ing satengahing masarakat). Senadyan sampun wonten kemajengan ing bab wontenipun hak ingkang imbang (*kesetaraan hak*) lan kawicaksanan anti-dhiskriminasi, praktik dhiskriminasi taksih kelampahan ing sawernining sèktor, kadosta ing papan panyambut damel, pendhidhikan, utawi peladosan publik. Dhiskriminasi saged awujud èksplisit/cetha, kadosta dipun singkiraken utawi nampi tumindak kekerasan, punapa-déné secara sesidheman, kadosta stéréotip/cap/stèmpel utawi wewengan ingkang mboten imbang. Punika kawusananipun awon tumrap karaharjan pribadi, ngrerendhet kamajengan sosial, lan wontenipun kawontenan ingkang mboten timbang ing masarakat sangsaya awon.

Dhiskriminasi prayata ugi saged kita prangguli ing sujarah Kekristenan (bab-bab ingkang gegayutan kaliyan agami Kristen). Dhiskriminasi déning tiyang-tiyang Kristen nedahaken ing tumindak utawi patrap mboten adil ingkang katindakaken déning pribadi utawi kelompok ingkang ngaken minangka pendhèrèkipun Sang Kristus tumrap tiyang sanès, dadosa adhedhasar ras, jinis kelamin, status sosial, agami, punapa-déné bab sanèsipun. Ing sujarah, senadyan ajaran inti Kekristenan nandhesaken katresnan, pasèdhèrèkan, lan sejajar ing ngarsanipun Gusti, wonten conto

kathah bilih piwulang punika mboten dipun trapaken kanthi konsisten (kanthi leres lan saé) déning sapérangan tiyang Kristen.

Conto, ing mangsa kolonialisme, kathah misionaris Kristen ingkang nyengkuyung utawi tumut wonten ing *sistem perbudakan*, tumindak ingkang mboten trep dhateng ras utawi ètnis ingkang kawawas langkung asor. Tiyang-tiyang punika sami migunakaken piwulang Kristen kanggé ngleresaken panindhes dhateng pendhudhuk asli lan *kelompok minoritas* (golongan ingkang gunggungipun langkung sekedhik) ing sawenèhing wilayah. Kejawi punika, dhiskriminasi tumrap pawèstri ugi kedadosan ing sujarah gréja, ing pundi pawèstri asring dipun watesi kagiyatanipun lan mboten dipun sukani wewengan kanggé mimpin utawi tumut kagiyatan sacara penuh ing gesanging pasamuwan.

Tiyang-tiyang Kristen kedahipun nggadhahi patrap ingkang kados pundi tumrap dhiskriminasi? Lelakoné Para Rasul 11:1-18 punika *titik balik* utawi pancadan wangsul ingkang penting ing sujarah gréja wiwitan. Tumindakipun Pétrus ingkang martosaken Injil dhateng tiyang sanès Yahudi lan anggènipun nampi Roh Suci mbikak margi tumrap gréja kanggé ngrembaka sacara global (saindenging jagat). Punika muwuhaken bukti nyata bilih kawilujengan wonten ing Gusti Yésus Kristus punika kanggé sedaya tiyang. Lantaran panyuraos Kitab Suci intergenerasional punika, minangka tiyang Kristen wekdal samangké kita kaajak ndhèrèk patuladhanipun Pétrus ing bab mbuka manah lan tangan kita kanggé sedaya tiyang, tanpa ningali latar belakangipun.

Pamahaman Ringkes Lelakoné Para Rasul 11:1-18

Lelakoné Para Rasul 11:1-18 nyathet bab ingkang penting gegayutan kaliyan lampahing gréja wiwitan, inggih punika kedadosan ingkang nandhani panampining tiyang sanès Yahudi (*gentiles*) mlebet dhateng komunitas Kristen. Ing pasal punika, kita ningali kados-pundi Pétrus mbélani putusan kanggé martosaken Injil dhateng tiyang-tiyang sanès Yahudi lan bab punika mujudaken tumindak ingkang sah miturut kersanipun Gusti Allah.

Ayat 1-3 kasebut nerangaken bilih sasampunipun Pétrus wangsul dhateng Yérusalem, sawetawis rasul lan para sedhèrèk ing ngriku nyaruwé tumindakipun Pétrus ingkang nedha sesarengan kaliyan tiyang-tiyang sanès Yahudi (Lelakoné Para Rasul 10).

Tiyang-tiyang punika sami miterang kénging punapa Pétrus nerak tradhisi Yahudi srana sawung lan nedha sesarengan kaliyan tiyang ingkang kaanggep najis miturut angger-anggering Torèt. Panyaruwé punika nggambaraken wontenipun kawontenan ingkang mantheng (*ketegangan*) ingkang kedadosan ing kalangan umat Kristen ingkang taksih nggadhahi pamahaman tradhisional ing bab punapa ingkang kaanggep resik lan mboten resik miturut pranatan Yahudi.

Pétrus salajengipun nerangaken dhateng tyang-tiyang wau punapa ingkang sampun kedadosan ing Kaisaréa. Pétrus nyariyosaken tetinggalanipun nalika piyambakipun sumerep mori wiyar ingkang mandhap saking langit isi manéka-warni kéwan ingkang kaanggap najis miturut angger-anggering Torèt. Ing tetinggalan punika, wonten swanten saking swarga, "Sembelèhen lan panganen." Pétrus nanggapi swanten punika srana ngucap bilih piyambakipun mboten naté nedha punapa ingkang kaanggep najis. Nanging, swanten punika mangsuli bilih punapa ingkang sampun kasucèkaken déning Gusti Allah, mboten kénging kaanggep karam.

Sasampunipun tetinggalan punika, wonten tiyang ingkang dhateng saking griyanipun Kornélius, prawira Romawi ingkang mursid utawi salèh. Pétrus kadhawuhan késah dhateng griyanipun Kornélius lan martosaken Injil dhateng piyambakipun. Nalika Pétrus wicantenan ing bab Gusti Yésus dhateng Kornélius lan brayatipun, Roh Suci tumedhak ing sanginggiling tiyang-tiyang punika, saèmper kaliyan ingkang kedadosan ing dinten Pentékosta. Kedadosan punika nélakaken bilih Gusti Allah mboten mbédakaken ing antawisipun tiyang Yahudi lan non-Yahudi ing bab nampèni Roh Suci, ingkang mratandani bilih tiyang-tiyang punika ugi pantes kabaptis.

Pepuntoning pamanggihipun Pétrus inggih punika bilih menawi Gusti Allah sampun maringaken Roh Suci dhateng tiyang-tiyang sanès Yahudi ingkang pitados dhumateng Gusti Yésus, mila mboten wonten alesan kanggé ngalang-alangi tiyang-tiyang punika kabaptis. Pétrus mbélani tumindakipun kanthi alesan bilih piyambakipun mboten saged nglawan punapa ingkang sampun katetepaken déning Gusti Allah.

Sasampunipun mirengaken katranganipun Pétrus, tiyang-tiyang ingkang sadèrèngipun nyaruwé wusananipun mènèl lan

nampi katrangan punika. Tiyang-tiyang punika sami ngluhuraken Gusti Allah, ngucap, "Dadiné Gusti Allah uga paring patobat marang bangsa-bangsa liya, kang dadi marganing urip." *Réaksi* utawi tanggapan punika nélakaken wontenipun éwah-éwahan pamanggih ing bab kados pundi Injil kedahipun katampi lan kapraktèkaken, bilih kawilujengan lantaran Gusti Yésus mboten namung kanggé tiyang Yahudi, nanging ugi kanggé bangsa-bangsa sanès.

Saking Lelakoné Para Rasul 11:1-18 samboten-mbotenipun kita sinau sekawan bab penting.

Kapisan, bilih ing ngarsanipun Gusti Allah sedaya sami, mboten béda. Cariyos punika nandhesaken bilih kawilujengan ingkang katawèkaken déning Gusti Allah lantaran Gusti Yésus Kristus binuka kanggé sedaya tiyang, dadosa Yahudi punapa-déné sanès Yahudi. Mboten kawatesan adhedasar latar belakang ètnis utawi kabudayan. Gusti Allah mboten mawang tiyang lan nampi sedaya tiyang ingkang sowan ing ngarsanipun kanthi iman.

Kaping kalih, pakaryaning Roh Suci ingkang mboten winates. Kedadosan ing griyanipun Kornélius nélakaken bilih Roh Suci mboten winates mligi ing setunggal kelompok kémawon. Roh Suci makarya tanpa mawang latar belakang ras utawi status sosial, ingkang nandhesaken bilih kekristenan punika agami ingkang universal, kanggé sedaya bangsa.

Kaping tiga, pentingipun mbangun-miturut dhumateng wahyunipun Gusti Allah. Pétrus maringi conto ing bab mbangun-miturut dhumateng wahyunipun Gusti Allah, senadyan béda-béda kanthi pemahaman tradhisionalipun. Pétrus mboten ngalang-alangi tiyang-tiyang sanès Yahudi nampi Injil, awit piyambakipun mangertos bilih Gusti Allah sampun mbikak margi kanggé tiyang-tiyang punika.

Kaping sekawan, pamratobat lan gesang énggal. Gusti Allah maringi kalodhangan dhateng bangsa-bangsa sanès kanggé mratobat lan nampi gesang énggal wonten ing Gusti Yésus Kristus. Punika ngènetaken kita bilih pamratobat mboten namung ing bab panalangsaning dosa, nanging ugi satunggaling margi kanggé nampi gesang énggal ingkang kaparingaken déning Gusti Allah.

Mangertosi matéri langkung lebet:

1. Sadhar wontenipun dhiskriminasi. Para rawuh kaajak mangertosi punapa punika dhiskriminasi, temah nggadhahi pasarujukan pangertosan bab dhiskriminasi. Para rawuh ingkang dumados saking *kategorial* utawi golongan umur ingkang warni-warni kaajak rembagan ing bab dhiskriminasi.
2. Gesang padintenan kawarna déning dhiskriminasi dadosa ing jagading para laré, remaja-pemuda, diwasa, lan adiyuswa. Para rawuh kaajaka ngèngeti bab punika srana nyebutaken *faktor-faktor* utawi bab-bab ingkang nuwuhaken dhiskriminasi.
3. Tiyang-tiyang Kristen dados tiyang ingkang nindakaken (*pelaku*) lan korban dhiskriminasi. Para rawuh kasuwun nyariyosaken pengalaman dados tiyang ingkang nindakaken (*pelaku*) lan korban dhiskriminasi (menawi wonten).
4. Kados pundi patrap ingkang leres tumrap dhiskriminasi? Para rawuh kaajak mirsani pengalamanipun Pétrus minangka tiyang ingkang nindakaken (*pelaku*) dhiskriminasi ingkang mratobat dados mboten sarujuk dhiskriminasi.

[ap-wms]



“BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahanipun gréja utawi
pasamuwan ing ngriki.**

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA – 1
Pitobat

Waosan:
Lukas 4:1-13

**Panggiri-
godhaning
Mawerni-werni
pilihan**
☸☸☸

1. Wekdal Ening Sesarengan

2. Kidung Pambuka

“Sowan Marek Paduka”

**Cakepan Agung Jatmiko miturut
PKJ 141 “Kudatang Kepadamu”*

6 . 1 2 . 3 2 . 1 6 . 6 6 . 1 1 . 6 6 .
1) So – wan ma-rek Pa - du – ka nggih cem – pe – ning Al - lah
2) So – wan ma-rek Pa - du – ka nggih cem – pe – ning Al - lah
3) Su – jud ngar-sèng Pa - du – ka nggih cem – pe – ning Al - lah

6 . 1 2 . 3 5 . 2 3 . 2 2 . 3 2 . 1 2 .
1) nya-dhong Sih pi – w’las-I- pun nggih cem-pe-ning Al-lah
2) nya-dhong Sih pi – w’las-I- pun nggih cem-pe-ning Al-lah
3) pa-srah ing sa – we – tah -nya nggih cem-pe-ning Al-lah

3 . 5 6 . 3 5 . 6 6 . 3 . 5 6 . 3 2 3 .
1) wit sa - ka - thah - ing do – sa lan pa – ne – rak ku - la
2) ne – dah - na mring ka - wu – la mar - gi – ning ka - yek - tèn
3) mung Pa - du – ka ke - wa – la tuk - ing pa – nglu - war - an

6 . 1 2 . 3 2 . 1 6 . 6 6 . 1 1 . 6 6 .
1) nu - cèk - na ge – sang am - ba nggih cem - pé – ning Al - lah
2) mung sih rah - mat Pa - du – ka nggih cem - pé – ning Al - lah
3) mra – na – ta ge - sang ku – la nggih cem - pé – ning Al - lah

3. **Pratélaning Pangandika** (Yeremia 17:7, 8)

⁷Binerkahan wong kang kumandel marang Sang Yéhuwah, lan pangarep-arepé marang Sang Yéhuwah!⁸ Dheweké bakal kaya wit kang tinandur ana ing pinggiring banyu, kang oyod-oyodé mrambat ing pinggiring kali, lan kang ora ngalami tekané panas sumelèt, godhongé ajeg ijo, ora samar ing mangsa ngerak lan tanpa kendhat metokaké woh.

4. **Kidung Pamuji**

“Rungokna Timbalané Allah”

**Cakupan Agung Jatmiko miturut
PKJ 192 “Dengar Panggilan Tuhan”*

- 3 4 | 6 . 6 7 1 6 4 | 3.. 3 4 | 6 . 6 7 1 6 1 | 7 . .
(1) ru-ngokna tim-ba-lan-é Al - lah 'ywa gu -mun lan aywa se-ma-ya
(2) Gusti nres- na-ni si - ra tan-sah mbirat gung do-sa lan pa - ne - rak
(3) Pu-ji so - kur konjuk Pa-du-ka wit sih pa - li -mir-ma nu-grah-a

- 7 1 | 3 . 4 3 6 7 | 1 . 2 1 1 7 | 6 . 7 6 3 4 6 | 6 . . ||
(1) Ma-rak-a si-gra sé-ba ngar-sa-Nya pi-w'las-Nya om-bèr dhatan kendat
(2) e-ner la - ku-mu ri-nek- sa tan-sah ing sa - kèh - ing bungah lan su-sah
(3) ngesok-i si-ra nglu-bèr-i si - ra ru-ngok- na tim-bal-an-É tan-sah

5. **Pandongga**

6. **Pamaosing Kitab Suci** (Lukas 4:1-13)

7. **Andharaning Pangandika**

Panggiri-godhaning Mawerni-werni Pilihan (*Multiple Choice*)

Kemajenganing jaman lumebet révolusi industri 4.0³ ambekta mawerni-werni péranganing gesang ingkang anyar lan sangsaya nggampilaken saha ngènthèng-ngènthèngaken manungsa nglampahi pagesanganipun. Ngupadi kabetahaning gesang sangsaya gampil lan ringkes. Saèstu bènten katimbang mangsa kapengker, rikala rumiyin. Contonipun bab tedha. Rumiyin pilihanipun namung saged nedha utawi boten. Awit pancèn saèstu awis tedha. Wondéné samangké, bab tedha punika nggadha mawerni-werni pilihan. Kadosta milih sekul, sekul jagung, thiwul punapadéné roti. Milih roti kémawon ugi mawerni-werni pilihan. Saged roti pisang, roti semir, roti sobèk lan roti tawar. Punika ugi taksih wonten pilihan magepokan kaliyan raos, bebakal, lan patrap anggènipun mangsak punapa déné ngladosaken. Inggih punika ingkang dipunwastani “*multiple choice*” utawi mawerni-wernining pilihan ingkang pèni lan merak ati.

Pramila makaten, nalika Gusti Yésus dipun aturi déning iblis saperlu ngéwahi séla dados roti (ay. 4). Gusti Yésus boten kersa nindakaken panyuwunan punika. Awit mbok menawi kelampahan, temtu panyuwunaning iblis sangsaya ndadra lan mawerni-werni. Boten mligi roti nanging saged ugi roti semir, roti pisang, roti sobèk punapa déné roti tawar lan sapiturutipun. Srana makaten Gusti Yésus mratélakaken jejeriing roti/tetedhan punika piranti anggènipun gesang. Langkung saking punika Gusti Yésus nedahaken bilih sarana gesanging manungsa punika boten ngemungaken tedha kémawon ananging pangandikanipun Gusti Allah. Kados ingkang sinerat “*Ana tulisan mangkéné: Uripé manungsa iku ora mung saka roti*

³ Revolusi Industri 4.0 inggih punika pérangan ingkang mratandhani wontenipun éwah-éwahan ing babagan indhustri lan pagesanganing manungsa ingkang ngginakaken kemajenganing teknologi digital, rerékaning kapinteran, ingkang samidéne gepok sénggol satunggal lan sanèsipun dados satunggal pérangan.

⁴ Multiple Coice atau sering dikenal dengan istilah pilihan ganda, biasanya digunakan dalam menjawab soal yang diberikan dengan berbagai pilihan sehingga peserta diminta untuk menentukan manakah yang tepat

baé.” (Mat. 4:4)

Wosipun, srana pangandikanipun Gusti, manungsa kabereg anggènipun ngaturaken panuwun awit berkah ingkang sampun tinampi, kalebet tedha. Dadosa punapa kémawon wujudipun, sedaya dados sarananing gesang. Nedha kanggé gesang sanès gesang kanggé nedha. Inggang saged kémawon nebihaken manungsa saking sih rahmatipun Gusti awit kawengku ing mawerni-werni kanikmataning lidhah.

Kawontenanipun jaman ingkang kebak pilihan punika ugi ngatingalaken abyoring jagad lan sedaya kamulyanipun. Prasasat mèh saben taun wonten kémawon prodhuk anyar utawi asiling barang anyar ingkang dipun tawèkaken. Kadosta Hp mawi seri paling anyar lan *fitur* (kasagedaning wewangunan) ingkang *canggih* (mboten sabaènipun). Tundhanipun milut saben tiyang anggènipun saged darbèni. Njalari sangsaya tuwuhing pangujaning pepinginan (*hedonis*) lan wewatekan FOMO⁵. Makaten ugi wontenipun AI⁶ saged dados margi sanès anggènipun ngrampungaken pedamelan. Sinaosa migunani, punika ugi dadosaken manungsa aji mumpung; gumantung lan wegah-wegahan. Inggang saged njalari manungsa anggènipun nyingkur Gusti Allah lan sih rahmatipun. Matemah boten saged uwal saking sawabing teknologi.

Gusti Yésus nalika ngadhepi mawerni-werni pilihan magepokan kaliyan kamulyan lan abyoring jagad, klawan cetha lan trawaca memulang supados manungsa namunga

⁵ FOMO (fear of missing out) inggih punika tuwuhing raos ajrih lan sumelang awit boten mangertosi punapa ingkang sampun kelampahan. Badhéa kedadosan, pawartos punapa déné pengalaman ingkang kepareng dipun alami déning sedaya tiyang. *Doi:10.1109/SMC.2019.8914672*

⁶ Artificial Intelligence (AI) inggih punika pirantining gesang ingkang ngetrapaken panironing patrap lan kawruhing manungsa dhateng komputer lan nyawabi anggènipun mbiyantoni punapa déné nyarirani pakaryanipun manungsa **Kaunggulanipun:** (1) Nggadhahi panitipriksa lan pangèntho-èntho, (2) Ringkes lan boten waragad (3) Sinau piyambak (4) Pamijinipun obyektif. **kirangipun:** (1) Gumantung kaliyan *data* (tembung/angka) (2) Kadangkala boten trep lan pener, (3) Kaweruhan ing sagung tiyang. <https://www.dicoding.com/blog/ai-adalah-teknologi-yang-dapat-mempermudah-kehidupan-manusia/>

manembah ing Pangéran Yéhuwah kémawon, datan sanès. Makaten pangandikanipun: “*Ana tulisan mangkéné: Pangéran Allahira, iku kang kudu sira sembah, sarta iya mung Panjenengané iku kang kudu sira abektèni!*” (ay.8). Punapa inggih saèstu péranganing pilihan magepokan kaliyan kamulyan lan abyoring jagad, nyawabi berkah dhateng manungsa? Punapa kosok wangsulipun, sangsaya nebihaken manungsa saking panembahipun dhumateng Gusti Allah? Saged kémawon kekalihipun kayektosan. Contonipun damel kotbah. Kapengker, anggènipun damel khotbah, kita kedah ndedonga, sinau lajeng nyerat kotbah. Maos andharaning para winasis, maos buku tafsir punapa déné buku kotbah jangkep. Salajengipun, ngawontenaken *refleksi* lan *kotemplasi*, supadosa mangertosi punapa ingkang dados dhawuh lan kersanipun Gusti. Salajengipun dipun rakit lan dipun rumpaka dados kotbah ingkang jangkep. Klawan AI, samangké namung ngetik sapérangan tembung kunci, kotbahipun langsung dados.

Murih saénipun, boten saged kita miji satunggal lan nilar sanèsipun. Kekalihipun kedah wonten. Kawruh saking AI wondéné refleksi lan kotemplasi saking manahipun manungsa. Satemah kotbahipun saged karaosaken minangka saèstu pangandikanipun Gusti.

Awit saèstunipun kemajenganing kawruh lan pirantining teknologi punika ugi sih rahmatipun Gusti kanggé manungsa. Saged dipun ginakaken, sanajan sampun ngantos gumantung lajeng nyingkur punapa déné nyobi Gusti Allah (ay. 12). Contonipun *Nomophobia*⁷ inggih punika boten saged uwalipun manungsa kaliyan Hp. Dhateng pundi kémawon kedah nyandhing Hp. Badhéa nalika dhahar, nyambut damel, sinau, lan badhé mapan tilem. Malah-malah badhé bebucal kémawon kedah nggémol Hp. Paribasan boten wonten wekdal tanpa Hp.

Hp sampun nyingkiraken kawontenanipun Gusti Allah. Satemah dipun lirwakaken lan dipun supèkaken. Mangka

⁷**No mobile phone phobia (Nomophobia)** Tuwuhipun raos ajrih lan sumelang sarta semplah nalikanipun tebih saking Hp. *Journal of Family Medicine and Primary Care*. 2019

saèstunipun kemajenganing kawruh lan pirantining teknologi boten saged babar pisan kabandhingaken kaliyan kawasèsanipun Gusti Allah ingkang Maha sedayanipun. Pramila sumangga kaliyan wicaksana, kita saged mawang lan nimbang mawerni-wernining pilihan ing gesang, lan kanthi waskito miji ingkang saèstu dhatengaken kabecikan dhateng manungsa murih kaluharaning asmanipun Gusti Allah. Gusti Yésus Mberkahi! Amin.

8. Panitipriksa/Refleksi

- Kemajenganing kawruh lan piranti ndadosaken piguna punapa njalari kema lan wegah-wegahan?
- Sedaya pamijining gesang punapa sampun laras kaliyan kersanipun Gusti?
- Punapa pamiji/pilihan punika sangsaya ngraketaken kawula kaliyan Gusti Allah?

9. Pandonga Syafaat

- Ndedonga murih sangsaya ngendelaken Gusti Allah.
- Ndedonga murih kaparingan kawicaksanan anggènipun ngginakaken kemajenganing kawruh lan piranti.
- Ndedonga murih datan gampil dhumawah ing panggiri-godhaning jagad.

10. Kidung Panutup

“Uyahing Bumi lan Pepadhanging Jagad”

Cakepan Agung Jatmiko miturut PKJ 272 “Kamu adalah Garam Dunia”

- $\dot{1}$ $\dot{1}$ $\dot{1}$ 7 6 | $\dot{1}$ $\dot{1}$. $\dot{1}$ 7 6 | 6 3 4 6 | $\dot{1}$ 7 6 4 3 |
 (1) K'wé pa-dha da-di u-yah-ing bu-mi yè-ku pa-ngan-di-ka-né Gus-ti
 (2) K'wé pa-dha da-di pa-dhanging ja-gad yè-ku pa-ngan-di-ka-né Gus-ti
 (3) A - ku i - ki pe-pa-dhanging ja - gad yè-ku pa-ngan-di-ka-né Gus-ti

- $\dot{3}$ $\dot{1}$ $\dot{3}$ 4 $\dot{3}$ 6 | 7 $\dot{1}$ 7 6 4 | $\dot{3}$ $\dot{1}$. 6 7 3 |
 (1) Lah yèn u-yah i - ku i - lang a-sin - é 'ra ana gu - na - né
 (2) gya pe-pa-dhang-mutan-sah su-mu-nar lir d'yan ka - su - med
 (3) sing sa-pa tan-sah nge-tut mbu-ri A-ku ra - ba - kal m'la - ku

- $\dot{6}$ $\dot{1}$. 6 7 3 | $\dot{3}$ $\dot{1}$. 6 7 3 | 4 6 $\dot{1}$ 7 6 . ||
 (1) a - mung di bu - wang 'ra ana gu - na - né mung di - 'dak - i - dak
 (2) tumumpang tom-po bi - sa ma - dha - ngi wong sa - o - mah
 (3) anèng pe - pe - teng ba - kal ndu-wè - ni pa - dhanging u - rip

[sw-aj]

Materi Pakempalan Pandonga karancang nyrambahi sadaya *generasi* (turunan), saking laré, kanéman, diwasa, ngantos kasepuhan. Awit saking punika, prayogi menawi saged sadaya *generasi* pikantuk jejibahan dhèrèk lelados ing pakempalan pandonga punika.

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA – 2
Pandongga

Bacaan:
Lukas 11:1-13

Kumandela
Kémawon
ꦏꦸꦩꦤꦢꦺꦭꦺꦴꦏꦼꦩꦮꦺꦴꦤ

1. Wekdal Sidhem Sesarengan

2. Kidung Pambuka: KPJ 432:1-3

KPJ 432. GUSTI DEDALEMA

- 1) Gusti dedalema, énjing* sapunika
Ing batos kawula lumantar Roh Paduka
Nyunarna pepadhang, ingkang nuntun lampah kula
Amrih kula kuwagang, nanggulangi panggodha.
- 2) Gusti dedalema, énjing* sapunika
Ing batos kawula lumantar Roh Paduka
Kula tinuntuna, anapak tilas Paduka
Amrih datan anguja, karsèng manah pribadya.
- 3) Gusti dedalema, énjing* sapunika
Ing batos kawula lumantar Roh Paduka
Gusti mugi dhawuh, nedya kawula lampahi;
Kawula kasagedna ndhèrèk karsaning Gusti.

**saged dipun gantos siyang, sonten punapa dalu.*

3. Pratélaning Pangandika (Yakobus 4:2,3)

²Kowé padha mélik marang sawijining barang, nanging ora kalakon, kowé banjur mematèni; kowé mèri, mangka ora bisa katurutan, kowé banjur padha padu sarta kerengan. Kowé ora oleh apa-apa, amarga padha ora ndedonga. ³Utawa kowé uga ndedonga, nanging kowé ora oleh apa-apa, amarga anggonmu

ndedonga iku klèru, jalaran apa kang koksuwun iku bakal kokentékaké kanggo ngumbar hawa-nepsumu.

4. Kidung Pamuji: KPJ 123:1-2

KPJ 123. KULA PITADOS MRING GUSTI

- 1) Kula pitados mring Gusti, peparang ingkang kekah
Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah
Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos
Prahara nguber jaladri, kula tatag ing batos.
Reff. Kula tan was sumelang,
Gusti tan nilar kula
Wajib kawula cumadhang,
gesang manut sabda-Nya.
- 2) Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya
Ngrerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing pandonga
Siyaga tansah leladi, ing sakatoging driya
Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada.
Reff.

5. Pandonga

6. Pamaosing Kitab Suci (Lukas 11:1-13)

7. Andharaning Pangandika

“Kumandela Kémawon”

Satunggaling pasemon magepokan kaliyan “Bakul Tahu” nyariosaken makaten: Saben-saben rampung nyawisaken tahu kanggé bebakulan lan mbekta tahu punika dhateng peken, Bakul Tahu punika mesthi ndedonga: “Gusti mugi mberkahi dagangan tahu kawula, satemah sageda énggal pajeng. Amin” Saben dinten piyambakipun kedah mlampah bekta tahu punika ngantos ing poncoting dhusun, nengga angkutan umum mapag piyambakipun, wanci tabuh gangsal énjing. Menawi kepancal wekdalipun sekedhik kémawon, saged kémawon wurung anggènipun bebakulan ing dinten punika.

Kados ing sawijing dinten, sarambungipun nyawisaken dagangan tahunipun, piyambakipun bidhal ngantu-antu jumedhulipun Angkutan Pedesaan (angkudès) ingkang sampun dados langgananiipun. Dipun tengga dangu kok dèrèng ketingal. Mangka wekdalipun sampun dumugi jam setengah enem. Wusana ngantos jam enem langkung, angkudèsipun boten jedhul-jedhul. Dilalah kok inggih boten wonten angkutan umum sanèsipun utawi kendharaan sanèsipun ingkang langkung, kajengipun saged dipun nunuti. Murih boten damel kuciwaning para lenggananiipun tahu, piyambakipun lajeng nekat, mbekta dagangan tahunipun mlampah kémawon srana miji radosan ingkang langkung celak. Ing salebeting manah piyambakipun ndedonga: “Kados pundi ta Gusti kok boten lancar kados abenipun. Nyuwun tulung dhuh Gusti!” Piyambakipun tumunten nglajengaken lampahipun. Nalika lumampah nglangkungi galenganing sabin murih celak lampahipun, piyambakipun keplèsèt lajeng dhawah. Daganganipun glimpang, lan kathah ingkang sami rusak. Piyambakipun lajeng sambat: “Kadospundi ta Gusti, kawula kok dipun tégakaken lan boten dipun tulungi?”

Wusana ngantos raina, nembé dumugi peken. Pekenipun sampun sepen. Para lenggananiipun inggih sampun boten ketingal. Sinaosa makaten, piyambakipun panggah ngideraken daganganipun. Para bakul pasar ingkang taksih wonten, ingkang ugi dipun taros, boten sami kersa mundhut tahunipun awit inggih kathah ingkang sampun rusak lan reged. Ngantos dumugi sonten anggènipun ider. Namung sekedhik ingkang pajeng. Klawan raos gela lan kuciwa, piyambakipun wangsul. Ing salebeting manah, piyambakipun sesambat: “Gusti, punapa perlunipun kawula ndedonga? Pamujining tyas sageda lancar lan tansah binerkahan, ananging ingkang kelampahan ajur lan rusak”.

Dumadakan wonten tiyang ingkang ngupadi ampas tahu kanggé tedha rajakayanipun. Wusana daganganipun lajeng pajeng ngantos telas. Sanajan inggih radi mirah reginipun. Sesarengan punika, kapireng pawartos saking tangginipun bilih angkudès ingkang minangka lenggananiipun ketaman kacilakan. Satemah sedaya penumpangipun kabekta

wonten griya sakit. Sanalika Bakul Tahu kala wau émut purwa duksina. Bilih sedaya péranganing gesang ingkang kelampahan ing dinten punika, sanajan ketingalipun apes lan tuna, taksih winengku ing sih rahmat lan berkahipun Gusti. Saèstu rancanganipun Gusti Allah punika sanès rancanganing manungsa.

Punapa panjenengan sampun naté mrangguli kawontenan ingkang sami kados pasemon ing nginggil? Sampun mbudidaya sakatoging kekiyatan sinartan pandonga datan kendhat, sampun nyadhong berkah, rejeki lan kacekapan punapa déné kesarasan lan sapiturutipun, wondéné ingkang kelampahan saèstu cengkah kaliyan pandamel punapa déné pandonga kita sadaya? Punapa lajeng duka, lan kuciwa? Lan kepara nglepataken Gusti awit saguning panandhang punika?

Pasemon punika nggegulang dhateng kita sedaya bilih pandonga punika dédé préntahing manungsa dhumateng Gusti kados-kados Gusti Allah kapapanaken minangka batur ingkang kedah ngladosi lan ngèstokaken sedaya panyuwunaning bendaranipun. Laras kaliyan pasemonipun Gusti Yésus menggahing tiyang ingkang boten idhep isin lan éwa anggènipun nggigah lan meksa tangginipun murih legawa maringi boga sawetawis kanggé dhayohipun. (ayat 6-8); ugi dados panyaruwé tumrap patraping manungsa ingkang mbujeng pepinginanipun piyambak srana pandonga ingkang dremimis. Awit saking punika sumangga kita sami nggadhahi patrap ingkang leres ing salebeting pandonga. Sampuna ngantos mburuhaken Gusti kanggé kepentingan lan kemaremaning pribadi. Jer Gusti Allah punika apindha Rama. Ingkang maringi punapa ingkang becik kanggé anak-anakipun. Sanajan peparing ingkang becik punika boten mesthi nyondhongi pikiran lan pangajeng-ajenging manungsa. Mara kumandela kémawon!

8. Pandoga Syafaat

- Ndedonga murih kersanipun Gusti Allah kelampahan.
- Ndedonga murih kasagedaken nglampahi gesang srana kumandel ing rancanganipun Gusti Allah.

9. Kidung Panutup

WAKTU TUHAN

Joseph S Djafar

NDC Worship

Bila Kau ijinkan sesuatu terjadi
Ku percaya semua untuk kebaikanku
Bila nanti telah tiba waktu-Mu
Ku percaya kuasa-Mu memulihkan hidupku

Waktu Tuhan pasti yang terbaik
Walau kadang tak mudah dimengerti
Lewati cobaan, kutetap percaya

Saged dipun pirsani wonten ing:

<https://www.youtube.com/watch?v=inGJFNRYAwQ>

[sw-aj]

Materi Pakempalan Pandonga karancang nyrambahi sadaya *generasi* (turunan), saking laré, kanéman, diwasa, ngantos kasepuhan. Awit saking punika, prayogi menawi saged sadaya *generasi* pikantuk jejibahan dhèrèk lelados ing pakempalan pandonga punika.

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA – 3
Siyam

Waosan:
Yesaya 58:3-7

Siyam Hp
ꦱꦶꦪꦩ꧀ꦲꦥ

1. Wegdal Ening Sesarengan

2. Kidung Pambuka:

“Kula Anganti Rawuh Njeng Gusti”

Cakepan Agung Jatmiko miturut PKJ 115
“Kami Menanti kedatangan-Mu”

3 6 . 3 | 2 5 . 2 | 1 4 1 | 3 . . |
(1) Ku – la a – ngan – ti ra – wuh ‘Njeng Gus – ti
(2) Mbok me – na – wi en – jang byar ra – wuh – É
(3) Su – rak: “Ho – sa – na! ka – pi – reng so – ra
(4) Pa – nga – duh pa – na – ngis se – dhih sir – na

3 6 . 3 | 2 5 . 2 | 1 4 6 | 5 . . ||
(1) nggih nun-tun ku – la mle-bet ing swar-gi
(2) u – ta – wi ing ra – tri le – li – me – ngan
(3) M’la – é – kat ndhè-rèk gi – rang me-mu - ji
(4) I – cal duh – ki – ta pe-rih-ing pa - ti

Reff.

6 . í | 5 . 3 2 1 | 6 . í | 5 . . |
Ra – wuh-a! Nggih Gus-ti Ra-wuh – a

2 3 4 | 3 6 . 3 | 2 3 4 | 3 . . |
A – nung-gil – a – ken ku – la se – da – ya

2 3 4 | 3 6 . 6 | í 7 5 | 6 . . ||
A – nung-gil – a – ken ing kra-ton swar-ga

3. Pandonga Pambuka

4. Kidung Pamuji: KPJ 197

KPJ 197. KULA SAMPUN SIYAGA

Kula sampun siyaga, Gusti, sumadya nampèni sabda mulya.
Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara sapunika.
Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing samangkya,
kawula cumawis ing manah samekta ing gati.

Reff.: Sabda Paduka datan éwah gingsir
saking mula buka; ugi sapunika
wah salaminya.
Sabda Paduka wonten gesang kula.
Manah kula sampun siyaga
nampi sabda Mulya.

5. Pamaosing Kitab Suci: Yesaya 58:3-7

6. Andharaning Pangandika

Siyam Hp

Nalika Hp sampun dados pirantosing gesang ingkang gumathok, Adam Alter sampun naté ngawontenaken paniti priksa (*penelitian*) gunggungipun wekdal ingkang katelasaken nalikanipun ngginakaken Hp lan pirantos elektronik sanèsipun⁸ kadosta smartphone, tablet lan laptop saha sapiturutipun. Saking paniti priksa ingkang katindakaken, Adam Alter miterang bilih wiwit taun 2007, 2015 lan 2017 prasasat wekdaling manungsa kanggé awakipun piyambak sangsaya suda.



⁸ The Drak Sides of Screen time, Adam Alter, TED 2019,
<https://www.youtube.com/watch?v=OK5OO2ybueM>

Katitipriksa saking gambar ing nginggil, mirunggan warna pethak ingkang sangsaya kirang saben taunipun. Warna pethak punika nedahaken wekdaling manungsa kanggé awakipun piyambak. Kosok wangsulipun, warna abrit inggih punika ingkang nedahaken wekdal ingkang katelasaken déning manungsa nalika ngginakaken Hp, sangsaya kathah. Kacihna ingkang sewaunipun namung 9 menit ing tahun 2007, samangké ngambra-ambra ngantos 27 menit ing taun 2017. Kamangka paniti priksa punika katindakaken sadèrèngipun wonten tiktok ingkang ramé ing Oktober 2020⁹

Wondéné paniti priksa ringkes ingkang katindakaken déning *Data Reportal* nalika taun 2024, mapanaken Indonesia ing urutan 5, negara ingkang pendhudhukipun padatanipun ngginakaken Hp dangunipun watawis 4 jam, 58 menit¹⁰ taksih ing sangandhapipun Afrika Selatan lan Thailand ingkang dungkap 5 jam saben dintenipun. Srana makaten kawula saged niti priksa sangsaya mindhak taunipun, sangsaya kathah wekdal ingkang katelasaken kanggé ngginakaken Hp. Kawitan namung 27 menit ing taun 2017, samangké sangsaya ndedel ngantos 5 jam saben dintenipun, malah kepara langkung. Serat Efesus 5:15-17 mratélakaken,

¹⁵Marga saka iku, padha diawas marang lakumu, aja kaya wong kang bodho, nanging dikaya wong kang pinter, ¹⁶lan gunakna wektu kang ana, awit jaman iki ala. ¹⁷Mulané aja padha tanpa budi, nanging udinen supaya kowé ngreti, mungguh apa kang dadi karsaning Gusti.

Pangandikanipun Gusti punika ngémutaken saiba ajining wekdal peparingipun Gusti. Satemah kedah kaginakaken klawan setiti lan waskita. Awit menawi boten makaten, wekdal saged kémawon dados sarananing pangawak dursila anggènipun sami jlomprongaken manungsa. Sewaunipun

⁹ Wikipedia, Oktober 2024 <https://id.wikipedia.org/wiki/TikTok>,

¹⁰ Explodingtopic.com, Oktober 2024 <https://explodingtopics-com.translate.goog/blog/smartphone-usage-stats? x tr sl=en& x tr tl=id& x tr hl=id& x tr pto=wa& x tr hist=true>

namung kepingin ningali *notifikasi* (pawarta) WA utawi instagram, salajengipun ngupadi karemenan ningali pérangan ingkang nuwuhaken panglipur. Mung sekedhap kémawon, namung 9 detik. Lajeng dipun *scroll-scroll* (dipun gulung-gulung mangandhap), boten nglegéwa sampun tabuh 3 énjing. Wekdal ingkang prayoginipun kanggé ngaso murih kasantosanipun raga, nganyaraken sèl¹¹ kanggé kasarasan, ananging amargi lèk-lèkan, Tiktokan, sedayanipun dados muspra.

Para paniti priksa manggihaken bilih tiyang ingkang ketagihan Hp darbé GABA. Inggih punika sawijing *neuro transmitter* wonten ing utek ingkang nyrimpeti fungsi neuron. Sangsaya kathah GABA-nipun, sangsaya angèl anggènipun nampi *sinyal*. Njalari manungsa kecalan fokus/kawigatosan lan boten saged ngendhalèni badanipun piyambak. “Gampil kaslimur nalikanipun kepareng badhé nélakaken kawigatosan.” Makaten aturipun Caglar Yildirim saking State University of New York, dipun cuplik saking CNN. Klawan tembung sanès, tiyang ingkang ketagihan Hp kangèlan nggantosaken punapa ingkang wonten ing sakiwa tengenipun. Saumpami dipun umbar kémawon temahan boten saged menggali kalawan normal. Rasul Paul wonten ing seratipun kagem pasamuwan Korinta mratélakaken,

“Aku wenang samubarang, nanging ora samubarang maédahi. Tumraping aku samubarang kabèh iku kalal, nanging awakku dakjaga aja nganti kawasésa déning sadhéngaha apa baé.” 1 Korinta 6:12

Sadangunipun kita sami ngginakaken Hp, punapa saèstu kita sedaya sampun dipun kendhalèni kaliyan Hp punika? Kasinggihan makaten. Sanajan tiyang satunggal lan sanèsipun

¹¹ Kasantosaning raga kelampahan awit sèl-sèl ing raga sami regenerasi. Wekdalipun bènten-bènten. Gumantung kaliyan jenisipun sèl. Sèl kulit anggènipun regenerasi saben 28-30 dinten sepisan. Sèl darah 120 dinten sepisan. Wondéné sèl saraf/otak boten regenerasi. Pramila menawi risak boten saged dipun gentos. Kamangka anggènipun regenerasi punika nalika raga punika aso. Menawi wegda aso kirang, regenerasi boten mlampah klawan sampurna. Alodokter.com/Oktober 2024

nggadhahi seserepan ingkang bènten magepokan kaliyan piguna lan mupangatipun Hp, kedah dipun titipriksa sepinten anggèn kita sami ketagihan Hp? Pramila makaten, nalikanipun kita sami ngrembag bab siyam, samesthinipun kaetrapaken klawan pinta-pinta miturut kabetahan lan tantanganing jaman. Awit saèstunipun, hakékating siyam kados ingkang dipun wucalaken Gusti Yésus wonten injil Lukas bab 4 punika taksih trep lan migunani.

Lukas 4

¹Gusti Yésus, kang penuh ing Roh Suci, wangsul saka bengawan Yardèn, banjur kapurugaké déning Roh Suci menyang ing ara-ara samun. ²Ana ing kono lawasé patang puluh dina lan banjur kagodha déning Iblis. Sajroné ana ig kono iku Panjenengané ora dhahar apa-apa sarta sawisé iku kraos kerapen.

Kacariyos Gusti Yésus kapurugaken dhateng ing ara-ara samun, dangunipun 40 dinten. Wonten ing ngriku boten dhahar lan ngunjuk. Kados pundi anggènipun boten dhahar lan ngunjuk? Awit ing ara-ara samun punika boten wonten wandé punapa déné tiyang bebakulan langkung. Mbok menawi ugi boten wonten listrik punapa sinyal Hp. Anebih saking abyoring jagad lan nenepi saking *rutinitas* gesang saben dintenipun. Samangké anggèn kita mastani, retrèt. Miji wekdal kanggé nenepi saking sedaya pandameling gesang lan abyoring jagad.

Pramila makaten, anggèn kawula kepareng badhé nindakaken siyam, boten ngemungkaken boten dhahar lan ngunjuk ananging langkung saking punika, sami kaliyan Gusti Yésus, nebihi abyoring jagad, nebihi saking listrik punapa déné sinyal 5G. Boten ateges kita kedah manggèn ing ara-ara samun, utawi papan ingkang dlesep lan sepen. Sauger kawula sami kaparingan wekdal kanggé niti priksa punapa ingkang sampun kelampahan, saged ndedonga lan ngawontenaken patunggilan kaliyan Gusti Allah, dalasan mekak sedaya pepinginan magepokan kaliyan Hp ingkang dados reridhu lan pambeng anggènipun sami kepareng wanuh kaliyan manungsa lan Gusti. Wusana sumangga kita sami SIYAM HP.

Limrahipun, anggèn kita nindakaken siyam; boten dhahar lan ngunjuk, saged lumampah srana nelasaken wekdal anggènipun *scroll-scroll* Hp, lan pérangan sanèsipun. Samangké kita miji punapa tantanganing gesang samangké ingkang saèstu dipun betahaken, inggih punika Siyam Hp. Dangunipun 40 dinten. Caranipun: Kèndel mbikak Hp, boten damel *status* WA, *reels* ing Intagram, *scroll* ing Tiktok, *short* punapa déné Youtube.

Sumangga siyam utawi pasa, “upa” ngemu teges nyelak. Wondéné “wasa” ngemu teges Ingkang Maha Kawasa. Jarwanipun: nyelak kaliyan ingkang Maha Kawasa. Klawan pamrayogi, sedaya ingkang magepokan kaliyan Hp, dipun elih kagem piranti nyelak Gusti. Padatanipun maos Wa, kegentos maos Kitab Suci. Padatanipun ngajengaken istirahat scroll hp, kesupèn dedonga, ngantos kancilen dumugi énjing, samangké mijèkaken wekdal kanggé ndedonga. Ndedonga kanggé kasarasan. Ndedonga kanggé putra lan wayah. Ndedonga kanggé pambudidayaning brayat anggènipun sageda mekak pepinginan malah ketagihan saking Hp lan sangsaya rumaket satunggal lan sanesipun ing patunggilanipun Gusti Allah. Sumangga Siyam Hp!

7. Patraping Siyam Hp dangunipun 40 dinten

- Nyuda anggènipun ningali tontonan, badhéa wonten Hp, laptop punapa déné TV.
- Mekak/siyam Youtube, Tiktok, Facebook, Game, e-Comers, Instagram, X (twit)
- Minggu I, Siyam Youtube kagentos ngonjukaken pandonga kanggé kesarasaning brayat.
- Minggu II, Siyam Tiktokan, X (twitter) kagentos ngonjukaken pandonga kanggé pambudidaya saha padamelaning brayat.
- Minggu III, Siyam Facebookan, Instagram kegentos ngonjukaken pandongan kanggé sanak kadang; réncang pitepangan.
- Minggu IV, Siyam Game, kagentos ngonjukaken pandonga kanggé pasinaon/studi.

- Minggu V, Siyam e-Commers, kagentos ngonjukaken pandonga panuwun sokur inggih awit sedaya sih rahmat lan berkahipun Gusti.

8. Pandonga Syafaat

9. Kidung Panutup: KPJ 416:1-3

KPJ 416. SAPRAKARA KANG PANTES

- 1) Suprakara kang pantes dèn upadi
Yèku Kratoning Allah Sang Rama
Samubarang pinarengken tumuli
Angger sumuyud jroning pracaya
Refr. Kabèh mung nglaha, kabèh mung nglaha,
Sarwa kadonyan wus mesthi sirna
Mung sihé Allah kang langgeng slamanya
Tyang kang ngayom wus mesthi raharja
- 2) Drajad, kasugihan, wah kasenengan
Ginayuh kanthi margi utami
Aywa lali kang aji lan sejati
Yèku setya wah nunggil ing Gusti.
Reff.
- 3) Sagunging kadonyan ingkang kadarbya
Iku sranané mbabarken tresna
Yèn dugèng janji tan badhé binakta
Mung gesang langgeng bandha ing swarga
Reff.

[sw-aj]

Materi Pakempalan Pandonga karancang nyrambahi sadaya *generasi* (turunan), saking laré, kanéman, diwasa, ngantos kasepuhan. Awit saking punika, prayogi menawi saged sadaya *generasi* pikantuk jejibahan dhèrèk lelados ing pakempalan pandonga punika.

BAHAN

PAKEMPALAN PANDONGA – 4

Ngènget-èngèt

Waosan:

Kidung Pangadhuh 3:20-25

Ngènget-ènget

Gusti Allah

lan

Mboten Nglokro



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPJ 65:1, 3

KPJ 65. AKU TAN NGRETI MENGKONÉ

- 1) Aku tan ngreti mengkoné, mung saderma lumaku.

Dudu surya kang dakantu, jer iku bakal sirna.

Mengkoné aku tan kwatir, wit Gusti wus prasetya.

Lakuku kinanthi Yésus, mula tentrem uripku

Ref. Bab akèh aku tan ngerti, kang bakal dakalami,

nging aku yakin sayekti, tasah kinanthi Gusti.

- 2) Aku tan ngreti mbésuké, bisa nandhang sangsara.

ning kang paring pangan glathik lan ngayomi uripku.

Wektu rumpil pandumanku, bisa urubing latu,

ning Gusti anèng sisihku, wah nebus srana rahé.

Ref.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI: KPJ 82:1,2

KPJ 82. LAMUN KULA KASAYAHAN

- 1) Lamun kula kasayahan, kamomotan, kèmgengan;

kula marek dhuh Pamarta, nyuwun ayam Paduka.

Ref. Kula marek, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.

Nyuwun ayem, dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka.

- 2) Gusti sarèh ing panggalih, mugè mulang mring kula,
sinagedna tansah setya, manut pangrèh Paduka.
Ref.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Kidung Pangadhuh 3:20-25

6. RENUNGAN

**“Ngènget-ènget Gusti Allah
lan Mboten Nglokro”**

Wonten *wiraniaga* (tiyang sesadéan barang dhateng ingkang migunakaken), satunggaling wekdal kaparingan bebahan dhateng papan ingkang mencil kanggé nyadé sepatu. Nalika dumugi ing satunggaling dhusun, piyambakipun kagèt lan mboten naté nyana menawi ing dhusun ngriku mboten wonten warganipun ingkang mlampahipun ngagem sepatu. Piyambakipun dados semplah lan kebak ing was sumelang. Piyambakipun énggal-énggal ngintun pesen dhateng pimpinanipun, “Mboten wonten pengajeng-ajeng, mboten wonten tiyang ingkang ngagem sepatu.” Selajengipun, piyambakipun wangsul kanthi mbekta kapitunan. Wulan selajengipun, *perusahaan* punika ngutus tiyang sanès kanggé makarya minangka satunggaling *wiraniaga* lan késah dhateng dhusun ingkang sami kanggé nyadé *produk* (asil) ingkang sami ugi. Tiyang punika lajeng ngintun pesen dhateng pimpinanipun, “pengajeng-ajengipun ageng, mboten wonten ingkang ngagem sepatu.” Lan selajengipun, piyambakipun nélakaken asil ingkang ngédap-édapi! Wewengkonipun sami, produkipun sami, ayahanipun ugi sami. Nanging, ingkang setunggal gagal lan ingkang setunggal kasil, ingkang setunggal namung ningali bab kangèlanipun déné ingkang setunggal mirsani bab pengajeng-ajeng.

Kadosdéne namanipun, kitab Kidung Pangadhuh mila isinipun bab pangadhuhipun juru panyeratipun. Panandhang, pameteg, kangèlan lan kaprihatosan ingkang dipun adhepi panyerat Kidung Pangadhuh ingkang cetha ing wekdal kita maos kitab Kidung Pangadhuh. Sacara mirungga, Kidung

Pangadhuh 3:1-20 mratélakaken panandhang ingkang kedah dipun raosaken ing gesang padintenipun panyerat Kidung Pangadhuh. Manéka panandhang ingkang dipunalami kadosdéne katuntun ing pepeteng tanpa pepadhang. Awit saking menika, tumrap piyambakipun, ngadhepi panandhang menika sanès prekawis ingkang gampil. Malah bab panandhang sampun nguwaosi pangènget-èngetipun lan ndadosaken tanggulan ingkang metek panyerat Kidung Pangadhuh. Sanadyan mekaten, menapa panyerat Kidung Pangadhuh lajeng kécalan pengajeng-ajeng? Mboten! Sanadyan agenging panandhang dipun alami, piyambakipun mboten nglokro, piyambakipun tetep nggadhahi pengajeng-ajeng. Panyerat kitab Kidung Pangadhuh mboten kèndel ing pangènget-èngetipun bab kasangsaranipun, nanging ugi megartosaken sih kamirahan lan sih kawelasanipun Gusti ingkang lumintu lan mboten naté pedhot. Menawi migatosaken kerawuhanipun Gusti ing satengahing panandhangipun, punika ateges panyerat Kidung Pangadhuh ugi ngémuti kasetyanipun Gusti ingkang ageng lan tansah énggal ing gesangipun. Pangènget-èngetipun mboten kandheg ing panandhangipun ingkang ngédap-édapi kémawon, nanging ugi dhateng Gusti Allah. Leres, panandhangipun awrat, nanging tumrap panyerat Kidung Pangadhuh, katresnan lan kasetyanipun Gusti ugi ageng, malah linangkung ageng. Awit saking menika, piyambakipun tetep ngadhepi pengajeng-ajeng, piyambakipun kagungan pengajeng-ajeng dhateng Gusti ing salebeting kasangsaranipun.

Mangsa silih gumanti, kadhang kala mangsa ingkang kebak kabingahan, kadhang kebak luh dlèwèran. Awit saking menika, kita kaajak tansah pitados lan kebak pengajeng-ajeng dhateng Gusti Allah. Pengajeng-ajeng ing salebeting panandhang menika prekawis ingkang baken tumrap umatipun Gusti murih umat mboten semplah lan nglokro. Pengajeng-ajeng ingkang tuwuh nalika umat ngènget-ènget malih sih kamirahanipun Gusti ingkang ageng. Mboten namung ngènget-ènget ing panandhangipun kémawon, nanging ugi ngènget-ènget tumrap sedaya pakaryan ingkang katindakaken déning Gusti. Kasaénan lan panganthinipun Gusti ingkang badhé

nyagedaken umat nyanggi panandhang lan mapag dinten tembé kanthi sedaya berkah ingkang sampun kacawisaken déning Gusti. Ngènget-èngeta tansah dhateng Gusti lan mboten nglokro!

7. KIDUNG PAMUJI: KPJ 125:1, 2.

KPJ 125 LAMUN KULA MLAMPAH

- 1) Lamun kula mlampah nèng margining Allah,
kula sèstu ngraosken bingah.
Kula yakin èstu, Gusti nuntun tamtu
mring tyang kang pitados satuhu.
Ref. Mung sawiji kabegjan sejati,
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.
- 2) Yèn peteng ing manah, kabidhung ing sisah,
kula nilingken sabdèng Allah.
Uwas lan kuwatir wus tamtu sumingkir,
angger pasrah kang trusing manah.
Ref. Mung sawiji kabegjan sejati,
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.

8. PANDONGA

- Panuwun sokur kanthi ngémuti sedaya kasaénanipun Gusti ingkang kebar ing gesang menika.
- Ndedonga tumrap sesami kanthi ngémuti saben pribadi ing sakiwa tengen kita (brayat, mitra, tanggi) tumrap sedaya *pergumulanipun*
- Ndedonga tumrap peladosan ing pasamuwan kanthi ngènget-ènget manéka peladosan ingkang katindakaken
- Ndedonga tumrap bangsa lan negari kanthi ngènget-ènget manéka asil lan sedaya prekawis ingkang dipunadhepi.

9. KIDUNG PANUTUP: KPJ 114:1,2

KPJ 114. GUSTI, SÈSTU KULA TRESNA

- 1) Gusti, sèstu kula tresna dhumateng Paduka
Kula masrahken manah, badan, dalasan nyawa

Paduka kang agungsih, ingkang sampun menang;
Saèstu kula pasrah dhumateng Paduka.

Ref. Kula tresna dhateng Gusti,
Wit Gusti sampun nresnani kawula.
Kula sèstu tresna Gusti,
wit Gusti sampun nresnani kawula

- 2) Gusti anandhang sangsara, ngrembat dosa kula,
ngantos sinalib séda, karana gunging tresna.
Mila kawula pasrah klayan trus ing manah;
dhawuhnya kula pundhi, nresnani sesami.
Ref.

[fj-ww]



Materi Pakempalan Pandonga karancang nyrambahi sadaya *generasi* (turunan), saking laré, kanéman, diwasa, ngantos kasepuhan. Awit saking punika, prayogi menawi saged sadaya *generasi* pikantuk jejibahan dhèrèk lelados ing pakempalan pandonga punika.

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 5
*Pitados***

Waosan:
Filipi 3:10-11

**Pitados
lan
Mitadosaken
dhateng
Sang Kristus
☪☪☪**

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPJ 14:1,2

KPJ 14. KULA SAMNYA TETUNGGILAN

- 1) Kula samnya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan
Ref. Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayom ing sih ira sèstu tentrem raharja.
- 2) Kula rinoban ing begja rintén-dalu tan kendhat,
ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat
Ref. Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayom ing sih ira sèstu tentrem raharja.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI: KPJ 178:1,2

KPJ 178. PASRAH SUMARAH MRING GUSTI

- 1) Pasrah sumarah mring Gusti, pangayoman kang sejati.
Uripmu tansah rinimat, wit Gusti gung ing sihrahmat.
Waspadakna makluk wrata, karoban ing sih lan piwlasnya,
wah saliring butuhira pinaringan ing sacukupnya.
- 2) Pasrah - sumarah mring Gusti, mrih ayem-tentrem ing ati
Bungah-susah, sugih-mlarat memuji Gusti tan kendhat.

Udinen kratoning swarga wah sagunging kasampurnannya
temahan sira nyipati panganthi panunggiling Gusti.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Filipi 3:7-14

6. RENUNGAN

“Pitados lan Mitadosaken dhateng Sang Kristus”

Jean F. Gravelet (1824-1897), ingkang kawentar minangka Charles Blondin menika satunggaling *akrobatik* ingkang saged mlampah ing sanginggiling tali. Satunggaling wekdal, piyambakipun nyabrang Lèpèn Niagara. Piyambakipun nindakaken prekawis menika kanthi nutup paningalipun, kèndel ing tengah lan ngunjuk kopi, sarta manéka atraksi sanèsipun. Ing satunggaling kalodhangan, Blondin mundhut pirsu dhateng pamirsa, menapa samidéné pitados bilih piyambakipun saged niti tali kanthi paningal ingkang katutup. Sapérangan alok pitados, sapérangan taksih mangu-mangu. Blondin mlampah kanthi paningal ingkang katutup lan kasil! Pamirsa sami keplok. Blondin lajeng mundhut pirsu malih, punapa pamirsa pitados menawi piyambakipun saged nyabrang kanthi nggéndhong satunggaling tiyang, lan sedaya pamirsa nanggapi: “Pitados!” Blondin lanjeng ngaturi pamirsa murih kersa kagéndhong. Mboten wonten satunggala kémawon ingkang kersa, dumugi pungkasanipun wonten laré alit majeng lan purun kagéndhong Blondin. Pamirsa sami gorèh menapa laré menika badhé wilujeng lan menapa tiyang sepuhipun saged jenjem mirsani larénipun. Blondin nggéndhong laré menika lan piyambakipun kasil nyabrang! Jebulipun laré alit menika putranipun Blondin piyambak, ingkang pitados lan mitadosaken dhirinipun dhateng bapakipun.

Sikap menika ugi wonten lan katuladhani déning Rasul Paulus. Dhateng pasamuwan Filipi, Paulus mratélakaken bilih piyambakipun sanget anggènipun kepéngin tepang kaliyan Sang Kristus lan panguwaos wungun-Ipun. Tepang ing ngriki, mboten namung nyumurupi bab Sang Kristus ingkang wungu (*aspek kognitif*) lan mitadosi kayektosan bab wungunipun

kémawon (*aspek afektif*), nanging ugi kesagahanipun lumampah sesarengan lan kinanthénan déning Sang Kristus napaki kawontenaning gesang ingkang kalanipun ing nginggil punapa déné kalanipun ing ngandhap (*aspek konatif*), kalebet ing wekdal nglampahi pambengan lan sedaya kangèlanipun. Umpamia Paulus ngantos ngraosaken panandhang, tumrap piyambakipun menika saèmper kaliyan Sang Kristus ingkang sampun nandhang sangsara minangka kasetyanipun dhateng Gusti Allah satemah Sang Kristus kaluhuraken déning Gusti Allah (Fil 2:5-11). Menika ingkang dados pawadan anggènipun Paulus mitadosaken dhirinipun dhateng Sang Kristus. Paulus mboten mangu-mangu methukaken menapa ingkang badhé dipunadhepi, minangka timbalanipun Gusti Allah wonten ing Sang Kristus, amargi Gusti Allah ingkang badhé mimpin, maringi kawicaksanan, ngémutaken lan ngarahaken sarta maringi kekiyatan.

Satunggal prekawis ingkang kedah kagatosaken inggih punika sikep pitados lan mitadosaken dhiri dhateng Sang Kristus mboten dipuntegesi lan dipunwujudaken kanthi sikep-sikep ingkang nékat, tanpa tanggel jawab utawi 'wantun pejah' anggènipun nglampahi gesang. Sikep menika malah nuntun dhateng pamikir ingkang nyalahaken Gusti Allah tumrap masalah-pambengan ingkang lumampah ing gesang. Mitadosaken dhiri dhateng Sang Kristus mboten saged lan mboten pareng kinanthénan tanpa mreduli dhiri pribadi utawi tanpa nggadhahi tanggel jawab utawi tugas ayahan-peladosan. Tiyang ingkang pitados dhateng Sang Kristus, kedah tansah caos ingkang paling saé sarta netepi dhawuh lan kersanipun Gusti Allah ing gesang padintenan, badhéa ing griya, ing papan panyambut damel, ing masyarakat lan ugi ing peladosan. Paulus piyambak mboten lajeng kanthi sengaja damel masalah ing wekdal martosaken Injil, nanging piyambakipun tetep njagi piwucal sarta kasarasanipun murih Sang Kristus kapirsanan lan katampi déning tiyang-tiyang ingkang dipunpanggihi lan dipunladosi.

Kanthi mekaten, mitadosaken dhiri dhateng Sang Kristus menika mucal lan ngajak kita kanggé **wantun gesang** ing salebeting kasetyan dhateng kersanipun Gusti Allah: jujur-

resik rikala makarya lan mbudidaya, adil-welas asih nalika mimpin utawi damel keputusan, setya-sabar ing wekdal mangun balégriya utawi, tegen-kebak kabingahan ing wekdal mbabar patunggilan, peladosan lan paseksi, lsp. Wilujeng sinau pitados lan mitadosaken dhiri dhateng Sang Kristus ingkang sampun wungu, lan ngraosaken-raosaken panguwaos wungun-Ipun.

7. KIDUNG PAMUJI: KPJ 155:1,3

KPJ 155:1,3 AKU TAN NATÉ MANGERTI

1. Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka,
mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya.
Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.
Tinuntun dumugèng janji mring kasampurnan swarga.
3. Uripku ing pangrèhé Gusti, tan ana pangrèh liya.
Kasarasan lan rejeki, wuwuhing sih-nugraha.
Rancangan tinata tliti, pratandhaning sutresna.
Aku tan kwatir, tan wedi, mung begja kang pinanggya.

8. PANDONGA

- Panuwun tumrap saben prekawis badhéa ingkang bab ingkang kasil, mboten kasil, kaunggulan lan karingkahan ingkang saged ngarahaken dhiri dhateng welas asih lan panguwosipun Gusti Allah
- Nyuwun kawicaksanan-panuntuning Sang Roh Suci kanggé ngraosaken panguwaos wungunipun lan sinau mitadosaken dhiri dhateng Sang Kristus

9. KIDUNG PANUTUP: KPJ 437:1, 3

KPJ 437. GUSTI YESUS PANGÈN KULA

- 1) Gusti Yésus Pangèn kula, Sèstu gung sih Paduka,
Ing sapurug kula mlampah, Paduka kanthi tansah
Reff. Kinanthi ing Gusti, kinanthi ing Gusti
Ing satitah kula nrimah, angger kinanthi Gusti.

3. Ajrih - asih maring Gusti, wah nresnani sesami,
lah puniku gesang kula, wit panganthi Paduka.
Ref.

[aps-ww]



Materi Pakempalan Pandonga karancang nyrambahi sadaya *generasi* (turunan), saking laré, kanéman, diwasa, ngantos kasepuhan. Awit saking punika, prayogi menawi saged sadaya *generasi* pikantuk jejibahan dhèrèk lelados ing pakempalan pandonga punika.

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 6
*Mbabar Paseksi***

Waosan:
Lukas 24:45-49

**Kowé kang Padha
Dadi Seksiné**



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPJ 21:1,2

KPJ 21. PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

- 1) Para titah sadaya, samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa, kang gung ing sih susetya.
Haléluya! Haléluya!
- 2) Pujinen Hyang Murbéngnat, Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI: KPJ 48:1,3

KPJ 48. GUSTI ANGANTYA SIRA

- 1) Gusti angantya sira, wong dosa.
Aruming swara nimbali sira.
Nyuwuna luwar lan pangapura!
Mareka, saosna atinira!
Ref. Lah mareka! Gusti angantya,
aywa adoh adoh, umareka!
Gusti anganti anti sira!
Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

- 3) Nging marga kang anjog ing kabegjan,
ciyut, angèl kalamun dènambah.
Kang mangkono datan kauningan,
mangka iku margining Yéhuwah.
Ref.

5. PAMAOSING KITAB SUCI : Lukas 24:45-49

6. RENUNGAN

“Kowé Kang Padha Dadi Seksiné”

Ing wekdal Gusti Yésus ngatingal dhateng para sakabatipun sasampun wungunipun, Panjenenganipun ngendika dhateng para sakabat menika, “*Déné kowé kang padha dadi seksiné bab iku mau kabèh*”. Pangandikanipun Gusti Yésus menika ngemot tigang prekawis ingkang baken, inggih menika: *subyèk* (jejer) “kowé”, *prédhikat* (wasésa) “seksi” lan *obyèk* (lésan) “bab iku mau kabèh”.

Sinten ingkang kasebut “kowé” iku? Sewelas sakabatipun Gusti Yésus? Leres, nanging mboten namung sakabat sewelas kémawon. Saking Lukas 24:33 kita nampèni katrangan mekaten, “*Banjur padha ngadeg* (sakabat kalih ingkang tindak dhateng Émaus) *lan bali menyang Yérusalèm. Ana ing kono padha nyumurupi sakabat sawelas padha kumpulan karo para sadulur-sadulur liyané*”. Lajeng ing ayat 36, “*Nalika padha rembugan bab iku mau, Gusti dumadakan jumeneng ana ing tengahé ...*”. Dados, ingkang kasebut kowé déning Gusti Yésus inggih menika sakabat sewelas dalah para sakabat sanèsipun (tiyang-tiyang ingkang sami pitados lan ndhèrèk Gusti Yésus).

Prédikat (wasésa) “seksi” nélakaken bilih para sakabat menika inggih tiyang-tiyang ingkang sampun mirsani lan ngalami piyambak menapa ingkang kelampahan. Tiyang-tyang menika seksi saking pakaryan peladosanipun Gusti Yésus ngantos ing séda lan wungun-Ipun. Para sakabat mangertosi saking menapa ingkang kaseksèni lan karaosaken piyambak, sanès saking pangandikanipun tiyang sanès. Awit saking

menika, seksi inggih menika tiyang ingkang kanthi saèstu pitados bab kayektosan ingkang dipun mangertosi piyambak.

Obyèk (lésan) “bab iku mau kabèh”, kadosdéné ingkang sampun karembag sadèrèngipun, nélakaken menapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus sesarengan kaliyan para sakabatipun. Prekawis menika nyrambahi ing bab pakaryan peladosanipun Gusti Yésus, sangsara, séda lan wungun-Ipun, kalebet kados pundi Panjenenganipun ngatingal dhateng para sakabatipun. Ing ayat 45 kasebutaken bilih Gusti Yésus mbikak pikiranipun para sakabat satemah samidéné mangertos bab Kitab Suci. Menika prekawis ingkang baken kanggé mratélakaken bilih menapa ingkang dipun seksèni para sakabat ing dhirinipun Gusti Yésus sami kaliyan menapa ingkang kaserat ing Kitab Suci. Menika ateges, Gusti Yésus menika wujuding pamedhar wangsitipun para nabi.

“*Déné kowé kang padha dadi seksiné bab iku mau kabèh*” menika timbalan kanggé martosaken kabar kabingahan, inggih menika pamratobat lan pangapuntening dosa tumrap sedaya bangsa (ayat 47). Dalah amargi “*Déné kowé kang padha dadi seksiné*”, mila Gusti mbabar prasetya badhé mirantosi lan nganthi. Para seksi menika utusanipun Gusti piyambak, para seksi mboten badhé dipun tégakaken makarya lan mbudidaya piyambakan.

Para sedhèrèk, kita menika ugi para seksinipun Gusti. Amargi Gusti sampun paring palilah tumrap kita kanggé tepang kaliyan Panjenenganipun lan gesang sesarengan kaliyan Panjenenganipun. Awit saking menika, kita ugi katimbalan martosaken pawartos pamratobat lan pangapuntening dosa atas asman-Ipun. Kita mboten perlu ajrih utawi kuwatos, Gusti ingkang badhé mirantosi lan nyagedaken kita. Sumangga kita matur, “Gusti, kawula menika seksi, Paduka ingkang nuntun kawula”. Amin

7. KIDUNG PAMUJI: KPJ 161:1-3

KPJ 161. JIWA-RAGA KAWULA

- 1) Jiwa raga kawula konjok mring Sang Pamarta,
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,

- kamulyaning Pangéran.
- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki, nampèni sihing Gusti,
nampèni sihing Gusti.
 - 3) Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat,
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
datan kendhat pinuji.

8. PANDONGA

- Ngaturaken panuwun awit kanugrahan kawilujengan ing Sang Kristus
- Nyuwun kekiyatan lan kekendelan kanggé martosaken pakaryanipun Sang Kristus ing gesang padintenan
- Nyuwun berkah lan panganthinipun Gusti tumrap pakaryan martosaken Injil dumugi ing saindenging jagad

9. KIDUNG PANUTUP: KPJ 348:1,2

KPJ 348 PASAMUWAN KAN NYAWIJI

- 1) Pasamuwan kang nyawiji, netepi sabdaning Gusti,
dadya paseksi sanyata, Yésus yéku Sang Pamarta.
Sih rahmating Allah tumrah maring sagunging tumitah.
Saliring tyang kang pracaya, basuki gesang ira.
- 2) Pindha badan mung sajuga, nging kathah péranganira.
Pasamuwan kang manunggal, ambabarken gesang kang ènggal,
samidéne mbiyantoni, wit sih sinihan lestari,
tunggal ati, tunggal Gusti, nengsemken mring sesami.

[ery-ww]

Materi Pakempalan Pandonga karancang nyrambahi sadaya *generasi* (turunan), saking laré, kanéman, diwasa, ngantos kasepuhan. Awit saking punika, prayogi menawi saged sadaya *generasi* pikantuk jejibahan dhèrèk lelados ing pakempalan pandonga punika.

“CATHETANING PISUNGSUNG”

LPP SINODE GKJ DAN GKI SW JATENG

Ngaturaken

**“PANUWUN AWIT PANYENGKUYUNG
TUWIN KATRESNANIPUN
PASAMUWAN-PASAMUWAN,
BEBADAN-BEBADAN, PUNAPADÉNE
PRIBADI-PRIBADI INKGANG
KAPARINGAKEN LUMANTAR
PISUNGSUNG”**

*Ing ngandhap punika kula ngaturaken cathetan
panampining pisungsung.*

*Tumrap Pasamuwan-pasamuwan, Bebadan-
bebadan, punapadéné Pribadi-pribadi ingkang
sampun ngintun pisungsung ananging dèrèng
kacathet, kula aturi tepang rembag kaliyan LPP*

Sinode lumantar:

WA 0898-5252-0386

Tlp. 0274-514721

*Nyuwun panyengkuyunging pandonga tumrap
LPP Sinode GKJ lan GKI Jateng supados lestantun
dados berkah.*

DAFTAR PERSEMBAHAN Bulan Keluarga 2023

Penerimaan tanggal:
02 Februari 2023 - 06 Maret 2024

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Rawamangun	500.000
2	GKI Kelapa Cengkir	500.000
3	GKI Masaran	200.000
4	GKI Pamulang	500.000
5	GKI Gereformeerd	250.000
6	GKI Muntilan	300.000
7	GKI Tegal	700.000
8	GKI Bintaro	250.000
9	GKI Ajibarang	500.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Maguwoharjo	250.000
2	GKI Sabda Mulya	250.000
3	GKI Joglo	300.000
4	GKI Kaligesing	1.220.000
5	GKI Wonosobo	300.000
6	GKI Tanjung Priok	300.000
7	GKI Sarimulyo	400.000
8	GKI Kaliwungu, Kendal	276.000
9	GKI Beringin	687.000
10	GKI Purworejo	1.000.000
11	GKI Wisma Panembah Surakarta	300.000
12	GKI Pakem	300.000
13	GKI Gambiran	300.000
14	GKI Gondang Winangun	600.000
15	GKI Mergangsan	500.000
16	GKI Ambarukmo	1.262.000
17	GKI Ngentakrejo	300.000
18	GKI Juwiring	150.000
19	GKI Tanjungtirta	500.000
20	GKI Manisrenggo	300.000

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

21	GKI Wisma Panunggal Mrican	500.000
22	GKI Panggang	350.000
23	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
24	GKI Gabus Sulursari	500.000
25	GKI Kutoarjo	3.242.000
26	GKI Prembun	490.000
27	GKI Demakijo	500.000
28	GKI Semarang Timur	250.000
29	GKI Bono	200.000
30	GKI Ungaran	1.000.000
31	GKI Ceper	850.000
32	GKI Banyumanik	1.100.000
33	GKI Wates Selatan	850.000
34	GKI Grogol, Jakarta	350.000
35	GKI Wirobrajan	440.000
36	GKI Immanuel Karanganyar, Pekalongan	150.000
37	GKI Susukan, Gunungkidul	650.000
38	GKI Wiladeg	400.000
39	GKI Gumulan	500.000
40	GKI Bibisluhur	500.000
41	GKI Sukoharjo	300.000
42	GKI Sampangan, Kradenan	329.000
43	GKI Mojosongo	200.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Geerson Hersapt, Giro BCA tgl. 19/06/2023	500.000
2	Dwi Lestari, Giro BRI Tiro tgl. 02/06/2023	550.000
3	Darni, Giro BRI Tiro tgl. 02/06/2023	1.000.000
4	GKJT/Kriswiyantiningrum. Giro BRI Tiro tgl. 21/09/2023	1.000.000
5	NN, Giro BRI Tiro tgl. 24/10/2023	500.000
6	NN, Giro BRI Tiro tgl. 26/10/2023	230.000
7	Sakirman, Giro BRI Tiro tgl. 02/11/2023	250.000
8	Yunar Cahya, Giro BRI Tiro tgl. 31/10/2023	300.000
9	Susanto, Giro BRI Tiro tgl. 14/11/2023	150.000
10	Arendra Sih, Giro BRI Tiro tgl. 15/11/2023	250.000
11	NN, Giro BRI Tiro tgl. 22/11/2023	938.000
12	NN, Giro BRI Tiro tgl. 22/11/2023	400.000
13	NN, Giro BRI Tiro tgl. 30/11/2023	700.000
14	NN, Giro BRI Tiro tgl. 07/12/2023	500.000

Mangsa Paskah 2025
Ngènet-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun


15	Tanti Nurman, Giro BRI Tiro tgl. 04/01/2024	500.000
----	---	---------

D. REKAPITULASI

1. Dari 9 GKI SW Jateng : Rp. 3.700.000,00
2. Dari 43 GKJ : Rp. 23.396.000,00
3. Dari 15 NN : Rp. 7.768.000,00
- Jumlah : Rp. 34.864.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Bulan Keluarga 2023 sampai dengan tgl. 6 Maret 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 34.864.000,00
(Tiga puluh empat juta delapan ratus enam puluh empat ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Adven dan Natal 2023

Penerimaan tanggal:
02 Februari 2023 - 22 Maret 2024

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Rawamangun	500.000
2	GKI Gereformeerd	250.000
3	GKI Muntilan	300.000
4	GKI Purwodadi	750.000
5	GKI Bintaro Utama	250.000
6	GKI Tegal	1.000.000
7	GKI Salatiga	500.000
8	GKI Pekalongan	500.000
9	GKI Ajibarang	500.000
10	GKI Lasem	500.000

B. Dari GKI

o	Pengirim	Jumlah
1	GKI Maguwoharjo	250.000
2	GKI Tanjung Priok	300.000
3	GKI Mergangsan	500.000
4	GKI Bandar	150.000
5	GKI Wisma Kasih Mangunharjo	300.000
6	GKI Semarang Timur	250.000
7	GKI Bono	200.000
8	GKI Sarimulyo	400.000
9	GKI Grogol, Jakarta	350.000
10	GKI Pakem	300.000
11	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
12	GKI Wirobrajan	410.000
13	GKI Ngentakrejo	300.000
14	GKI Penaruban	502.000
15	GKI Immanuel Karanganyar, Pekalongan	150.000
16	GKI Baki	300.000
17	GKI Tulung	500.000
18	GKI Wiladeg	400.000
19	GKI Wisma Panunggal Mrican	1.000.000

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

20	GKI Kutoarjo	1.841.000
21	GKI Tengahan	300.000
22	GKI Tuntang Timur	500.000
23	GKI Gumulan	500.000
24	GKI Gambiran, Sragen	300.000
25	GKI Wisma Panembah, Surakarta	300.000
26	GKI Bibisluhur	500.000
27	GKI Demakijo	547.000
28	GKI Banyumanik	1.070.000
29	GKI Susukan	440.000
30	GKI Sukoharjo	300.000
31	GKI Kanaan	500.000
32	GKI Sampangan, Kradenan	400.000
33	GKI Mojosoong	200.000
34	GKI Wates Selatan	850.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN, Giro BRI Tiro tgl. 24/10/2023	500.000
2	NN, Giro BRI Tiro tgl. 31/10/2023	500.000
3	NN, Giro BRI Tiro tgl. 30/11/2023	300.000
4	NN, Giro BRI Tiro tgl. 07/12/2023	500.000
5	NN, Giro BRI Tiro tgl. 12/12/2023	3.159.000
6	NN, Giro BRI Tiro tgl. 13/12/2023	298.200
7	NN, Giro BRI Tiro tgl. 27/12/2023	300.000
8	Yunar Cahya, Giro BRI Tiro tgl. 06/01/2024	300.000
9	Handoko Tri, Giro BRI Tiro tgl. 09/01/2024	500.000
10	NN, Giro BRI Tiro tgl. 08/01/2024	500.000
11	Arendra Sih, Giro BRI Tiro tgl. 09/01/2024	250.000
12	Yohanes Budi, Giro BRI Tiro tgl. 10/01/2024	1.735.000
13	Joni Doso, Giro BRI Tiro tgl. 14/01/2024	1.000.000
14	Tambak Surya, Giro BRI Tiro, tgl. 24/01/2024	907.000
15	NN, Giro BRI Tiro tgl. 01/02/2024	1.930.000
16	Tanti Nurman, Giro BRI Tiro tgl. 04/01/2024	500.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 10 GKI SW Jateng : Rp. 5.050.000,00
 2. Dari 34 GKI : Rp. 15.360.000,00
 3. Dari 16 NN : Rp. 13.179.200,00
- Jumlah : Rp. 33.589.200,00

Mangsa Paskah 2025

Ngènet-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun

Jumlah penerimaan persembahan MAN 2023 sampai dengan tgl. 22 Maret 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 33.589.200,00 (Tiga puluh tiga juta lima ratus delapan puluh sembilan ribu dua ratus rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMAHAN
Masa Paska 2024

Penerimaan tanggal:
12 Februari - 20 Desember 2024

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Pekalongan	250.000
2	GKI Parakan	500.000
3	GKI Bintaro	250.000
4	GKI Tegal	375.000
5	GKI Sorogenen	250.000
6	GKI Muntilan	300.000
7	GKI Klaten	375.000
8	GKI Kebumen	500.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Wisma Kasih Mangunharjo	400.000
2	GKI Maguwoharjo	250.000
3	GKI Penaruban	428.000
4	GKI Beringin	313.000
5	GKI Wisma Panembah Surakarta	250.000
6	GKI Sarimulyo	400.000
7	GKI Tengahan	250.000
8	GKI Pekalongan	250.000
9	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
10	GKI Purworejo	1.000.000
11	GKI Demakijo	400.000
12	GKI Wisma Panembah Mrican	1.000.000
13	GKI Kutoarjo	2.616.500
14	GKI Ungaran	2.000.000
15	GKI Baran	250.000
16	GKI Gambiran	300.000
17	GKI Arcawinangun	736.000
18	GKI Wates Selatan	1.050.000
19	GKI Banyumanik	1.200.000
20	GKI Gumulan	500.000
21	GKI Limpung	250.000

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

22	GKI Manahan	1.000.000
23	GKI Bangkal	250.000
24	GKI Temon	250.000
25	GKI Kabluk	1.000.000
26	GKI Ngentakrejo	300.000
27	GKI Temanggung	250.000
28	GKI Bibisluhur	500.000
29	GKI Wiladeg	400.000
30	GKI Mojosoongo	200.000
31	GKI Kertanegara	250.000
32	GKI Semarang Barat	400.000
33	GKI Nanggulan	200.000
34	GKI Wonosobo	300.000
35	GKI Joglo	1.000.000
36	GKI Wirobrajan	500.000
37	GKI Pakem	300.000
38	GKI Logandeng	527.000
39	GKI Rewulu	250.000
40	GKI Tanjung Priok	500.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN, Giro BRI Tiro tgl. 27/02/2024	2.854.000
2	NN, Giro BRI Tiro tgl. 02/04/2024	500.000
3	NN, Giro BRI Tiro tgl. 02/04/2024	300.000
4	NN, Giro BRI Tiro tgl. 07/04/2024	430.000
5	NN, Giro BRI Tiro tgl. 08/05/2024	850.000
6	Kristina Sabatini, Giro BCA tgl. 09/05/2024	500.000
7	GKI MRO, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024	300.000
8	NN, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024	200.000
9	Desy Kristiani, Giro BRI Tiro tgl. 30/07/2024	500.000

Mangsa Paskah 2025

Ngènet-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun

D. REKAPITULASI

1. Dari 8 GKI SW Jateng	: Rp. 2.800.000,00
2. Dari 40 GKI	: Rp. 25.070.500,00
3. Dari 9 NN	: <u>Rp. 6.434.000,00</u>
Jumlah	: Rp. 34.304.500,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Paska 2024 sampai dengan tgl. 20 Desember 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 34.304.500,00 (Tiga puluh empat juta tiga ratus empat ribu lima ratus rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKI dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Pentakosta 2024

Penerimaan tanggal:
12 Februari - 20 Desember 2024

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Pekalongan	250.000
2	GKI Bintaro Utama	250.000
3	GKI Tegal	375.000
4	GKI Kartasura	500.000
5	GKI Sorogenen	250.000
6	GKI Purbalingga	500.000
7	GKI Muntilan	300.000
8	GKI Klaten	375.000
9	GKI Kebumen	500.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Maguwoharjo	250.000
2	GKI Tengahan	250.000
3	GKI Wisma Kasih Mangunharjo	300.000
4	GKI Purwokerto Barat	250.000
5	GKI Gumulan	500.000
6	GKI Limpung	250.000
7	GKI Kaliwungu	280.000
8	GKI Manahan	1.000.000
9	GKI Bangkal	250.000
10	GKI Gambiran, Sragen	300.000
11	GKI Pekalongan	250.000
12	GKI Temon	250.000
13	GKI Purworejo	500.000
14	GKI Baran	250.000
15	GKI Demakijo	675.000
16	GKI Immanuel Karanganyar, Pekalongan	165.000
17	GKI Wisma Panembah Surakarta	250.000
18	GKI Kutoarjo	2.070.000
19	GKI Banyumanik	1.100.000
20	GKI Kabluk	1.000.000

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

21	GKI Baki	600.000
22	GKI Wates Selatan	950.000
23	GKI Ngentakrejo	300.000
24	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
25	GKI Bogor	250.000
26	GKI Bibisluhur	500.000
27	GKI Arcawinangun	571.000
28	GKI Wiladeg	400.000
29	GKI Pondok Gede	250.000
30	GKI Mojosoongo	200.000
31	GKI Semarang Barat	400.000
32	GKI Kertanegara	250.000
33	GKI Wonosobo	300.000
34	GKI Joglo	1.000.000
35	GKI Wirobrajan	500.000
36	GKI Pakem	300.000
37	GKI Logandeng	164.000
38	GKI Rewulu	250.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Sutikno, Giro BRI Tiro tgl. 17/05/2024	200.000
2	NN, Giro BRI Tiro tgl. 17/05/2024	250.000
3	Ana Susanti, Giro BRI Tiro tgl. 20/05/2024	200.000
4	NN, Giro BRI Tiro tgl. 21/05/2024	527.000
5	Hari Kristianto, Giro BCA tgl. 13/06/2024	300.000
6	NN, Giro BRI Tiro tgl. 22/05/2024	2.768.000
7	NN, Giro BRI Tiro tgl. 27/05/2024	700.000
8	Chatrin, Giro BRI Tiro tgl. 27/05/2024	800.000
9	Tambak Surya, Giro BRI Tiro tgl. 13/06/2024	928.000
10	NN, Giro BRI Tiro tgl. 13/06/2024	900.000
11	NN, Giro BRI Tiro tgl. 20/06/2024	250.000
12	NN, Giro BRI Tiro tgl. 23/06/2024	500.000
13	GKI MRO, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024	300.000
14	Rondang, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024	200.000
15	NN, Giro BRI Tiro tgl. 16/07/2024	521.000
16	Desy Kristiani, Giro BRI Tiro tgl. 30/07/2024	500.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 9 GKI SW Jateng : Rp. 3.300.000,00
2. Dari 38 GKJ : Rp. 17.425.000,00

Mangsa Paskah 2025

Ngènget-ènget, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun

3. Dari 16 NN	: Rp. <u>9.844.000,00</u>
Jumlah	: Rp. 30.569.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Pentakosta 2024 sampai dengan tgl. 20 Desember 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 30.569.000,00 (Tiga puluh juta lima ratus enam puluh sembilan ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKI dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Bulan Keluarga 2024

Penerimaan tanggal:
18 Maret - 20 Desember 2024

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Masaran	100.000
2	GKI Nusukan	300.000
3	GKI Sorogenen	250.000
4	GKI Tegal	500.000
5	GKI Pekalongan	500.000
6	GKI Pulo Mas	250.000
7	GKI Muntinan	300.000
8	GKI Klaten	375.000
9	GKI Kebumen	500.000

B. Dari GKI SW JABAR

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Karawaci	500.000
2	GKI Kebonjati	250.000

C. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Maguwaharjo	250.000
2	GKI Kertanegara	250.000
3	GKI Kaliwungu, Kendal	257.000
4	GKI Purworejo	400.000
5	GKI Wonosobo	300.000
6	GKI Joglo	1.000.000
7	GKI Immanuel Surakarta	1.082.000
8	GKI Bantul	831.000
9	GKI Wisma Panembah Surakarta	250.000
10	GKI Kanaan	500.000
11	GKI Pekalongan	250.000
12	GKI Limpung	500.000
13	GKI Wirobrajan	500.000
14	GKI Manisrenggo	500.000

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

15	GKI Susukan	432.000
16	GKI Sampangan	850.051
17	GKI Sarimulyo	400.000
18	GKI Gondangwinangun	500.000
19	GKI Wates Selatan	1.150.000
20	GKI Gabus Sulursari	500.000
21	GKI Grogol Sukoharjo	250.000
22	GKI Karangnongko	917.000
23	GKI Pakem	300.000
24	GKI Kutoarjo	1.300.000
25	GKI Banyumanik	1.000.000
26	GKI Logandeng	200.000
27	GKI Rewulu	250.000
28	GKI Tanjung Priok	500.000

D. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Agung Sudrajat, Giro BRI Tiro tgl. 11/09/2024	600.000
2	NN, Giro BRI tgl. 13/09/2024	1.280.000
3	NN, Giro BRI tgl. 08/10/2024	298.200
4	NN, Giro BRI tgl. 09/10/2024	250.000
5	NN, Giro BRI tgl. 18/10/2024	390.000
6	NN, Giro BRI tgl. 22/10/2024	3.515.000
7	NN, Giro BRI tgl. 30/10/2024	600.000
8	Yuniar Cahya, Giro BRI tgl. 30/10/2024	345.700
9	Samuel Yuswanto, Giro BRI tgl. 03/11/2024	250.000
10	Amelia Krist, Giro BRI tgl. 05/11/2024	500.000
11	NN, Giro BRI tgl. 08/11/2024	875.000
12	Tambak Suryo, Giro BRI tgl. 16/11/2024	806.000
13	NN, Giro BRI tgl. 21/11/2024	700.000
14	NN, Giro BRI tgl. 25/11/2024	250.000
15	NN, Giro BRI tgl. 26/11/2024	300.000
16	NN, Giro BCA tgl. 28/11/2024	1.517.000
17	NN, Giro BCA tgl. 29/11/2024	875.000
18	Ika Indarwati, Giro BRI tgl. 02/12/2024	250.000
19	Ester Alviana, Giro BRI tgl. 06/12/2024	1.000.000
20	NN, Giro BRI tgl. 13/12/2024	2.658.000
21	Dwi Lestari, Giro BRI tgl. 13/12/2024	760.000
22	NN, Giro BRI tgl. 18/12/2024	500.000

E. REKAPITULASI

1. Dari 9 GKI SW Jateng	: Rp. 3.075.000,00
2. Dari 2 GKI SW Jabar	: Rp. 750.000,00
3. Dari 28 GKJ	: Rp. 15.419.051,00
4. Dari 22 NN	: <u>Rp. 18.919.900,00</u>
Jumlah	: Rp. 37.663.951,00

Jumlah penerimaan persembahan Bulan Keluarga 2024 sampai dengan tgl. 20 Desember 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 37.663.951,00 (Tiga puluh tujuh juta enam ratus enam puluh tiga ribu sembilan ratus lima puluh satu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Masa Adven dan Natal 2024

Penerimaan tanggal:
18 Maret- 26 Desember 2024

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Sorogenen	250.000
2	GKI Banjarnegara	500.000
3	GKI Muntilan	300.000
4	GKI Klaten	375.000
5	GKI Kebumen	500.000
6	GKI Pekalongan	500.000

B. Dari GKI SW JABAR

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Karawaci	500.000

C. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Maguwoharjo	250.000
2	GKI Kertanegara	250.000
3	GKI Wonosobo	300.000
4	GKI Wirobrajan	500.000
5	GKI Pakem	300.000
6	GKI Wisma Kasih Mangunharjo	300.000
7	GKI Temanggung	500.000
8	GKI Rewulu	250.000
9	GKI Gambiran, Sragen	300.000
10	GKI Tanjung Priok	500.000

D. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN, Giro BRI tgl. 21/11/2024	300.000
2	NN, Giro BRI tgl. 18/12/2024	500.000

E. REKAPITULASI

- | | |
|-------------------------|-------------------------|
| 1. Dari 6 GKI SW Jateng | : Rp. 2.425.000,00 |
| 2. Dari 1 GKI SW Jabar | : Rp. 500.000,00 |
| 3. Dari 10 GKJ | : Rp. 3.450.000,00 |
| 4. Dari 2 NN | : <u>Rp. 800.000,00</u> |
| 5. Jumlah | : Rp. 7.175.000,00 |

Jumlah penerimaan persembahan Masa Adven dan Natal 2024 sampai dengan tgl. 26 Desember 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 7.175.000,00 (Tujuh juta seratus tujuh puluh lima ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

Mangsa Paskah 2025
Ngènet-ènet, Pitados, tuwin Dados Seksining Panjenenganipun